

# Ираф

## IV
## 2024


**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ В ГОД ВЫХОДИТ 4 РАЗА**

УЧРЕДИТЕЛЬ И ИЗДАТЕЛЬ
Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
РСО-Алания

---

Журнал издается с февраля 1991 года



**Главный редактор**

**Эльбрус СКОДТАЕВ**

**Редакция**

Виталий Колиев – заместитель главного редактора
Альбина Такоева, Валентина Миндзаева, Наталья Семенова, Джульетта Бузоева.

**Редакционный совет**

Билаонов Батраз, Будаев Феликс, Гетоева Лариса, Сосранова Жанна, Темираев Виктор, Хидиров Батраз, Хидиров Валерий, Цалкосов Батраз.



ВЛАДИКАВКАЗ, 2024

# Ирæф

## IV
## 2024

**ЛИТЕРАТУРОН-АЙЙЕВАДОН ÆМА ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ЖУРНАЛ**

**ЖУРНАЛ АНЗ ЦÆУЙ 4 ХАТТИ**

Журнал цæуй 1991 анзи комахсæни мæйæй фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

**СКЪОДТАТИ Эльбрус**

**Редакци**

Колити Витали – сæйраг редактори хуæдæйййевæг
Такъоти Альбинæ, Миндзайти Валентинæ, Семенова Наталья, Бузойти Джульеттæ

**Редакцион совет**

Билаонти Батраз, Будайти Феликс, Гетъоти Ларисæ, Сосранти Жаннæ, Темирати Виктор, Хидирти Батраз, Хидирти Валери, Цæлкости Батраз.

ДЗÆУÆГИГЪÆУ, 2024

# НОМЕРИ ЕС:

## Прозæ æма поэзи

Къоста — 165 анзи!....................................................................................4
Хетæгкати Къоста. *Æмдзæвгитæ*.........................................................33
Гатути Дзахо. *Хетæгкати Къостай цард*..............................................45
Дигорон финсгутæ Къостай туххæн. *Æмдзæвгитæ*.............................50
Скъодтати Эльбрус. *Уацау æма радзурдтæ*.........................................59
Хæмицати Морис. *Радзурдтæ сувæллæнттæн*.................................115

## Нæуæг тæлмацтæ

Олег Воропаев. *Радзурдтæ*....................................................................145

## Нæ юбилярттæ

Хидирти Ехйа. *Æмдзæвгитæ*..............................................................155

## Наукæ æма истори

Цагъати Анастасия. *Дигоргом: гъæути, ковæндæнтти æма фæндæгти нæмттæ*.................................203
*Дзидзойти Валерий. Дур-Дури историйæй. Цæрæнтæ æма æхсæнадон уагæвæрд*...........................................223

## Муггæгти историйæй

Хъозити Хамбий. *Хъозити муггаги истори*.........................................245

## Критикæ æма библиографи

Хозити Барис. *Имисуйнæгтæ Хидирти Ехйай туххæн*.........................268

## Публицистикæ

Малити Фузæ. *Сурх-Дигойраг бæгæни. Уацгъуди*...............................277
Къомехти Руслан. *Дигорон адæмон сфæлдистадæ кæсгæй. Кувд*.....281

## Ахурадон æрмæг скъоладзаутæн

Алфамбулай дуйне. 1 кълас. *Идарддæр*.................................................283
Математикæ. 1 кълас. *Идарддæр*..........................................................292

# ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ

## КЪОСТА – 165 АНЗИ!



ХЕТÆГКАТЫ Къоста

### НЫСТУАН

Ныббар мын, кæд-иу дæм мæ зарæг,
Кæуæгау фæкæса, мыййаг, –
Кæй зæрдæ нæ агуры хъарæг,
Уый зарæд йæхи фæндиаг!..

Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хæс,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс...

## САГЪÆС

Мæ удыл хæцæг
Æнæ æнцой уа,
Мæ мады зæнæг
Мæ мардыл кæуа!

Куыд зæхмæдзыд дæн,
Куыд фыдуаг хæссын, –
Мæ фыдæн фыртæн
Цæуылнæ бæззын?

Хъæубæстæй – хъоди,
Æмгартимæ – сырд,
Ныхасы – гоби, –
Нæ мæ хауы дзырд.

Мæ зонд, мæ фæндыл
Нæ лæууы кæстæр,
Кæстæр мæ фæдыл
Нæ цæуы хæстмæ.

Бæсты сæрвæлтау
Нæ кæлы мæ туг;
Хæссын, къæлæтау,
Цагъайраджы дуг!..

## НЫФС

Тызмæгæй мæм ма кæс,
Мæ фыды зæронд,
Дæ зæрдæмæ ма хæсс
Мæ зæрдæйы конд!

Йæ фыды фæндиаг
Кæм вæййы фырт дæр? –
Лæппуйæ рæдиаг
Нæ вæййы æвзæр!

Дæ номыл, дæ кадыл
Нæ барын мæхи, –
Ныууадз мæ мæ адыл, –
Фæндон хорз кæм и?!.

Æз топпæй нæ хъазын,
Æз барæг нæ дæн;
Æхсаргард ысласын
Мæ бон нæу мæнæн...

Фæхудæнт мыл хъалтæ,
Ды се ’мбал нæ дæ!
Мæ гутон, мæ галтæ –
Мæнæн дæр цæттæ!

Мæ гутон, мæ галтæ –
Мæ фæндыр, мæ зонд;
Мæ кадæг, мæ зарæг –
Мæ цард хоры конд.

Нæ дзыллæйы зæрдæ –
Мæ хуымгæнды хай;
Нæ бæсты сагъæстæ –
Мæ фæззыгон най...

Дзаг хорæй мæ хордон,
Бæркадджын мæ зæхх,
Хæдтулгæ мæ уæрдон,
Мæ фæндаг уæрæх...

Мæгуырæй мын ма тæрс,
Мæ фыды зæронд, –
Дæ зæрдæмæ ма хæсс
Мæ зæрдæйы конд!..

## ÆЙ, ДЖИДИ!

Бирæ фæлмæн тынтæ зæрдæ нывæнды, –
Бар ма йын радт!..
Бирæ цыдæртæ мæгуыры фæфæнды
Иуæй-иу хатт.

– Æй, джиди, – афтæ фæзæгъы йæхицæн, –
– Искуы æз дæр
Адæмы фарнæй куы скæнин мæхицæн
Кад æмæ сæр!

Тарфдæр мæ зæрдæ йæхимæ куы хæссид
Искæй зынад,
Дунейы хæрзтæй хуыздæр мæм куы кæсид
Уарзондзинад!..

## АЗАР!

Æз дæ зарынмæ куы хъусын,
Уæд хъæлдзæгдæрæй фæкусын,
О, мæ хуры хай, –
Азар-ма, чызгай!..

Мах бар нал ысты нæ сæртæ...
Азар, цалынмæ дæ зæрдæ
Не ссау фырмæстæй,
Адæмы мæтæй!..

Адæмæн зæхх у сæ дарæг...
Азар!.. Ракæ мыл-иу хъарæг, –
О, мæ бон, – иу зæгъ, –
Байстой нын нæ зæхх!..

Нал дæ бахъæудзæн ныр рувын...
Азар!.. Сахуыр мæ кæ кувын!..
Ма фæлидз тæргай,
О, мæ хуры хай!..

## ФЕСÆФ!

Фесæф, фесæф, цард,
Сау лæппуимæ,
Тагъд дæлдзæх фæу
Ме 'намондимæ! –

Калмау мын мæ риу
Судзгæ баууыддта
Маст – зæрдæхалæн, –
Йæ тых басæтта!

Афæлывта мæ
Сауæрфыг рæсугъд...
О, мæ худинаг,
О, мæгуыр мæ уд!..

Дзырд Хуыцауы раз
Радта иннæмæн, –
Къухæй нал ласы
Ныр йæ къухдарæн...

Гъей, чызгай, цæмæн
Афæлывтай мæн?!.
Цæй, дæ Хуыцау дын
Уæд тæрхонгæнæг!..

Даргъ хæххон зымæг,
Уалдзыгон бонау,
Ныр æрымысын.
Æз, фынфенæгау...

Кæд кæрæдзийы
Фаг нæ рæвдыдтам?
Кæд кæрæдзийæн
Фаг нæ фæдзырдтам

Уарзон ныхæстæ,
Цардæнхъæлæджы?!.
Гъей, цы хъал уыдтæн
Уыцы рæстæджы!..

Ныр дæу чи хæссы,
Уый йæ лæджыхъæд
Мемæ бавзарæд,
Кæд хуыздæр у, уæд!

Гъе, йæ топпæй хъазт,
Гъе, йæ бæхыл бадт,
Гъе, йæ кæсгон кафт,
Гъе, йæ цæгъдгæ зард!..

Дæу сырх дарийæ
Хорз ысфæлыста!
Дæу сызгъæрин рон
Нарæг балвæста!..

Риуы 'гънæджытæ
Хъазынц стъалытау...
Уæд дæ хæрдгæхуыд,
Уæд дæ алы 'гъдау!...

Фесæф, фесæф, цард,
Сау лæппуимæ,
Тагъд дæлдзæх фæу
Ме 'намондимæ!

Калмау мын мæ риу
Судзгæ баууылдта
Маст – зæрдæхалæн, –
Йæ тых басæтта!

## ЗОНЫН

Зонын, æфсæрмæй кæудзыстут,
Бавæрдзыстут мын мæ мард,
«Рухсаг у, рухсаг, – зæгъдзыстут,
Ницæмæнуал уыд дæ цард!»

Зонын, æргæвддзыстут исты, –
Мардыл ма чи дары ком? –
Алчи æфсæстæй мæ хисты
Ссардзæн арахъхъæй мæ ном.

Иу бон æгъгъæд у мысынæн,
Иу бон кæндзыстут мæ дзырд,
Уый фæстæ ферох уыдзынæн, –
Ничиуал зондзæн мæ цырт.

## ТÆХУДЫ...

Тæхудиаг, буц хъæбулæй
Йæ уалдзæджы царды хурæй
Чи бафсæст йæ мады хъæбысы!
Тæхуды, æрæгвæззæджы,
Хъæлдзæгæй æнкъард рæстæджы
Йæ рагуалдзæг хорзæн чи мысы!

Тæхуды, йæ фыды зæххыл,
Йæ уарзон æмгарты рæгъыл
Кæмæн хъуысы дардмæ йæ зарæг!
Тæхуды, йæ гутонимæ,
Хæрзифтонг бæхуæрдонимæ
Йæ бинонтæн чи у сæ дарæг!

Тæхуды, йæ дзыллæйы раз
Чи ракæны барджын ныхас,
Кæй фæрсынц, кæй равзарынц зондæй!
Тæхуды, йæ уарзондзинад,
Йæ хорз ном, йæ фыдæлты кад,
Чи уадзы уæлæуыл зæрондæй!.

## ХÆРЗБОН!

Ифтонг – хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй,
Скодтон уæрдæхæй дзыхъыннæуæг рон,
Ис ма цыдæртæ мæ кæрцы фæдджитæй...
Дард у мæ фæндаг... Зæгъын дын: хæрзбон!..

Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,
Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;
Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,
Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын...

Гъеныр хæрзбон, мæ хур!.. Нал мæ уындзынæ,
Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!
Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,
Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном...

Чи зоны, искуы æрыфта дæ зæрдыл
Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын, –
Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл –
Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын, –

Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ
Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр, –
Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,
Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...

Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ, –
Тагъддæр мæ балцæн йæ фæстаг кæрон
Уый «фæндарастæй» кæд ссарин æз йемæ..
Ма фæфæсмон кæ!.. Хæрзбон у, хæрзбон!..

## МÆГУЫРЫ ЗАРÆГ

Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ
Хъармæй, райдзастæй лæууынц,
Махæн та нæ сывæллæттæ
Уазал лæгæты кæуынц...

Адæмæн сæ чындзхонты хъазт
Хæхтæ, къæдзæхтæ хæссы,
Махæн та нæ гæдыйы уаст
Мардыл кæуæгау хъуысы...

Адæмæн сæ цæхджын фыдтæ
Царæй фæныкмæ тæдзынц,
Махмæ та хæлынбыттыртæ
Цары ахсдæттæ кæнынц...

Адæмæн сæ фæззæджы куыст
Не ссы афæдзмæ куырой,
Махæн та нæ афæдзы мызд –
Гасæй иу хоры кæфой!..

## МÆГУЫРЫ ЗÆРДÆ

Зымæг нæ хæхты цух нæ уадзы, –
Лæджы æмбæрц æруары мит;
Æфцæгæй коммæ уад дзыназы;
Их доныл саразы йæ хид.

Æхсæвæн нæм кæрон нæ вæййы...
Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!
Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы, –
Цырагъ нæм чи судзы фæсхæрд?!.

Нæй кад мæгуыр лæгæн йæ куыстæн, –
Йæ сихор, йе ’хсæвæр – йæ мæт;
Иæ уат – ыскъæт, зыгуым – йæ лыстæн,
Хъæбæр – йæ цъæх хуыссæн нымæт...

Кæд рухс нæ баййафы йæ цардæй,
Йæ бон кæд арвиты зынтæй, –
Уæддæр нæ ныххуыссы æнкъардæй –
Йæ зæрдæ хъал вæййы фынтæй.

## А-ЛОЛ-ЛАЙ!

Къух дæ ауызын фæразы...
Мæй дæ авдæнимæ хъазы.
Стыр лæг мын ысуай!..
  А-лол-лай!..

Ракæндзынæн дын мæ зарæг...
Искуы кæд ысуис мæ дарæг,
Урс уæрыкк дын уон!..
  О, мæ бон!..

Зындонæй фыддæр нæ цæрæн...
Нал у ныр дæ фыд йæ сæрæн
Сау хæххон куыстæй...
  Ахуысс, цæй!..

Искуы мын куы схъомыл уаис,
Уæд ды дæр дзы цух нæ уаис,
Бирæ мын цæрай!..
  А-лол-лай!..

Скæнис хъугдзармæй æрчъитæ,
Къахис митбынæй мæхъитæ,
Стонг æмæ сыдæй...
   Ахуысс, цæй!..

Сугтæ мын хæссис æргъомæй...
Бадзурин дæм уæд æргомæй:
Мады зæрдæ зон,
   О, мæ бон!..

Бадзурин дæм: уарз нæ бæстæ,
Ма сæ суæлдай кæ нæ фæстæ,
Ма сæ бафæллай!..
   А-лол-лай!..

## МАРДЫ УÆЛХЪУС

Фæндараст!.. Фервæзтæ нæ мæтæй –
Хуыцауы мацæмæй уал дом! –
Мæрдты дын хай уыдзæн дзæнæтæй,
Уæлæуыл баззайдзæн дæ ном.

Лæппуйæ базæрондмæ цардтæ
Мæстджынæй адæмы мæстæй;
Æхсæв цырагъдарæй фæхаттæ
Хæларæй, уарзонæй, рæстæй...

Дæ мадау бауарзтай нæ бæстæ,
Фæцыдтæ мæгуыртæн фыййау...
Цæмæй дын фиддзыстæм дæ хæрзтæ,
Цæмæй дын ратдзыстæм æгъдау?!.

Фыдæй фыртмæ нæ уд, нæ зæрдæ
Дæ рухсæн хъардзыстæм, бæргæ,
Фæлæ та сагъæссаг нæ сæртæ,
Дæ фæстæ чи баззад кæугæ!..

*1891 азы*
*мартъийы 3 бон,*
*Дзæуыджыхъæу.*

## РАКÆС!..

Дзæгъæл мæ ныууагъта мæ фыд,
Нæ зонын мæ мады рæвдыд,
Нæ бæстæй фæхицæн дæн сонтæй.
Кæмдæрты æнæсæронæй,
Æдыхæй, æцæгæлонæй,
Мæ уалдзæг æрвыстон фыдбонтæй...

Фæхæссон-ма, загътон, уæддæр
Фæстæмæ мæ иунæджы сæр
Мæ Ирмæ, мæ райгуырæн бæстæм...
Мæ цæстысыг донау мызти,
Мæ зæрдæ фырцинæй рызти, –
Куы скастæн нæ цъитиджын хæхтæм.

Æрцыдтæн... Мæхицæй фыддæр
Мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр,
Мæ уарзон, мæ иубæстон адæм!..
Нæ хæхтæй, нæ тыгъд быдыртæй
Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй, –
Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм!..

Лæджы хуызæн лæг нæм – ыстæм,
Бæрæг дæр нæ нал ис, цы стæм,
Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг? –
Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...
Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

## ÆНÆ ХАЙ

Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй
Фæластон мæ сау зæрдæ дард...
Цы ма мын кæндзынæ? – Дæ цæстытысыгæй
Æнæ хай фæуыдзæн мæ мард!..

Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ
Æхсныфæй нуазынц мæ туг...

Мæлæтæй нæ тæрсын, фæлæ мын мæ фæстæ,
Мæ уæлмæрдмæ чи хæсдзæн суг?

Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн хъарæг,
Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх,
Кæй фæндыр ысцæгъддзæн мæ иунæджы зарæг,
Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх?

Мæ Иры фæсивæд! Дæ цинæй, дæ хъыгæй
Фæластон мæ сау зæрдæ дард ...
Цы ма мын кæндзынæ? Дæ цæстытысыгæй
Æнæхай фæкодтон мæ мард!..

## ÆНÆ ФЫЙЙАУ

Хорз фыййау пыхсы дæр ары йæ фосы фæд,
Рындзыл нæ кæны фынæй...
Фесæфай, фесæфай, уастæн, нæ фæсивæд, –
Иу бахъахъхъæнæг дæ нæй!

Тар хъæдмæ бацыдтæ, пыхсы ныдздзæгъæл дæ, –
Стонг фосæй сонтдæр, зыддæр, –
Иугæйттæй агурыс фароны хæтæлтæ,
Стонг фосау сæфыс ды дæр!..

Гъæй, джиди! Искуы дæ фыййау куы разарид
Иу сау къæдзæхы сæрæй!
Хорз фосы дзугау дæ иумæ куы равзарид
Исчи йæ фарны хъæрæй!..

## САЛДАТ

Удæнцой ма фена, махæн нæ цардывæнд
Чи халы барынвæндæй!..
О, мæ ныййарæг, æвзаргæ тын ма нывæнд, –
Цухъхъатæ дарæн мын нæй!..

Морæ фæсбынæй дæ буц хъæбулы зæрдæ
Нал ысрухс кодтай, мæ мад! –
Исчи дæ фыртæн куы асæтта йе фсæртæ,
Додой, куы райса йæ над!

«Стонгæй мæлын, гыцци!» – никæмæ бадзурдзæн, –
Буц хæринагæн ын – кас...
Талынг къазармайы къуымы-иу батулдзæн,
Сау хъæмп – йæ гобан, йæ баз...

Иртæст йæ дзыллæйæ, уайтагъддæр базондзæн
Фидиссаг цардæн йæ ад;
Усгур лæппуйау дæ ницæуыл бадомдзæн, –
Хорз уа, æвзæр уа – салдат!

Исчи куы ныммара искуы дæ дарæджы, –
Чи ма йын райсдзæн йæ туг?
Ракæн-иу, ракæ йæ сагъæс дæ хъарæджы,
Аргæвд-иу хистæн нæ хъуг!..

О, мæ ныййарæг, уæд дын æз æрбамæлон,
Ма ку!.. Фæуыром дæхи!..
Фенæм уал... Фесæфæд сау лæппу цардбæллон,
Чи мæ цы айса – йæхи!..

## ДОДОЙ

Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,
Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!
Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ, –
Иу ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!..

Искæй зæрдæ уæ дзыназгæ нырризæд,
Искæмæ бахъарæд адæмы хъыг,
Дзыллæйы мæстæй уæ исчи фæриссæд,
Иумæ уæ разынæд иу цæсты сыг!..

Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой,
Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц,

Мард нын нæ уадзынц, нæ хæхтæ нын байстой,
Стырæй, чысылæй нæ уистæй нæмынц...

Иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ,
Фос дæр ма афтæ ныппырх кæны сырд, –
Фезмæл-ма, фезмæл, нæ фыййау, нæ фæстæ,
Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..

Оххай-гъе! Не знаг нæ былмæ фæтæры, –
Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм...
Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры, –
Гъе, мардзæ, исчи! – бынтон сæфт кæнæм!

## КАТАЙ

Мæ хæлар, мæ уарзон, æнæзонгæ уарзон!
Цы номæй дæм бадзурон, уый ма мын зæгъ?..

Мæ зæрдыл дæ дарын цы ныфсæй фæразон,
Мæ райгуырæн бæстæ, мæ фыдæлты зæхх?

Мæ райгуырæн бæстæ! Дæ айнæг къæдзæххæй,
Дæ фидар, фæлтæрд риуæй хъусын хъæрзын...

Мæ хæлар, мæ уарзон! Дæлзæххæй, уæлзæххæй,
Кæмдæриддæр дæ, – тагъд мæ хъæрмæ фæзын!..

Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, – куы бамбæхсай барæй,
Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..

Мæ мæгуыр Ирыстон! Æрцæуæг æлдарæй,
Тыхгæнæг хæддзуйæ дæ ма уæд, ма, мæт?

Тыхгæнæг хæддзумæ кæд искуы фæндонæй,
Æууæнккагæй радтай, рæстæнхъæл, дæ бар?..

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл мын фæсмонæй,
Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..

## СИДЗÆРГÆС

Халон баргъæвст сындзыл...
Уад тымыгъ хæссы...
Сау айнæджы рындзыл
Нары хъæу хуыссы...

Даргъ æхсæв фыдбонæй
Цардудæн хуыздæр...
Рухс цæуы кæронæй, –
Бадынц ма кæмдæр...

Иу зæронд ыскъæты, –
Гас хъæуы уæлдай,
Аззади фæсфæды
Ацы бæстыхай, –

Ма дис кæн йæ бадтыл! –
Цуайнаджы уæлхъус
Архайы йæ артыл
Иу саударæг ус.

Артдзæсты кæрæтты,
Фæныкмæ æнгом
Бадынц сывæллæттæ, –
Чи бæгънæг, чи гом...

Уазал æмæ стонгæй
Бирæгъ дæр тæрсы, –
Удхæссæг æввонгæй
Ахæмты хæссы...

– Ма кæут, мæ хуртæ, –
Дзуры сæм сæ мад, –
Афыцой хъæдуртæ...
Абадут æнцад!..

Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...

Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй...

Хъуырмæ схæццæ хъарæг:
«Дудгæ фæбада
Зæйы бын нæ дарæг,
Мах чи фæсайдта!..

Фондзæй уæ ныууагъта
Иу ныййарæгæн, –
Мады зæрдæ скъахта, –
Царæфтыд фæдæн!..

Зондæй мыл фæтых дæ,
О, мæ лæджы хай, –
Сидзæртæй фæлыгъдтæ
Ингæнмæ тæргай!..

Буц хъæбул дæм дзуры, –
Сфæлмæцыд йæ мад, –
Махæн дæр дæ цуры
Сцæттæ кæн бынат!»

Цæстысыг ызгъæлы
Агмæ сусæгæй...
Митæйдзаг æхсæлы
Мары фæздæгæй...

Бафæллад кæуынæй
Бинонты кæстæр, –
Къонайыл æрфынæй
Адæмы хуыздæр!

Иууылдæр дæ адыл
Тулдзысты, фæлæу! –
Стонг æмæ фæлладыл
Тых хуыссæг кæм нæу!..

– О, гыцци кæд уыдзæн?
Райс-ма, цæй, дæ аг!..
– Абадут!.. Фæуыдзæн
Алкæй дæр йæ фаг...

Аг кæлы йæ былтæй, –
«Хъæдууртæ» фыцынц...
Алы ран тымбылтæй
Сидзæртæ хуыссынц...

Стонг æмæ кæуынæй
Лæг куы сфæлмæцы,
Тарф у уæд йæ фынæй, –
Маст æм нал хъуысы.

Лыстæнмæ сæ хаста
Мад йæ хъæбулты,
Адæрсгæ цæ нуæрста
Алы бызгъуырты...

Скодта сæ рæбынæй,
Дæлфæдтæм æрбадт...
Гъай-да-гъа! Кæуынæй
Нал æфсæст сæ мад!..

Сидзæртæн хъæдууртæ
Се хсæвæр хуыдта,
Афтæмæй сын дуртæ
Цуайнаджы фыхта:

Афыцын æфсоны
Байрох уа сæ хæрд...
Стонг æмгъуыд нæ зоны,
Иу сайд ын æгъгъæд!..

## ХЪУЫБАДЫ

Сæрдæй, зымæгæй,
Гуыбыр, тызмæгæй,
Йæ кæрцы мидæг,
Ныхасы бады
Зæронд Хъуыбады,
Нæ фæндырдзæгъдæг...

Кæйдæр дзæгъæлзад,
Лæппуйæ баззад
Йæ сау бындурыл...
Кæдæм-иу бафтыд,
Уым-иу фæкафыд
Кæрдзыны мурыл...

Бæгънæг, бæгъæввад,
Ыстонг, уысмæн над
Хуыцауы рæстæй!
Цъыфæй ныррæсыд, –
Хæфсытæ уасыд
Йæ къахы скъуыдтæй...

Бын бауай, иунæг,
Дзыллæтæй иу лæг
Кæй нæ рæвдыдта!
Фæсмон фæкæна,
Мæрдты дзыназа,
Дæу чи ныййардта!..

Дæу урс æхсырæй,
Дæу худгæ-хурæй
Чи нæ бафсæста!
Дæу цардуалдзæджы
Йæ хъарм хъæбысы
Чи нæ ауызта!

Фыййау куы уыди,
Уæд-иу хуыссыди
Тæдзгæ-ыскъæты;
Мит-иу куы уарыд,
Уæд-иу ныззарыд
Къæдзæх-лæгæты...

Уæд фос куыд уарзта? –
Фæсал сын ласта
Иæ салд æрчъийæ!..
Йæ зард нæ уагъта, –

Фæндыр ыскъахта
Бæрз-бызычъийæ...

Бæрзонд урс хæхтæ,
Æнкъард къæдзæхтæ,
Æгомыг бæлас
Фыййауы уарзынц
Æмæ йын зарынц
Сæ сусæг ныхас.

Цæргæсы бæллын,
Уæларвы нæрын,
Дымгæйы хъарæг,
Цæф сæгуыты маст,
Æхсæрдзæны хъазт –
Фыййауы зарæг...

Фæскъæвда хур бон
Уымæл ривæддон,
Рæсугъд хизæнтæ,
Æфсæст фосы дзуг,
Сæрибары дуг –
Фыййауы сæнттæ.

Фæлæ нæ амонд
Æнæ сæрнывонд
Нæ хæссы бирæ! –
Æнæ аххосæй
Фыййауы фосæй
Нæ хæссы бирæгъ!

Æмбаргæ фыййау
Иæ фосы рæгъау
Нымадæй дары,
Фæлæ Хъуыбады
Йæ фоснымады
Фынддæс нæ ары...

Кæм сæ агура?
Кæмæй сæ кура? –

Хъæр сæ кæм уæнды!
Лæгдзарм тæнæг у,
Æлдар фыдлæг у,
Мæлын кæй фæнды?..

Фæлидзон, – загъта...
Йæ фос фæуагъта
Хъæу-сæр уæзæгыл,
Йæхæдæг алыгъд,
Дыгурмæ ахызт
Адай-æфцæгыл...

Ирæй, Кæсæгæй,
Фæндырдзæгъдæгæй
Кæм нæ фæхатти?
Цытджын Калачы
Йæ зарды руаджы
Сæндæтты бадти.

Йæ хорз зарджытæн,
Йæ хорз кадджытæн
Кæрон кæм уыди?
Æнæ фæхудгæ,
Æнæ фæкæугæ
Сæм чи лæууыди?!.

Йæ къах нæ фæллад,
Йæ зард нæ фенад
Йæ цæугæ-царды...
Æрмæст нæ хъæумæ
Куырмæй фæстæмæ
Æрцыд Хъуыбады...

Сæрдæй, зымæгæй,
Гуыбыр-тызмæгæй,
Йæ къæрид кæрцы
Ныхасы бады
Зæронд Хъуыбады, –
Нæ йæ зоныс, цы?..

## ЧИ ДÆ?

Мыггагæй мæ ма фæрс, –
Уæздан лæг нæ дæн;
Мæ уындмæ мын ма кæс,
Нæ бæззын чызгæн.

Мæ хæдон – четæнæй,
Мæ куырæт – кæттаг,
Мæ цухъхъа – цъæх тынæй –
Нæхи хохбæстаг.

Нымæтхуд, æрчъитæ,
Мæ ронбаст – уæрдæх...
Фæрсыс ма мæ: чи дæ?
Уæд байхъус дзæбæх!..

Æз райгуырдтæн хохы...
Нæ хъæдкъул ыскъæт, –
Ныр дæр мæ нæу рохы, –
Æвгъæддон уыд уæд...

Рæстмæйы хъуыддагæн
Сыгъдæгдæр ран хъуыд,
Фæлæ дзы мæ мадæн
Хуыздæр ран нæ уыд.

Æлгъыстæн мын баззад...
Тæрсын дзы ныр дæр...
Рынчынæн «æгæссад
Дæ уæд» зæгъ, æндæр

Йæ бахъуыд-сахатæн
Мæгуыры бон циу? –
Нæ фæци мæ мадæн
Нæ файнуст, нæ тиу.

Нæ йæм уыд фæкæсæг...
Йæ мой йæм кæм бадт! –
Æмæ йæ фыдвæззæг
Фæкодта мæ мад.

Мæн иу ус фæхаста...
Сывæллон ахуыр,
Йæ дзидзи нæ ласта
Мæ дзыхæй, мæгуыр.

Куыд фæрæзта уыйас –
Æппæтæй дæр фаг!
Фæцардтæн æм иу аз,
Фæдæн æм дыггаг.

Фæхъомыл дæн афтæ, –
Æдæрсгæ цыдтæн...
Кæм заргæ, кæм кафгæ
Æмбырдтыл зылдтæн...

Чысыл ма йæ зонын
Мæ фыды... Хæмæт, –
Йæ номæй йæ хонын, –
Кæм кодта мæ мæт!

Дыггаг ус æрхаста...
Æркодтой мæн дæр...
Мæ «чындз» мæ нæ уарзта, –
Фыдсыл уыд кæмдæр!

Йæ рард дæр ысхуыстæй,
Йæ рæвдыд дæр – над,
Йæ «цу-ма» рæхуыстæй, –
Гъеуый, дам, дын – мад!

Мæ фыд-иу къуыригай
Дзæбидырдзуан цыд,
Йæ ус та æригай
Хæдзар-хæдзар зылд.

Цуанон лæг мæрдтæм
Хæстæгдæр цæры,
Йæ мард та уæлмæрдтæм
Нæ хæццæ кæны!..

Фæдзурынц æй алхатт, –
Мæ фыдæй хуыздæр

Лæг цуаны нæ ахатт.
Ныххæррæгъ кæмдæр!

Ус хистытæ кодта,
Фæуæй кодта зæхх,
Цы ардта, уый хордта
Æввонгæй, дзæбæх.

Ныр дæр ма æрра дæн,
Сывæллонау, сонт, –
Уæд та?... Цæй, йæ мадæн
Чи амоны зонд?

Хæрз дзæгъæл кæй зайын,
Уый базыдтон... Ку!
Кæуынæй кæй сайын? –
Дæсаздзыд лæг у!

Ус афæдзы бонмæ
Йæхиуыл хæцыд, –
Уæлладжыры коммæ
Чындзы та фæцыд.

Мæн къæйыл ныууагъта...
Йе амæл, йе ræз, –
Æвæццæгæн загъта:
Куыст – цардæн фæрæз!

Цы куыстæн бæззыдтæн
Дзæбæхдæр мыздыл? –
Уæлыгæс фæцыдтæн
Гуыбыны хæрдыл.

Мæ фысымтæ радæй,
Мæ хуыссæн – лыстæн,
Уæддæр-иу «дæ-да-дæй»
Куы ныззарыдтæн!

Уæлыгæс – бынхорæй
Фыййау дæр ысдæн, –
Дæс мæрты мын хорæй
Лæвæрдтой мыздæн.

Фыййауæн – уæлæфтау,
Хæлынхуд, хызын,
Йæ къæбæр – æнæвгъау, –
Йæ куыст нæу уæд зын.

Æлгъыстæй, уæд надæй
Цы нæ бавзæрстон!
Уæддæр-иу «дæ-да-дæй»
Куы ныццæлхъ ластон!

Æхсæрдæсæмаздзыд –
Лæджы бындзæфхад, –
Æгæр дæр фæхъазыд,
Æгæр дæр фæбадт!

Йæхицæн ныссадзы
Ысхъæлфындз цæвæг,
Уыгæрдæнтæ дасы, –
Йæ риуыгъд – бæрæг!

Цы цæнгтæ мыл разад,
Цы хосдзау уыдтæн!
Фæлæ ма кæм баззад
Уыгæрдæн мæнæн! –

Гæппæл дæр мын нал уыд.
Цы фæци мæ зæхх? –
Хæрнæгæн, дам, бахъуыд.
Цу, исты сын зæгъ!

Ыссæдз азмæ азгай
Æххуырсты цыдтæн...
Цы нæ кодтон радгай,
Цы нæ-иу уыдтæн?

Мæ архайд, мæ тыхмæ
Лæг кодта хæлæг;
Æккойæ мæ ныхмæ
Кæм лæууыд хæрæг!

Мæхи та дын стауын, –
Нæ дын зыдтон, цы.
Тын уæрдын, тын уафын,
Хæрдгæйæ – дæсны;

Æрцындзæй, хæсгардæй –
Хæрзарæхст, чызгау...
Гъе уæддæр «дæ-да-дæй»
Чи зарыд мæнау?

Йæ бонæй уа зæрдæ! –
Куыд хивæнд у, куы!
Зæгъ-ма йын: æвзæр дæ, –
Уырны йæ бæгуы!

Бон хурмæ нывæнды
Рæсугъд хуры тын,
Æхсæв æй æрфæнды
Мæимæ хæтын.

Кæцæй йæм фæсиды
Сæрибары дуг?
Цæмæн дзы æхсиды
Цæдджинæгау туг?

Йæ бонæй уа, уастæн,
Дæргъæрфыг рæсугъд! –
Кæм лæууы йæ хъазтæн
Лæппуйы тæпп уд!

Куыд уыди йæ фыццаг?
Куыд разылд мæ сæр?
Куыд уыдзæн йæ фæстаг?
Нæ зонын ныр дæр...

Йæ уындæй куы ради
Мæ зæрдæ, куы та,
Цыма йæ фæсайди, –
Йе сæфт дзы уыдта...

Куыддæр-иу ныхъхъус дæн,
Фæлыгъдтæн-иу дард...
Аргъ нал уыд мæ куыстæн,
Ысуæлдай мæ цард...

Быцæугонд хъæуимæ...
Æмгартæй тæрсын...
Гъей, зæрдæ, дæуимæ
Кæй бон у хæцын?!

Цæмæн-иу мæм касти
Мæ сæфт хуры хай?
Цæмæн-иу фæраст и
Мæ рæзты чызгай?

Цæмæн-иу мæм бахудт
Хъуызгæ-мидбылты?
Цæмæн мæ хъуыд агъуд, –
Ливорджын дæн, цы?

Ныббар мын, кæд дардæй
Мæ ныхас хæссын, –
Мæстджынæй, æнкъардæй
Мæ сæнттæ мысын...

Нæ зымæг ингæн у, –
Йæ зæйтæ – нæ мæт;
Нæ фæззæг куыстæн у,
Нæ уалдзæг – дзæнæт.

Хур арæхдæр тавы,
Ысулæфы зæхх,
Сæгъ хъæмпæй нæ давы, –
Нæ хуссæрттæ – цъæх.

Фæмил вæййынц хæхтæ,
Фæбур вæййы дон,
Æртæхынц нæм мæргътæ,
Фæтынг вæййы бон.

Фæзыны гæлæбу...
Зынг фесты зæрдæ...
Гъе, мардзæ, нæ лæппу! –
Цы фæдæ, кæм дæ?!.

Дæ хъару нын равдис! –
Куыддæр фæнды уæд, –
Ирæдисæн бар ис:
Йе – фыр, йе – рæуæд.

Мæ ирæд цæттæ у...
Æххуырсты мыздæй
Æрымбырд... Цы хъæуы, –
Æппæт дæр хыгъдæй.

Мæ фосæн сын дардтон
Мæхи армæй цæхх,
Сæ мадæн сын ссардтон
Дыууæ галæй бæх.

Æнæуый, цы зæгъай, –
Æппæтæй рæвдыд...
Мæ сагъæс, мæ катай –
Чызгайæн йæ фыд.

Мæгуыр лæгмæ – схъæлдзырд,
Æнæбарвæссон;
Хæдзары – хъæды сырд,
Хъæубæсты – Сырдон.

Дзырды бар кæй уадзы,
Кæй фæрсы фæндæй?
Чызг тайы, дзыназы,
Мад судзы мæстæй...

Æмвæнд ыстæм рагæй...
Мад циу? Мад нæ фарс
Хæцдзæнис дæндагæй...
Фыд... Фыд у цъæх арс!

Фæкодтон нывæндтæ, –
Мæ куывд мын Хуыцау
Нæ исы... Мæ зæрдæ
Ысдзæгъæл, ыссау...

Кæй барвитон курæг?
Кæй та равдæла?
Цæй мæгуыр дæ, иунæг.
Дæ мад амæла!

Кæй барвитон курæг?
Æфсæрм лæг кæм и?
Мæ лæгтæм лæбурæг
Куы скæна йæхи?

Мæхæдæг фæцæуон,
Уæд ноджы фыддæр, –
Куы нæ йæм фæлæууон,
Куы сдзурон æз дæр!..

Кæй та сын æй курынц,
Уый ацы сахат
Сæхуыддæг дæр дзурынц...
Нæ йæ дæтты мад.

Йæ чызг дæр кæм комы?!.
Фæкъæйных сæм и, –
Йæ дзыккутæ тоны,
Æргæвды йæхи...

Æрвиты мæм ал-хатт:
«Цы фæдæ, кæм дæ?
Мæлынмæ мæ ма ратт,
Фæзын, кæд лæг дæ!»

Гъеуый дын мæ митæ, –
Куыдфæнды цæ дом!
Фæрсыс ма мæ: «Чи дæ?» –
Уæд иунæг – мæ ном!

## ФСАТИ

Бирæйы фæфæнды
Райсомæй хуыссын...
Хур æркаст... нывæнды
Хохæй хохмæ тын...

Комæй коммæ хъазгæ,
Царды хос хæссы...
Цард тындзы йæ размæ...
Фсати ма хуыссы...

Фсатийæ зæронддæр
Дауджытæм кæм и? –
Хæхтæй дæр бæрзонддæр
Чиу, уый йæ фæци.

Мит лæджы цæст сайы, –
Схиз æм, уæд – ныхас! –
Раст йæ астæу зайы
Стыр нæзы бæлас;

Дон кæлы йæ рæзты
Урс æхсæрдзæнтæй;
Цъититæ йæ фæрсты
Бадынц их-зæйтæй;

Фалæрдæм лæбырынц
Сау дуры цæндтæ;
Тар хъæдæй нæ зынынц
Арф, уынгæг кæмттæ...

Урс-урсид дзæгъгъатæй
Бандæттæ, тæрхæг;
Саджы урс сыкъатæй
Фсатийæн – сынтæг...

Арсы хъуын – йæ лыстæн,
Тинтычъи – йæ баз...
Цæй, хуыссæд! – йæ куыстæн
Сæфынæй нæу тас...

Авд лæппуйы зилынц
Фсатийы алфарс,
Залмы сыфтæ тилынц, –
Бындз нæ уадзынц ’ввахс.

Иннæ авд æддæдæр
Ходæн фыцынц...
Физонæг фæхъæбæр,
Фæхсынтæ нæрсынц...

– Оф, оф! – загъта Фсати, –
Арв кæмдæр нæры...
Рахъил, дурыл сбадти...
Аходæн хæры...

Комæй, чидæр зары...
Фсати ’хсыны агъд...
– Чи та нæ хъыгдары?
Акæсут-ма тагъд!

Дарддзæст лæппу араст
Айнæджы былмæ,
Къухаууонæй акаст
Сау комы бынмæ...

– Федтон, – загъта, – диссаг:
Комы нарæджы
Курынц иу мæллæг саг
Фараст барæджы!..

Топп – ерæдзыпп, хъримаг,
Бæх – саулох бæхтæ...
Исты сын хæринаг
К’уаид уал цæттæ!.. –

– Гъе, ’рра! – Фсати загъта, –
Ахæмты тыххæй
Уастырджи фæдавта
Фос нæ мæгуыртæй, –

Ауадз сæ йæхимæ! –
Уый та сæ хынцдзæн,

Давæггаг фыдимæ
Карз арахъхъ дæтдзæн!..

Бирæ нал уыд хурæй...
Зарынц та кæмдæр...
Дарддзæст лæппу дурæй
Акаст та ныр дæр...

Авд цуаноны бадынц
Айнæджы ныхыл,
Тынг хъазуатæй зарынц,
Нал хæцынц зæххыл...

– О, уæрæйдæ, Фсати!
Ракæс, рафæлгæс,
Бæрзондæй ныллæгмæ
Хорз нæ бафæдзæхс!

Мах – дæ уазæг, Фсати,
Ды – нæ фæдзæхсæг!
Бæрзондæй ныллæгмæ
Ракæс, рафæлгæс!..

Дзабыр нæй, – æрчъитæ!
Топп рæхсæнтæй баст,
Пака худ нысчъилтæ,
Сæр æхсырфæй даст...

– Гъе ныр, гъе, нæхион, –
Разын ныр рæдау!
Аскъæр сыл нæ сион,
Хорз сæ фен, лæгау.

## УÆЛМÆРДТЫ

Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр рæтты...
Фезмæлæн нал уыди абон нæ уæлмæрдты
Стырæй, чысылæй, –

Уыйбæрц æрцæугæ нæма федтон иу ранмæ,
Уыйбæрц æркæсгæ нæма федтон иу зианмæ
Хохæй, быдырæй...

Иунæг лæппу йын уыд сау куырм зæронд фыдæн,
Дарын æй байдыдта... Абон йæ сау сынтæн
Бахъуыд йæ сагой!

Кусынмæ диссаг, æфсымæр æмгаримæ,
Уарзон хъæубæсты...Нæ хохæй Уæлладжырмæ
Айхъуыст йæ хорз кой.

Адджын хæринагæй йе стонг нæ басаста,
Усгур лæппуйау дзæбæхæн нæ раласта
Цухъхъа йæ рагъæй...

Хъал митæ кæнын лæппуйы та ценнæ уыд? –
Абоны онг нæм йæ къахыл нæ фендæуыд
Дзабыр сæракæй...

Абон æм бакæс, – йæхи дын куыд сарæзта! –
Нарæг йæ астæу, чындздзон чызгау, балвæста,
Алцæмæй ифтонг:

Алы рæсугъд дзаума, алы хæрдгæбæстæ...
Исчи йæ федта цы искуы хæцæнгæрзтæ
Даргæ ныры онг?

Раст цыма схъомыл и топпимæ, кардимæ!..
Науæд уæлбæхæй йæ исчи æмгаримæ
Федта цы балцы? –

Байраг сæ хæдзары никуы уыд, афтæмæй
Абадт æввонгæй, рæсугъд ифтонг алцæмæй,
Урс бæх йæ разы!..

Сагъæс фæсабыр... Фæхъус ысты устытæ...
Мардмæ æрбахæстæг иу лæг... Йæ цæстытæ
Нал зынынц чъиуæй.

Цæсгом нымпылдтытæ, зачъетæ урс-урсид,
Гасæй йæ уæлæ хæлынхуд, кæрцы къæрид...
Дис кæнын: чи у ай?

Чъизи дæрзæг къухæй цæстысыг асхъаудта,
Стæй дзы йæ зачъетæ тонæгау адаудта...
Бахæстæг бæхмæ.

Радтой йæм идон... Сæ уæлхъус æгуыппæгæй
Адæм ныккастысты иуыл æмхуызонæй
Уайтагъддæр зæхмæ...

Алæууыд иу дзæвгар лæг дæр зæхмæ кæсгæ,
Уый фæстæ – гъай-да-гъа! – райста, дзырдарæхсгæ
Диссæгтæ дзурын.

Чи ма сæ зоны? Кæд дæм сæ нæ ныффыссон,
Ма мæ рахъаст кæ, мæ хæлар, мæ иубæстон, –
Дардмæ дæ курын!

– Рухсаг у, загъта, цæуыс нæ æххæст лæгæй,
Арæзт æппæтæй... Фæцух дæ æрмæст бæхæй, –
Хорз бæх нæ арынц.

Терк-Турчы рæгъаумæ абон фæцыдысты,
Зæххæн йæ кæрæтты дардыл æрзылдысты,
Алы ран сгарынц:

Рахиз фæрсты дзы фæлгæсгæ йæ быдыртæм,
Галиу фæрсты та дзы хъахъхъæнгæ донбылтæм,
Никуы ’мæ ницы!

Нæй дзы дæ аггаг бæх!.. Уалæ уæларв зæххы,
Иу бур айнæджы бын хизынц æртæ бæхы, –
Табу йæхицæн! –

Уастырджийы æртæ сызгъæрин æфсургъы.
Ардыггаг ласай, – йæ зæвæтæй риуыгъы;
Фалладжы ласай, –

Стонг бирæгъау дæм лæбурдзæн йæ дæндагæй;
Астæуыггаг æфсургъ лидзаг у фæндагæй, –
Хорæй йæ расай!

Арвы Куырдалæгонмæ-иу æй схæццæ кæ!
Болат æндонæй дын скæндзæн йæ цæфхæдтæ,
Болат зæгæлтæ

Фидар йæ сæфтджыты стæгмæ куы ныссадза,
Нагъæй æфтаугæ хæрхидон куы сараза, –
Гъе, уæд цæттæ дæ!

Де ’фсургъыл дын идон афтаудзæн Мæйы фырт,
Стæй йыл сызгъæрин саргъ авæрдзæн Хуры фырт
Ехс дæр дын ратдзæн.

Сбад-иу дæ бæхыл! Уырдыджы æнæ цудгæ,
Сиргæ тæссæртты, хæрды дын æвæлмæцгæ
Бирæ фæуайдзæн.

Бафтдзынæ иу ран æртæ фæндаджы ныхмæ...
Ма бабæлл дæллагмæ, канд дæр йæ уæрæхмæ, –
Туджджынты фæд у!

Ма бабæлл уæллагмæ, – тугисджытæм хæссы!
Астæуыггагæй дæ бæх дæр куыд нæ тæрсы,
Афтæ дæу кæд у?

Райс æй дæ фæндагæн!.. Иу йехсы февзидтмæ
Бахæццæ уыдзынæ иу æрдуйы хидмæ,
Маргъ ыл нæ тæхы!

Армы тъæпæнæй чъылбыс-иу куыд фелвæса,
Де ’фсургъы агъдæй та чъепси куыд фесхъиуа,
Афтæ цæв бæхы!

Мæрдты дуармæ дæ дæ цæстфæныкъулынмæ
Баскъæфдзæн де ’фсургъ раст хураныгуылынмæ...
Бакæс-иу ’гъдаумæ!

Дуар дын нæ кæндзысты, «аныгуылд хур» зæгъгæ,
Ам куыд уыд, уым дæр дæ кувæг – дæхи зæрдæ, –
Скув-иу Хуыцаумæ!

«О, Хуыцауты Хуыцау! Ме сфæлдисæг Хуыцау!»
Рауадз, дæ хорзæхæй, хур фæныгуылынау,
Хæхтыл дыдзы хур!»

Хæхты дыдзы хур дæм уайтагъддæр ракæсдзæн...
Мæрдты ’фсæн дуæрттæ дын иу уæйыг бакæндзæн...
Фыд, хорз æм ма сдзур!

Уырдыгæй фалæмæ зоны дæ фæндæгтæ
Хуры фырт. Уый дын ныр дзурдзæн сæ диссæгтæ,
Се 'ппæт, куыд ысты...

Къæсæры мидæгæй, – уырдæм ныр бахызтæ, –
Иу гадза бастæй. Йæ хуылфæй йæ къæбыстæ
Бæхмæ рæйдзысты...

– Ай та цы диссаг у? – Дис дæр куыд нæ кæнай?
Афтæ цæмæн у? – фæрсдзынæ. – Цæмæн зæгъай?
Де 'мбал дын сиддзæн:

– Ай-иу йæ карзæй, йæ налат хуыснæгдзауæй
Сæфтмæ æртардта хъæу... Гъе, ныр мæрдты 'гъдауæй
Йæ хæстæ фиддзæн.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Хъуысдзæн дæм алывыд...
Лæг æмæ ус хуыссынц... Галдзарм сæ быны тыд,
Галдзарм сæ уæлæ.

Тонынц сæ иуырдæм, тонынц сæ иннæрдæм, –
Не 'ххæсынц лæгыл дæр, усыл дæр ничердæм.
Диссаг та уæлæ!

Дис дæр куыд нæ кæнай! – Ай та цæмæн афтæ?
– Ай та цæмæн зæгъай? – Адон сæдæ азтæ
Иумæ фæтыдтой,

Гъемæ куыдфæстæмæ ал-райсом, алызæр
Тынгдæрæй тынгдæр-иу кодта сæ загъды хъæр, –
Фидыд нæ зыдтой;

Иргъæвынмæ сæм цыдысты æндæр сыхæй...
Гъе ныр мæрдты 'гъдауæй фидынц сæ хæсы хай!..
Ацу та фалдæр!

Иу ранæй та дæм æрыхъуысдзæн сусæг дзырд:
Лæг æмæ усæн тæрхъусдзарм сæ быны тыд, –
Галдзармæй фагдæр!

Иннæ тæрхъусдзарм сæ уæлæ æрдыдæгътæ...
– Диссаг! – зæгъдзынæ та, – ай та цæмæн афтæ? -
– Ай та, куы зæгъай? –

Адон цæргæ-цæрын уарзтой кæрæдзийы,
Ам æй æххæст кæнынц, ам дæр зæрдæмийæ
Не сты æнæ хай!

Ацу-иу уырдыгæй! Ус лæудзæн хибарæй, –
Калмы цъарæй йыл хъуырбæттæн, хæфсы цъарæй
Усыл сæрбæттæн...

– Ай та цæмæн афтæ? – Ай та, куы бафæрсай, –
Барысчъи даргæйæ, сусæгæй бонæн сайд
Кодта йæ мæрдтæн! –

Ам сын æй фиды ныр... Ацу та! Иу ранæй
Згъæлдзæн хуыр: къæдзæхы скъуыдтæ дзы теманæй
Иу ус æмпъузы.

– Ай та цæмæн афтæ? – Ай та кæйдæр лæгæн
Дзаума лыстæг хуыдта, ставд та – йæхи лæгæн,
Гъеныр ам кусы!..

Ацу-иу уырдыгæй! Иу усы риуыл та
Зилынц хæд-зилгæйæ стыр куыройы фыдтæ;
Хохы дзæгъгъатæ

Бонæй, æхсæвæй, æнæ раивадæгæй,
Ссынц æмæ се ссад нæ кæлы фæлгæтæгæй...
– Цавæр у ай та?

– Ай та куыройгæсæй адæмы къæссатæй
Иста æгæр бирæ, давта сын се ссадæй...
Давын зын у, цы?!

Ацу-иу уырдыгæй!.. Байхъус æхсæрдзæнмæ:
Урс æхсыр къуыстилтæй хохы йас цæхгæрмæ
Иу ус фæрсудзы.

’Гас къæртайы дзаг ыл карз ахсæн аскъæры,
Карчы нæмыджы йас цыхт ын дзы равзæры...
– Ай дæр та диссаг!

– Ай та уæлæуыл æлгъин уыд йæ хъæздыгæй,
«Нæй, нæй»-иу кодта, нæ иста йæ хæндыгæй
Уазæгæн урсаг.

Ацу-иу уырдыгæй! Иу ус дæ хæдразы
Иу чысыл къоппæй мæцъисæй нæ фæразы
Гуымбыл фæлдахын...

– Ай та цæмæн афтæ? – Ай та йæ уæлæуыл
«Ис мæм»-иу кодта, нæ уагъта æндæр хъæуыл
Уазæг ыздахын.

Ацу-иу уырдыгæй нодж хуыздæр бæстæм!..
Иу лæг йæ усимæ иумæ фæрсæй-фæрстæм
Бадынц æргомæй;

Стыр фынг сæ разы æртасыд йæ фырдзагæй
Алы нуазинагæй, алы хæринагæй,
Басæй, цæхдонæй, –

Иуыл куыд æмбæлы, – нуры, цывзыхъæстæ...
Цас дæр дзы хъауынц, – сæ фынг та хæрды фæстæ
Свæййы уæззаудæр.

– Ай та цы диссаг у? – Адон сæ цæрыныл
Цас мæгуырдæр кодтой, уыйас сæ кæрдзыныл
Кодтой рæдаудæр.

Ацу-иу уырдыгæй! Арф къæдзæхбын мæсчъы
Иу лæг хуыртæ хæссы хæлд æнæбын тæсчъы,
– Ай та цы кодта?

– Ай та сыхагимæ кайаг уыд арæнæй,
Иумæйаг зæхх-иу æрбарста мæнг барæнæй,
Ард-иу ыл хордта.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу рæсугъд уæзæгыл
Иу лæджы рихитæ астæумæ кæрдæгыл
Стонг гал æууилы...

– Ай та цы диссаг у? Гал ма нæ фæхизы
Ахæм цъæх кæрдæгыл?!. – Ай та йæ цæдисы
Срæстмæйыл зилы:

Ай-иу йæхи галæн ’взаргæ хос ракалдта,
Цæдисонæн та-иу хъæмпы мур адардта, –
Ай дын йæ хабар!

Ацу-иу уырдыгæй!.. Фурдæн æй астæу хуыскъ,
Карды комæй йæм хид; халоны айчы хъузг –
Лæгæн йæ хæдзар;

Судзины бын та дуар ’гасæй йæ хæдзармæ...
– Ай та цы диссаг у? – Ай та йæ адзалмæ
Царди æмбæхстæй;

Уазæг нæ уагъта йæхимæ цæрæнбонты,
Сау зæрдæ дардта, фæсырдта йæ бинонты,
Амард æлгъыстæй...

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу лæг фæдисаг у:
Ихы ныссалди йæ хъуырмæ!.. Цы диссаг у,
Цавæр у ай та?

– Ай та æмгары хæдзармæ хъуызаг уыди
Алы æнафоны... Гъемæ фæрæдыди...
Ай дын йæ пайда!

Ацу-иу уырдыгæй! Иу ихын мæсыджы
Ихын къæлæтджынты бадынц æртæ лæджы,
Их фынг сæ разы;

Ихæй сæ лæдзджытæ, галиу сæ ныхæстæ,
Их сæрдасæн сын сæ галиу сæрыфæхстæ
Роцъотæм дасы.

Ай та цы диссаг у? – Адæм сæ тæрхоны
Хорзæн-иу равзæрстой алы хатт адоны,
Бар сæм-иу радтой.

Адон-иу фарсласæн сабийæ таубимæ
Кодтой сæ мæнг ардæй, растæн хæрамимæ
Иу барæн дардтой.

Ацу-иу уырдыгæй!.. Иу рæсугъд уæзæгыл
Урс æвзист галуаны, урс æвзист тæрхæгыл
Баддзысты базтыл

Иннæ æртæ лæджы... Де ’мбал цæ хорз зоны:
Адон куыд фæрæзтой, афтæ сæ тæрхоны
Архайдтой растыл!..

Бирæ дæ нал хъæуы уырдыгæй дзæнæтмæ;
Бæхмæ куы февзидай, – иу цæстытъæбæртмæ
Фестдзæн йæ разы.

Бæхæй æрхиздзынæ... Бирæ сывæллæттæ
Алгъуызон дзауматы, алы азыггæттæ
Цъæх нæууыл хъазы...

Чи дæ йæ мад хоны, чи дæ йæ фыд хоны,
Чи дзы бæгъæввад у, чи та дзы ронбæгъд у,
Чи та æнæ худ.

Худтæ сæ рæтты тъыст, рæттæ сæ хъуырты ’фтыд,
Дзабыртæ – фæдджиты, фæдджитæ сæртыл тыд.
Ма сыл-иу бахуд!

Алкæй дæр барæвдау! Алкæй йæ дзауматы
Сараз, куыд æмбæлы! Семæ-иу дзæнæты
Дуаргæрон балæу!

Мидæмæ хизын дæ истуг нæ уадздзысты,
Сывæллæттæ та сын хизын нæ комдзысты
Уырдæм æнæ дæу!

Фегом уыдзысты уæд авд сызгъæрин дуары!..
Мæрдты Барастыр дæм ницы рæдыд ары
Мæрдты хъуыддагæй...

Рухсаг у, рухсаг! Йæ рахиз фарсырдыгæй
Нæууыл дæ бадæн!.. Ныр ацыдтæ ардыгæй,
Нал дæ ныр махæй!

Адæм дын абон цы хорз æгъдæуттæ радтой,
Ацы дзыллæ дыл цы цæстысыг фæкалдтой,
Уый дын æххуысаг!

Мады хъæбысау дын адджын уæд ацы зæхх,
Уды хæларæй фæлдыст дын уæд ацы бæх.
Рухсаг у, рухсаг!..

Дзырд фæци зæронд лæг, айста къух идонæй...
«Рухсаг у, рухсаг!» – йæ фæдыл æмхуызонæй
Дзыллæтæ загътой...

Адæм æрбадтысты мæгуыры хæрнæгыл,
Устытæ ма уæддæр судзаджы уæлмæрдыл
Хъарджытæ уагътой...

## ÆРРА ФЫЙЙАУ

Раджы хохы цъуппæй касти
Иу æрра фыййау,
Мигъ æнгом йæ быны бадти,
Урс цагъд къуымбилау.

Бахъазыд дын æм йæ зæрдæ, –
Тæккæ былгæрон,
Дурыл авæрдта йæ къæхтæ:
«Агæпп æм кæнон, –

Загъта, – фос уал ам мæ сæрмæ
Хизæд уæзæгыл,
Æз фæхуысдзынæн изæрмæ
Уыцы бæмбæгыл...»

Дардыл йе уæнгтæ фæхаста, –
Гъопп! – зæгъгæ, йæхи
Пуртийы зыввытт фæласта...
Лæг ныххæррæгъ и!

ГАТУТИ Дзахо

## ХЕТÆГКАТИ КЪОСТАЙ ЦАРД

Къоста райгурдæй Нари гъæуи, Уæллагири коми. Дууанздзуд биццеуæн æ ниййерæг мадæ уотæ раги ку нæ рамардайдæ, уæд исони бони поэтæй рауадайдæ хуæрзхумæтæг, кенæ ести юристи диплом æ дзиппи кæмæн ес, уæхæн адæймаг, кенæ ба афицер, æ усхъитæбæл паддзахи пъагæнттæ.

Æ фидæ Леуан дуккаг хатт бийнонти гъуддаг ку бакодта, уæд æ фурти гъонбæл кæнунмæ равардта се ’рвадтæлти уосæ Чендземæ. Уоми ибæл фондз анзи ку исæнхæст æй, уæд æй фæстæмæ æрхудтонцæ æ фиди хæдзарæмæ æ фиди уосæ Хъизмиди къохмæ.

Леуан е службæмæ гæсгæ фулдæр рæстæгути уидæ Дзæуæгигъæуи, Хъизмидæ ба ’й цомайæн дардта. Махмæ гæсгæ, царди еци скъола хъæбæр нихсиста исони бони цитгин поэти зæрди уагæ.

## АХУРИ ÆНЗТÆ

1870 анзи Къостай балæвардтонцæ бунæттон скъоламæ. Райдайæн зонундзийнæдтæ уоми райста, уой фæсте ба æй 1871 анзи æ фидæ Дзæуæгигъæумæ фæлласта æма æригон биццеу бацудæй гимназимæ. Еци рæстæг Леуан, цалдæр бийнонти дæр ма æ хæццæ, уотемæй сæ цæрæнбунат раййивтонцæ будурмæ – Лабæмæ.

Гимназий ахур гæнгæй, бустæги еунæг æркастæй æхемæ Къоста. Æ фидæ рандæ ’й 300 верстай идарддæр, къæразæй ба имæ зиндтæнцæ, хуæрзæрæги ке ниууагъта, еци хуæнхтæ, ами ба æнæзонгæ адæн, никки ба ма ибæл гириз кодтонцæ,

фæсномугæй æй худтонцæ «минкъий азиаттаг», «гъæддаг», «лæгунтæрних». Биццеуи зæрдæ нæ ниууодæнстæй еци рахаст æма ралигъдæй ахурадон уагдонæй. Фæстæмæ æриздахтæй æ райгурæн коммæ, æ фидиуæзæгмæ. Горæттаг дзолæй ин нæхемæ конд нартихуари кæрдзин адгиндæр адтæй. Уотæ рауадæй, æма Нарæй Лабæмæ цудæй еу бæхгин æма е исарази æй Къостай æ фæсабæрцæ Лабæмæ фæлласунбæл.

Нæуæгæй бабæй багъудæй Къостай фиди æ фуртæн ахурадон уагдонæ агорун. Иссирдтонцæ хъаллæ Калажинскиййи хуæнхаг училищей бунат. Уоми еу анз раахур кодта, уæдта ’й æ фидæ бакодта Стъараполи гимназимæ.

Къоста хузтæ кæнун берæ ке уарзта, уомæ гæсгæ еу афони æхецæн исфæндæ кодта æ федæни дæсниадæ исбæлвурд кæнунбæл æма 6-аг къласи фæсте æ фиди æвæндонæй рандæ ’й Петербургмæ аййевæдти академимæ, хуæнхæгти стипендибæл æ зæрдæ даргæй. Æ фиди ба хъæбæр фæндæ адтæй, цæмæй æ бундар афицер иссайдæ. Фал бабай ами дæр æ гъуддаг нæ фæррæстмæ ’й. Баталпашински уезди хецау, хуæнхæгтæн ци стипенди дехгонд цудæй, уой бахуардта æма Къостай дæр фæстæмæ æ райгурæн бæстæмæ здæхун багъудæй.

## РАЙГУРÆН БÆСТИ

Æхе маст æ реуи сугъдæй, фал Иристони е ’мбæстæгти царди уавæртæ ку æрæстæфтæй, уæдта æ зæрдæ фæркитæ фæццæйхаудтæй. Æхецæй æнамонддæрæй æрæййафта айдагъ Иристони нæ, фал еугур Цæгат Кавказаг адæнихæттитæ дæр. Бустæги æнæбарæ, мæгур æма гæвзук, бунæттон хецæутти къæхти бунæй æнсæнстæй адæймагмæ уотæ фæккастæй, цума сæ царди фæстаг бонтæ еудагъ кæнунцæ. Барæ ку адтайдæ паддзахи фæсдзæуинтти, уæд бунæттон цæргути бустæгидæр ниллихъæ кодтайуонцæ сæ къæхти буни хъазахъæгти æнхусæй, уомæн æма будури тиллæггундæр зæнхитæ уонæн иурст æрцудæнцæ. Æррæстæ уотид нецæййаг дзубандий туххæн дæр сæ фесхъæтæг кæниуонцæ сæ райгурæн уæзæгæй æма Сибири амæттаг бауиуонцæ.

Еума устур фудбæллах ба ма сæмæ æнгъæлмæ кастæй, Туркмæ се ’мдингæнæг бæстæмæ цæугæй. Дигорæнттæ,

ирæнттæ, цæцæйнæгтæ, черкесæгтæ сæдæгæйттæй, æмбурд бийнонтæй фесхъæтæг кодта паддзахи инæлар Къундухати Муссæ æма сæ Туркмæ цæунмæ исамидин кодта. Еци æдзæрæг, æвадуат зменсгун будурти сæдæгæйттæй цагъди кодтонцæ æд хестæр, æд кæстæр, æд силгоймаг.

Цубур дзурдæй, Къостайæн æ райгурæн бæстæ æхецæй æнамонддæр уавæрти бахаудтæй æма уой фæсте æ царди сæйраг нисан иссæй бунæттон администраций нихмæ тох кæнун. Уæд райгъустæй æ баргин гъæлæс. Тох ба кодта финсæн сесæй. Къостай рæнгъитæ æнцæ, æфхуæрд адæни рист гъæр, гъарæнгæ æма гъæрзт. Æ хецæн уадзимистæ: «Додой», «Салдат», «Сидзæргæс» æма иннетæ уайтæккидæр адæни æхсæн рахæлеу æнцæ æма сæ æнахургонд адæн цъухæй-цъухмæ дзурдтонцæ, сæ сабур сæризунд син игъал кодтонцæ классон тохмæ.

## ИНÆЛАР КАХАНОВ

Иристони æхсæнади хуæздæр мийнæвæрттæ, прогрессивон зундбæл хуæст раззагдæр адæнтæ æма интеллигенци Къостай фæлабулай ке æнбурд кодтонцæ, е, ке зæгъун æй гъæуй, æгиритдæр нæ цудæй хецауади зæрдæмæ. Къоста æ тох уотæ аразта, æма имæ пъæлицæ ’рдиги них багæнæн нæ адтæй. Фал адæймаги фæндгæ кæнæд, ræуонæ ба иссердзæнæй.

Облæсти хецау, инæлар Кахани-фурт (æ фесинмæ хедард æма зундбæлхуæстæй адæни æхсæн иссæй æппæрццæг), адæн сæ бартæбæл æргомæй дзорун ке байдæдтонцæ, уой æрлæдæргæй, æ рæстæги сæхгæдта силгоймæгти скъола. Æдеугурæй си ахур кодта 60 кизги æма уонæн дæр фадуат нæбал адтæй идарддæр зонундзийнæдтæ райсунмæ, æндæр, силгоймæгтæ кæми ахур кодтайуонцæ, уæхæн ахурадон уагдонæ ба некæми бал адтæй еци рæстæги Иристони. Къоста карзæй исистадæй Кахани-фурти унафи нихмæ. Арви ниннæрæгау цавтонцæ Къостай уацгъудити рæнгъитæ хецауади. Дууæ устур къæдзæхи кæрæдзей нихмæ фæцæнцæ. Кахани-фурти бардзурдмæ гæсгæ 1892 анзи Къостай фатери бадеголæ кодтонцæ, фæстæдæр ба Иристонæй æрвист æрцудæй.

## ФИЦЦАГ ÆРВИСТ

Къоста æрцардæй Стъараполи æма иссæй газет «Северный Кавказ»-и уадзгутæй еу. Æнæгъæнæ цуппар анзи фæттох кодта Кахани-фурти нихмæ газеттæ «Северный Кавказ» æма «Петербурги Ведомости»-ти, цæмæй инæлари рахаст унафæ æййивд æрцудайдæ, уой туххæн.

Къостай еци скъуæлхтдзийнади фæсте ибæл адæн зар дæр ма искодтонцæ.

## ДУККАГ ÆРВИСТ

Къоста хуарз лæдæрдтæй, Кахани-фурт ин æ еци нихмæрацуд ке нæ ниххатир кæндзæнæй, уой, æма ку суæгъдæ ’й, уæд Иристонмæ не ’ссудæй, фал æрцардæй Пятигорски. Ами Минеральные Водый сахари ниллæудтæй гъуддагаразæги кусти бунати.

Цардæфхуæрд, фæллад лæг гъуди кæнун райдæдта æхецæн хецæн къум исаразунбæл, æ цард иснивгун кæнунбæл. Уæдмæ ’й хъор кæнун райдæдта стгути туберкулез дæр. 1897 анзи рандæ ’й Петербургмæ æма æнæгъæнæ авд мæйи æхе дзæбæх кодта циуавæрдæр сæйгæдони, уæдта бабæй фæстæмæ Пятигорскмæ æрæздахтæй. Фал цæмæй зудта, ами бабæй имæ еума зинæвзарæн ке æнгъæлмæ кастæй, уой. 1998 анзи, Пятигорски цæргæй, еци рæстæги Дзæуæгигъæуи ба рауадæй хъаугъа хуæнхаг адæн æма пæлиций æхсæн кедæр киндзæхсæвæри. Æзмæнтгути хæццæ ахæст æрцудæй Къостай æмном æма æммуггаг.

Хуæздæр ма ци гъудæй Кахани-фурти: уайтæккæдæр мæнгæ протоколтæ рааразун кодта Къостай нихмæ, гъома, амидингæнæг е адтæй, зæгъгæ, æма бабæй Къоста дуккаг хатт æрвист æрцудæй раздæр Очаковмæ, фæстæдæр ба — Херсонмæ.

Сæйгæй, æнхусгъæуагæй, æ хеуонтæй еппард æма æ райгурæн бæстæй идард, Къоста кодта бустæги æдзæллаг цард. Аразта аллихузи адæймæгути портреттæ, изæдти нивтæ æма еци æнæбари капеккитæй цардæй. Бустæги дувæр ба ин код-

та æ нез, æ райгурæн бæстæмæ иссæуни фадуат ин ке нæ адтæй, еци гъуддаг. Ардæмæ ци финстæгутæ финста, етæ идзаг æнцæ катай æма æрхæндæгдзийнадæй.

## «ИРОН ФÆНДУР»-и РАУАГЪД

Еци рæстæг Къостайæн æ хæлæрттæ ба Дзæуæгигъæуи мухури рауагътонцæ æ ирон æмдзæвгити æмбурдгонд «Ирон фæндыр». Куддæр киунуги рацуди хабар Кахани-фуртмæ бахъæрттæй, уотæ бардзурд равардта æвæстеуатæй, цæмæй уорæд æрцæуа, уомæн, æма си иссирдта паддзахади цардæвæрди нихмæ мотивтæ. Киунугæ рацудæй къахиртæгондæй, дзæвгарæ рæститæгæндтити хæццæ.

## ИСÆЗДÆХТ ÆМА Æ МÆЛÆТ

1902 анзи Кахани-фурт æ бунатæй ист ку æрцудæй, уæд Къостайæн дæр фадуат фæцæй æ райгурæн бæстæмæ фæстæмæ сæздæхунæн. Æрмæстдæр аци лæг фиццаги, æ базуртæ æцæг хуæнхаг цæргæсау итигъдæй ка дардта æ адæнбæл, еци Къоста нæбал адтæй. Аллихузи незтæ ибæл фæстагмæ уотæ истухгин æнцæ æ рахауæ-бахауи, æ тухцæрдтити фæсте æма æртæ анзей бæрцæ æппундæр нецибалгъон адтæй, уотемæй рамардæй Лаби æ хуæрæ Олгай хæдзари 1906 анзи 1 апрели.

Газет «Советский юг»-æй ратæлмацгонд.
1924 анз. № 73, 31 мартъи.

## ДИГОРОН ФИНСГУТÆ КЪОСТАЙ ТУХХÆН

ГУРДЗИБЕТИ Бласка

### КЪОСТА

Ка дин не ’скæндзæнæй кадæ,
Ка дин нæ ратдзæнæй æгъдау.
Ка сдзурдта, ниййергæй нæ мадæ,
Адæнмæ е ’взагæй дæуау.

Тари гъæуаггин – цирагъæй,
Скодтай æй дæ мæтæ, дæ уаргъ.
Фæйхастай æнцон дæ рагъæй,
Зонгæй ин æ уæзи æ йаргъ.

Райбæл игурдтай фæндури
Пахампарæн нин сувæллон...
Фæсмæрунцæ ’й хонх, будури,
Ирæ ’ма Дигорæ дæ ном.

Нæ уинуй дæ хæстæгмæ нæ цæстæ,
Изолмæ игъосуй дæ нæ гъос, –
Арфæгондæй дин нæ бæстæ
Мизди æрветуй æ боз!

Георгий МАЛИЕВ

## ПАМЯТИ КОСТА

Тая в душе свои страданья,
О брате меньшем он скорбел,
И стих его – души сверканье –
Металлом плачущим звенел.
Поборник чаяний народа,
Он пел, что правда и любовь,
И звезд сияние – свобода –
Живут не там, где льется кровь,
Что в царстве высшего сознанья
Нас может весть не грубый меч,
А мысли творческой созданье,
Живая творческая речь.
Как облик мощного титана,
Сверкая льдами, как алмаз,
Внимал ему из-под тумана
Седой таинственный Кавказ.
Умолк, – но стих его певучий
В сердцах людей еще звенит,
И миру темному сквозь тучи
О солнце вечном говорит.

ГУЛУТИ Андрей

## КЪОСТАЙÆН

Райгуырæн урс хæхтыл сау мигътæ ’рбадтысты...
Баталынг бон.
Адæмы хъарджытæн, адæмы тухийæн
Нал уыд кæрон.
Рацыдтæ иунæгæй... «Додой» ныззарыдтæ, –
Федтай зын цард...
Де знаг дæ ахаста дардмæ дæ адæмæй,
Кодтай æнкъард.

Бацыдтæ карз тохы... Рухс бон нæ фенгæйæ,
Ссардтай мæлæт.
Ингæнмæ ахастай зарджытæ, хъарджытæ,
Адæмы мæт...
Акæс ныр дунемæ... Акæс: дæ марджытæ
Фесты сæргой.
Нал нæм ис паддзæхтæ, нал ис тыхгæнджытæ,
Фесæвд сæ кой.
Махæн нæ быдырты, махæн нæ хохбæсты
Нал ис æлдар.
Царды уаг бархийæ аразынц дзыллæтæ,
Райстой сæ бар.

БАГЪÆРАТИ Созур

## КЪОСТАЙ ФÆСМÆРДÆ

Хуæрзигурд лæг, бæстæ уарзгæй,
нæ фæммæлуй хуæрззæрæй.
Æвæццæгæн, гъезæмарæй
рæхги мæлун хуæздæр æй.
Нур дæр ма нин ку цардайдæ –
бæргæ нæ гъудæй æ сæр.
Уæд абони игъустайдæ
нæ бæрзонд хуæнхтæй æ гъæр.
Æ фудæбон æ уарзонтæн
ниххæлар æй сæ фæндон.
Æ фæсмæрдæ нæ мæгуртæн
исаккаг æй цæрæнбон.
Æ фæсмæрдæ зæрдирайгæй
æстугути ирæзæн.
Нæ фæлмæн цъух зæрди дуар æй,
нæ цъухæй æй имисæн.

## ГОППОЙТИ КЪУАР

Гоппойтæ бабæй есге фæллойнæй
ку райдæдтонцæ сæхе æфсадун.
Мæгурти фонсбæл нæ марди номæй
ку бандиудтонцæ æргон низзарун.
Мæстзæрдæ Къоста, æгас ма ку' уайсæ –
де 'ном имисун сæ нæ бауагътайсæ.
Се 'мбесæндти кой муггагмæ дессаг –
иссæнцæ бабæй нæ хуари мосаг.

ТЕТЦОЙТИ Таймураз

## КЪОСТАМÆ

Гъæрзтæй уæззау зинти нæ бæстæ...
Нæ седзæргæстæн сæ кудæй
Æртасиуонцæ и бæлæстæ,
Цъетегун айнæг æскъудæй.

Дæ зар мæгуртæн адтæй хъарæ,
Зинтæй фæййервæзти уацау,
Агурдта дзиллæн сæребарæ,
Карста æзнæгти ба арцау.

Нæ уарзтай нин сайæггадæ,
Уæййаг æлдæрттæй истай маст,
Хастай бæрзæндти рæстдзийнадæ,
Хастай адæнæн ду дæ уарзт.

Нæ тарстæ уомæл ахæстдонæй,
Нифсгин Шевченко Тарасау,
Фæразтай зинтæ фæразонæй
Дæ уарзон дзилли сæрбæлтау.

Зудтай, Некрасовау, де 'сони
Æфхуæрд дзиллити исистад,
Паддзахи 'рхауд æма исони
Фæндон фæллойнæ, зæрдирад.

Дæ ном æносмæ, сæребарау,
Дзиллити зæрди цæрдзæнæй,
Дæ зар цæудзæнæй тохи зарау,
Соми дæ номæй кæндзæнæй.

Раст ’ма медтох салдат æд кадæ
Ку ’рхауй дзилли сæрбæлтау,
Уæд уой куд фемисуй æ мадæ, –
Æдзох дæ фемисæн уоййау.

АКЪОТИ Виктор

## ÆНÆМÆЛГÆ ’Й КЪОСТА

Бон – æхсæви, ’хсæвæ – бони
Уотæ ’ййевгæ цард цæуй;
Е нæ хезуй мах фæндони, –
Ку игуруй, ку мæлуй...

Царди алци ’хе æййевуй,
Еу феронх уй, иннæ – нæ!
Хор бæрзондæй куд æрттевуй,
Ду нин, Къоста, уотæ дæ!

Æнæмæлгæ! – Хори рохсмæ
Цалинмæ дзора æвзаг,
Цæрдзæнæ нин ду æносмæ
Ду дæ намусæй идзаг!

Кусти, уолæвди, е тохи –
Зарæн еумæ мах дæ зар.
Хъаурæ бахсистæй нæ къохи, –
Ан æмвæндæ ’ма федар.

Æд нæуæг æма зæрондæй,
Уарзгæ, мах дæ ном зæгъæн!
Дæу æхсаргин зæрди кондæй
Размæ, рохсмæ мах цæуæн!

КЕРТАНТИ Тæхир

## КЪОСТАЙÆН

Адтæй дæ догæ сау, мæйдар,
Дæ цард – зиндонæ ’ма æнкъард,
Уæддæр сæребарæбæл дæ зар
Гъæрæй ку райгъустæй идард!

Адтæй æлдар дæ рун, де ’знаг,
Косæг, мæгур лæг – дæ хæлар.
Кæнгæй рæсугъд цардмæ фæндаг,
Адтæ мæгуртæн цирагъдар.

Уарзтай седзæрти дæ уодау,
Ристæй дæ зæрдæ сæ зинæй;
Уонæн с’ амондбæл, тугъдонау,
Цудтæ карз тохмæ нифсгинæй.

Ирдтай алкæддæр фуд, æфхуард,
Уæддæр адтæ ду сæрбæрзонд:
«Рæхги фесæфдзæнæй зин цард,
Адæн райсдзæнæнцæ амонд», –

Адтæй дæ дзурд. Æма, æцæг,
Иссан абони нæ фæндон;
Æнцæ седзæртæ игъæлдзæг,
Иссæй Хъубади колхозон.

Къоста, абони дæр махæн
Цæрис нæ хæццæ æгасау...
Æз дæр м’ адæнæн, мæ бæстæн
Ме ’хæс ку радтинæ дæуау!

КОЛИТИ Витали

## КЪОСТАЙÆН

Дзиллæ, æрдзæ дин фарнæ ’рхаста,
Æдгъесфæндургин фæззиндтæй.
Æма хæран цардиниванста
Е рæстдзийнадæ æ дзурдтæй.

Æ зарæг донбæл арт æндзарста,
Æзнæгтæн саста сæ дæндаг.
Цума нæртон Æрфæн – лæгарста
Бæлццæнттæн арф мети фæндаг.

СКЪОДТАТИ Эльбрус

## КЪОСТА

Басугътай дзилли арти дæхе,
Дæ фунукæй ци уод исистадæй, –
Сæнтуорс рохсæй тавуй Иристони.
Фордбæл хезгæй, ци лæгæн æ хед
Ниттонуй, уой ахæсси де стахтæй, –
Баерхæфси ’й æндаг билгæронмæ...

Ци гъар тухæ, хуæрзеуæг адтæй
Еци минкин, æндон гури уаги,
Ка иссæй еунæгуодæй, æдта,
Æ еугур адæнæн дæр сæ фагæ!..

Ци дессаг рохс ди бадтæй, хорау,
О Къоста, – ке уарзæн, куд нæ цæстæ!
Дæу равардта махæн нæ Хуцау,
Фулдæр имæ ковæн, уомæ гæсгæ.

О Къоста, зарамондти паддзах,
Ци изолмæ ниргъавтай нæ карнæ!
Дæ коййæй ку ниууæн еугур сах,
Дæ дзурдæй ку фецауæн уæларвмæ...

МАЛИТИ Батраз

## КЪОСТАМÆ

Дæу æппæлдæн æ фур гъæрæй седзæргæс
Ниццæйрезуй æд сабийтæ ’ма æд къæс.

Нæбал зонуй, ци фæууа ’ма ци кæна,
Æ седзæртæн дорти бæсти ци фица!

Дæ бæлдтитæ, дæ карз тох ’ма дæ додой...
Иронх арфи нигъолуй сæ дæ гъæр кой.

Дæ азæлд дин гъос кæнунцæ æппæлдæй,
Дæ пеллон дин рæдовунцæ нæ зæрдæй.

Адæнти рист, сæ мæститæ, мæгурбон,
Никкодтонцæ гъæр æппæлди тар ауон.

Æрмæстдæр дæ æппæлунцæ ерисæй...
Дæу æппæлдæ – лæгдзийнадæ син иссæй.

Хуцау дæр дæ исхудтонцæ ’ма хор дæр,
Цæветтонгæ некæд адтæ зæнхон дæр.

Цъæх дортæ дæр и донгæнттæй нæ ластай,
Бæгъæнбадæй зинти уæргътæ нæ хастай.

Цæветтонгæ некæд адтæ æстонг дæр,
Мæгуртæй дæр мæгурдæр ма æфхуæрддæр.

Дæу æппæлдæй нæ хецæуттæ сæхецæн
Ном кæнунцæ дæ намуси æмæхсæн.

Æппæлди арт исасодзунцæ дæуæй,
Рохс кæна син сæ сау цæсгæнттæ цæмæй.

Нард фингитæ аразунцæ дæ номбæл,
Бараггенæй хъал бадунцæ уонæбæл.

Хъубадитæ, Хумгæнгутæ, Мæгуртæн
Еу бунат дæр нæ дæдтунцæ, нæ, се ’хсæн.

Дæу æппæлдæй æ фур гъæрæй седзæргæс,
Ниццæйрезуй æд сабийтæ ’ма æд къæс.

Нæбал зонуй, ци фæууа ’ма ци кæна
Æ седзæртæн дорти бæсти ци фица.

Кæуй сæмæ судæймæлгæ сувæллон...
Уасуй сæмæ сау айнæгæй сау халон!

Гъæздугутæ цардаразæг косæгæй
Се ’фсой ласæг искодтонцæ нæуæгæй.

Ба ин есгæй, е ’стур бартæ, æ циййес.
Нихъуæргæй ин е ’лгъиститæ æнæфсес.

Федиссаг дæр дессæгти ’хсæн ес дессаг:
Сæ дзубандий æцæгæлон æй не ’взаг!

Нæбал син дæ «революци асодзæг»,
Еци дзурдæй æрбаунцæ æрхæндæг.

Æцæг цардæй ку ’стононцæ дæ, мийй аг,
Уомæй дæр дин, о, куд не ’ссæй нур тæссаг!

Зæнхи ’нкъустмæ куд нæ седис дæ ристæй,
Цирти къæйтæ куд нæ тонис дæ мæстæй?!

Се ’мсæр уогæй хумæтæги дзиллитæн,
Ресгæ, нæтгæй се ’стур уæзæй сæ зинтæн:

Феце лæгау, æнæ зæнхæ, æнæ къæс,
Сæйгæ уогæй, кедæр къумти æвæгæс.

О, ду нин дæ нæ национ астæуарт,
Нæ фарни уод, нæ гъарæнгæ, нæ низзард!

О, ду нин дæ Рæстдзийнади рохс тæмæн,
Дзилли тохи, революций карз тæлæн!

СКЪОДТАТИ Эльбрус

## НАУÆ

*Нуриккон уацау*

«Зæронд таурæхъгæнгутæ еугурæй дæр рамардæнцæ, астæуккаг карæнтæн сæ сæрти æндæр сагъæстæ ес, æригон фæлтæр ба уæхæн гъуддæгтæй бустæги изол рацæнцæ», – зæрдмæгур никъæттæгæнгæ цудтæн, радон кинонивæн мæ сценари финсун ку багъудæй æма ку неци нæуæг æрмæгутæбæл хуæст кодтон, уæд.

«Кенæ мин мæ куст уадзгæ 'й, кенæ ба æндæр ести æргъуди кæнун гъæуй. Ци рабада, е рабадæд! Еци наyæ мин æнæбавзаргæ нæййес. Адæн ибæл дзæгъæли хумæтæги нæ мæлуниау æнцæ сæ фурдесæй!» – уотемæй, æнхæст нæма бахъæрттæн, кумæ мин ниййамудтонцæ, еци лæууæн бунатмæ, уотæ ба мæ рæзти, æ фиййæй скъотгæнгæ, æрбаскъардта, уингæ нæ, фал коййæй дæр ке некæдма фегъустон, уæхæн егъау цидæр, хуæдтæхæг æма поезди «митъиз» дуйней вагæнттæ 'ма базурти хæццæ. Æ дæргъцæбæл мæ цæстæ нæ фæххуæстæй, уотæ суффутгæнгæ тахтæй. Ставдкъембур локомотив размæ багæпп ласта, фал и «æфсæн пелеуани» тæккæ думæг ба æ «зивв» ранихъургæ, мæ баррæстæ сæхълæуд фæккодта. Сæри фæккусийнæ 'й «ци 'й?», æма мæ зæрди æрбафтудæй «наyæ», мадта 'й æз дæр хуæздæр куд схонон!

Гъема уомæн æ фæстаг вагони дуæрттæ куд фегон æнцæ, уотæ ба хуæдцæугæ, цъухæйдзоргæ асийнæ-трап мæ къæхти бунмæ æхе расхуста:

– Цурддæр æрбантъохæ дæ «мард», нæ мæ евдæлуй æгириддæр!

Бункког къæпхæн мæ, куддæр ибæл фефсарстæн, уотæ æфсæн пелеуани хурфæмæ исæскъафта, 'ма фæстаг вагондехи мæ тъупп фæццудæй. Науæ ба дин си науæ! Цидæр дессаги хуæдивæзагæ, æмпулагæ-нæрсагæ адтæй. Æнæгъæнæ устур сахар си бацудайдæ æд азгъунститæ, æд цæугæдæнттæ, æд нæдтæ. Æндегæй бакæсгæй дæр – æнæуагæ устур, фал ин медæгæй ба бæрæг асæ н' адтæй, уотæ дууердæмæ ракæлæ-бакæлæ кодта. Цалинмæ фæрстæмæ рагъæуай-багъæуай кæнунтæбæл фæддæн, уалинмæ ба дин вагони фæрсти хурфи æвæрд динамиктæй райгъустæй тухуаст баргин гъæр:

– Науи къæдзели ци мурхи, сценарист? Уоми «хъæртлæгбæл» фæббадæ æма дæ сæр фиццаг дехмæ æрбайсæ! – æма айæ аргъау нæй, фал мæ еу хъæрццигъа-адæймаг æ хъæбеси фелваста, уотемæй æ сæрти райста. Уайтæккæ мæ фиццаг вагонмæ бахъæртун ласта еци меднауон транспорт. Хецæн къелабæл мæ пилотти фарсмæ æррæсагъта.

– Усси, хъæрццигъатæ дин дæ цæститæ бахуардтонцæ! – зæгъгæ йбæл наутæрæг фестуф кодта, 'ма вагони къæразæй æндæмæ æхе фехста лæг-маргъ, æ пакъутæ калгæй:

Хъæр-хъæр-р, цæбæл мæбæл гъæр кæнис, Нæбал мæбæл æнвæрсис, Ку дæ багъæун, уæд дин

Ку рæуæг кæнун дæ зин! –

Æма, амæн æ фулдæр аргъау ке 'й, уой балæдæрдтæн. Уоййадæбæл хъæрт-лæг бостæй ниййауун æй, æ даргъ къæдзелæй æхсæви талингити тæссаг гурусхитæ итаугæй...

Еци дессаг æнахури денгизон-зæнхон-дæлзæнхон-уæлдæфон науи бадтæй дессаг æнахури бæлццонтæ-пассажиртæ. Наутæрæг мæмæ æрхатта:

– Дæ уæзæ æруагътай, уæд хуарз. Кæд ма ести зонун, уæд кинонивти сценаритæ финсæг дæ?!

– Магъа, мæхуæдæг дæр æй нæбал лæдæрун.

– Мадта дæмæ æз рагæй фенгъæлмæ кастæн. Еу хабар дин, зæгъун, æркæнон. Мæн дæр æностæмæ цæрун нæ фæндуй, æма цидæр зонун, уони дæ зæронд таурæхъгæнгути хузæн мæ хæццæ иннæ дуйнеймæ фæххæсдзæнæн. Дæу киностудий фæлахс науæрти ба нæуæг тог бауадзун гъæуй!

– Бæргæ, бæргæ! Фал мин ду ке ’рдзорай...

– Æфсæрми ма кæнæ. Мæн таурæхъæй ке ниффинсай, етæ дæр дæхе ’нцæ. Дæу размæ финсгутæ ’ма таурæхъгæнгутæ дæр сæхуæдтæ неци ’ргъуди кодтонцæ. Æз син сæ равдесинæ, сæ рæстæг ку ралæууидæ, уæд.

– Адæни уогæ дæр кинотæмæ кæсунмæ нæбал евдæлуй. Сæхе царди кинотæ дæр сæ фагæ ’нцæ.

– Æз уин уе студи æхгæнун нæма бауадздзæнæн. Зундгин лæг ку дæ, уæд ци дзубандитæ кæнис! Ахурадæ ба, дæуæй уотæ, цæй бундорбæл æнцайуй?! Маргъ бафæнзун финсæг ку не ’римистайдæ, уæд мæнаци хуæдтæхæг-науæ æма хъæртлæги дæр наукон косгутæ не саразтайуонцæ. Æргъуди дæмæ ци кæсуй, мæ хор! Ду, ци рауæн архайгæ ’й æма си цæхæн æрзæт нигæд ес, уой байамонæ, æзгелгæ ба ’й етæ кæнæнтæ, уæдта ин æ сугъзæрийнæ дæр етæ æртасæнтæ. Ци æма кæми – дæумæ хауй, куд æма уотæ ба – уонæмæ.

– Æгæр бæрзонд аргъ мин нæ кæнис?

– Нæ кæнун, нæ! Наукон фантастикæ устур агъаз æй рæстæги науæ скъæрунмæ. Адæнбæл рæхги зæнхæ нæбал хъæртдзæнæй æма сæ федæнмæ гъæуй нæуæг цæрæнбунæттæ цæттæ кæнун. Фал уомæн уæн ес æрмæстдæр уæд, æма æндæр стъалути системитæмæ тæхгæй, æвеппайди уоми равзурун ку исуа сæ бон. Зæнхон адæймаг ке зонуй, уоци æрдзон фæззиндтитæй рохсæй устурдæр тагъдадæ нецæмæн ес – 300 мин километри еу секъундмæ! Лæги бауæр болат хумпъури ку баниуæрдай, уæддæр уæхæн тагъдади уæзæ нæ бауорамдзæнæй. Цифæнди æндон бауæргъæдæ дæр рохси тагъдади уæнгæ ку стиринг кæнай, уæд æнæзингæ стъæлфи асæмæ нийдуйдзæнæй.

Кæд нæхе хорон системи ести цæрунæн бæзгæ планетæ разинна, зæнхон æрдзи уавартæмæ æнгæс, уæд хуарз, кенæдта æндæр галактикитæмæ ба нецихузи бахъæртдзинан нурмæти зундгонд мадзалтæй. Æгæр изолгæсгæ æнцæ.

– Æдта нин ци хуасæ ес?

– Мæ зæрди æрæфтудæй нæуæг æргъудидзийнадæ, триллионгай километртæ кутемæй ес цæстиникъулдмæ ратæхæн, уомæн. Æрмæст е тахт нæбал хундзæнæй, фал – скъæфт: квантилион «рохсон анзи» раскъафта! Æргом дин нæма кæнун мæ мадзал. Мæ таурæхъмæ мин кæронмæ ку байгъосай, уæд æй дæхуæдæг балæдæрдзæнæ.

– Игъосун дæмæ лæмбунæг...

Наутæрæгæн бæрæг карæ н' адтæй. Æ цæсгон ин рауининæ æ алли мæнæрдæмæ фæккасти дæр, æма, ку – зæронд лæги хузæн уидæ, ку – лæхъуæни, ку ба – мæхецæй еу-дæс анзи хестæрхуз, кæмидæр еу-фæндзай анздзуди фалдзостæ.

Хъæбæр арæх бафæсмæрун лæги карæ æ цæститæй, фал амæн ба тæккæ уонæй базонæн н' адтæй е 'нзти бæрцæ. Рæдуйун дæр ма мæ кодтонцæ. Ку сæ базмæлун кæнидæ, уæд мæ фæрсти рахезидæ сæ тухæ. Фиццаг си кастæй ирд, æрмæст еци-еухузи сабур цæстингасæй. Фал мæ цидæр базонун фæндуй, æ «дзæхæрамæ» мæ «хутæ» баскъæрунмæ гъавун, зæгъгæ, уой ку ралæдæрдтæй, уæд ин си гагути бæсти цума дзæнхъа дортæ фестадæй, уоййау сæ радзагъолтæ кодта, æма мæ сæри хъанз низмалдæй, уæдта, артмæ бадардау, ницъцъис-цъис кодта. Уотæ ма æз мæхуæдæг еу хатти, æхе хингæнæг ка худта, уæхæн хенвæрсон сау лæгæн ракодтон. Идзирд мæмæ никкастæй, нидздзангъир мæмæ 'й, нуртæкки дин, зæгъгæ, дæ хурфи хæлæрттæ басодздзæнæн, æма ин æз дæр, æ тумбул гагути раззаг хаймæ нæ, фал уони хурфити, сæ фæстаг цъарæбæл ранцадтæн ме 'нгасæй. Æ цæсти гагути хурфаг æрдæгкъоретæ исцирен кодтонцæ, 'ма и «хингæнæгæн» æ мæкъур сау хъуæцæ кæнунмæ, æ бæзгин ростæбæл ба хед цъинк-цъинккæй уайунмæ фæййагайдта. Æцæг сайтани хузæн æ цъумуртæ æ цæсгони цъарæбæл рабадтæнцæ. Хуарз æма мæ зæрдæ сабур адтæй, æма йбæл уой сатæг дон басæххæтт ластон, æндæра мæ фуси æвгæрст ракодтайдæ...

– Цæбæл ниууг дæ, мæ лимæн. Кунæг нæ зæгъис, аци зæронд хъебургъæ мин мæ гъостæ ци æрахæста, дигорон лæг сайтани гъостæ куд æрахæста, уоййау, зæгъгæ, фал ми мама ратухсæ. Науи бадгутæмæ де 'ргон рахатæ 'ма сæмæ дæ япойнаг камерæтелескоп «Финсука кано» ниййаразæ. Мæ талингæ разнадмæ мæхуæдæг кæсдзæнæн. Хиццагæй си ци уа, уони дæр бабæй дин дзордзæнæн фæстæдæр, кæд ма фæццæрæн, уæд. Ефстаг стъалутæ æма нæбæл, цид, ефстаг планетити рохси цъитай хæццæ æмбæлдзæнцæ. Уони ку фембурд кæнæн, уæд дæ хъур ниддаргъ уодзæнæй, æза дин сæ, се 'хсæн ци рæстæг ес, æнæ уомæй, еудадзугæй, еумæ равдесдзæнæн, е ба дæ цард æмирдæр уа.

– Гъе, гъе! Мæн дæр е гъудæй! Фалæ мин рагон таурæхъ æркæнунмæ гъавис æви нуриккон?

– Рагон дæр, æригон дæр ма фегъустайсæ, уой гæмæрзæгæнгæй дин æза алкæдиккон таурæхъ æркæнон. Æрмæст, таурæхъ ке хонæн, е æй æцæг цард, нуриккон архайд. Еу курдиадæ ма мæмæ ес. Ци адæнбæл си æмбæлæн, уони сегасей дæр хуарз нигъгъуди кæнæ, кенæ ба æнахур хæлæмултæ кæндзæнцæ, ’ма сæбæл ниххæлхъой уодзæнæ.

... Уæллæгъи, а, æвæдзи, æндæр ести æй! Цидæр æмбесонди рауæн ке бафтудтæн, е ми æнæ гурусхæй ируагæс кæнун байдæдта. Фæстагмæ си ’цæгæйдæр сайтантæ ку фæззинна, уомæн дæр уæн ес. Æной ба йбæл сæтгæ нæ кæнæн, æндæра нур ба нæ ’нцæ?! Æдта, дууæ адæймаги зæнхи къорей фæйнæ фарсебæл уогæй, кæрæдзей уинунцæ æма дзубанди кæнунцæ, цума æмвæрстæ лæуунцæ, уотæ, е сайтан нæй? Мадта ма сайтанбæл сиутæ фæззайуй! Æрмæстдæр кæрæдзебæл æмбæлун æма кæрæдзей æнкъарун сæ бон нæма æй, фал уомæ дæр хъæртдзинан, кенæ ба нæ гъæугæ дæр некæмибæл кæндзæнæй. Цæрæгуодти се ’нкъарæнтæ содзунцæ ’ма сæмæ етæ уогæй, æносон цард саразæн нæййес. Уомæй сайтандæр ба ма куд фæуй!

Науи фиццаг вагон хенимæри гъудий рахецæн кæнун æнгъизтæй цуппар зингæ хаййебæл, пассажирти, уæдта салон фæлундæн æрмæгути фадæварцæмæ гæсгæ: 1-аг дех – раззаг хай, 2-аг дех, 3-аг дех æма 4-аг дех – фæстаг.

Салон дæр, балцицæугути уæледарæсау, рæсугъддæргæнгæ рацудæй фæстегæй размæ. Æрмæст, кæд вагони дехти фæрстæ, цуппæрæймагæй фиццагмæ сæбæл цæстæ исхæсгæй, нæуæггæнгæ рацудæнцæ, уæд бæлццонтæ сæхуæдтæ ба – зæронддæр: кæстæртæ, æригæнттæ, рæстæмбес карæнтæ æма тæккæ хестæртæ.

Фæстаг æмбаст бадæнтæ, æвæдзи, нæхеуон рагон «ЛУАЗ»-и фесунтæбæл амад адтæнцæ, уонæй раздæр, 3-аг дехи бадæнтæ – зæронд венгейраг «Икарус»-и. Салон-вагонæн, разæй ранимайгæй, æ дуккаг цуппæрæнхаййи бадæнтæ æрæзт адтæнцæ немуцаг завод «Мерседес-Бэнц»-и, раззаг дехæн ба – япойнаг «Тойота-Ку»-и æрмæгутæй конд. Алли дех дæр иннемæй рахецæн гæнæн адтæй цæхгæрмæ уагъд къарнизтæй, уонæбæл ба – цилле æмбæрзæнтæ. Бадæнти æвæрд – дукъахуг дамугъа П-йи хузæн.

Балцицæугути бæрцæ адтæй æнæуаг берæ, уомæн æма

науи вагони асæ цæстæ дæр нæ ахæста. Етæ нæ сегас некæми гъæунцæ, фал сæ астæу ба бæрæгдæр дардтонцæ алли дехи дæр еугай адæймæгутæ: еу фарсæй – силгоймæгтæ, иннæ фарсæй ба – нæлгоймæгтæ, алке си æхе къуари, æхе фæлтæри мийнæвари хузи.

Мæ камери цæстæй ракæсгæй, бадæнти «П»-йи галеу къах адтæй пилоти фæсонтæмæ арæзт. Уомæн æ хуæдфæсте бадтæй, скъудтæ цулухъи хузæнæй, 90 анзи даргъ къæдзели хæццæ кæмæн равардтайсæ, уæхæн æхсайанздзуд сæйгæ зæронд лæг Лæдæр. «П»-йи рахес къахбæл конд адтæй фæсарæйнаг дæрдгун, фал лаквæлуст туфлийау, еу-50 анзи кæбæл зиндтæй æд къуæрд къæдзелæ, уæхæн 60-анздзуд лигъздзæсгон, хуæрзгъудгонд зæронд уосæ Хорзæрийнæ. И дууæ зæрондей рæбунтæ ма бадтæй берæ сæхе карæнтæ, фал сæхе сабур дардтонцæ.

Еци силæстæг «къелгун туфлий» арæзт адтæй мæ тæккæ галеу цæстæмæ, цæмæй мин æй цъундæ кæнун ма гъудайдæ, рахесæй мæ камери объективи «къилдунмæ» кæсгæй. Уа-ртæ фæстегæй, 4-аг дехи ба «П»-йи тæрхæгбæл и æгас цæхгæрмæ æвæрд еурæнгъон бунæттæ дæр æрмæст сæхецæй æрахæстонцæ еу æзмæлагæ æвддæсанздзуд кизгæ Кæрдæгæстъалу ’ма, æвæдзи, æстдæсанздзуд лæхъуæн Меркурий, фецегомау арæзтитæй. Кизгæ адтæй тумбулдзæсгон, мæйи хузæн – рохс. Еци бадгæ-бадгæй дæр тасæ-уасæ кодта æ уолæн-гурæ. Æ дарæс – тæнæг, уорс фехсуд æхсæггаг пъолци. Сау дзиккоти къæбæлдзуг дууæ биди фæйнæ усхъей сæрти, гъулæггагæн, размæ рагæлста е ’рдæгигон реутæбæл æма син етæ сæ адгин уиндæ нииндавтонцæ æ реуи фæйнæгмæ, цума неци ’нцæ, уотæ сæбæл нихханхæгæнæгау. Гъеуæддæр кизги алæмæти рæсугъддзийнадæ æ еци зæрондгомау пъолций никки дессагдæр, никки ирддæрæй разиндтæй, – рæсугъд æма фудконди игъауги, еумæ сæ æрæвæргæй, бæрæгдæр фæуýй.

Лæхъуæн – сагартæн, едаггун цæсгони хæццæ, сæгъдзæстæ, æ мудхуз дзиккотæ – усхъити уæнгæ, æ уæле – нур еуæртæ анзей дæргъци ка нæма нинхъирттæ уæдта цъумур æй, уæхæн мора кримплин хæлаф фæтæн фадгути хæццæ æма рауæнæйрауæнти румпæгхуæрд, цубурдустæ фанел хæдонæ.

Уони разæй и дууæ рæнгъей къелатæбæл хъиллистт кодтонцæ сæ цардæй хъал фæсевæд дугæйттæ, æртигæйттæй.

«Икарус»-и æрмæгутæй арæзт дехи П-йи рахес къахбæл бадтæй æнкъардхузæй æнæуодбарæ æвзонг силæстæг Мæйдар еудууинсæйанздзуд лæги хæццæ. Уони бауоцифарс, зæронд лæги рæнгъæбæл ба – саузакъæгун дзидздзибогай хузæн лæхъуæн Уранбæл æртумбул æнцæ цалдæр цæрдхуз, идзулдростæ гаццай. И дууæ бадæнебæл уалемæй нæ цудæнцæ ’ма дзидздзибога лæхъуæни къуммæ нилхъивтонцæ, кæрæдзей рæгъти рабадгæй. Уæрæдæс-хъæлбест кодтонцæ, уотемæй ин æ дзиккотæ, æ ростæ ’ма æ къохтæ сдардтонцæ сæ даргъ сурх-сурхид ливзæ æвзæгтæй. Еу ба си, и листæгдæр, æ къæхти бунмæ ниллæстæй æма ин, дзодздзæги исбадгæй, æ сæр æ еу уæрагбæл æривардта, иннæ уæраг ин фæлмæн рауурдæ-баууæрдæгæнгæй, мæнæ ци кайф, зæгъгæ.

– Мæрфушæ, еу сиукъа ма дзи рауадзай, æза ’й ниддауон, æндæра сумахмæ æрвонг цæститæй кæсун хъæбæр зин æй. Ниммæхорх кодтайтæ, – фæдздзурдта лæхъуæн, æма ймæ кæройнаг силæ сæкæри арахъи ботъула ба-«гъа» кодта. Хъуртт-хъурттæй ибæл ралæудтæй, уæдта ин æ хъур æ гъæбеси бадæг бæгънæгзæнгæ, тæнæгбилæ уадзай цъухи ратъунста, рацъортт-цъортт, дан, си кæнæ ду дæр.

– Закъуска ба дæу билтæй, – зæгъгæ, æ къох æ фæсте бадæг гахгун сили фæсонти рауагъта.

Е дæр ибæл донхæссæнау æрдудагъ кодта ’ма ин æ арахъи гъæстæ билтæ æфсæйнаг насосау исцъирдта, рахсай еу тъинкк, æз дæр си исахуадон, зæгъгæ. Æ тæккæ рахес фарсæй ба йбæл аннæ уæхæн нитътъæпæн æй, цъифæ монтти сифау. Устурреутæгуни сæр æ бурæу-къохæй фæййеуварс кодта ’ма Урани билтæбæл æ рос райвардта: «Мæн лигъз росæй дæр рарос кæнæ! Æз амæй адгиндæр фæткъу дæн!»

– Æза тауæг цилауи дæн æма мæ рацилауи кæнæ, Ура... – æхе сæ астæумæ багæлста еу сауцъарæ æдзæсгон кизгæ.

Цубурдзурдæй, еци гириззæгти къуар æнаккаг хузи гъазтонцæ, дзугули-мугули кодтонцæ къæл-къæлæй ходгæ, фæдес, цъес-цъесгæнгæй. Мæ камерæ уони æбуалгъ миутæ нæбал ниббæлстæй, хæр-хæр кæнунмæ фæййагайдта. «Финсука кано» ма хæстуолæфтгæнгæй, æвæдзи, æдеугурæй еу-50 процентi – «сука ка»-й бæрцæ архайдтайдæ.

– Анæмæ кæсунмæ мæ æрбадун кодтай дæ бæдæйнаг науи? – тузмæггомауæй фездæх кодтон пилотмæ.

– Ду сæ ку нæ уинай, уæддæр уотæ 'й! – равардта мин циуанхуз уазал дзуапп.

Ардæккаг рæнгъæбæл æртиккаг дехи ци æнæуодбарæ силæстæг нийвадæй, е сæмæ бакæсæ-бакæсæ кодта 'ма æ цæстисугтæ зайгуртæй уадæнцæ:

– Ниууадзæ сæ, Уран! Рауай мæнæ мах хæццæ исбадæ. Цæттæ сувæллон дин уодзæнæй рæхги 'ма дæ сæр нæ фесафдзæнæ ду дæр!

– Ма дзорæ, Мæйдар, еци æнæбакæнæг куймæ. Гитмæ ке цæуй, уой æй нæ уинис?! – фæззуст кодта силгоймаги фарсмæ бадæг лæг; кенæ æ сæри хецау адтæй, кенæ ба – æ фидæ Мæйдарæн.

Исуйнаг мади губуни цидæр æхе низдухтитæ кодта, еу цъахцъах си исервазтæй æма ймæ фегъустæй листæг хъурихаттæй:

– Нæ мæ гъæуй, е мæн фидæ нæй! – æвæдзи, закъæгин Уранмæ хаудтæнцæ аци дзурдтæ.

Пилоти рæнгъæбæл, дуккаг дехи æ цæсгон сау къимбусæй æнбæрзтæй разуæзгомау ци адæймаг бадтæй, уомæн зиндтæнцæ æрмæстдæр æ къембур æма æ цæститæ. Æ билтæй дæр, æ дингæсæнтæй дæр калдæй цидæр цъæх-цъæхид марг. Æ уæле – сау уæллаггурæ 'ма дзинс хæлаф. Цидæр æнахур тарстхузæ ин адтæй. Цума йбæл æ къела цæфсгæ кодта, уоййау еу рауæнæй иннемæ рантъохæ-бантъохæгæнгæй æ гурæ, ардæггаг рæнгъæбæл е 'рбаррæстæ бадæг дууинсæйанздзуд хуæрзгъуд силæстæгæй цæмæдæргæсгæ æхе римахста. Куддæр фæггæпп ласидæ, уотæ ба ймæ æ фæсте бадæг дууæ фæдæсмотæги фæллæбориуонцæ, 'ма син фæттилеф кæнидæ. Хуæрзконд силгоймаг сæмæ, æ фарсмæ бадæг æвзонг мадæ 'ма нæуæгигурд сувæллони хæццæ цæмæдесæй, цидæр æнгъæлдзауæй кастæй. Фæдæсмотгути дзæгъæл ухери ку нæбал ниггæдзæ кодта, уæдта сæбæл æ гъæлæсидзаг ниййарудта:

– Æхе бæрагæ 'й ниууагътæ! Ци ин кæнетæ?! Æной ба, уæхуæдтæ ахæссуйнаг ку айтæ, уæд уæ еске лæгмæ ци гъуддаг ес!

– Молчать, с-сука! Из-за таких продажных шкур как ты, в нашем корабле скрываются сотни тысяч преступников!

– Уæхе рæнгъити сæ агоретæ! – фæстæмæ фæззилдта æ сæр æхсайанздзуд силгоймаг.

– Дæу æнхус гъæуагæ нæ дæн! – цума уомæ ести барæ дардтонцæ сæ дзубандитæ, уотæ йбæл цæмæдæр гæсгæ фæззуст кодта зæронд лæг, æ лæдзæг фергъувгæй. Æнхæст æй не сфæразта ’ма ин æхе къах æрæргъавта е дæр, пъæлицайаги лæдзæги бæсти.

– Рахсай, Дæттуйуон, еу-дууæ цъæх гæгъæдий, – фæккодта ихæлд лæхъуæн Уран ихæлд кизгуттæй еуемæ.

– Гъауай, мæ комагæ цæхæр! Ци ми дардзæнæ, уой ба дæхуæдæг хуæздæр зонис!

Айдагъ е нæ, фал е ’гас силтæ дæр сæ лифтæ, колготгитæ ’ма бикинити римæхсæнти сæ листæг къохтæ рауæгътитæ кодтонцæ, æнхъирттæ гæгъæдитæ си фелвæститæгæнгæй ин сæ æ нихти фæссагътонцæ, мæн уæнттæ райсæ, мæнæй райсæ, зæгъгæ, хуарз фæуунбæл зудæгæнгæй.

Закъæгин лæхъуæн, æнцъулд доллæртæй идзаг къохтæй силти рансæндтитæ кодта, уотемæй фæранки тæррæст бакодта маскъæгинмæ ’ма ин æхцатæ æ дзиппи ратъунста:

– Плутон! Ани аци сау бонмæ фембурд кодтон, æма си и цъоппходгинтæй еуей билтæ райсæрдæ!

Етæ дæр, ес имæ, зæгъгæ, уой ку рауидтонцæ, уæд сæ цæститæ æрттæ рацагътонцæ. Плутон цæттæ адтæй, æма ймæ си раздæр ка фæллæбурдта, уой рони сæ рацавта, гъа, дан, дæ мæрдти хъистæн дæ багъæуæнтæ. И цæрдæг къопгин æхцай хæццæ ниххубиндзæ ’й, вагони хурфи еу дехæй-иннемæ гæппитæгæнгæй. И дуккаг дæр имæ, æ суйни сæрбæл ронæй баст хумпъурæй дамбаца искъуæрдта ’ма æ фæдбæл ниййарцæ ’й. Ку ’й æрхæстæгутæ кодта, уæдта ин æ фæсонти къерахи æгас фатдонæ дæр нинннимадта. Марди пъæлиформи реуи медæггаг дзиппитæ ракъахта, æ хъатара ин æ фарсæй исрæдувта, æ сæрти басæррæтт ласта, уотемæй еци зувгæнгæ тæхæг науи мæнгæфсон люкæй æхе фехста, мæлгæ, уæд – лæгæй! – зæгъгæ.

Науи вагон нæгæ гъæр æма æрдеуагæй æ уод есунмæ æрцудæй. Пилот дорин гъæлæсиуагæй радзурдта, салонмæ æ айдæнæй кæсгæй:

– Æнцад бадетæ уегас дæр! Цуд фæссабурдæр кæндзæнæн, æма мард къæразæй рантъохетæ, е ба кæнгæ спут-

никкæй æносмæ тæхæ æнæуæзон итигъдади. Æ къохбæл магнитон хъиибиллæ баст ес, æма ин уомæй зондзинан æ координаттæ. Багъæудзæнцæ нæ не 'сони наукон ертæстити. Тогтæ ниссæрфетæ салонæй. Цард цæуй изолдæр! Нуртæккæ нейтралон уæлдæфи итигъдади ан, æма мард еске сæрбæл ку фæууа, уæддæр неци хилæ кæнуй.

– Йа, дæ дæрæг, де скæнæг ди ма сбоз уа, аци фудтæ ма мин ци бавзаруйнаг адтæнцæ, зиндони кæд нæ бафтудтæн, уæд, – зæгъгæ, мæ меднимæри исæлгъистон наутæрæги æма æ уозгалди уолæнæй мæ бæрзæй фæггæллеу æй, сæр ба ма гъудигъонæй райзадæй. «Хатир» зæгъунмæ куд рагъавтон, уотæ ба мæ уасæ иссердтон. Науин адæн уобæл не 'рæнцадæнцæ. Зæрод хуфæг лæг Лæдæрæн æ цæститæ цъаммар æрттивд фæккодтонцæ:

– Хъæбæр тъайлаг! Дагъитъайлаг! Анæн уотæ гæнгæ 'й...

Разæй, мæ галеу цæсти комкоммæ бадæг Хорзæрийнæй уæлдай æй пассажиртæй некема фæсмардта, фал си еугур силгоймæгтæ дæр сæ уодхæссæг фæууидтонцæ, сæ цæститæбæл æй, æвæдзи, федæнмæ уайун кæнгæй, уа-артæ уæхæн инæйнон игурдтитæй, дан, ку тарстан. Ду ба сæ еугурей нæмттæ кæцæй базудтай рагацау, зæгъгæ, мæ бафæрсай! Пилот мин сæ сосæггæй радзурдта, науæмæ фиццаг куддæр бахизтæн, уотæ.

– Æнæуодбарæ Мæйдар æма, уой размæ цалдæр бадæни цох бадæг – Мæйрохс кæрæдзей фæдбæл исдзурдтонцæ:

– Еци маскъæгин æдзохдæр мæ цæститæбæл гъазидæ. Æцæг «Плутон» ку æй! Дууинсæй анземæ сайунæй æндæр неци базудта.

– Æза уæртæ еци «зæронд цулухъи» мæ фуни уидтон æноси дæр.

– Маскъæгинмæ ма 'вналæ, сæгъæ! Е домбай лæг уодзæнæй, зæгъгæ 'й ме 'уонæй лæдæргæ кодтон, – æ сæрбæл пихситæ рахаста закъæгин силвазæ Уран.

Ка си кæмæ дзурдта, уæдта кæмæн дзуапп кодта, е бæрæг нæбал адтæй. Еугур ханс иссæнцæ. Æппун кæмæ нæ хауидæ, е æй æхемæ банкъаридæ æма фæгъгъæр кæнидæ æ бунатæй æндæри бæсти. Æрмæст уой æрæстæфтæн, æма нæлгоймæгтæ нæлгоймæгти фарс фæцæнцæ, силгоймæгтæ ба – силгоймæгти.

– Ду ба, мæнæ нецæййаг, еци мæгур зæронд лæги кой ци кæнис? Уæ рæнгъæбæл бадгутæ еугур дæр къахæй сæрмæ æ рехи еу æрдой аргъ ку нæ айтæ! – æ дзурд багæлста хъаугъай цæхæрмæ маскъæгин.

– Дзæбæх син фæцан, «ниндзя»! – бацийнæ кодта и хъебургъæ Лæдæр дæр тухнæтæгæнгæй. Нæфæразон нез ин æ уолæфæнтæбæл ниннодар æй, уæддæр æ цъумур тоги æртæх ба æндæмæ тагъдæй.

Наутæрæгмæ бакастæн, ме 'рфгути буни мæ цæститæ баздохгæй, æма мин сæ иуæхсунмæ берæ нæбал багъудæй. Минкъийтæбæл, уæдта еци зулунæй байзадайуонцæ. Зонун дæ, ци зæгъунмæ гъавис, зæгъгæ, бабæй мин цал æма цалæймаг хатт бавдиста е 'нæуаг тухæ 'ма ме 'нæбон нецæййагдзийнадæ.

– Æррæстæ, зæгъун, атæ ци 'нцæ, уой хуæздæр ку балæдæрдтайнæ. Ка си кæцæй равзурстæй? Цидæртæ си, æвæдзи, мæ фурдессагæй не 'рахæстон æма мин дæ цæстæйуингæ таурæхъ фæстæмæ ку 'рæздохисæ...

– Де 'нгас æнхузæнæй дарæ æгас салонбæл дæр, зæгъгæ, дин нæ фæдзахстон!

Вагони думæгмæ, фæстаг дехмæ рагъæуай кодтон, æма дин далæ и дууæ æвзонг бæлæуи, Кæрдæгæстъалу 'ма Меркурий, кæрæдземæ æнгон ку нæ бабадиуонцæ!

– Фесæфæ мæ разæй, Ме! – кизгæ лæхъуæни еуварс фесхуста, æ дирзæг къохæй ин æ лагъз зæнгæ ку радаудта, е 'ннæ къохæй ба 'й æ листæг уорс мæкъурæй æхемæ ку 'рбалхъивта цъоппбилæй, уæд.

– Мæнмæ кæрдæг хуæрун цæуй! Æстонг дæн.

– Стъалу нихъуæрун ба?! – баходæзмолæ кодта Кæрдæгæстъалу, æ катай римæхсгæй. – Дæ хъури ку фæххæсса...

– Æрсабур уодзæнæ!.. Нæ дууæ дæр стъалути нæмттæ хæссæн æма нин уæларвы еумæ содзгæ уодзæнæй, – Меркурий имæ нæуæгæй æхе батардта æдзæсгонхузи.

– Рандæ кæнæ дæ къохтæ!..

Кизгæ низзир-зир кодта, æ сæр радзæгъæлтæ 'й, уотемæй ма цидæр исдзорунмæ гъавта, фал нæбал исфæразта. Салони бадгутæ сæмæ еугур дæр сæхе рахаттонцæ, уотемæй æдзинæгæй никкастæнцæ. Биццеу фæппæррæстт ласта 'ма фæстаг сирей цæхгæрмæ æмбæрзæнтæ дууæ къохемæй æр-

бамбурд кодта, фæйнердигæй сæ æрбаскъæфгæй, æ цæсгони цъарæ низзулунгæнгæй:

– Кино фæцæй, исонбони ести сценарист байагордзинайтæ, 'ма уин е абони гъуддæгтæ уæ зæрдæбæл æрлæууун кæндзæнæй!

Мæ бунати фесхъиудтæн, фал æй, мæхемæ гæсгæ, нæ бавдистон. Наутæрæг ба æ медбилтæ баходæзмолæ кодта, уæдта салонмæ радзурдта:

– Цифæнди зин уин ку уа, уæддæр вагони фæстаг дехмæ кæсгæ кæнетæ. Цилле æмбæрзæн æй, æма си, æнзти мегъи хузæн – лæкъунгомау, фал зиндзæнæй.

Куддæр еци дзубанди 'рцудæй, уотæ бабæй и науæ еугур хæлхъой иссæй. Кизгæ 'ма лæхъуæни разæй ци фæсевæд бадтæй дууердигæй дæр, етæ сæ кæрæдзей сæртæбæл урагæнгæ никкалдæнцæ:

– Кæлдæбæл кæлдæ! – фæсседтæнцæ лæхъуæнтæ.

– Рауай, мæ зæрди фиу! – ниллигъститæ кодтонцæ и силæ фæсевæд.

– Æрсабур-р уодзæнæ нуртæккæ, – зæгъгæ, сæбæл и биццеутæ цъеусортау сæхе ниццæфтæ кодтонцæ, уотемæй кæрæдзей æвдолун байдæдтонцæ æвзонг пассажиртæ. Æригон æнæуодбарæ силæстæгæн бабæй æ зæрди бунмæ цидæр исæзмалдæй, æма хæрдти фæххаудтæй. Æхуæдæг дæр æй нæбал ралæдæрдтæй, куд фæгъгъæр кодта, уой:

– Рандæ кæнæ дæ нихтæ!.. – кæмæ дзурдта, Хуцау æ зонæг.

Æ губунæй имæ, фæстегæй ци лæхъуæн бунити хуæстæй кизги хæццæ, уой хъурихаттæй райгъустæй:

– Æрсабур уодзæнæ!

– Ма мæ ресун кæнæ! – æнæуодбарæ силæстæги банæлуæг унмæ берæ нæбал гъудæй.

– Нæ дæ фæрресун кæндзæн! – æ бауоцифарсæй æрбайгъустæй закъæгун лæхъуæни æрдигæй æ игурдзи дзурд.

– Уарзис мæ, Меркурий?

– Уарзун! Хъæбæр берæ дæ уарзун! – ниййазæлдæй исуйнаг ниййерæги гъости аллирдигæйти, уæдта... æхе губунæй дæр.

Æмбæрзæни фæсте Меркурий æма Кæрдæгæстъалу бунити хуæцгæй куд тухтона кодтонцæ, е уорс циллей хурфæмæ

дзæбæх бæрæг адтæй. Мæ цæсгон мæбæл иссугъдæй æма мæ сæр иннердæмæ фæххатинæ, фал мин наутæрæг цидæр ниммурхтæй, æма бабæй барæ-æнæбари дæр мæ каст уоцирдæмæ фæййаразидæ. Мæ цæститæ ницъцъундæ кæнунмæ бæргæ гъавтон, æма мин цума мæ цæстихаутæмæ кадæр буцæутæ саразта, уотæ коммæ нæбал кастæнцæ.

– Неци ди рауайдзæй, кæсгæ кæнæ! – бардзурд мин равардта наутæрæг.

– Гъезæмарæй мæ ма марæ, æз уæхæн цъумур гъуддæгтæбæл ахур нæ дæн. Ма мин сæ уинун кæнæ, дæ Хуцауи хатирæй, – ниллигъстæ ин кодтон зæрдибунæй.

– 'Ма син ци ракæндзæнæ?! Уæддæр æнцæ. Дæуæн ба де 'хæс – æррæстæ уонæн сæ хузæ исесун, уæдта 'й фæстæдæр ба еугур дзиллæмæ рахъæртун кæнун – хуарзæй дæр, лæгъузæй дæр...

– Аци доги миути архайæг ун мæ нæ фæндуй! Некæци хузи æма хузæнæй! – нæ сæттунмæ ин гъавтон кæронмæ дæр, фал мæбæл тингунхузæй фестуф кодта:

– Кæд уотæ зæгъис, уæдта дæ тæхгæ-тæхун мæ науæй рантъохон. Уотæ дæмæ ма кæсæд, æма æз æндæр дæу хузæн некæмибал иссердзæнæн!..

Уасæнгæарæзт лæхъуæн и кизги е 'цæгæй гъавта æ буни скæнунмæ, 'ма е дæр, куд æ бон адтæй, уотæ идарддæр тох кодта:

– Нæ мæ ниууадздзæнæ уойфæсте?

– Некæд дæ ниууадздзæнæн!

– Барæнæуай, еу минкъий бал æруодæнсай! – кизгæ бостæ идзулд бакодта, уæдта фæссагъæсхуз æй: – Мæ тæрегъæди макæд бацо, Хуцау дин æй нæ ниххатир кæндзæнæй!

– Ма йбæл æууæндæ, дæхе фæййеуварс кæнæ! – Мæйрохси дзурд имæ æрбайгъустæй кæцæйдæр науи салони астæуæй.

– Исуадзæ мæ, цъаммар! – æваст бабæй æй кизгæ æхецæй фесхуста æ тух-æ бонæй. Фал æй сувæргин хæсдзæф кæцæйдæр уотæ райардудта:

– Басæттæ, кæд æй уарзис, уæд! Уæхæн лæхъуæнæн «нæгъ» зæгъун устур тæрегъæд æй.

Хорзæрийнæ дæр сæмæ е 'ргон рахатта. Хæстæгмæ хæзна нæбал, фал идардмæ ба дзæбæх уидта æма фæстæмæ рагъæр ласта:

– Æз дин нæ дзурдтон, сайгæ дæ кæндзæнæй. Нур ба дæ зæруæ еунæгæй æризайдзæнæй. – Еци дзурдтæй цидæртæ райгъуста Кæрдæгæстъалу æ медтохмæ, фал ин нецибал исагъаз æнцæ. Цума и уосæ уонæбæл баст адтæй, уотæ æмдзурд кодта сæ хæццæ, уæдта æ сæр зæронд ухеригæнæг лæгæрдæмæ фæззилдта, ’ма ма цидæр зæгъунмæ гъавта, фал æ равгæ нæбал иссæй, фæстаг бадæнбæл, еци мæгур кизги мæстæй. Лæдæр æ гъæлæсидзаг йах-ахæй никкудтæй... Уосæ ин æ тæккæ дзугъуртæ цæсгонбæл нитту кодта, сау рондз дæ фæххæссæд, зæгъгæ.

– Уæдæйти ма и силгоймаг ци сдзорунмæ гъавта, уой нæ балæдæрдтæ? – фæрсуй мæ наутæрæг.

– Ци ин балæдæрдтæн!

– «Æз дин нæ дзурдтон!» – зæгъгæ. Дæ дзиппидаргæ блокноти ’й рафинсæ. Дæ камерæ мæн нæ уинуй æма мин мæ дзурдтæ нæ ахæссуй.

– Уæд дæлæ еци æнадæ зæронд ба цæбæл богъ-богъ кæнуй?

– Æхецæн æртæрегъæд кодта, де ’лгъиститæ, дан, мæбæл æрцудæнцæ, къæсибадæг уосæ.

– ’Ма си æз кæунгъæрæй фæстæмæ, дзурдтæ ба ку неци фегъустон! – зæгъгæ, дзуаппæнгъæлæй æнæ дзуаппæй байзадтæн пилотæрдиги.

Уосæ ба е ’лгъиститæбæл рафæсмон кодта æма ’й Лæдæрæн фæттæрегъæдмæ бæстæ нæбал багъудæй, уæдмæ бабæй имæ изолæй, науи фæстаг дехæй исигъустæй æверхъау нæгæ:

– Ма кæнæ! Ма мæ марæ! Исуадзæ мæ, кæд адæймаги тогæй дæ, уæд!

Хорзæрийнæн раззаг бадæнбæл æ сæр фæрсæрдæмæ фесхъиудтæй, цума ин кадæр е ’хсæрифарс е ’цæгæбæнтти ниффæлдæрвта, уоййау.

– Уау-уау-уау! Дæттæ-дæ-дæ-дæй! Уау, рамæмардта! – цалдæр силгоймагей уæззау нигъгъæрзтитæй и науæ æ рахес базуртæ ’рдæмæ фæццæхъал ласта. Цилле хизи фæсте фæлдæхт П-йи тæрвазæбæл хъанæй лæудтæй Кæрдæгæстъалу æ билти тог калгæй. Æ сæргъи – лæхъуæн сирди хузæнæй, æ къох æрдæгæргъувдæй бунмæ уадзгæй, æма æ гурæ, цæфи агъонмæ куд арæзт адтæй, уотæ растгæнгæй.

Мæхе нæбал ниууорæдтон æма арсау нимбухтон вагон-салони хъонцгæнæг адæни хæццæ. Æ гъæлæсæй финкæ ци зæронд лæг калдта разæй, уой сурх дингæсæнтæ ба тогцъух берæгъау æрттивдтитæ кодтонцæ.

П-йи галеу къахи бадæнтæбæл фæстæмæ цæстæ ивæргæ рацудтæн. И маскъæгин лæг æ дæндæгутæ кæрæдзебал тæссаг къæрцц-къæрцц кодта, æ сæрккаг æма бункkаг æфсæртæ ба куронвидтау инсадта. Цалдæр бадæни цохæй фæстæдæр ба, закъæгин лæхъуæн, æвæдзи, хъан кизгæ ’ма хъел биццеуи миутæмæ истогмæсор уогæй, æхуæдæг æ дæллаггурæ æркъуæрунмæ ка гъавта, уæхæн æстæвдтæ хъахбай сили уæллаг хъæппæл борарсон дзæмбуй мондагæй æррæдувта.

– Уой нихъхъудти уадзæ, мæн нæмæ!

– Нæгъ, мæн билти тог æркалæ! – агъудæнцæ и силтæ, адæймагмæ цидæр римæхст цъумур ке хъæртуй, æ фидбилиз рагацау лæдæргæй дæр, фудмæ, цидæрхузи æ тæлæнтæ хæсгæй, ке фæттундзуй, æма æхе бауорамунмæ дæр ке нæ фæгъгъавуй, еци мадигубунæй рахæсгæ æууæлтæ сæбæл искосгæй.

– Мæн уæллаггурæ дæр æрæскъунæ!

– Мæнæн ба мæ дæллаггурæ дæр! – цъæхахстгæнгæ йбæл и цъинæр силæ берæгътæ сæхе ниццавтонцæ, ’ма уони буни фæццидæр æй.

Наутæрæги росбæл еунæг науæр дæр не сæзмалдæй. А мин анзи фæццæруниау æй, зæгъгæ, мæ меднимæр рагъуди кодтон.

Мæ къахи бунтæй нирриззтæн, мæ тог сæмæ уотæ сирадæй. Аци æнахур бæстæй ма, зæгъун, ести амалæй сæрæгасæй ку раервæзинæ.

Æнамонд кизги гъезæмарæ уингæй, фудигурд лæхъуæнмæ мæ бунатæй фæггæпп ластон, æма мæмæ нæлгоймæгтæ цуппаремæй сæ цæститæ фæдздзангъир кодтонцæ:

– Бæргæ, бæргæ! Æз дæр уой ку хезун. Æррæстæ еунæг гапп бакæнæ Меркурий æрдæмæ, уæд дæ гури кондæй байрадтæ! – бавзиста мæмæ закъæгин.

Кæми лæудтæн, уоми салдæй райзадтæн.

– Æной дæр дæмæ æз хъæбæр устур дæндаг дарун, цихузæнæй мæ равдистай адæнæн де ’мбуд сценарий? – бавзиста мæмæ зæронд Лæдæр.

– Æз дæр дин уой зæгъун, – бафтудта уой дзубандитæ-

бæл маскъæгин, уæдта объективмæ æмкаст фæккодтонцæ, æма мæ камери цæсти гагуйæй цæхуарæ æвгитæ мæрдгини цæстисугтау æригъзалдæнцæ. Æвæдзи, мæн ба исафунмæ нæма гъавтонцæ, æндæра си мæхебæл уæддæр еу тунæ куд не суадайдæ.

Еци усми мæмæ науи салони рахес рæнгъæй Хорзæрийнæ, Мæйрохс, сувæргин силгоймаг æма, хъанæй ци кизгæ толæнтæ кодта, билæмæ уолæнæй гæлст кæсалгау, етæ «фæрсаггæнæгау» нидздзиназтонцæ:

– Нецибал си пайда ес, дæхе сæр дæр ма фесафдзæнæ!

Кизгæ фæстаг бадæнтæбæл æ уодæй гъазта. Раздæр, галеу фарсæй ба закъæгинæн æ зинг цæститæ зудæ кодтонцæ и гаццатæбæл, кæцимæ си фиццагдæр фæллæборабæл. Сувæргин Мæйдари хæццæ ци ездон лæг бадтæй, е цæхæртæ ракалдта:

– Ду ба арв æма зæнхи ибилис ку дæ! Дæхе гъуди дарæ! – зæгъгæ, ралæуирдта æма силти фæйнердæмæ фенсæндтитæгæнгæй, Урани хорхбæл ниддæвдæг æй.

– Е ами дæр ку н’ адтæй, – зæгъгæ имæ фæстегæй размæ Меркурий, фенхус кæнун æрвонгæй, æ къохтæ нийийвазидæ, фал и лæгмæ нæ хъæрттæй æма ин цума æхе хорхбæл хуæстæй, уотæ, фурмæстæй уолæфт нæбал фагæ кодта. Уоййадæбæл æрхаудтæй, ба ма ймæ æвзедгæй æ къæхти фæддудагъи:

– Кумæ мин ледздзæнæ, мæ къох дæмæ хъæртгæ кæндзæнæй!

Фал си, устур фидбилизæн, уой мурхт дæр некæмибал багъудæй.

Лæдæр Плутони хæццæ, исуадзæ ’й, зæгъгæ, цæсти ферттивдмæ дууæ тохæгей цори æрбастадæнцæ. Рæстбæл дзорæг лæги къохтæ фæстегæй райахæстонцæ, уотемæй ин сæ фæйнердæмитæ райвазтонцæ. Закъæгин куддæр фæууæгъдæ ’й, уотæ æ цулухъи гъосæй фусæвгæрдæн кард фелваста æма ’й и æнамонд лæгæн æ тæккæ зæрди сæри рацавта. Дууæ цъумури йбæл куд хуæстæнцæ, уотæ ’й зæнхæмæ уадзгæ æрцудæнцæ, сæ тæрнихти хед сæрфгæй. Тогигъæнститæй размæ сæ бунæттæмæ балигъдæнцæ, цума нецигæнæг адтæнцæ, уоцихузи.

Уæдмæ Меркурий дæр исистадæй æма сæмæ размæ гъæр кæнуй:

– Сабур цардæй дæр æй хъæбæр устур барæ адтæй!

Лæдæр æма Плутон ба фæстæмæ радзурдтонцæ и мардмæ:

– Ци бегара дæбæл адтæй! Исуадзæ ’й, дæмæ нæ дзурдтан!..

Сувæргин Мæйдар и мардбæл æхе нитътъæпæн кæнидæ, æ дзиккотæ ’ма æ ростæ тонгæй. Мæйрохсбæл дæр æ цæсгон тартæ кодта, æ сæр ба – дзæгъæлтæ, æма æстæмæй-астмæ хæкъурццæй скæуидæ, æстæмæй-астмæ ба æнæуодбарæ силгоймагæн ниллигъстæ кæнидæ, ма кæнæ, дæ губуни уоци листæг уоди дæр ма марис, зæгъгæ, содзаггаг цæстисугтæ æгъзалгæй. Разæй ба Хорзæрийнæ арф нийийнæфтитæ кодта цалдæр хатти, уæдта уомæй уоддæр, нецибал си пайда ес, зæгъгæ, Мæйдармæ ниццудæй æма йбæл хæстуолæфтгæнгæй исхуæстæй:

– Уæлæмæ исистæ, мард сувæллон дин райгурдзæнæй уотемæй.

– Мард фæууæд е дæр мæ тæрегъæдæй, – гъæрæй исæлгъиста е, фал ин зæрди бунæй ба нæ цудæй. – Æ исæфтдзаг фиди халæ æма мæн фиди халæ рахуæрæд!

– Æз ба уин ци фудгин дæн? – æ губунæй исцъах-цъах кодта, игургæ дæр ка нæма ракодта, уомæ гæсгæ ба дзорунгъон ка нæма адтæй, е...

Зонгутонтæй мæ бунати мæ уæзæ æруагътон. Базæрдмæгур дæн фиццаг, уæдта мæ цума Нокара-уæйуг лæмаргæ никкодта æма сæмпæл дивили пъæсту фестадтæн, уоййау мæмæ æгириддæр хъаурæ нæбал адтæй. Мæ зæрдæ хæссун байдæдта и фудеугутæй, сæр ба, хæкъоли гъелæбæл цавдæй, фæдесгъæргæнæг думги азарæй, уæгъдæзелæ кодта.

– Мæлун! – ниуунæргътæн наутæрæги дорин зæрдæмæ.

– Дæуæн неци уодзæнæй. Мæлуни барæ дæ уогæ дæр нæма ес. Нуртæккæ дæлеци мæгур кизгæн зиндæр æй. Æ кæдзос уод ин фæййервæзун кæнун гъæуй, æндæра дзилли астæу æмуæзадæ фехæлдзæнæй æма мæ науæ лæгъузтæ ’рдæмæ æрфæлдæхдзæй, – уотæ мæ æрсабургæнгæй, сæхълæуд фæккодта.

Ци лæгтæ ’ма силгоймæгтæ архайдтонцæ архайди сæйраг-

дæр архайгутæй, уони æхсæн-мæхсæнти бадæг адæн игонгъæлæстæй кастæнцæ изолдæр циуодзæнæймæ.

– Тагъд, сæйгæдонæмæ даветæ Кæрдæгæстъалу æма Мæйдари. Мард ба сумахæй уæлдай дæр некема райгас кодта æма 'й, ке фидбилиз ибæл исæмбалдæй, етæ байварæнтæ. Фезмæлетæ, цалинмæ уæбæл уæ науæ нæма батар кодтон, уæдмæ!

И тограсуг лæхъуæн ин тæрегъæд фæккодта æви æхецæн фæттарстæй, наутæрæг мæ æ сæрмагонд уæрми æносмæ ку нинсона, зæгъгæ, 'ма кизги фелваста, уотемæй æй, вагони къæразæй ка зиндтæй æдзæрæг будурти, уæхæн азгъунстмæ раскъафта. Зæронд уосæ, рæстæмбес кари силæстæг æма сувæргин æвзонги зæрдитæ дæр уæдмæти багъар æнцæ, 'ма уони ба зæронд лæг, маскъæгин æма закъæгин нæлгоймæгтæ баскъафтонцæ, «Еугурдуйнеуон æнæнездзийнади галауан» финст кæбæл адтæй æртæ æвзагебæл, уой еумæ фегонгæнæг цуппар дуаребæл.

Науи бадгутæ цæмæдесæй къæрæзти æвгитæбæл нитътъæпæн æнцæ, 'ма етæ ку бамеддуар æнцæ, уæдта дув-дув кæнунмæ фæййагайдтонцæ:

– Неци син уодзæй, фæййервæззæнцæ сæ дууæ дæр: æфхуæрд кизгæ æма сувæргин.

– Æхе фудтæ 'нцæ Кæрдæгæн дæр. Сабурæй ба 'й ка нæ уагъта!

– Мæнæн дин еске ку батухæ кæнидæ...

– Æ цъухтæбæл хуæстайдæ 'ма æ билти тог дæр не 'ркалдайдæ.

– Ци хъæбæр имæ æрхицæ кодтайтæ! – зæгъгæ, сæмæ еу лæхъуæн нæбал ниллæудтæй.

– Басабур бал уотæ, цалинмæ дзæбæхæй æрбаздæхонцæ, уæдмæ. И кизгæбæл æгæр лæгъуз цæфтæ æруадæй. Æвæдзи, нæбал фæййервæздзæнæй, æма уæд еци дзиккогин дæр уæрмæмæ фæццæуй.

– 'Ма нур æрæгæмæ ку уонцæ, уæдта? Мах ба нæхе ци фæккæндзинан, нæ гъазæнгъолæ Уран, маскъæгин æма еци æнахур зæронд лæг дæр уоми ку 'нцæ, – гъæр кодтонцæ и гаццати къуæрттæ фæйнердигæйти.

– Фараст мæйи ку гъæуа, уæддæр сæмæ æнгъæл кæсетæ. Уæхе бал уæ кæрæдзебæл ерхæфсетæ, уæхæн мадзалтæ

уин ести амонун гъæуй! Кæд ибæл арази н' айтæ, уæдта сценарист байзайæд, иннети ба рахезуни барæ ес.

– Гъо, йиди! Е ба дзæгъæл будурти нæ мæрдтæ фесæфонцæ. Ами дæр нин хуарз цæуй!

– Мæ хæнцъойлаг, – æрхатта бабæй мæмæ наутæрæг, – нура бал дæ бон æй дæхе размæ рахатун дæр, æрмæст, æгæр талингæ 'й, æма си уингæ неци фæккæндзæнæ. Фал ани хъæлбест миутæй дæр кунæг нæ ниууæгæ дæ. Гъæй кæнæнтæ, цалинмæ сæ рæстæг æй, уæдмæ.

Цума 'й нæ фегъустон, мæхе уотæ скодтон æма фурфæлладæй науи къæразæмæ сæццæгæсæгæнгæ бафунæй дæн. Цæйбæрцæ фæххустæн, уой наутæрæгæй хуæздæр неке зонуй. Мæ къах дæр, мæ къох дæр, æвæдзи, нæ батилдтон, цалинмæ мæ гъостæбæл дзахъула гъæр нæ рауадæй, уæдмæ. Науи дуæртти зæллангмæ ку фегъал дæн, уæд расуг æма думдгун пассажиртæ хæрдти хаудтæнцæ, ци æрæгæмæ адтайтæ, æнæгъæнæ анз уæ ами ку хезæн, зæгъгæ.

Куд рабæрæг æй, уотемæй науæмæ исхизтæнцæ сæйгæдонæй рацæугутæ: æртæ лæги 'ма æртæ силгоймаги,– се 'взонгдæр, æнæуодбарæ к' адтæй, е нура – æд сувæллон, уотемæй. Фæстаг бадæни кизгæ 'ма лæхъуæнæн сæ кой, сæ гъæр дæр – некæмибал. Евгъуди байзадæнцæ. Æвæдзи, Кæрдæгæстъалу нæбал фæййервазтæй, æма Меркурийбæл гъеууоми æносон хъадаматæ бафтудтонцæ, кенæ ба и кизгæ нæма æррæвдзæ 'й нерæнгæмæ, æма лæхъуæн æ цори уорæд æрцудæй сæйгæмæгæсæгæй.

Уотемæй нæ «тæхгæ пелеуани» фæстаг бадæнтæ исревæд æнцæ, иннæ адæн ба еугурæй дæр сæ фиццаг бунæттæ иссердтонцæ.

И æригон мадæ размæ ракастæй, æма ймæ Мæйрохс æ инсæйанздзуд кизги хæццæ фæстæмæ радзурдта:

– Æ хæссун дæхемæ кæсуй, уой балæдæрун афонæ дин æй. Дзедзе ин бадарæ, кæд ма дæмæ еу æхсири æртæх ес, уæд.

Хорзæрийнæ ба уотæ бакодта нидæнгомауæй:

– Ма рæдуйæ, дæ тог, де стæг æй, æма ма дин гæнæн ес мах хæццæ цæрунмæ, кенæ ба дæбæл тæрхонмæ бадæтдзинан æма барæ-æнæбари дæр хæсдзæнæ еци æнагъон сувæллони, фал дæу бæдолæ ба некæдбал исуодзæнæй.

Зæронд лæг ин æ дзубандитæбæл е ’цæгæй ниххудтæй, фал ин æнзти цивзæ æ хъуртæ басугъта, ’ма кæмæ нæ хаудтæй, етæ ’й гъуди дæр не ’ркодтонцæ, кæмæ хаудтæй, уонæмæ ба туххæйти фегъустæй:

– Дæ хъæстæ нæ фæрресcæнæй! Мæн хузи лæгæй ести кæмæн сæнтæса, е ин уобæл гъæуама æхуæдæг бафеда æхца.

– Сувæллон басор æй! Кæд дæбæл зæрдæ ес, уæд ин хуæруйнаг бадарæ. Еци куймæ ци ’нгъæл кæси?! Раздæр дæ гъудæй уобæл дæ сæр хуайун...

– Фæрстæбæл дæр æй фæххуайæд! Судæй дæр фæммæлетæ! Мæ тог мин ке ниллæууун кодтай, е дæр дин æгæр æй. Æной ба уæ уæ фун расайдта, – æ катай бæрæг адтæй маскъæгинæн..

– Дæхе римæхссæнæ. Хъæлнæгъмæ дæр сæ ма дарæ! – силæстæгути астæу бабæй ци закъæгин бафтудæй, е рагъæр кодта фæстегæй.

Галеуфарс рæнгъæй имæ дууæ пъæлицайаги фæггæпп ластонцæ, гуманоиди кæсæнцæстити хузæн къохбæттæнти хæццæ:

– Нийуагътæ, нæхуæдтæ бафедаудзинан, ма ’й ахæссетæ, – æртæ силгоймаги сæмæ æмдзурд искодтонцæ, уæдта и æвзонг мадæ еунæгæй уотæ:

– Рауай, алцидæр дин хатир кæнун, Уран. Зæрдæ мин ку æвардтай, некæд дæ ниууадздзæн, зæгъгæ. Берæ дæ уарздзинан æз дæр æма нæ сувæллон дæр.

– Цæбæл ма ин лигъстæ кæнис? – нигъгъæр ибæл кодта астæуккаг кари силгоймаг. Зæронд уосæ дæр имæ цидæр радзорунмæ гъавта, фал æй нæ фегъустайдæ æма бабæй и зæронд лæгбæл æ маст фæккодта:

– Ту-у, æлгъистæ бони игурд, ду дæр уой карæнæй дæлæ уой хузæн адтæ.

– Нихъхъудти мæ уадзæ, хъæбæр хуарз æй зонис, е æз ке дæн, уой, ци мин кæнунмæ гъавис! Ци ма син мæ бон æй. Кæд мæ маргæ кæнис, уæд мæ рамарæ еу хатт, – бадзиназта хуæрзарæзт зæронд уосæмæ, фæстæмæ ба æ фæсос хъурæй радзурдта и лæхъуæн æма маскъæгинмæ:

– Уæ цæрæнбон берæ! Уæ нури усми хъæбæр раст архаетæ уæ дууæ дæр. Исон ци уодзæй, уомæн ба неке неци зонуй, уæртæ еци æнæхаири наутæрæгæй фæстæмæ.

– Мабал æй ардауæ. Æз дæр, мæ сувæллон дæр æй берæ уарзæн...

– Æма еунæг дæуæй кумæ рахъæртдзæнæй?! Дæумæ кæсгæй базаронд уа?! – зæронд лæг бабæй радзурдта лæхъуæни сæрбæл æма ин е фæннифс æй:

– Атæ ба мæ нæ уарзунцæ?! Ракæсай ардæмæ, ци цъиргæ батæ мин кæнунцæ аллирдигæй дæуæй хуæздæртæ.

– Кæсæ æма хицæй мæлæ! – зулун идзулд бакодта Лæдæр. Тæходуй, æма дин нур уони кари ку фестинæ!

– Берæгъ æ синк-синк зæрондæй дæр нæ уадзуй. Гацца силтæ ’ма ниуæзти фæдбæл хауæги фæххауæ мæ тæрегъæдæй, – фудкаколатæ калдта Хорзæрийнæ. Вагони бунггаг люкки зихъиргондæй ба зменсæ иссæххæтт кæнидæ Лæдæри цæститæмæ æ алли исуолæфти хæццæ дæр.

– Сабурдæр дзорæ, еугур курмæ мæ бакодтай дæ хæрæги думæгæй, – зæронд лæг наутæрæгмæ рагъæр кодта æма нура цæхгун зменсæ æ игон гъæлæсмæ бакалдæй. Дууæ бадæнебæл хелаги хузæн æхе хуаста æ фурристæй. Зменси гæзæмæ хай æ тоги ниббадтæй, е ба ин æй æ еугур бауæрбæл иурста: æ игæр æма ургтæ си цæх-цæх кæнунмæ фæййагайдтонцæ, рæугутæ æлвæстæнцæ ’ма фургъезæмарæй æ уод исесун дæр нæ фæразта.

– Марг мин бадаретæ! – маскъæгин æма закъæгинмæ æнгъæлдзауæй игаудта. Етæ дæр æй бæргæ гъавтонцæ уой уæнгæ не ’руадзунмæ, гъезæмари бæсти, дан, мæлæт хуæздæр æй, зæгъгæ, æрмæст ин цæмæй фенхус кодтайуонцæ! Наутæрæг сæ ниндзуг кодта цидæр æнæзингæ аурæй æма цъимарай хузæн бæзгин æсми ниххæссиуонцæ. Сæ бон размæ цæун ке н’ адтæй уотæ цурд, уомæ гæсгæ ймæ нæ хъæрттæнцæ. Фал имæ еу бони сæри фæззиндзæнцæ æнхусмæ ефтигъд хуæцæнгарзи хæццæ. Æрмæст, уæдмæ æ нифс незтæй басæтдзæнæй, æ зæруайи лазæй имæ æ къох æхемæ исесуни хъаурæ нæбал уодзæнæй, æма фудгъезæмарæ кæндзæй, адзал коргæй.

– Ухх, гуссæ, куд дин æй! – фурцийнæй цума мардæй уой ухеримæ кæсгæй, уотæ ин æхе æвдиста Хорзæрийнæ, медæгæй ба фурзинæй æ зæрдæ тонунмæ гъавта. Æвæдзи ин раги кæддæр фиццаг е бамбалдæй æ бауæрбæл, æма уомæн ба иронхгæнæн нæййес. Фиццаг уарзти фæд адæймаги бауæрбæл носæй байзайуй æ фæстаг исуолæфти уæнгæ дæр.

Ка ’й зонуй ба ма ’й е ’носон æцæг дуйнемæ дæр æ хæццæ фæххæссуй дзенети рохси хуасæн.

– Дæ пъиритæбæл хуæцæ ’ма кæсгæ кæнæ æригæнтти кайфмæ! – нæ састæй еци æдзæллагхузæй дæр зæронд лæг, маскъæгин имæ, фæццæун дæмæ, зæгъгæ, размæ ку радзурдта, уæд уой зæрдтæй.

Фæйнæ пъæлицайаги, зæронд лæг æма зæронд уосæн сæ астæуæй ралæугæй, фæйнердæмæ фæттург кодтонцæ:

– Уæ цъухтæ бахгæнетæ! Ци уæ гъуддаг ес, æви уæ зæронд тог исгъазта!

– Сумахбæл дæр мæ куйтæ бауўæндæнтæ! Гъенур син мæхуæдæг не сфудгин дæн! – æ гъæлæсидзаг нийййасугъта сувæллонгин Мæйдар. Уой кæунмæ Мæйрохс æма Хорзæрийнæ дæр фæрразæнгард æнцæ, фал ма зæронд уосæй цæстисуг кутемæй æрхаудтайдæ, раги ин æркалдæнцæ æгасæй дæр.

П-йи галеу къабазонтæ сæхе мæстходæй хъæнттæ-хъелтæ кодтонцæ.

– Не мешайте проводить сверхсекретную операцию! Атæ ци ’нцæ! Æрра иссайтæ уæ еугур дæр! – бабæй сæ сæртæ исдардтонцæ фудракæндти хæмпæлтæй къоппитæ ’ма Плутонбæл сæхе ревæдахсæн гъæддаг куйти цæф никкодтонцæ.

– Дæ къуди тилеф кæнæ! – раамудтонцæ ин фæлтæрдгин Лæдæр Урани хæццæ ’ма маскъæгин Плутон силгæ кæсалги хузæн, цъортт, зæгъгæ, сæ хизи бунæй фелвæстæй.

Лæг фæццидæр æй, пъæлицайтæ ба хæлеугъæлæстæй «хъуми» ниххаудтæнцæ кæрæдзей сæртæбæл. Цалинмæ исхъулай æнцæ раистуни æгъдауæй, уæдмæ ба сæмæ и сувæллонгин дзоруй:

– Æхемæ ин гъаветæ, æ ауўонмæ ин ци нигъгъавтайтæ?! Уæртæ ’й силти астæу нæ уинетæ, курмгæлæутæ?!

– Æруодæнсæ, кенæдта дин дæхе къохтæбæл бафтаудзинан «кæсæнцæститæ»... Хуарз лæг, дæ уæрдун бауорамай, æма бал аци сили рахезун кæнæн!

– Мæхуæдæг дæр урамунмæ гъавтон, æндæра мин сумах нæма иссайтæ унаффæгæнæг!

Науи æрлæуди хæццæ дуæрттæ фегон æнцæ:

– Уæхуæдтæ дæр ратуффутт ласетæ, цалинмæ уæ еу æвецуг рауæни нæма фендæнауæ кодтон, уæдмæ. Ду ба, и

дзæбæх кизгæ, сабургай рахезæ дæ сувæллони хæццæ æма уартæ ецирдæмæ, Ниви сахармæ цо. Дæ гъуддæгтæ дин исаразтон. Мацæбæл тухсæ, хæдзарæ дæр дин ес, куст дæр, æма дæ цард дæр хуарз адæни астæу амондгун уодзæй абонæй фæстæмæ.

– Нæ иннæ фембæлдмæ! – исдзурдтонцæ и силгоймæгтæ ’ма æвзонг кизги хæццæ рахизтæнцæ.

– Ду, дæлæ нецæййаг, иннæ дуарбæл рагæпп ласæ æма дæхе римæхсæ. Аци рæсугъд сахари дæу аккаг фудконд бунæттæ дæр ес, ку дæбæл æрхуæст уонцæ, уæд.

Маскъæгин фæстаг дуармæ æхе ласгæ ниццудæй, уæдта æваст расæнкк кодта. Дууæ пъæлицайаги ’й ку растæфтæнцæ, уæд сорунтæ ниййагайдтонцæ сахари талингæ гъæунгити. Абони уæнгæ дæр ма ’й сорунцæ лæф-лæфгæнгæй...

– Æз дæр хезгæ кæнун, мæ цæститæ мин нихъхъæрæу кодтай, – истунмæ рагъавта и зæронд лæг, тухуолæфтгæнгæ æма нæтгæй. – Нецибал мæ гъæуй, ниууагътæ мæ уæ еугур дæр!

– Уотæ æнцонтæй дæ не суæгъдæ кæндзинан. Ихæс федгæ фæууй! – сор дзуапп ин равардта наутæрæг.

– Мæнæн ба ци гæнгæ ’й? – бафарста зæронд уосæ.

– Бадæ бал ду дæр. Рæстæг æ бунати нæ лæууй мæ науи хузæн. Уæддæр нин, фæстаг æрлæууæни ка рахизтæй, уонæмæ æнгъæл кæсгæ æй, цæмæй ма сæ мæ «тæхгæ теуабæл» еу зилд æркæнон дуйнейтæбæл.

– Мадта и кæстæрти ку рауагътай, уæд ма маха ами ци тъæхсæн! – исæзмалдæй вагони салони цардæгас хай, æма еугур пассажиртæ дæр æндæмæ рагулф кодтонцæ. Наутæрæг сæмæ æппундæр нецибал исдзурдта. Æвæдзи син сæ миутæй æхуæдæг дæр хуæрзæфсес адтæй.

Æфсæн пелеуан æ бунатæй нæма фезмалдæй планетæ 2-æй, æма ма æндæдуар лæудтæнцæ æстæуккаг кари силгоймаг Мæйрохс æ инсæйанздзуд кизги хæццæ, фæйнæ сувæллоней къохтæбæл хуæцгæй, уæдта инсæйанздзуд мадæ Мæйдар дууæ анздзуд сувæллони хæццæ.

– Игъосун уæмæ, – æхуæдæг сæмæ радзурдта пилот.

– Хуцау ди исарази уæд, кæд дæхуæдæг Хуцау нæ дæ, уæд. Айæ мæ зонгæ сахар æй, æма ма нæ си еу-инсæй анзи бауадзæ цæрун. Ду дæр бал хуарзæй изайæ, нæ зинаргъ сце-

нарист. Ци фæууидтай, уоци æрмæгбæл бал косæ, уæдта ма дæмæ еу зинд дæр кæндзинан.

Хуæрзбонтæ син загътан æмхузæнæй.

Цуппаремæй ма æризадан вагони хурфи. Зæронд лæг æма зæронд уоси пилот рæстæгмæ бакъуру кодта, мах дзубанди дæр куд не 'гъустайуонцæ 'ма сæ кæрæдзей дæр, уотæ.

Хебæраги таурæхътæбæл фæццалх ан. Цанæбæрæг нæбæл рацудайдæ, наутæрæги нимадмæ гæсгæ, фал, мæн нимадмæ гæсгæ ба, цард æдеугурæй дууæ бони æй, æма уонæй, гъа, еу бон дæр фæууæд, уæддæр мæнæн мæ царди æмбес æй. Ами уойбæрцæ рæстæг исхарз кæнуни бæсти ба, ка 'й зонуй, æма æндæр куст иссерун хуæздæр адтæй. Фал, гъай-гъайдæр, аци нуриккон науи дессæгутæ æндæр рауæн некæми фæууидтайнæ. Пилот бабæй мæмæ еци бозæй дзоруй:

– Цæй, ци зæгъис, ме 'рдхуард? Дæ зæрдæмæ фæццудæй?

– Нури уæнгæ бал – æнæмæнгæ, кæд си уæззау хабæрттæ æрцудæй, уæддæр. Фал атæ сæ еугур дæр фæстагмæ ци бауодзæнцæ? Мæхе сæр ке нæ ахæссуй, уой мин ка балæдæрдзæй? Куд сæ ниффинсон, уæдта кæмæн? Уотæ кæмæй райзол ан, еци студи дæр ма кутемæй иссердзæнæн? Уæдта ма уогæ ба æй, еске ма гъæуй? Магъа, æгæр берæ фарстатæ си ес. Мæхе дæр мин кунæг нæ базæронд кодтай!

– Минкъий ма ниббухсæ. Дуйнетæбæл ма еу зилд æркæнæн, уæдта гъуддаг æхе æвдесдзæнæй. Дæ киностуди дæр æ бунати уодзæнæй. Дæ хæдзарæ, дæ бийнонти дæр дзæбæхæй баййафдзæнæ. Мацæбæл тухсæ. Мæ науæ уотæ тахтæй, æма дæу рæстæгæй неци уоййасæ радавтон. Зæнхон нимадмæ гæсгæ, æдеугурæй еунæг сахат.

– Куд мæнгарти сахат æй, цалинмæ ами бадтæн, уæдмæ æнæгъæнæ æнос ку рацудæй!

– Раст зæгъис, хъæбæр раст. Æрмæст е, науи дин ке балцитæ бавдистон, уони æнос адтæй. Æцæг æй уонæн, дæуæн ба 'й киной хузи равдистон. Уæхæнттæ æз ба цал æма цал фæууидтон ку зæгъай, уæдта, дуйнеййи цидæриддæр ес уодæгасæй, уони сæ еугурей дæр. Аци науæ мæхе зæрдидзæбæхæн нæй, фал æрмæстдæр сумах – адæни. Æз хъæбæр минкъийййæй райдæдтон ласæгæй косун, мæ куст хуæздæр базонуни туххæй. Тæккæ ниллæгутæй ирæзгæ рацудтæн:

фиццаг – лæгуæрдунæй, уойфæсте – хуæдтолгитæ, тулфдзæугутæй, денгизон наутæй, нура зæнхонденгизон-уæлзæнхондæлзæнхон еугонд техникæй. Аци берархайдон техникæбæл мæ бон æй сумах цæстифæнникъулдмæ хъæбæр изол къуми бастун кæнун. Æрмæст а дæр мæ зæрдæмæ æнхæст нæбал цæуй. Нуртæккæ æндæр цæбæлдæр архайун.

– Уобæл фæстæдæр радзордзинан, фал дæ æцæг таурæхъ куддæр хæлæмултæ, сæртæ-бунтæ искодтай. Сæ царди фулдæр хайтæ нæ бавдистай дæ хъайтартæн. Æррæстæ си цидæр скъуддзæгтæ...

– Сæйрагдæр алли гъуддаги дæр рæуонæ ’ма хатдзæгтæ ’нцæ. Лæдæрддæрæй ба – хатдзæгти рæуонæ. Куд æнхæстгонд цæунцæ архайдтитæ, уобæл ба дæхе сæр ресун кæнæ, æндæра дин æгæр уæлдзæнти уайуй. Æз сæ, цæмæй дин дæ рæстæг ма цъæхуæл кæнон, уой туххæй ислух кодтон лентъæй. Фулдæр рауæнти мæ науæ бауораминæ, ду ’й æстæффæ дæр не ’ркодтай. Рæуонæ ’ма хатдзæгти рæстæг фæййеу кæнинæ. Уотæ дессагдæр æй.

– Цал анзи дæбæл цæуй, уой ма мин ку загътайсæ. Дæ хузæй уотæ каргун дæр ку нæ зиннис, уотемæй ба, дæ Хуцауи хатирæй, ци беритæ фæууидтай æма ци беритæ зонис...

– Е, мæ зинаргъ, хузæ ду ци хонис! Хузæ цæрæгуодтæн ес, уæвæгæн ба хузæ нæййес. Кæд ес, уæдта æййевгæ кæнуй доги хузæмæ гæсгæ, кенæ ба доги хузæ æхеуонæй æййевуй. Нуртæккæ сумах хузæн дæн, кенæ мæ сумах уотæ уинетæ. Хæдæгай, ами мæ фæууорамун ку гъудæй. Дæлæ мæмæ фæйнæ фарсемæй сæ къохтæ кадæртæ телунцæ.

Науи вагони салонмæ хуæдесгæ асинæбæл æрбатъуппитæ ластонцæ кæрæдзей фæдбæл нæ еугур зонгитæ дæр. Еу асинæй æрхизтæй фиццаг зæронд уосæ, æрдæфæнтæ калгæй, къæрццарæзт æма ценхъæрæй. Куддæр рагъæла дæн, а ами ку бадуй айсонккæй, уæд ма нæуæгæй ба ка ’й! На-нæуа, уæддæр айæ ци хъæбæр аргъаухуз æй, зæгъгæ, бабæй мæ гъуди феййивтон. Хорзæрийнæ салони разуæзгомау æрлæудтæй, е ’нхуз уосæмæ хæстæги. Кæрæдземæ ке неци сдзурдтонцæ, уомæ гæсгæ куддæр мæ зæрдæ фæкъкъæпп кодта, атæ, зæгъун, æвæдзи...

И зæронд уоси фæсте æрбамеддуар æнцæ астæуккаг кари силæстæг – Мæйрохс, сувæргин Мæйдар сувæллонгин æв-

зонг силгоймаги астæутæбæл хуæцгæй, фæстегæй ба – Кæрдæгæстъалу æнкъард, фал æнæнезæй. Сегас дæр сæ рагон бунæтти рабадтæнцæ, Хорзæрийнæй фæстæмæ.

Дуккаг асинæй æргæппитæ ластонцæ лæгти къуар хестæргай: Лæдæр, маскъæгин Плутон, закъæгин Уран æма тухгæнæг Меркурий. Етæ дæр, уæззау сæйгæ зæронд лæгæй фæстæмæ, сæ бунæтти исбадтæнцæ.

– Нуртæккæ дæр ма 'й киндзи радтæ, – рагъуди кодтон, салони лæууæг зæронд уосæмæ фендзаст уогæй.

– Аци хатт дæр бабæй æй хъæбæр раст ниргъавтай. Киндзи 'й дæттун æцæгæйдæр. Уадзæ, е ба, далæ еци лæгъузи фудеуæгæй, е 'взонги ци амондæй фенæхай æй, уой хъортæ банхæст кæна.

– Уомæн ба ниммæлун – хуæздæр! – загътон нура гъæрæй, хъуффу-хъуффугæнгæй ка æрбадтæй донхæссæнау æ фиццаг бунати, еци зæронд лæгмæ байамонгæй. – Ду мин уæддæр мæ гъудитæ кæсгæ кæнис, амæй ба не 'фсæрми кæнун, мæстгун имæ ке дæн, уомæ гæсгæ.

Лæг и уосæмæ е 'ргон исхатта 'ма кæунгъæлостæй лигъстæ кæнуй:

– Хуцауæй корæгау ди корун, дæ хæццæ цæун мæ бауадзæ. Ци цъаммар разиндтæ, куд æй не 'ронх кæнис уал анзей дæргъци.

– Æгæр мæ фефхуардтай, æгæр дессаг мæститæ мин фæккодтай, æма сæ куд феронх уон! Махæн рагæй нурмæ дæр еумæ нецибал кустаг ес. Нур ба æз цæугæ кæнун. Мæнæ ма аци ездон лæги туххæн æрбахизтæн, зæгъун, æ гъуддаг æрдæгбæл куд ниууадза, æндæра мæ дæу фæууиндæ ба некæмибал гъудæй. Мæ зæронд ностæ мин иснæуæг кодтай, тæппæлæнгæ не 'рбадæ.

– Хонæ мæ дæ хæццæ. Мæрдтибæсти дин хæрæгæй фæххæтдзæнæн. Еу донæрбадæттæг дæр мин нæййес нур дæс анзей дæргъци, кæдæй атæ æрсæйгæ дæн, уæдæй. Мæ уод ци фудæвзарæнтæ уинуй, уонæй зæнхæ дæр лæгун кæнуй.

– Кæд дин сæ Хуцау æма рæстæг хатир кæнунцæ, уæд æз дæр. Гъенур мæмæ мацибал исдзорæ. Макæд!

Зæронд лæг, цума йбæл пил æрæфсарстæй, уæхæн уæззау унæргът никкодта. Æ рæнгъæбæл бадæг нæлгоймæгтæ ймæ фæстегæй размæ гъæргæнгæ рацудæнцæ:

– Мæ тухсæ, баба, æз дæмæ рæхги хъæртдзæнæн.

– Æз дæр...

– Æз дæр...

Æлгъистæ Меркурий размæ рацудæй, аци хатт Кæрдæгæстъалумæ кæсгæ дæр нæ ракæнгæй, æма закъæгин силуарзон Урани æ хъури ниттухта. Уоййадæбæл уой цари медæгæ бацудæй, æхуæдæгка ратадæй. А ци дессаг уа, зæгъгæ, мæ цæститæбæл нихxуæстæн. Уæдмæ закъæгин дæр маскъæгини цори æрлæудтæй ’ма йбæл æ къохæй куддæр банидзæвдæй, уотæ е дæр æрбайсавдæй. Уой хузæн маскъæгин дæр салони лæууæг зæронд Лæдæри æ хъури ниттухта, æма раевгъудæй æ медæгæ. Уæдта зæронд лæг е ’мхузи къудурмæ бацудæй, уоййадæбæл е дæр дунддалагъан фæцæй. Уотæ – и силгоймæгтæ дæр. Тæккæ фæстаг бадæнбæл бадæг Кæрдæгæстъалу бацудæй сувæргин Мæйдари, Мæйдар – Мæйрохси, Мæйрохс – Хорзæрийни. Уотемæй сæ Хорзæрийнæ æхеми æмбурдгæнгæ рацудæй, исцъирдта сæ, иссæуолæфтæй, уæдта æхуæдæг дæр е ’мхуз зæронд уоси бауæри раевгъудæй. Бадæг зæронд лæг дæр еугур нæлгоймæгти ку иснихъуардта, уæд ма и пассажиртæй дууемæй æризадæнцæ. Æрæгиау уотæ ниггæмæрзæ кодтон, атæ, зæгъун, æндæргтæ ’нцæ.

Наутæрæг мин мæ них бакъуæрдта:

– Аци хатт ба раст нæ дæ. Еунæг аргъау дæр, еунæг æндарг дæр си н’адтæй. Дууинсæй, инсæй анзей размæ ’ма абоний цаутæ фæййеу кодтон сæ астæу, еци рæстæги усмитæ син рандæ кодтон, æма сæ еугур дæр æнхæстгонд æрцудæнцæ еумæ, уæдта нуртæккæ. Дæумæ гæсгæ си кæцитæ кардзуддæр æнцæ: разæй ци зæрæндтæ байзадæнцæ æви, уартæ фæстегæй ци лæхъуæн æма кизгæ бадтæнцæ?

– Е ба дин куд дессаг фарст æй! Еугур гъæлабæл мæ нимаис! Зæронд æвзонгæй кардзуддæр æй, гъай-гъайдæр...

– Рæдуис ибæл. Фæстегæй ка бадтæй, етæ берæ рагондæр æнцæ æма историй хурфити дæр уомæ гæсгæ байзадæнцæ, дæлеци зæронд уосæ ’ма зæронд лæг ба нуриккон æнцæ. Уогæ, еци еугур силгоймæгтæ дæр еунæг адæймаг æнцæ, еугур нæлгоймæгтæ дæр – еци еу лæг. Æрмæст, Хорзæрийнæн Кæрдæгæстъалу æй æ рагон хузæ, Лæдæрæн ба – Меркурий. Нурмæ дин ке февдистон, е ба – дууæ адæймагей æцæг зæнхон цард, нæдæр кино æй, нæдæр æндæр...

– Аци дессæгутæ фæууингæй, æвæдзи, мæ уасæ рæхги нæбал иссердзæнæн. Фал... рæстæг алцидæр дзæбæх кæнуй, –мæхецæн мæ медзæрди зæрдитæ æвардтон исонмæ.

– Алцидæр... мæнæй уæлдай! – федарæй загъта наутæрæг.

– Ка дæ? Рæстæг дæ дæлбарæ бакæнун кæд æй дæ бон, уæд Хуцау ма уай?! – фæггурусхæ дæн и наутæрæгбæл.

– Нæ дæн Хуцау, фал исон æма иннæбон цитæ уодзæнæй, етæ ба мæ медæгæ 'нцæ нур дæр. Æррæстæ сæ сумахæн нæма 'вдесун.

Цалинмæ æз гъудити рандæдæн кумæдæр, уæдмæ мæмæ нецибал исдзурдта, уæдта æрæги-дурæги ба еци æнкъардхузæй уотæ бакодта:

– Æз мæхуæдæг рæстæг дæн, æма мæ къох мæхемæ нæ хъæртуй.

Фурæхцæуæнæй мæ дзиккотæ арцæ ниллæудтæнцæ:

– Уайтæккæ дæр æй лæдæргæ кодтон, фал дзорун ба не сæндиудтон, ку бабæй, зæгъун, фæррæдуйон. Дæуæй дессагдæр дзубандигæнæг æмбалбæл нури уæнгæ некæдма исæмбалдтæн. Гъенур ба алцидæр мæ фагæ æй. Рауадзæ мæ, æза си маци феронх уон. Мæ камерæ-телескоп мин ку басастонцæ дæ адæн, уомæй фæстæмæ, еци цаутæ ба мæ сæри дарун.

– Барæнæ, еу цидæр ма æнхæст...

Уæдмæ зæронд уосæ наутæрæгмæ байдзулдæй хори хузæн æма ин уотæ:

– Нур ба мæ, мæхецæй уотæ, рахезуни барæ ес. Хуæрзæбонтæ... Мæ рæстæг фæцæй...

– Сумахæн уæ рæстæг дехтæгонд æй. Уæхуæдтæ 'й æримистайтæ 'ма ниууотитæ кодтайтæ, дуйнейти хæццæ куд баст айтæ, уой лæдæрунмæ. Мæн лæдæруйнади ба рæстæг еумæйаг фæззинд æй. Дун-дуйнети цитæ цæуй, уони æз æваст уинун, уомæн, æма æдзохдæр æрвтæ 'ма зæнхити дæн. Мæнæн мæхе науи медæгæ æнгъезуй цæрун, змæлун, тæхун, цæун. Мæхуæдæг ба æнæзмæлгæ дæн. Нæ мæ уинис, еци-еу рауæн куд бадун, уой!

Науи дуар байгон æй, æма зæронд уосæ рæуæг къахдзæфтæй хеесгæ асинæмæ багæпп ласта, е ба 'й уайтæккæ дæр гъар зæнхи гъæбесмæ æруагъта. Силгоймаг æ къохидаргæ кисæй хали къæбæл æма содзийнæ исиста. Арвмæ искастæй,

уотемæй халæй фескъудта æма ’й содзийни буни рацавта фиццаг хаттæн, уæдта ’й ракъети хузæн кумæдæр хæрдмæ фехста... Уотемæй, Хорзæрийнæ хормæ байдзулдæй æма бараст æй, еу километри æрдæги идæрдæн ци зæнхæндзæр азгъунститæ зиндтæй, уони астæуккаг сугъзæрийнæ колдуæрттæмæ. Финст сæбæл адтæй æртæ æвзагебæл: китайаг, уруссаг æма дигорон. Китайагау кæсун нæ зонун, уруссагау ибæл финст адтæй: «Вечный дворец», дигорон финстæн ба æ дамугъатæ æнхæст бæрæг нæбал адтæнцæ ’ма ’й туххæйти бакастæн, «Æносон галауан», зæгъгæ. Цидæр зин адтæй мæ уодæн, нур, зæгъун, ма ’й фæстдæдæр фæлтæртæ ба ци амалæй аргъаудзæнæнцæ.

Наутæрæги хæццæ ма силгоймаги фæдбæл цæмæдесæй кастан. Уидтан æй, колдуæрттæ ин куд байгон æнцæ, уой, медæгæй ци адтæй, е ба мæнмæ, мæ нивæн, нæ зиндтæй.

– Мæн дæр рауадзæ, мæн дæр рарветæ! – сувæллони хузæн лигъстæ кодта зæронд лæг, дуарæрдæмæ æ билидæнттæ ниййаразгæй.

– Мархуа дин æй! Дæ бунати бадгæ кæнæ, е ба дæ уинонцæ кæстæр фæлтæр æма ма рæдуйонцæ, – æгъатир хъурихаттæй загъта Рæстæг. – Æз ма дæ атæ гъезæмарæгæнгæй æрвтæбæл берæ хæттæлти æрзелæнтæ кæндзæнæн.

– Рандæ, æгæр тæрегъæд æй. Хатир дæр скъола æй, – бавзурстон ма Рæстæги рахаст æрфæлмæн кæнунмæ.

– Мæнмæ тæрегъæдтæ-æндæртæ финсти дæр нæ ’нцæ. Æз зонун раст æма зулун. Æз æнхæстгæнæг дæн.

– Мадта нур уомæн ба ци гæнгæ ’й? Лæг æхе æгæр устур ку бангъæлуй, уæд æруадзуй е стурдæр рæдудтитæ дæр. Æма уотæбæл дæр æ уæлдай зунди фæрци æхе неке банимай-дзæй. Уæхæнмæ ма фæккæсун дæхецæн дæр муд нæ униау æй...

– Уотæ ба айдагъ мæхецæй дæр тухсгæ кæнун, – загъта штурвалбæл хуæцæг. Рæстæг, уæдта, æ дуйнеуон науæй арф зæрдæресæн уаст никкæнгæй, бафтудта æ дзубандитæбæл:

– Растдæр зæгъгæй ба, мæхецæй хъæбæрдæр некæмæй тухсун. Нур а уæлмæрдти рæбунтæ дæр цал æма цал хатти адтæн. Æрлæуун, тæходуйтæ, зæгъун, медæгæй ци ес, уой уæддæр еунæг хатт фæууинæ дæ цæсти кæронæй дæр. Багъигæ дæн, æнæуаг тухуаст багъигæ дæн еци-еухузи гъуддæгтæ æнхæст кæнунæй. Алцидæр æй мæ бон, фал мин æр-

мæстдæр уоци бæстæмæ бацæуни барæ нæййес, Хуцау мин æй нæ дæттуй, – зæнхонуг æрдзæ ба, дан, ци фæууодзæнæй. Мæ карæбæл мæ фарстай, æма еунæг е æй мæнæй хестæр дун-дуйнетæбæл æма мин æ дзурдмæ æнæ игъосæн нæййес. Ци нивгун айтæ, зæнхон адæн, уогæ ба, уой уæхуæдтæ дæр нæ лæдæретæ! Атæ еууагонæй æностæ фæууотæхсуни фæлтауги, фæйнæхузи дууæ бони фæццæрæ: зин бон æма цийни бон, еци силгоймаги хузæн, уæдта сæрустурæй рандæ уо уолæфунмæ.

Нур ба ма дин фæстагмæ мæ царди тæккæ сæйрагдæр сосæг радзорон, æргъудидзийнади туххæн. Цæмæн мæ фæндуй рамæлун уотæ æхсицгæ? Уой туххæн, æма сумах, зæнхонтæ, уæ кæрæдзей фид бахуæрдзинайтæ, хуаллаг уин ку нæбал фагæ кæна, уæд. Уомæ гæсгæ ба еунæг мæн рамæлæт хуæздæр уодзæнæй. Рæстæг уорæд ку ’рцæуа, уæд исуодзæнæй æгæрон берæ рохсон æнзти идæрдæни равзурæн цæстифæлкъуæрдмæ. Мæнæн дæргъадæ нæййес. Бæрцæ дæр – уотæ. Е мæ сумах гъаветæ ниддехтæ кæнунмæ уæхецæн æма уæ нæдтæ уомæй æрæхгæдтайтæ. Хуарз ба уин цæмæй æй мæ фесæфт: фиццаги-фиццагдæр, уæд уæ цард исуодзæнæй æнæфæугæ, дуккагæй ба уин си цуд æма тахт нæбал уодзæнæй, фал – скъæфт. Раздæр дин ке кой кодтон, е. «Еу галактикæй иннемæ скъæфт æрцудæй», кенæ – «'взурст». «Æндæр галактики «равзурст» æй...» Дуйнебæл цидæриддæр ес, етæ рæхги исуодзæнцæ æнæмæлгæ. Цард дæр æййивд æрцæуздзæнæй Уйнадæй. Етæ дин мæ фæлтæрдгин сæри сагъæстæ.

– Дессæгтæ ’ма тæмæстæ! Мæнæ ци дессæгтæ фæууидтон æма фегъустон аци бонæ! Хуцау ди исарази уæд!

– Гъæйдæ бал! Де студий цормæ æрхъæрттан. Бацо æма дæ куст изолдæр хæссæ. Мæ ном мин де сценарий мама исгъæр кæнæ, цалинмæ кæронмæ æрхæстæгутæ уа гъуддаг, уæдмæ. Еу бони сæри бабæй хæрхæмбæлд кæндзинан, æнæуой ба дæ æз аллибон дæр уинун, ду ба мæ уингæ нæ кæни, фал æнкъаргæ, дæ бауæри алли кирæгæй дæр. Мæхе дин нимайун кæнун.

– Хуæрзбонтæ кæнæ ду дæр. Де ’рмæги туххæн ба дин – уæлдай арфитæ. Кæд мин барæ дæттис мæ фæндон зæгъунæн, уæд дæхуæдæг дæр тухсгæ ма кæнæ. Алкæмæндæр æма алцæмæндæр æхе карнæ ес.

Науæй ниййерæг зæнхæмæ æрхизтæн еци дæргъвæтин балци фæсте мæ тæккæ студий размæ. Мæргътæ мæ фалдзостæ игъæлдзæгæй кæрæдзебæл табедзæ кодтонцæ. Хор кастæй. Уæдæйти дæр ма ймæ хæстæгдæр адтæн, фал æй уæд атæ дзæбæх нæ уидтон науи хурфæй. Дæнттæ сæхсæхæй зардтонцæ. Ме 'уæнгтæ ниййивæзтитæ кодтон, арви уадсестæмæ нибберийндзгæй, уæдта медæмæ бацудтæн æма еци зæрдигъæлдзæгæй æрбадтæн мæ косæн стъоли сæргъи... Хуцаумæ искувтон...

## РАКАСТ

«Дессагæй ба ци кæнис?! Дессæгутæ разæй æнцæ!» – уотæ ма ку гъуди кодтон, æцæг дессæгутæ ба уæд адтæнцæ.

Æд авдæнæ мæ мæ мадæ не стур тургъæмæ ку рахаста сугъдæг уæлдæфæй исуолæфунмæ, уæд ракастдæн фиццаг хатт идзаг цæститæй. Ци фæууидтон, е адтæй цъæх-цъæхид арви пæлæзбæл ме 'взонг мади хузæ, уæдта æ рахес усхъæбæл – хор, гогойни хузæн æвæрдæй, фæстегæй ба – ефстаг уорс мегътæ, бæмпæгхуз уадсестæ сæ фалдзос.

Е дессаг нæй? Е дессаг æй!

Уингæ цуддæн, фал си лæдæргæ ба неци кодтон. Уæддæр деси æфтудтæн, æвæдзи, æрдзон хузи. Мæ листæг уод мæ медæгæ нæбал лæууидæ фурциийнæй æма дзиги-дæркъи гæппитæ кодта, авдæнæй фæййервæзунæрвонгæй. Уоци уаги, ка 'й зонуй, мæхе дæр рафæрсинæ, нæуæг ести æрæстæфгæй: «А ба ци æй? Гъи-и-и, ци рæсугъд æй! Дæле ба? Уодхæссæг, цихузæн ба æй уæд! Мæнæ куд устур æй! Айæ ба – мæн улинкъæй дæр мингийдæр. Ци дзæбæх æй!»

Мингиййæй алцидæр дзæбæх фæууй...

Мæ мадæ мин, ка 'й зонуй, æма тарстæй уæхæн усми:

– Мæ дзæццæ, куд сонт кæститæ кæнис, ести ди ресуй? Дæ тæрних æрбадарай, тæвдæ дæмæ кæд ес... – æ фæлмæн билти бандзæвд мæ бауæрмæ нигъгъаридæ, фал ин уæд æ катай ба гъуди дæр не 'ркæнинæ. Ци мин лæдæрдтæй, уæхæн мингий уодмæ дæр цидæр сагъæстæ ке фæууй.

– Уæртæ-ма! Мамма, мамма æрбагъузуй! Уауу, хуæруй мæ. Æ циргъ дæндæгутæй ин тæрсгæ кæнун, ма мæмæ 'й æрба-

уагътæ! Уф-уф-уф, – исуолæфтæн. – Дæле ба мин цæфхуар дæр нæй. Райдæппе кæндзæнæн мæ дубудзи гогкитæй. Æви дæппе кæнун нæма зонун? Неци хилæ кæнуй. Фæстæдæр мæ устуртæ алцæбæл дæр райахур кæндзæнæнцæ!

Дæппе лæгъуз æй...

– Ци кæни биццеу, цæбæл хъурдохæн кæнис? – зæгъгæ, мæтити бафтуидæ мæ мадæ.

– Ма мин тæрсæ. Инод мæ кæнис дæ хъури. Исуолæфун мæ бауадзæ. Дæ сæр рандæ кæнæ. Уой бæсти мин мæ бæттæнтæ исуæгъдæ кæнæ, – еци дзурдтæ исзæгъун не сфæразинæ.

Кæцæй мин базонидæ мæ тухсти сæр, кæци уоди къумæй, Хуцау – дæсни, фал мæ исихалидæ авдæнæй æма мæ хедуомæл бауæри кæдзос ирдгæ рагъазидæ, басор æй кæнидæ æхцæуæн дзигигæнгæй.

– Уæлæ е ба цæхуæн æрттивд кæнуй!..

Æмбурдгæнгæ цуддæн алли алцитæ. Цæугæ ми куд кодтонцæ, цæугæ! Ци æгæрон устур дуйнетæ бацæунцæ уод, зæрдæ æма сæри хъанзи! Ци æнæфсес æй цæстæ дуйней дессæгутæ есунмæ! Куд æнæбун æй е дæр æрвон итигъдади хузæн!

Ци æй адæймаг? Æ медес, æ нисан? Цæмæн рантæстæй а зæнхæмæ? Ци æй æ ихæс?

* * *

...Нуртæккæ мæбæл исæнхæст æй æвддæс анзи. Уотæ устур дæр нæма дæн, уотæ минкъий дæр нæбал дæн: кæстæрти хестæр æма хестæрти кæстæр. Сабур цæун мæ бон нæй. Къахæй-сæрмæ думгæй идзаг дæн. Къахæй-сæрæй мæ размæ скъæфунцæ. Уотæ берæ дæр нæма зонун, уотæ æнæлæдæргæ дæр нæбал дæн: æнæзундти зундгиндæр æма зундгинти æнæзунддæр. Фæстагæрдæмæ фулдæр фарстатæ æвзурдзæнæй, дзуапп иссерун кæбæл нæ бафæразон, уæхæнттæ. Бæласæмæ куд листæгдæр кæсай, уотæ йбæл фулдæр къалеутæ уиндзæнæ. Бустæги минкъий ма уогæй ин æрмæстдæр æ зæнгæ уидтон, уæдта – æ рæзæ. Нæ тургъи фæткъу бæласæй зæгъун. Зæнгæбæл исбурун фæткъутæ ратонунмæ мæ бон ке н' адтæй, уобæл мæстгун кæнинæ. Æнгъæл кæсинæ думги рацуд æма уонæн сæхе æрхаунмæ. Æндæр неци лæдæрдтæн.

Лæдæрдтæн ма, золкъæ ке бахуæруй еуæй-еу фæткъути, уой дæр. Сæ тæккæ кæдзосдæр, сæ тæккæ фæлмæндæр æма адгиндæрти... Цæмæн æй бахуæруй, уой ба нæ лæдæрдтæн. Ести мин, зæгъун, адæймаг æй! Тингун кодтон золкъитæмæ, хъæбузатæмæ, рæзхуар мæргътæмæ: «И-и, цъаммартæ! Мæнæ и бæласæ куд фесафтонцæ!» – Етæ дæр адæни хузæн стонг ке кæнунцæ, уой ба нæ лæдæрдтæн:

– Еугур дуйней золкъитæ ’ма хъæбузатæ дæр цæгъдуни фæууæнтæ! – зæгъгæ, ме сконди фесинмæдæр æууæлти хай исаразинæ урунгонтæмæ, фæсдумгæ, фæсуарун мæ хæдони думæггагмæ бæласæй æрхауæг фæткъутæ уедзгæй. Уæдта мæмæ медæгæй цидæр исдзоридæ: «Рандæ, тæрегъæд æнцæ етæ дæр. Уони дæр, æвæдзи, цæрун фæндуй. Зæнхæбæл син уадзгæ æй сæ хай!» – ’ма си еу къуар фæткъуй, и æмбуддæртæй, фæууадзинæ бæласи буни.

Не ’нгъæл дæн, æма адæймагæн е ’гурцæй ивæрд уа æ бауæри лæгъуздзийнадæ, æгъатир, æнæтæрегъæддзийнадæ. Не ’ууæндун уобæл!

...Зумæг фæцæй, хумидайæни мæйæ райдæдта. Æнæ дзæхæра мæ бон нæй, бухст дæр ибæл нæ фæразун, æма ймæ арæх рафецаун. Уоми нин ес минкъий рæзбун нæуæгарæзт бæлæсти хæццæ: балитæ, æхсинцъитæ, цилауитæ, кæрдтутæ, уæдта еу егъау зæронд фæткъу бæласæ. Æ фурзадæй а фæззæги æ зæнгæ рафæстæ ’й, æма ’й куддæртæ æрбæститæ кодтон, буцæутæ ймæ исаразтон. Æ дууæ ’рдæги фæйнердæмæ сæхуæдтæ дæр зæнхæбæл æрæнцадæнцæ сæ къалеутæй. Е дæр ин агъаз æй еугур дууех нæ рафæдунмæ. Фарæ ма си уоцигъæдонæй дæр авд голлаги æртудтан. Ес-нæййесæй дæр æ фæткъутæ исцæттæ кодта. Айдагъ æ цъарæбæл хуæцгæй ма, уой листæг науæрбæл дæр хуæруйнаг ниуазуйнаги хæццæ хъæртун кодта æ рæзæмæ. Мæ зæрди Ленинградi блокади хабæрттæ æрæфтудæнцæ. Сахари – дуйней адæн, фæткъути хузæн... Еунæг нарæг над... «Царди над...»

Фæткъу бæласæн æ уорамæг зæнги скъудæй гъæддзарв къеуи хузæнæй лæдæрсуй бунмæ, æ дæлфадмæ, ахæст, теголгонд сахар тогæмхæццæ цæстисугти æхе куд æртадта, уоййау...

* * *

Нуртæккæ мæбæл фæндзай анзи исæнхæст æй. «Дессагæй ба ци кæнис? Дессæгутæ ма разæй æнцæ». Магъа, ести ма си уа?! Нæ зонун, нæ зонун. Æнхæст нæбал æууæндун. Лæуун мæ рæзбуни æнцадæй. Кæсун и бæласæмæ. Æ сифтæ ин, минкъийдæр ма уогæй, нæ фæууидтон. Æвæдзи, хуæрунмæ ке нæ бæззунцæ, уомæ гæсгæ сæ не 'ргъуди кодтон. Æ уедæгтæбæл ба ин дзоргæ дæр ма кæнæ! Нур дæр сæ нæма уинун. Лæдæрун ба сæ байдæдтон. Цидæр æнахур тухгин мæмæ кæсунцæ. Хурбун зæнхи уотæ ниллæсæ! Сабургай, æнæ еу стуф исуадзгæй, зæнхи сойнæ цъирæ мади 'хсирау! Цъирæ 'й нæ, фал си – кайæ!

Кæсун фæткъу бæласæмæ. Æ хурфæ игъал кæнун, æ бауæр 'змæлун байдæдта, – æнкъарун æй мæ зæрдæй. Рæхги къомбох ракалдзæнæй, сифтæ йбæл рацæгъддзæнæй, деденæг рафтаудзæнæй. Уæдта, фæстæдæр ба, æ къалеутæбæл фæззиндзæнæй фæткъутæ, аллихузти: устуртæ, минкъийтæ, сурхфазæ, цъæхгон, хуæрзадæ, тауæг... Алкæбæл дæр, алцæбæл дæр æруайдзæнæй æхе лæвар. Нæ бæласæй фæткъутæн сæ уæзгæдæр хаййи хъаурæ мах бийнонтæмæ бахаудзæнæй, иннетæ – не 'уазгутæн, ка ма си райзайа, етæ ба – золкъитæ, хъæбузатæ, хъæрццигъатæ, урутæ 'ма миститæн. Аразгæ 'й мæ ниййергутæ никкодтонцæ, фал си сæхуæдтæ ба æррæстæ ахуадгæ дæр не скодтонцæ. Цалинмæ е ирæзтæй, уæдмæ мæ мадæ рамардæй. Мæ фидæ ба си æ фурзинæй некæд бахуардта, къуар анзей фæсте рæзæ дæттун кæд райдæдта, уæддæр. Еци бæласæмæ бакæсгæй, цид, æ зæрди æрбафтуидæ, куд æй аразтонцæ; æ цæститæ дони разелидæ: мæ мадæ – æ хъазар цардæмбал – талабæл хуæстæй, æхуæдæгка ин æ листæг уедæгтæ сау мæрæй æнгонгæнгæ цудæй тæлмæгай, рæстæгæй-рæстæгмæ, цид, сигитбæл нидæнгомау ранцайгæй, е 'рдæг уæзæй, куд æй нæ фæрресун кæна, уотæ.

Мæ фæлмæн ниййерæг мади дзурдтæ ма æзинæй хуæздæр гъуди кæнун:

– Нур нин аци бæласæбæл рæзæ зайун кæд байдайдзæнæй? Тæходуйтæ, æма ма уони фæууинæ...

Фæткъутæй кæцидæртæбæл рацæудзæнæй фæззигон æхсæйвон думгæ æма зæнхæбæл цæттæ рæвдзæй рабаддзæнæнцæ. Думгæ сæ уоддæртæмæ бадæрзелдзæнæй. Сæ

муггæгтæй къуар анзей фæсте нæуæг фæткъу бæлæстæ иси-ræздзæнæй...

Дзæхæрай лæугæй мæбæл байзæр æй, мелтæ кæнун байдæдта. Рохсæй цæстæй ци уидтон, уони мæбæл мæйдар æрбатумугъ кодта, уацари есæгау, æма еу устур тар-талинги гъæбеси уацари бахаудтæн. Нихъуæргæ мæ цума кодта, кенæ – сæрисæфæн гъоргъæмæ гæлста, уотæ æрбанæбон дæн. «Хъаурæ мæмæ нæбал ес, æнхус мæ гъæуй», – зæгъгæ, гъæр кæнун мæ медæгæ.

Уæртæ мæ баба æма нанай æндæргтæ фелвæстæнцæ нæ дзæхæрамæ æма бæласи буни цæбæлдæр дзорунцæ гъæрæй.

– Сумах æгас ку нæбал айтæ, уæд кæцæй фæцайтæ? – зæгъгæ, сæмæ æрхаттон, тæрсгæ-резгæй.

Нæ мæ æргъуди кодтонцæ фиццаг фарстæй.

– Цæхуæн æвзагбæл дзоретæ? Ку нæ уæ лæдæрун... Иннæ дуйней хецæн æвзаг ес? Дæлæдуйнейон?.. Уæд æй уæхецæн уагътæ. Мах нæ гъæуй... Ци нигъгъос айтæ?! Сумахæй фулдæр мæ ку неке уарзта зæнхи цъарæбæл...

– Ма тухсæ, биццеу, – зæгъгæ, мæмæ кæдзос дигоронау исдзурдта бабай æндарг уодæгас лæгау. – Æз дæ лæдæрун, ами цæмæн лæууис, уой. Ду мæмæ фæдздзурдтай, æма уомæ гæсгæ рацудтæн, рацæуæн кæцæй нæййес, еци æносон саудалингæ ахæстдонæй.

– Æз мæ цъухæй еунæг хъипп-сун дæр ку не суагътон. Æз мæхе медæгæ ци рагъуди кодтон, уой кæцæй базудтай, кæд æндæр ести нæ дæ, уæд?

– Е дæр мин фагæ адтæй. Гъуди дæр æрмæгæй конд æй. Гъуди цæбæл ракæнай, е хъæбæр ахид царди æрцæуй. Нура мæмæ игъосæ лæмбунæг: ка дæ тухсун кæнуй, еци фарстатæбæл дин дзуапп дæттун.

Раледзунгъон, нæфал дзурдгъон дæр нæбал дæн. Мæ къæхтæ мæ буни фæттасунцæ, фал мæ гурæ туххæйти ниуорæдтон. Тæппуолæфт кодтон, берæгъæй сурд уæриккау.

– Игъосæ, бабай бæдолæ, ма ми ратухсæ. Мах райгурдан, фæццардан, нæ хъауритæ равардтан, æхе адæн æма цæрæгойтæн ци фæткъу бахуæрун кæнуй, уой хузæн – нæ цæуæтæн. Уобæл фæцæй нæ уæлиуон царди ихæс. Нур ци рауæни ан æма куд ан, е ба дæу уæнгæ нæ хауй. Нæ фурт, дæ фиди, нæ бæсти зæнхæбæл ниууагътан. Цæрæнбунат нæ фæрре-

вæд кодтан. Е сæйрагдæр æй! Абони ба нæ фæдон дæуæн æ хъаурæ дæттуй, нæ зæрдæ йбæл нецæмæй ходуй.

– Сумах æгас нæбал айтæ. Рандæ уотæ уæ бунатмæ! Ами уæ нецибал гъуддаг ес. Цæргути цæрун бауагътæ. Мæ сæр фæгъгъæла уодзæнæй.

– Неци дин уодзæй, нанай цæсти рохс. Мах дæу гъæуайгæнгутæ ан. Нæ бон берæ 'й, – исдзурдта и зæронд уоси пæрпæргæнæг сорæт.

– Тæрсгæ уи кæнун. Мæ хурфæмæ мин ма кæсæ! Кæцæй зонис, æз цæбæл мæтæ кæнун, уони?

– Уордигæй алцидæр уинæн. Ардигæй уордæмæ ба уинунвæткæ нæййес, бæллун дæр имæ нæ гъæуй. Фиццаг фæуууй гъуди, уæдта – уарзт, игурдзæ, цард, мæлæт. Куд уинис, уотемæй мард æгасæн æ фæсте цæуæг уавæр æй, æма, уомæ гæсгæ ба – дзæвгарæ тухгиндæр, бонгиндæр. Мах уоми аргъавдæй лæууæн, æма си кудфæнди ку уа, уæддæр нæ хеуонти кæнтæмæ æнгæрон дæр нæма уадзæн: хезæн сæ фидбилизтæй, сорæн син сæ незтæ, ауодæн син хуарзбæл. Ду ба, дæ лæги карæн кæд дæ, уæддæр цæрун дæр æнхæст нæма райдæдтай, уотемæй ба дæ сæри æнахур уæззау гъудитæ æвзуруй. Царди адæ зæрондæй хуæздæр гъаруй адæймагмæ: зæронди еу бон æригони сæдæ бонебæл барст цæуй.

– Уод уод æй, уомæн карæ нæййес.

– Е-е-е, мæ хор, айдагъ уодæй цард – ард нæй. Тæходуйтæ, æма ма еунæг хатт мæ бауæри ку бацудайнæ, рист дæр мæмæ куд гъара, мæ уарзон адæймагбæл куд бамбæлон, мæ бæдолæбæл, мæ бæдоли бæдолæбæл, уæдта, мæнæ ци зæронд бæласи буни лæууæн, уой мадæ – нæхе арæзт фæткъуй фæлмæн сифтæбæл. Æвзонг бийнонтæй, цид, изæргъудти фæсте ардæмæ арæх рацæуианæ... Рист! Рист мæмæ ке нæ гъаруй, ме 'намонддзийнадæ дæр уой медæгæ 'й. Мæнæ мæ уинис, арцæй дæр мæ рæхуайæ, артæй дæр мæ содзæ, – куд дæн, уотемæй лæудзæнæн.

Ме 'взаг «ранихъуардтон», фал, æвæдзи, мæ сæри хъанзи ба изолдæр цидæртæ дзурдтон баба æма нанай хæццæ. Хумæтæг зæнхон адæймагмæ, мæ хуæдрази лæугæй дæр, неци фегъустайдæ. Мæ сæри хъанзбæл еци усми æфсæн кæхцæ адтæй. Мæ дзубандитæ, медæгæй ке изадæнцæ, уомæ гæсгæ адтæнцæ «зæгъуйнæгтæ», исуйнаг зæгъуйнæгтæ. Фалæ

сæ уæддæр мæ нана æма баба кутемæй игъустонцæ? Æз ра-гъуди кæнинæ, етæ ба дзуапп радтиуонцæ. Æз бабæй ра-гъуди кæнинæ, æма бабæй етæ дæр идарддæр дзурдтонцæ.

Ци æй, ци дессагдзийнадæ римæхст ес дууæ дуйней арæн-бæл, цæхуæн æгъатир хъалагъуртæ си лæууй, – уодæгасæй сæ еуемæй иннемæ баервæзуни фæткæ ка нæ дæттуй адæй-магæн, æррæстæ, æркæсунмæ, базонунмæ, уæдта фæстæ-мæ раздæхунмæ? Цæмæн нæмæ игъусуй уордигæй ардæмæ гъæр, кæд си неци ес, уæд?! Мах гъудитæ ба кутемæй кæсун-цæ, циуавæр устур дæлиуон хъаурæ син равардта Хуцау?! Тæходуйтæ, æма айзæри цитæ бавзурстон, уони цурддæр ку феронх уинæ. Уæхæн дессаг усмæ гъæуама цæрæг адæйма-гæй римæхст уа, æндæра ескудбæл нимад æрцæуудзæнæй, а ба, зæгъгæ, мæрдти хæццæ ку дзоруй... къамбеци хузæн æнæнез зингæй, хæлхъойтæ кæнун ку байдæдта.

Лæуун сонтхузæй. Мæ сæри ци берæ фарстатæ исæвзу-руй, уони бабамæ дæр нæбал дæттун, ами дæр финсун ай-дагъдæр сæ дзуæппитæ:

– Биццеу, мæ зæрди фиу, царди кæд фæд идарддæр ра-хæссун, цæуæт исгъомбæл кæнун тæккæ сæйрагдæр æй, уæддæр ма си берæ æндæр ихæстæ ес. Дæу зæрдихатт æн-дæрхузигомау æй. Ду уодзæнæ, зæнхæмæ ци фæткъу æрха-уй, уой хузæн дууæфæдон: зæнхæбæл ниттумбулвæд кæнуй, уæдта адæмæн кенæ цæрæгойтæн дæр исбæззуй. Дæуæн дæр дæ сæри дууæ зилди ес æма дууæ уоси нæ хондзæнæ, фал дин дууæ фæди уадзгæ уодзæнæй: дæхе цæуæт, уæдта – де сфæлдистадон цæуæт. Е зиндæр æй, æрмæст си фæй-йервæзæн нæййес, нæ дæ ниууадздзæнæй дæ нихидзиуари финст дæхе бæрагæ, нæ дæ суæгъдæ кæндзæнæй е ’фсæн дзæмбутæй. Цæрæ! Æррæстæ цæрæ! Алцидæр æнæ дæуæй конд ке æй, уобæл ба макæд исарази уо. Дæхе хонæ, æнгъæ-лæ – дæ надгæнæг, е ба дæ цард цæмæдессагдæр уа, гузавæ ма кæнай... Æвгъау дæ гузавæн, фал дæхецæн макæд фæт-тæрегъæд кæнæ, – де ’сæфт æрцæуудзæнæй. Зæрдихудт дæр макæд макæбæл фæууо, цийфæнди ’й ку уарзай, уæддæр. Адæймаг уарзгæ ке кæна, зæрдихудт дæр уобæл фæккæнуй. Е дæ нæ уарзуй, уæд си маци агорæ, æвæдзи, æ бон нæй.

Мæхе кеми бабæй æрдæрцудтæн.

– Нана! – зæгъгæ, нигъгъæр кæнунмæ бæргæ гъавтон,

фал бабæй мæ дзурд мæ хъури фæббадтæй. Хъури уæнгæ дæр, ка 'й зонуй, æма не 'рхъæрттæй, зæрдæ æй сæри хъанзи фæййасодзгæй. Цæстифæлкъуæрдмæ си арви 'рттивдау фæппæртт кодта рохс æма æвваст æ медбунати фæххустæй, уоми байзадæй æнæзмæлдæй.

– Баба! – нигъгъæр кæнунмæ гъавта фуртæссæй мæ зæрдæ æ «гъæлæсидзаг».

– Хæстæг ма цо! Æнцад лæууæ дæ бунати! – е стуф мæбæл ниццавта баба. Мæ зæрдæ фурристæй тонгæ кодта, фал бабæй мæмæ уæдмæ исдзурдта:

– Æгæр берæ дæ ке уарзæн, уомæ гæсгæ дæ нæ уадзæн хæстæг æрцæун. Уæдта нæ куд хъури кæнунмæ гъавис? Мах ревæд бунат ан, уæлдæфи тæпп, нецæбæл исæмбæлдзæнæ, раниевгъуйдзæнæ æма дин зин уодзæнæй идарддæр уоци зæрдинези хæццæ цæрун.

«Н-н-на...б-б-ба...»-'й зæлтæ мæ хурфи нийнод æнцæ.

– Хуæрзæхсæвæ нура. Цогæ бауолæфæ. Рæхги дæ нæбал бахъор кæндзинан. Цæрæ æма цийнæ кæнæ дæ тæккæ зæрдибунæй. Цардæй адгиндæр Хуцау е сконд дуйнетæн нецима æргъуди кодта...

Арв никъкъæрццитæ ласта æма мæ бауæри бæрцæ фестъæлфтæн къæлостæ æрттевагити æвеппайди лæбурдæй. Мæ гъæр «баба»-йæн æ дуккаг хаййæй фесхъиудтæн, уæхæн уахъæрæй адтæй. Фиццаг «ба» нæ фегъустон, уомæн æма ма уæд бæласи буни лæудтæнцæ дууæ зæронди. Ци думгæ сæ раскъафта, уой нæ зонун, æма дунддæлингæ куд æрбацæнцæ, уой дæр мæ цæстæ нæбал райахæста. Æндæргти æрбайсæфти хæццæ ме 'гас бауæри æвгæд изди пъæззу фæццидæр æй. Уæхæн æверхъау уæзæй фæууæгъдæ уогæй, фæткъу бæласи сæри къонцци уæнгæ хæрдмæ фæххаудтæн. Кенæ мæмæ кæсгæ уотæ фæккодта, кенæ ба æцæгæй дæр мæ зæнгитæ цъæрæхснæги хъæндзалгин къæхти хузæн æндæвд адтæнцæ 'ма мæ сæгъæдахъи фатау фехстонцæ.

Цидæр адтæй, уæддæр фæстæмæ мæ бунат иссердтон, мæ дзабурти тæнæг уæфстæй зæнхи фæлмæндзийнадæ банкъардтон, æма бараст дæн хæдзарæмæ мæ уатмæ. Мæ бийнойнаг мæ нæ хæдзари дзатмай къæпхæнтæбæл хизта, хуссæг ибæл, æвæдзи, нæ цæфстæй, цалинмæ æз мæ хуссæн иссердтайнæ, уæдмæ.

Мæ фидæ æррæстæ рæуони цъундæ никкодта æ цæститæ, ’ма ймæ уатмæ, мæ къахифийтæбæл цæугæй, ку бакастæн дуари зихъирæй, уæд сæ базмæлун кодта. Хусгæ цæмæннæ кæнис, зæгъгæ, дæр мæмæ аци хатт не сдзурдта. Зудта мин мæ зæрди катай. Фиди хузæн фурти неке лæдæруй.

Бацудтæн мæ уолæфæн уатмæ, цирагъ исасугътон, æма мин фарсбæл ауигъд сахат бауайдзæф кодта: «Кæсгæ мæмæ нæ кæнис, нур ци афонæ ’й? Уолæфгæ цæмæннæ кæнис? Къунц-гунц, къунц-гунц.»

Ме стъолбæл финсæн сес æма тъаффæ æрбанхуæрстон, лæмбунæг исбадтæн фæсонтæгин гъæдин къелабæл, еститæ нихханхæ кæнун æрвонгæй. Мæ цæститæбæл нур ба рагъазта мæ рохсаггаг мадæ, – дуарæй æрбахизтæй катайхузæй, мæ тæрнихбæл мин æ лигъз, незтæсорæн къохæй æнгон бамбæлдтитæ кодта, æ гъар билтæй ба – мæ тæнуадолæбæл:

– Биццеу, ци фæлорс дæ, ести ди ресуй?

Æ къох æма æ билтæ уотæ гъар адтæнцæ, æма æз мæ дуйней дæр уæхæн тавс некæд бавзурстон. Мæ тæрних сах уазал ке адтæй, уой дæр уомæй базудтон. Еци фæлмæн къох æма билти æмбæлдæй мæ сæри сор хед зæйгуртæй фендæбилæ ’й, æ хæццæ зæрди тухст рахæсгæй, æма ме ’цæгæй мæ уасæ иссердтон. Мадæ мæмæ дзоруй:

– Мæ сау биццеу! Дæхе æгæр ма ресун кæнæ. Дæ фæллад исуадзæ. Тæрсгæ дин кæнун.

Гъавун ин балæдæрун кæнунмæ:

– Мацæмæй мин тæрсæ, фиццаг дæр æма фæстаг дæр æз нæ дæн. Адтæй ма си уæхæнттæ...

– Нæ дæ гъæунцæ! Барæ дæхе ’й, фал дæ нæ гъæунцæ гъезæмайрагæн еци дамугъатæ.

Нецибал имæ сдзурдтон, æндегæй, дзæхæрай ци дессæгутæ фæууидтон æма фегъустон, уони дæр ин не ской кодтон, кæд ма мæ цидæр æнахур хузи æндавтонцæ, уæддæр. Æ зæрдæ ма ин, зæгъун, цæбæл ресун кæнун. Ка уодзæнæн кенæ куд хундзæнæн, мæ мади зæрдæ ку фæрресун кæнон, уæд?!

Фал мин айзæри баба уотæ ку загъта, æносон дуйнеййи, дан, ристæн бунат нæййес. Хатир мин бакæнæ, мæ рохсаггаг баба, – дæ хæццæ æнхæст арази нæ дæн. Ристи «нæййес» уомирдигкон мадæмæ нæ хауй. Æрмæстдæр мадæмæ нæ хауй е. Мади зæрдæ мæрдти бæсти дæр ресгæ кæнуй! Мадта

мæмæ аллихатт бонигон дæр æма æхсæвигон дæр цæмæн фæззиннуй?!

...Мæхе хуссæнбæл æд хъæппæлтæ бакъолæ кодтон. Мæ мадæ мæ бабай зæронд курæтæй æрæмбарзта æма æррæхстæн.

– Цо, нура мин нецибал æй, – зæгъгæ, æрхунæй мæлгæ исдзурдтон, æма мæ мадæ æ «цæгатмæ», е ’цæг цæрæнуатмæ ниййауон æй. Уотæ рæхги ба къудурвунæй æрбадæн. Исонизæри уæнгæ дæр мæ къах нæбал батилдтон. Уойбæрцæ берæ æма уотæ адгин хуст рагæй дæр некæдбал фæккодтон.

* * *

Цæрун ме ’цæг нуртæккий медæгæ. Нæ дзæхæра ма, раздæр кæми адтæй, тæккæ еци бунати ’й. Ӕрмæст, фиццаг ке туххæй дзурдтон, еци зæронд фæткъу бæласæ ба æндæгонд æрцудæй инсæй анзей размæ. Ӕ бæсти уоми ирæзуй æ бæдоли бæдолæ. Мæ мадæн æ кой, æ гъæр рагæй дæр нæбал æй. Ӕ сорæт хæстæг нæбал цæуй мæ асæгмæ дæр, мæ фунтæмæ дæр. Кæд мæбæл естæмæй фæззæрдихудт æй, кенæ ба мæмæ кæд æ зæрдæ нæбал дзоруй, нура ма ’й мæн æнхус цæмæн гъæуй, зæгъгæ.

Мæ фидæ ма цардæгас бæргæ’й, фал, мæгур, æрсæйгæ ’й, хуссæн æй æхемæ æрæлваста. Уомæн зиндæр рауадæй æ цард. Силгоймаги уоди хъаурæ тухгиндæр æй æма фæразондæр фæууй, æнæ цардæмбалæй райзайгæй, лæги цард ба еунæгæй донадæ кæнуй.

Кæрдæгæзмæлæни мæйи кæрон... Айсоми мæ лимæн æма уомæн æ хуæрифурти хæццæ гъæди къохмæ рандæан пуру-садзау.

Бæлæстæн сæ фулдæр нæма низмалдæнцæ, дон си нæма рагъардта, рæхги искосдзæнцæ. Сæ еуетæ ба ма, гъæддаг æхсинцъи хузæн, дзæгæрæг дæр ракалдтонцæ, сæ муддæфæй сæр зелуй. Кæрдæг хонсæртти дзæбæх бакъæбæлдзуг æй, зæрдæн æхцæуæн цъæх радардта, хускъæ фæсали æмбæрзгæй. Зарунцæ еугай мæргътæ, дзæбæхæй ке сæмбалдæнцæ а бæстæбæл, уой цийнæй. Етæ фиццаг истæхæг æнцæ, иннæ муггаг мæргътæн сæ райгурæн гъæди бунат ниййахæссунмæ, «фатердзаутæ».

Кæд арв еубонтæ нигъгъæр кодта уалдзигон хъурихаттæй, уæддæр пуруса тонун æнгъезуй. Адæн уотæ дзорунцæ, арви фиццаг уалдзигон гъæрæй, дан, бурæгойтæ зæнхи бунæй ислæсунцæ, æма уæд ирæзæг халæ хуæрунмæ нæбал фæббæззуй. Фал, æрдзæ æрдзæ 'й, æхуæдæг æхе кæдзос кæнуй. Цæнхæ нæ хæццæ рахастан æма фæйнæ æуурцъæги исæздухтан. Ци æнахури дессаг хуæрзадæ 'й пуруса! Нур еу-дæс анзей бæрцæ ауæхæн гъуддаги нæбал адтæн, нæ раевдæлуй мæ, устурбæл нимад, фал нецæййаг гъуддæгтæй. Æзмæнст, лæкъун цæугæдони уолæнтау мæ рагæлстонцæ еуварсмæ мæнæ ауæхæн дессаги балцитæй. Æнæгъæнæ дæс анзи мин рантъухтонцæ мæ уод, мæ зæрдæй. Куд изол радæн мæ адгиндæр усмитæй, мæ уоди тахтæй, мæ зæрди сæребарæ уагæй! Куд изолдæр цæугæ цæуæн не стур, нæ хуарз фиддæлти цардиуагæй бонæй-бонмæ!

Нæ дзæкъæлттæ пурусайæй райдзаг кодтан æма ма, зæгъун, еу лæдзæг ракæнон. Цæмæн мæ багъудæй, Хуцау æ зонæг. Æркъуæрдтон æхснеуæнæй еу раст, листæггомау уесхъæдæ. Уотæ ба лæг хеуарзгæ 'й æма 'й ести ку багъæуй, уæд идæрдтæбæл нæбал фæгъгъуди кæнуй: «И бæласæ дæр тæрегъæд æй, уой дæр цæрун фæндуй, уæдта ймæ æ тæккæ ирæзуни дзамани ба æвналун æгириддæр не 'нгъезуй...»

Хорварси мæскъи билæбæл еу кæлдæбæл исбадтæн æма лæдзæг амайун байдæдтон. Мæ царди медæгæ – фиццагдæр хатт. Магъа, ци мæ сæри фæммедæг æй... Ескæд амадтай лæдзæг? Уомæй æхцæуæндæр куст а дуйнетæбæл нæййес. Нури уæнгæ 'й нæ лæдæрдтæн. Рамедæг дæн фæстæмæ, минкъий биццеу ма ку адтæн, уоци рæстæгутæмæ æма фæууидтон нæ синхи ездон лæгти, хорбадæни лæдзгутæ амайгæй. Уæд мæмæ уæхæн фарста уидæ: «Анæн æндæр куст нæййес?» – Хестæртæмæ фæстæмæ дзорун не 'нгъизтæй. И фарста мæхеми байзаидæ æма мæ тухсун кодта. Нур ба, дессагæн, и лæдзæг мин æхуæдæг мæхе дæр иссердта. Æвæдзи мæ, сæумæй, цид, дони билæмæ иуæнгтæ ивазунмæ рацæугæй, фæсонтæ æма бæрзæй æздирвунмæ гъудæй. Астæуистæг нидæн ресæ кæнун байдæдта, æнзти, уæдта мæхе гури уæзæй, æ гъолти 'хсæн ци исæрдæн бауæргъæдæ фæууй, е бафехсудæй æма кæмидæрти науæртæ æлхъивд æрцудæнцæ. Мадта мæ фæстæдæр дæр багъæудзæнæй аци

амайуйнаг – æнхусгæнæгæн, æнцойнæн. Зæронд адæймаги æ бийнойнаг дæр, æ фурттæ дæр, æ кизгуттæ дæр хатгай рауæйæ кæнунцæ. Нури дзамани ба – бустæгидæр. Зæронди некæд уæйæ кæнуй æрмæстдæр æ лæдзæг, цалинмæ æхуæдæг низзæронд уа æма дæ уæзæй, дæ æнарæхст æвнæлдæй басæтта, уæдмæ.

Ци дессаг æй лæдзæг! Уой кæдзосгæнгæй, мæхе уод кæдзосдæргæнгæ цæуй. Нæуæг гъуддаг бабæй базудтон, мæ зæруаймæ цæугæй – лæдзæг амайун! Е дессаг нæй? Æдта ци ’ й! Нурмæ ке фæуууидтон, уонæн сæ тæккæ фиццагдæртæй.

Цæун, ме стур ниййергути æндæргтæ мин райдайæн æма кæрони – игурцæ æма мæлæти дууæ стъæлфей астæу ци ханхæ рауагътонцæ, уобæл. Карнæ мæбæл ниннихастонцæ, дзурд мæбæл бафтудтонцæ. Цидæр гъуддæгтæ фæууинуни размæ, ка нæма ’рцæуй, уони хæццæ æзинæ кæмидæрти сæмбæлун. Зин æй уотемæй цæрун, фал ин ци ракæнон, – бухсун! Дæсни нæ дæн, хингæнæг ба – æппун нæ! Цæун цæугæдонау мæхецæн нæдтæ къæртгæнгæ, фал рагацау бæрæггонд ауæдзæбæл, дортæ, хуртæбæл мæ гурæ хуайгæй. Ресун æхсицгон ристæй. Берæ цидæртæ бавзурстон, берæ къеутæ баууилдтон. Фал фæсмон нецæбæл кæнун, фæсмони барæ мæ нæййес: куд униау адтæй, уотæ рауадæй.

Етæ ба дин мæ дессæгутæ. Мæ хумæтæг, фал дессаги дессæгутæ. Дессагдæрæй ци кæнис?! Уогæ ма – и дессагдæртæ ба разæй æнцæ...

## ХÆЛАРДЗИЙНАДИ ХÆДЗАРÆ

– Ростови инженерон институти арæзтадон факультети ку ахур кодтон, уобæл инсæй анземæй фулдæр цæуй, – дзорун мин райдæдта мæ еу æрдхуард, нуртæккæ еци сахари еу журнали редакций косæг.

Уоми ймæ æрæги адтæн иуазæгуати. Дзæбæх мæ фæххинста, раст зæгъун гъæуй. Зæрдæй-зæрдæмæ фæттаурæхътæ, фегъæлдзæг кодтан, уæдта, æвæдзи, арахъ дæр, цидæр цæрæгой ке æй, уой куд нæ бавдистайдæ, æма, мæнæ дæн, зæгъгæ, æ сæр нæ сæрти хæмпæлтæй исдардта. Уой исбедунæй еу усми мæ лимæн цæбæлдæр æрæнкъард æй.

Медæгæй æхе ке хуардта, е ибæл æндегæй бæрæг адтæй. Æрæги-дурæги ба æ ростæ дууæ къохемæй рауурститæ кодта, æ тæрнихбæл минералон дон равгæдта æма бабæй æхе æрцæттæ кодта дзорунмæ. Рафæрсунмæ ма ’й бæргæ гъавтон, аразæгæй ба цæмæн нæбал косис, зæгъгæ, фал мæ баурæдта, Хуцауи хатирæй мæ гъенур мабал бахъор кæнæ, кæд, дан, дæ цæттæ сюжет гъæуй, уæд. Дзоргæ ба дин æй, зæгъуй, кæнун мæхе хурфæмæ дзорæгау. Гъема мæ цъухбæл ниххуæстæн...

* * *

Гъо! Ростови сахари астæуккаг гъæунгæ – Сабурдзийнади проспекти рагондæр азгъунститæй еу – Хæлардзийнади хæдзарæ, æ бон размæлун кæмæн нæбал æй, æ къох размæ, арм арвмæ хаттæй, мæгургори сагъдау ка байзадæй, уæхæн зæронд уоси хузæнæй, лæууй дуаригонæй, – æ къахибунтæй сæригъунтæмæ арф ниййинæфтæй мæ лимæн, архайд цума нур цæуй, уотæ мин æй дзоргæй.

Хæлардзийнади хæдзари исæрститæ æркалдæнцæ, къæрæзти æмбуд тæрвæзтæй зæбæлттæ кæнунцæ цалдæрвæтъон хуарæнæй хурсти æстигъд цъæрттæ, æвгити бæсти рауæнæй-рауæнти æфхуæрд цæститæбæл зæронд газзеттæ æма цъумур целлофани гæппæлтæ æрдæгнихæститæй, æрдæгуалитæй зæу-зæу æма зæболæ кæнунцæ, «æрмæтонæ, рагæлдзæ мæ», зæгъæгау.

Æрæгвæззæг. Хæдзари размæ лæууй, уæдæйти æй ке хæццæ рабарстан, еци зæронд уосæ. Цидæр сосæг тухæ ймæ ес. Азгъунсти дуар ниггæлеритæ ’й, æхгæнæн ин нæбал е. Æхсæвæй-бонæй, сæрдæй-зумæгæй итигъдæй лæууй, цума еци зæронд уоси къох æй, уотæ. Е ’вдозæнти зеллонтæ ин уомæл æнзтæ бахуардтонцæ, еу æмцæфст, æмир, къудурон æфсæйнаги хъуæлтæ си рауадæй.

И æдзæллагхуз дуар æма, уомæй дессагдæр ка ’й, еци къæдзæ уосæ сæ сор уодтæ кæрæдземæ гъарунцæ, фæмминагъаз кæнæ, зæгъгæ. Сæ фазон æгъиццаг карнæ уони исеу кодта изгæхуæрд æвдозæнти хæйттау. Дуар бахгæнунгъæуагæ æй, игонгæрцитæй нæбал фæразуй, фал губур силгоймагмæ кæцæй ес уойбæрцæбæл хъаурæ, æ листæг къæхтæ ’й туххæй ку урамунцæ, æ уод æрдой нарæгбæл ку хуæцуй.

Æ медбунат бадзой-дзой кæнуй, æ дзили-улийæй уой уинæги зæрдæ рауазал уй.

Думгæ ба гъиггаг скъотт, футтитæ исамадта. Арв мургъузæй кæсуй æ бæдолæ – зæнхæмæ. Проспекти бæгънæг бæлæстæбæл ма ефстаг сифтæ ауиндзæг æнæбонæй æзмæлунцæ, æрæгвæззæги фæстаг бæнттау. Думгæ сæ бателуй, ратонуй æма æрæвæруй бунæй цæуæг еугай, дугай, къуаргай адæнти æфцæкъуæтти, цæсгæмттæбæл, усхъитæбæл уæдта – сæ разæй, цума син уотæ дзорунцæ и сифтæ, рацотæ нæ фæдбæл, зæгъгæ. Сæ фæсте ка æрхауй, уони ба нæ уинунцæ тезгъогæнæг адæн, æндæра син етæ ба зæгъиуонцæ, – кумæ размæ тундзетæ, æрлæууетæ мæнæ мах цори. Ести кизгæбæл ку исæмбæлуй уазал, хулуй сифæ, уæд, уау, ци ех æй, зæгъгæ, фæцъцъæхахст кæнуй къæл-къæл худти хæццæ. Аллеи сæрæхсæст пихсæ къотæртæ дæр куд раги рафест æнцæ. А, Хуцау, табу дæхецæн, аци анз, æвæдзи, гъизт зумæг уодзæнæй.

...Алли сæумæ дæр ростоваг финсгутæ, сæ кустмæ бацæуни размæ, Хæлардзийнади хæдзари цори нихæси ралæуунцæ. Дзоруйнæгтæ сæмæ куд нæ уодзæй, бустæгидæр ба – нури дзамани. Анæй алкедæр æй хецæн мæрзæздухт дуйне, æнæгъæнæ планетæ. Фал анæй алкедæр, листæг æркæсгæй ин æ цардмæ, арф никкæсгæй æ уодмæ, æй еунæг, дзæхъиртт еунæг! Седзæрти изад æркодтонцæ. «Æгас дзилли уарзгæй», сæ уодтæ сафæ ревæд ниццæнцæ. Фæцæй сæ уарзт. Фæцæй адæни уарзт дæр уонæмæ. Некæмæн си фенхус кæндзæнæй, нæдæр æ ниййерæг, нæдæр бийнойнаг, нæдæр бæдолæ, нæдæр ба – лимæн. Мадта сæ кæрæдзей медастæу дæр дамугъатæбæл нæбал федаунцæ. Уотемæй си алке «æхе» уадзимиси хæццæ тох исамайуй, еминæн æй уинуй æма ’й уарзуй, æхецæн нифситæ ивæргæй, еске ба мин ибæл куд нæ бацийнæ кæндзæнæй, еске бауæр ба куд нæ батавдзæнæй аци фæлмæнуафт «уæллаггурæ», зæгъгæ. Фал... магъа, магъа?!

Мæнæ бабæй нур дæр и финсгутæ, батумбул уогæй, кæрæдземи агорунцæ дзуапп сæ берæ фарстатæн, агорунцæ еу фæрсæнцойнæ, еу фæххуæцæн, Хæлардзийнади хæдзарæн пилястртæ куд æнцæ усхъæ бадаргути хузæн, уæхæн:

– Дæумæ ба куд кæсуй, а хуарз æй? (Дамугъа «а» цард æма рæстæг æвдесуй, уой еугур миститæ дæр зонунцæ. Ци афонæ ма син æй!)

– Хуарз бæргæ нæй, фал уйнаг адтæй, æвæдзи.

– На, атемæй берæ нæбал рахæссуниау æй.

– Етæ дзубандитæ ’нцæ!

– Махæй ци аразгæ ’й, фæндæнттæ Хуцаумæ ’нцæ, – нур цал æма цалæймаг хатт бацæунцæ медæмæ сæ кусти бунæттæмæ, зæрдмæгур хатдзæг искæнгæй. Фал е хатдзæг нæй, адæймаг Хуцауи фæндонæн неци зонуй. Айдагъ еци гъуди еу кодта нæ разагъди лæгти рагæй нурмæ дæр. Уæларвон тухæбæл еугурæй дæр æуууæндтæнцæ. Æрмæст си а фæстаг рæстæги ба кадæртæ нигъгъос унцæ, сæ хурфитæмæ нийгъосгæй. «Е ба ци дессаг æй! Ци?! Финсгутæ Хуцаубæл нæбал æуууæндунцæ?! Искурдиадæ син уой туххæй балæвар кодта?!» Уогæ, хуарз æй æви лæгъуз аци дамугъай уацар, уой махæй уæлдай дæр нурмæ некема равзурста.

Гъо, фал еци нигъгъос хуæрзæгæн нæ униау æй, рæстæрдæмæ нæ рахæтдзæй. Æви сæ, миййаг, нæ фæндуй еухузи дзубандитæ кæнун аллибон, сæ зæрдæ бацъæх æй, ци – царди æгъиццаг уавæрæн æхецæй, уомæй æндагъддæр ба – еци уавæрбæл дзорунæй.

* * *

Уазал æндавгæ цæуй. Сау халæнттæ Ростови сахари сæйраг паркæй «хъуаг-хъуаг» исамадтонцæ. Цума ци гъæуагæ ’нцæ етæ ба? Нæхердигонау ку дзорунцæ. Кæмæ уасунцæ, сæ «сау зæрдитæ» цæбæл ресунцæ, æма, махмæ куд кæсуй, уотемæй, нæ «уорс зæрдитæ» цæмæн ресун кæнунцæ? Уогæ, ка ’й зонуй, æцæги ба етæ кæдзосдæр æнцæ – ци уинунцæ, уой дзорунцæ раст, æнæййивдæй. Ци æй, зæгъун, сæ фæззинди сæр?! Кæд нæ Фидибæстæй фæдеси æртахтæнцæ мæн агор...

– Цæуæн, фагæ нин фæуæд нур, дамугъати зæрдæ нæбæл фæхходдзæнæй, æма фæлледздзæнæнцæ нæ гоморитæй, – загъта нæ хестæр, финсгути курухондæр, алцидæр ка бавзурста царди, тугъд дæр æма стонг анз дæр ка фæууидта.

Еци фæндонбæл æнæдзоргæй исарази уогæй, еугур дæр банæхстæр ан нæ фондзуæладзугон азгъунсти игон дуарæр-

дæмæ. Зæронд уосæ æма зæронд хæдзарæ кæрæдзей сæргъи, æмпъурдтæ фазон хурдзинтау, лæудтæнцæ дзамани хæлорæй бастæй.

Сæ дууæ дæр – тундтитæ, æскъудтитæ, æфхуæрдтитæ, дивилдунтæ. Сæ дууæ дæр истадæнцæ æнæзмæлдæй, кастæнцæ æнгъæлмæ... Ке бон ци адтæй, уой листæгутæй ниггæлдзидæ зæронд уоси æргъæвст къохмæ уæлйаугомауæй, цæмæй ибæл ма фембæла, ци нæ фæууй, кæд ибæл хуæцгæ нез ести ес, зæгъгæ. Къæсæрбæл хизтан хъурройти бали хузæн халивæзт рæнгъæй, кæрæдзей фæдбæл.

– А хæдзарæ дæр мæгур æй æма амæн ба ци радтæн? – фæккодта нæ еу.

– Нæ тавс, нæ фæллад уодти гъар...

Куд алкæд, уотæ бабæй аци хатт дæр нæ кусти бунæттæмæ цудан зийнæдтæгæнгæй. Æндегæй сауæнгæ зумæги дæр гъардæр фæууй. Къамбеци лæбæзи бæздæн фæрсти еугур æрæгвæззигон уомæл ниххизтæй, æма нин æй нæхе фæрстæмæ, къитгай, сабургай уадздзæнæй ардигæй изæрмæ. Нæ ургбунтæ басуйдзæнæнцæ. Еуæй-еуетæ тæвди цундбæл исахур кодтонцæ сæхе, иннетæ еу арахъи хупп дæр искæнунцæ хатгай се скъæппити сосæг римæхсæнтæй, æртиккæгтæ ба? Уонæн ба ци гæнгæ ’й? Фæндуй сæ, фал æй нæ кæнунцæ, се ’нæбонмæ гæсгæ.

Хæлардзийнади хæдзари коридори лæдзæг æма цъилингай хæццæ цæун гъæуй: пъол низзулунтæ ’й, паркет – кæми хæрдмæ дунст, кæми ихæлдтитæ, кæлдтитæ, кæми ба – æгиридцæр нæййес: къузуртæ, нæрститæ... Фæрстæй сæхе зæнхæмæ рагæлдзунмæ гъавунцæ æд цъарæ æма æрдæг игон телтæ. Цирагъ си – нæ! Цо, байзонæ, кæбæл си ток цæуй æма кæбæл – нæ?! Ку нецæбæл си фембæлай, уæд нæ фæррæдуйдзæнæ!

Аллах-биллахтæй бабæй æрбаервазтæн мæ косæнуатмæ, журнал «Дон»-и редакцимæ, æма мæ меднимар рагъуди кодтон:

– О, мæнæ ма ке уинун! Ами ма дæ? Дæ тугур нæма никкалдæй? Дæ пъол ци лæгъуз æзмæлуй?! Æвæдзи дин уæлдай уаргъ дæн æма дæ ресун кæнун?!

Мæ косæнуат æдзæмæй лæудтæй, мæ гъостæбæл ба уæддæр рауадæй, ниммæуадзæ мæхе мæгурбонбæл, зæгъгæ. Æ

зæрдæ ма ходæд, мæ катаййи уой нæ фарстон, фал мæхе.

Рæстæг æфхæлд æй. Думгæ бабæй мæмæ къæрæзтæ хуайуй. Нæй гъуди кæнун. Мадта мæ гъуди ба æркæндзæнæ, зæгъгæ, æма кънопкитæй нихæст целлофан æрбатудта, мæ фæлорс цæсгонбæл мин æй фæтътъæпæн ласта, æхуæдæгка – уазал, рентгени æнæзингæ уолæнау, мæ тæнæг фæрсти фæммедæг æй:

– Е, мæнæ гъæла, ами ци коси, дæхе цæбæл марис?

Æз ин гъай-гъайдæр неци сдзуапп кодтон, уомæн, æма е мæхе фарст адтæй. – «Цалинмæ къелабæл нæма ниддæвдæг дæн, уæдмæ ести амалæй авги цæстæ банихасон. Уæлæ иннæ целлофани дзæхст-дзæхст дæр мæ зæрди асдзæгъдуй!»

Æрбадтæн. Æргъæвст, къæрес æнгулдзитæй ниййахæстон финсæн дзаума, – е гъенур иссæй ме 'хсæзæймаг æнгулдзæ, некебал мин æй райссæй ардигæй изæрмæ, некебал æй ратондзæй, цалинмæ мæ къох гъар дони ниттолон æма æртæфса, уæдмæ.

Галеу къохæй æрбагурун кодтон кæдзос, æнгъæлгæсæг тъафæ. Мæ сагъæстæ бабæй мæ ци дессæгутæмæ, ци æнахур бæститæмæ бахæссæнæнцæ нуртæкки! Мæ цар – уазал, мæ хурфæ ба содзуй. Ци зинтæй, ци изолæй æрцудтæ!

Рагвæззæг царцати

Талгъæр æй сифтæр, Азæлуй аргъаути Сауæри унæр...

Гъеуyотæ! Нæбал мæ гъæуй аци цъемоси мæ адгин хуæнхтæмæ цæун. Уоми дæн, уинун æй, сугъзæрийнæ фæззæг си ралæудтæй... Æллæх, кадæр мæ бахъор кодта. Фесхъæтæг æй гъуди дуари хъистæй.

– Дæ бонтæ хуарз! Миздæ уин æрбахастон, – æрбахизтæй ходæзмолæгæнгæй, æхебæл нинвæрсгæй, нæ зæронд бухгалтер.

– Æгас цо, не 'фсийнæ! Нæ уодтæбæл ма нин еунæг ду фæххуæцис, – байбæл табедзæ дæн æз дæр, мæ меднимæр ба рагъуди кодтон, ме 'мдзæвгæ финсун мæ нæ бауагъта, зæгъгæ. – Уой бæсти мæ е 'хца дæр ку нæ гъудæй! – Мæхе райахæстон, раст ке нæ дæн: гъæуама, ци гъуди кæнон, дзоргæ дæр уой кæнон. Нæ, уотæ дæр нæ уайуй! Адæймаг еу гъуддагбæл аллихузти дæр рагъуди кæнуй, бустæги ка 'й кæрæдзей нихмæ, уотитæ. Кæнгæ ба фæууй, кæци си хуæздæр, бæзгæдæр уа, уой уагбæл...

Хæлардзийнади азгъунсти æртумугъ æнцæ Ростови бæстихаййи журнал «Дон» æма иннæ журналти редакцитæ. Æртиккаг уæладзуги – Финсгути цæдес, цуппæрæймаги ба – рауагъдадæ «Кавказ». Кæд и хæдзарæ æдзæллаг уавæри æй, уæддæр æ уод æ медæгæ ’й, цидæр уæлтæмæн си цæуй, æхемæ æлвасуй. Æ рæзти рацæуæг, е – сæйгæ уа, е – мæгур, е ба – æнæуой адæймаг, фиццаг æ цори æрлæууй, уæдта ’й æ къах кутемæй бахæссуй, уой нæ балæдæргæй, бахезуй æ къæсæрбæл. Кæд, æ дуæрттæ æноси игон ке ’нцæ, уомæ гæсгæ?! Ци муд син си никкиндæ ’й, Хуцау æ зонæг!

Фал нæмæ абони ба, куд кæсун, уотемæй берæ иуазгутæ нæ уодзæнæй, зумæг нигъгъизтæй, æма æрбацæун æрвонг адæни содзагæ уазал æруорæдта сæ гъар хæдзæртти. Раст уомæ гæсгæ ба телефон дзæнгæрæг кæнуй æнæнцайгæй: ка журналбæл фæрсуй, – рацудæй æви нæма, ка æнгарæ ’й, ка зонгæ, ка лимæн, ка æнæзонгæ, фал ин дзорæг æмбал нæййес – адæн адæн æнцæ!

Мæнæ бабæй дуар фегон æй. Фиццаг æхснирст, уæдта хуфæг æрбастуф æнцæ дуари зихъирæй. Æрбахизтæй сæ фæсте ба се «сфæлдесæг» – нæ редакций иннæ косæг. Æрбамеддуар æй.

– Байрайетæ. Ци æвгæлæнтæ уадзуй! Уазал бабæй мæмæ исæсмуста.

– Салам дæ уæд. Бæзгин дæхе истохисæ, æма дин уæд дæ тæнæг рауæнтæмæ нæ бахъæртдзæй.

– Райдæдтай бабæй дæ дзубандитæй, – зæгъгæ, фæббостæ ’й æма æхе косæнуатмæ фæннæхстæр æй, æ сæр е ’фцæкъуати ратъунсгæй.

Мæ къæразæ игон адтæй, уæддæр уомæл æндæмæ рацæуай туххæн. Фæрстæ – лæгæти фæрсти хузæн æмир. Гъаргæнæн æфсæйнаг батарейтæ дæр азгъунсти фæрсти хузæн сæ нисани фесинмæ кустонцæ. Æхсæвæ ке æрæмбурд кæниуонцæ, еци сах уазал нин етæ дæр и фæрстау минкъийгай лæвардтонцæ бонæй ба. Сæ хурфи дони тъинкк дæр н’ адтæй, хæтæлтæ цъæсгитæ æма æскъудтитæй рауæнæй-рауæнти агориамади хурфæй кастæнцæ æгудзæгæй. Е дин æцæг зæрдинез!

Кæддæр, еу дууинсæй анзей размæ, аци «Хæлардзийнади хæдзарæ» æрдæфæнтæ калдта. Уæд ма си горæти Æнхæст-

гæнæн комитет куста. Уогæ цæбæл дзорун! Мадта куд униау адтæй æной ба?!

.Уæдмæ нæ сæйраг редактор дæр æрбахизтæй.

– Уæ бонтæ хуарз! Къæразæ ба барæй байгон кодтайтæ?

– Æгас цо! Нæ хед, зæгъун, еу минкъий æрисуса. Æнахурæй фургуст ракодтан, æма.

– Бæрæг уæбæл æй, бæрæг... Типографимæ уи еске исдзурдта? Тираж цума цæттæ нæма ’й? Зæрдæ нин дæс боней размæ ку æвардтонцæ...

– Дзурдтан. Иннæ къуæремæ бабæй æй рахастонцæ. Берæ рæуæнттæ син ес. Сæ мухургæнæн машинæ басастæй, журнали цъарæ нихасæн санс рацайтæбæл иссæй, хуарæнтæ сæмæ исбæркад æй, уæдта уогæ дæр мухургæнæг æма нихасæг кусти нæ ’нцæ: сæ еу уолæфуни ’й, иннæ ба, дан, нæфæразгæ кæнуй.

– Ани хæццæ мах гъуддæгтæ «хæрæгбæл гъæмпæ хæссæгау» æнцæ. Гъе дин нæ цæрдтитæ! Æной ба ма мах æвзаг гъæугæ дæр ке кæнуй?!

Арф ниййинæфтæн, æдта ма ци загътайнæ нæ хестæри дзурдтæбæл. Æцæгæйдæр ма ци ефстæгти гъæуй, етæ æнцæ – фулдæр хестæр, минкъийдæр ба – астæуккаг фæлтæрæй. Не ’ргом раздахтан фæсарæнтæмæ. Кæстæртæ сæхе ниццавтонцæ англисаг æвзагбæл, сæгътæ еске хумзæнхæмæ баервæзæгау. Уоци дзæхæрайæй сæ расорæг нæййес – хуæретæ, хуæретæ, зæгъгæ, уæдта уæ нæхе дзогæбæл бафтаудзинан. Æма сæгъæн ба ци игъауги æй, æ губун æфсес уæд, æндæра?..

Уалинмæ нæмæ гæв-гæвгæнгæй еу журналкæсæг исмедæг æй:

– Пъингвинтæ уи рауайдзæй, æма уæд не ’взаг, дорин æноси хузæн, историй байзайдзæнæй.

– Гъо, гъо, хуарз лæг. Дæ уæзæ æруадзæ, къæразæй æндæмæ дæхе ратавæ!

– Уæд мæ еугурæй ба ка нæ уадзуй æндеггæй ун, – æ гъостæ армитъæпæнтæй рауурста æма фендæбилæ ’й. Магъа, цæмæ?!

Иуазгутæ дууердæмæ кодтонцæ кæрæдзей фæдбæл. Еу рандæуидæ, иннæ æрбацæуидæ, еу раистидæ, иннæ исбадидæ. Еу дзурд фæууидæ, иннæ ба ефтигъдæй лæууидæ æма

уой байвæд лæхорунмæ фæййагаидæ. Хуарз, æма берæ неке сабур кодта. Зумæг æрмæст уомæй дæр нæ бæззуй?!

Бауæр æхе нæбал лæдæрдтæй, уотемæй гъама-гъотæй фæсарæфтæмæ ратухстан.

– Нæхе цæбæл марæн, нæ къæстæ байагорæн, – æппунфæстаг сæйраг редактор загъта редакций косгутæн. – Нæ иннæ номер дæр цæттæ 'й? Ке уи фæндуй, е æ хæдзари косæд æрмæгутæбæл. Айдагъ уомæй дæр нин нæ бæззуй перестройкæ!

Æваст е 'цæгæй æрæхснирстæй не 'мкосæг, уæдта ма еу æма еума хатт дæр.

Гъеууомæй тарстæн. Уайтæккæ дæр æй лæдæргæ кодтон, æрхъæрттæй бабæй «Зуймон олимпиадæ», нæ догъи афонæ – «догъ цæлхдорти хæццæ»...

А фæстаг æнзти журналти редакцитæн фæууй эстафети хузи догъ зумæгæй уалдзæгмæ.

Старт райста мах редакций косæг. Æ эстафетон лæдзæг æй «гриппи лæдзæг». Гъæйттæй фæлледзуй æ хæццæ. Æхе сæрмагонд финишмæ ку æрхæстæгутæ уа, уæдта æз дæр æ фарсмæ балæудзæн, æмуад ракæндзинан еу цæйдæрбæрцæ усми дæргъци, уой догъи фæстаг метртæ æма мæн фиццаг метртæ фæййеу уодзæнæнцæ, уæдта мæн кезу растдзæй. Мæ догъи барæ сæйраг редакторæн бæргæ радтинæ, фал уотитæ нæ уайуй... кустæй мæ ратæрдзæй. Куд раздæр фæххуæст уон эстафетон лæдзæгбæл, уотæ си раздæр исцох уодзæнæн. Гъе, уой фæсте ба 'й æндæри къохти фæссадздзæн, е бабæй – инней. Уотемæй, гъизт зумæгæй гъар уалдзæги уæнгæ догъ æма зелдогъ кæндзинан.

Уотæ – иннæ редакцитæ дæр. Уотæ – «Хæлардзийнади хæдзари» иннæ кустуæттæ дæр.

Тухæй-фудти къæтæрæй æндæмæ раервазтан. Мет нæбал уардта. Арв нийийрд æй, æма лæги фæрстæмæ нецибал гъардта, кæд дзæвгарæ фæууазалдæр æй, уæддæр. Царæй, ургæй æнкъарунгъон нæбал адтæнцæ. И уосæ ма, цихузи лæугæ 'й ниууагътан, еци хузæнæй истадæй рацæуæн-бацæуæни размæ.

– Ци ма дин радтон? Медæмæ цæугæй мин сæ райстай. Хатир бакæнæ, фал нигъгъæдæг дæ, рамæлдзæнæ, уæхемæ цо!

– Нæ, æз ардигæй некумæ размæлдзæнæн! Нæ мин ес «Хæлардзийнади хæдзари» разæй цæуæн, е мæн æй.

– Кæдмæ лæзæрдзæнæ мадта ами?

– Адæймаг, дан, анз раздæр рамæлуй. Æз раги рамардтæн, ду ке уинис, е ба мæ будургъæ æй. Мæ будургъæ ами лæудзæнæй, цалинмæ 'й сау халæнттæ еугур палауонтæ никкæнонцæ, уæдмæ. Цо ду ба, цо, мæ дзæбæх! Ма кæсæ аци гъуддæгтæмæ. Дæу ма цæрун гъæуй, бæдæлттæ дин ес, уони хæссун гъæуй. Хицæ дæр дæмæ, тæрегъæд дæр дин кæнун!..

Мæ цæсгони тог рабадтæй, мæ бауæр сурх зинг фестадæй, уæдта зир-зир кæнунмæ фæййагайдтон. Сæр разилдæй, мæ медбунати, цъилингай рохсау, бадзили-ули кодтон. Хаунмæ мæ берæ нæбал багъудæй, фал æрæгиау ба мæхебæл фæххуæстæн.

Фæстеггæй, цæгатæрдигæй тæхсагæ думгæ æрбафуттитæ ласта. Арвбæл сау мегъæ исæмбухта æрра денгизау. Зæронд уосæн æ дивилти къæбæзтæ думгæ тъæп-тъæппæй хуаста æ сор æма салд гури цъарæбæл. Ци æй? Æцæгæй будургъæ 'й, æви уæддæр адæймаг æй. Нæбал æууæндтæн мæ цæститæбæл. Цал хатти йбæл исæмбалдтæн, фал æй бустæги уоййасæбæл некæд æргъуди кодтон: мæгургор æма мæгургор! «На, а æндæр цидæр уодзæнæй! А, æвæдзи, хингæнæг æй! Кенæ ба – дæсни! Кенæ ба – æндæр ести уæхæн!» Никки тузмæгдæрæй дæр ма æрбадумдта. Парки сæрмæ сау халæнттæ мегъи хузæн зелдогъ кæнунцæ. Ацирдæмæ тæхунцæ, æнгъæлдæн! Æнæмæнгæ! Уосæмæ тæхунцæ...

– Цо, цо, цурд, ледзгæ кæнæ! Дæ Хуцауи туххæй! Дæ сувæллæнттæ дæ хезгæ кæнунцæ! Ма уинæ аци бæллæхтæ! Фæстæмæ мабал ракæсæ! – зæгъгæ, ма мæ фæсте игъустон зæронд уоси лигъстæ дзубандитæ. Думгæ мæ дæлуагистæй раскъафта, къæхтæ, фæсонтæ æсхуста, уотемæй мæ давта æма давта æнæбæрæг размæ... Мæнæй гæнгæ нецибал адтæй, нецибал уидтон. Мæ хæдзарæмæ кутемæй баервазтæн, уой дæр нæбал базудтон.

Дуккаг сæумæ мæ уæддæр мæ къæхтæ нæуæгæй уордæмæ бахастонцæ. Мæ цæститæбæл нæбал æууæндтæн. Хæлардзийнади хæдзарæ фæлевгæ авгæй фæлуст æма зурнæйзилд агорийæй амад галауан фестадæй. Æзиниккон уосæн æ думгæ фесавдæй, æ кой, æ гъæр дæр некæмибал адтæй. Фин-

сгутæ æма хæдзари иннæ кустуæтти косгутæ цæлхæмбурдæй æртумугъ æнцæ бацæуæни рази. Медæмæ тундзунцæ, æма сæ нæ уадзунцæ хъалагъуртæ. Хæрдмæ цалдæр тæрсæн æхсти фæккодтонцæ Макари-фурти дамбацатæй. Къæрæзтæй ба бараггенæй кæсунцæ бунтон æнæзонгæ адæн, циркмæ кæсæгау. Ходунцæ, идзулунцæ, тамаку пъæрт кæнунцæ æма листухътæ кæнунцæ урдугмæ.

– Банæуагътæ нæ косæн бунатмæ! Бауагътæ нæ!

– Ами сумахæн нецибал ес. Уæ сæртæ райсетæ æнæфидбилизæй! – фæстæмæ сæ æнсæндтитæ кодтонцæ пъагонгинтæ.

– Е дин сагъасарæ! А дин симбуцис! – гъæрахстæй æлгъиста адæни знæт къупхæй цидæр зонгæ хъурихаттæй еу уосæ.

– Дессагмæ искæсайтæ, æ ном дæр ин ку нæ раййивтонцæ. Абæл ниффинсун гъæуй «Хæлардзийнади» нæ, фал «Хæрандзийнади хæдзарæ!» – фурмæстæй фунхтæй еу рацæргæ, уорсзакъæ финсæг.

– Кенæ ба «Хæларкæнуни хæдзарæ.» Ка нæбал æй, еци зæронд уосæн си фиццаг ниххæлар кæнæнтæ еу дууæ кæрдзини! – бафтудта иннæ.

Хуæздæр ма ци гæнæн адтæй æма еуварсмæ рацудтæн. Еу каст ма искодтон уæлæмæ. Хæдзари уорс æфсæйнаг гъосинтæй æмбæрзт сæр цæхæртæ калдта уазал зуймон хори рохсæй. Немуцаг фирмити конд къæрæзти æвгитæ айдæнтау æрдæфæнтæ уагътонцæ. Фæрстæ сæрæй – фæсарæйнаг лæхудзæй исæрст, бунæй ба – еу метри бæрзæндæмæ зилдæгæй дæр цъæх-цъæхид айкæмлигъз дзæнхъа дор нихæст. Азгъунсти фæлундæн æрмæгутæй сæуæхседи хузæ искæнун æмбалдæй.

Цæгатæрдигæй идардæй кедæр хуфун исигъустæй. Дæлæ тъæбæрттæй, хъуффу-хъуффугæнгæй нæ редакций косæг истæхуй. Нæ рæзти фæццæйсуффут кодта. Лæугæ дæр не 'ркодта, æрлæууни барæ дæр æй н' адтæй. Æ эстафети лæдзæг æй иннемæ дæттун гъæуй.

– Ци кæни, соргæ дæ еу кæнуй?! – исдзурдтон имæ, не 'мæррæстæмæ ку схъæрттæй, уæд.

Еци тæхгæ-тæхун, æхснирсгæй æма лæф-лæфгæнгæй, æ дзурд æрбагæлста:

– Барæн, барæн! Дæумæ дæр хъæртдзæнæй!

«Гъеуутæ! Адæн кæрæдземæ æвзедгæгæнгæй цæрунцæ. Дæ зæрди мин хуарз ку ес!»

Проспектбæл дзиллæ утугтæ-утугтæй дæрæз-бæрæз кодтонцæ. Æндегæй бакасти зиндтæнцæ галау æнæмæтæ æма къамбецау устурзæрдæ. Финсгути тумугъи рази балæууиуонцæ, байгъосиуонцæ, уæдта, цид, идарддæр сæ над дардтонцæ, цума аци гъуддæгтæ уони æппундæр некæцирдигæй æндавтонцæ, уоййау. Нæ, е сайд гъуди æй. Сæ бон нæбал æй! Анæй алкæмæндæр æ уодмæ «листуинæгæй» никкæсæ, уæд кунæг тæхсагæ риститæй нæ ресуй. Расæуадзæн! Цотæ, цотæ! Уæ над даретæ! Фæндараст!

Мæ цæститæбæл рауадæй æзиниккон зæронд уоси будургъæ.

Мæхе меднимæр дзорунмæ бæргæ гъавтон, фал мин аци хатт ба исхаудтæй, исрæдувта æнай-æнойти:

– А ци дессаг уа, ци æрцудæй æзинæй абонмæ? Балæдæрун мин æй кæнайтæ!..

Æгæр тухгин фæгъгъæр кодтон, æвæдзи, æма еу-цалдæр сæри мæнæрдæмæ сæхе фæззилдтонцæ, сæ цæститæ æма усхъитæ базмалдæнцæ, а дæр æрра иссæй, зæгъгæ, фæрсæгау. Къуари астæуæй рахизтæй еу æнæзонгæ, хуæрзарæзт лæг, æма цалдæр баргæгъавгæ къахдзæфи æрбакодта.

Мæ номæй мæмæ исдзурдта, «дæ бон хуарз» зæгъуни разæй, æ фæсте ба ма йбæл бафтудта:

– Бахатир кæнæ, кæд естæмæй рæдуйун, фал дин, хабар куд адтæй, уой радзорон... Æзинæ, фæсарæфтæ, ардигæй ку цудтæ, уæд æз дæр ами адтæн. Зингæ нæ кодтон, хæлин фæлуст æма мæбæл сæлф ходæ адтæй. Куддæр фæстегъæ фæддæ, уотæ сахари астæуккаг паркæй дуйней сау халæнттæ истахтæнцæ. Уоми сæ унаффæ раги исрæгъæд æй. Финсгути, дæу куд, уотæ думгæ раскъафта, æма сæ къумти рацæвтитæ кодта: ке – уæрми, ке – æхгæд хæдзари, ке – сау гъæдæмæ. Адæни дæр – уотæ. Думгæ уотæ æзнагау исагъудæй æма гъæунги цъеуæзмæлæг дæр нæбал адтæй, зæронд уоси будургъæй фæстæмæ. Уой ба фæйнердæмитæ тилдта, фал æй размæлун кæнун нæ фæразта. Халонти æмвæйнæ бал æ сæрмæ зелæн кодта.

– Уони ба ма æз дæр истæхгæ феййафтон, мæ зæрдæ

нириztæй, фал ци адтæнцæ, уой ба нæбал базудтон, – цидæр ке фæййидтон, уой балæдæрун кодтон æнæзонгæ лæгæн.

– Фидмондагæй цæбæл хъуаг-хъуаг кæнтæ? Уæхуæдтæ айтæ гъæуаггин, – дзурдта сæмæ и уосæ сæданздзуд къæбæри хъæбæри хузæнæй.

– Хъуаг, хъуаг, хъуаг! Нæ хуасæ дæумæ ’й! Радтæ нин æй!

– Хъуаг, хъуаг! Нæ хуасæ ду дæ, дæхе радтæ!

Бунмæ ймæ сæхе æрдæруагътонцæ, хæстæгæй-хæстæгдæр имæ, æртæхæ-æртæхæгæнгæй, сæхе ластонцæ. Нуртæкки ами цитæ уодзæй, уой куд нæ лæдæрдтайнæ!

Гъавтон и хоййи расорунмæ. Ме стур сагъæдахъбæл миниуарцон егъау фат исæнгон кодтон. Бунтондæр мæхе æнæзингæ æнгъалдтон, фал мæ и уосæ уидта, æрмæстдæр мæ е уидта, дæхуæдæг куд зонис, уотæ цидæр уæларвон тухæй хайгин адтæй. Ка ’й зонуй, æма халæнтти æхуæдæг дæр басугътайдæ æ цъæхæртон коми тулфæй, фал æй нæ фæндадтæй. Æвæдзи, багъигæй, бафæлладæй.

Фиццаг тогдзух сау базургин ибæл æхе куддæр ниццæйцæва, уотæ ’й, зæгъун, мæ хъæзин фат мегътæбæл нинниhасдзæнæй. Раст еци усми ба мæмæ и уосæ фæгъгъæр кодта æвзонг æма бæрæг хъурихаттæй:

– Нæ гъæуй. Маймайиддæр ма бакæнæ уотæ. Еци хой рæстæг æй! Сау хузæ ин ес нерæнгæ бал... Уæдта, Хуцау ке зæгъа, е уодзæнæй...

Халæнттæ и уосæбæл сæхе æмцæф никкодтонцæ. Нæ хуасæ дæумæ ’й, нæ хуасæ дæумæ ’й, зæгъгæ, стонг берæгъти ниуд гæнгæй æй, рæдувтонцæ: гæппæлгай æй тудтонцæ æма хастонцæ аллирдæмитæ. Æ хайбæл ка фæххуæст уидæ, е ба «Хæлардзийнади хæдзари» игонæргъæвст къæрæзгитæ, дуæрттæбæл батæхидæ, уоми ’й сабургай хуæрдзæнæн, зæгъгæ. Азгъунсти медæгæ ма изæрмæ ка рафæстеуат æй, еци ефстаг финсгутæ æма косгути сау халæнттæ къæрæзтæй калдтонцæ. Бунмæ нæма рахъæртиуонцæ, уотемæй, уæлдæфи сæ фулдæрей зæрдитæ тудтонцæ. Ка си рахъæртидæ уодæгасæй, е ба, дæ фудгол уоййау, ехбæл хъази айкау фæттæллæх уидæ, кенæ ба салд къотæри ставддæр кæрддзухбæл фезонæгдзавдæй байзаидæ. И мæрдтæ æфснайдтонцæ китайаг хуæддзæугæ бульдозертæ – «лæг-ха-фæн»-тæй æма машини гуфæмæ цурхæнтæ – «мæрд-цур-хæн»-тæй. Æнæ-

сæрфатæй сæ давтонцæ æнæшофир машинттæ æнæбæрæг æрдæмæ бæрæг цæмæндæр – калунмæ.

Азгъунстмæ фæммедæг дæн, æвдæймаг уæладзугмæ исгæпп ластон, кæсун, идарддæр ци уодзæнæй – æма дессæгутæ уинун. Фæгъгъæла унмæ мæ берæ нæбал гъудæй. Куддæр халон зæронд уоси хускъæ бауæри тонаутæй исхунц кæнидæ, уотæ йбæл адæймаги сæр разаидæ, куддæр æ комидзаг нинниихъуæридæ, уотæ ба – гурæ: нæл маргъ фестидæ бæгънæг нæлæстæг, силæ маргъ ба – бæгънæг силæстæг. Уой фæсте ба еци халон-адæймаг будургъи дивилтæй фегъæстæ уидæ, исситонидæ уæдта ’й нинниихъуæридæ, æма дин – дуккаг тæмæс: зæронд, æнæцалцæггонд уат æвеппайди æнахури рæсугъд фæлуст хузæ райсидæ, фæрстæ исæрттевиуонцæ, дзæхъиртт нæуæг къелатæ, бали бæласи гъæди муггагæй стъолтæ æма шифонертæ равзуриуонцæ сæ бунæтти. «Халон – адæймаг» ба æ нæуæг дарæси «адæймаг-адæймаги» сорæти бацæуидæ... Уотемæй, æгас «Хæран...», нæгъæ, «Хæлардзийнади» хæдзарæ дæр æ тæккæ бунтæй сæри къонцци уæнгæ æййивд æрцудæй.

Нур идарддæр ба унаффæ ардигæй цæудзæнæй.

* * *

– Гъе, уотитæ, мæ хæлар. Кæд дæ фæндуй – æуузндæ, кæд дæ нæ фæндуй – ма æуузндæ, – æндæмæ рауолæфтæй æ масти туппуртæ мæ фусун. Æ цæсгон райста уæхæн хузæ, цума æ дзубанди фæцæй. Усмæ æнцадæй ралæудтæй, уæдта, æ тæрних зинна-нæзинна фенхъирттæгæнгæй, бафтудта æ таусбæл:

– Аци хабари ма мæ еунæг гъуддаг æфтауй деси, æма уобæл ба ду исдзуапп кæнæ, мæ лимæн: уойбæрцæ халæнттæбæл куд рахъæрттæнцæ зæронд уоси бауæр æма е скъудтæ дивилтæ?! Уæдта æ уод ци фæцæй, цума ма ескæцихузи æндæр форми ескæми ескæд разиндзæнæй?! Æви æностæмæ фесавдæй, дуйнеуон уæлдæфи ниитуд æй, уотемæй ма си æнæбæрæг муддæф æррæстæ еуæй-еу адæни рæугути думгæ бауадзуй, æма цæмæдæргæсгæ етæ ба уæлиуон æхцæуæндзийнади фæсте гузавæ кæнун байдайунцæ?..

– Уæддæр аразæгæй цæмæннæ косис, нури дзамани фин-

сæгæн зин ку æй?! – бафарстон нæуæгæй ме 'мбали, мæхе æндæр дзурдти кæнгæй.

– Бæргæ гъавтон, фал «Хæлар»... «Хæрандзийнади» хæдзари фæсте мæ нифс нæбал бахастон, уæдта аразгæ дæр кæмæн кæнон?! – е арф ниггузавæ 'й, æ рахес къох ракъуæрдта фиццаг, уæдта си агувзæбæл уæззау хуæст искодта, æ цæсгон нинхъирттæгæнгæй...

Æ галеу къохи ба исиста иннæ агувзæ æма сæ кæрæдзей хæццæ бакъурцц кодта, мадта ци кодтайдæ. Таурæхъгæнæг дæр, игъосæг дæр æхуæдæг адтæй. Æз си неци архайæг дæн. Ци гъуддаг мæ ес, ка рафæстæ 'й, еци уоди дууæ æмбесей астæумæ, зихъирмæ, балæсун, сансеуæг ин ку нæ кæнон, уæд! Æрræстæ ин æртæрегъæд кодтон, – дзæхъиртт еунæгæй, мæгур, æризадæй аци æзнæт дзамани. Зæгъун, уæддæр еу цубур усмæ мæ гъудитæй æ фарсмæ балæууон, æ хæццæ фингæбæл дæр бабадон, æма æ зæрди дзубандитæ ескæмæн æркæна, кенæ ймæ уотæ кæса, кадæр мæ рази æй, кадæр мæ лæдæруй, зæгъгæ. Кæдимайди ба ин еу кисин уæддæр фенцондæр уидæ.



ХÆМИЦАТИ Морис

## ФИЦЦАГ ЛАСГУТÆ

Хуасгæрдæнтæ... Игетгæ дæр сæмæ фæккæнуй Федар, фал кæмидæр ба аци рæстæг æ зæрдæмæ цæуй. Гъæуи æндæр дзубанди нæбал фæууй – ка кæми кæрдуй, цал ласæги бал искодта. Сæумæ, хор нæма искæсуй, уотæ Фæрбуни алли къумæй игъусуй дзæбокити къурц-къурц. Алке æ цæвæг гъæцуй. Æнæгъæст цæвæги хæццæ ба игуæрдæнмæ цæугæ дæр ма кæнæ – æгуст, фудевгед фæууодзæнæ. Фал цæвæг фæббæзтæй, хæдзæ дæр нæй, гъелæ дæр нæ кæнуй, хуæрзгъæст, саудорæй æфсес æй, зæгъгæ, уæдта сæумон æртæхбæл кæрдунæй ка бафсæддзæнæй!

Айдарухъи игуæрдæни хай Устур адаги æндаг фарс, цæгати 'й. Æ пихситæ ин рагацау никкæдзос кæнунцæ, гъæди хъуæлтæ, зæронд бæхъи сæститæ мæскъæмæ никкалунцæ æма сæбæл уоми бандзарунцæ. Кæрдæг си хуарз æрзайуй. Дууæ – æртæ устур ласæги си æрæнтаунцæ алли анз дæр.

Нур дæр бабæй си лæгъуз хуасгæрцæ нæййес, æфснайун æй гъæуй. Айдарухъ Федарæн дæр аци анз исрæвдзæ кодта æ асæмæ гæсгæ цæвæг. Биццеу си равзурста кæрдун сæ дзæхæрай бæлæсти буни æма æ зæрдæмæ фæццудæй. Æрмæст ма ин цæвæги фий арæх фæххæссуй зæнхи. Дзæбæх нæма арæхсуй. Фал кæд минкъийгай базонидæ... Айдарухъ дæр ин куд нæ амондзæй. Æхуæдæг ку дзурдта: «Афонæ дин

æй, сабургай дæхе ахур кæнæ. Куд раздæр фæццæфсай еци куститæбæл, уотæ дæхецæн уой фæсте æнцондæр уодзæнæй».

Æма мæнæ ралæудтæй хуасгæрцæмæ цæуни бон. Уой размæ изæрæй Айдарухъ исгъæста цæвгутæ, исамадта син нæуæг къæбæлтæ, уæлдай лæмбунæгдæр базилдæй Федари цæвæгмæ – сæрдасæни хузæн иссæй. Дзæкъоли ниввардтонцæ ræфтад, устур цайдани ба хурхдон. Æма сæумæ, куддæр фæррохс æй, уотæ Айдарухъ райгъал кодта æ фурти. Æнахурæй ин зингомау адтæй уотæ раги истун, æ хуссæг нæма фæллигъдæй, фал уæддæр Федар цæрдæг фæггæпп кодта, æ цæсгонбæл уазал дон искалдта æма æрæскъиттæй. Катя гъоцитæ дугъта, кæстæр сувæллæнттæ ба ма адгин фунæй кодтонцæ.

Сæ рæвдзитæ райстонцæ фидæ 'ма фурт æма колдуарæй гъæунгæмæ рахизтæнцæ. Хор æ цæстæ нæма сдардта скæсæнæй, гъæу ба æмизмæлд кодта. Лæгтæ еугай-дугай цудæнцæ цæвгути, сагæнтти хæццæ ка игуæрдæнтæмæ, ка – будурмæ. Силгоймæгтæ ба фонс скъардтонцæ æргъаумæ. Айдарухъбæл æ гъæуккæгтæй ка рамбæлидæ, е ин салам лæвардта, зæгъиуонцæ: «А биццеуи дæр дæ хæццæ ку рахудтай... Рагацау дин ма фæггобан уæд, æгæр ин ма бакосун кæнæ...» Федарæн æхцæуæн адтæй, сувæллонбæл æй ке нæбал нимайунцæ, æцæг лæги хузæн æ фиди фарсмæ хуасæ кæрдунмæ ке цæуй, е.

Сæ хуасгæрцæмæ ку нихъхъæрттæнцæ, уæдмæ хор дзæбæх искастæй, æ сугъзæрийнæ тунтæ ниппурх æнцæ зæнхæбæл. Арвбæл еу мегъи пъæсту нæ зиндтæй. Тæвдæ бон унмæ кустаг адтæй. Фал ами, Устур адаги ба ма сатæг дунгæ гъазта, сæумом æртæхæй кæрдæг ниууæззау æй, Федари фадгутæ уайтагъд ниццæлфæ 'нцæ.

Цалинмæ дзæбæх истæвдæ 'й æма хор хъæбæр содзун райдæдта, уæдмæ фæккарстонцæ хуасдзаутæ. Уогæ, кæрдгæ фулдæр Айдарухъ кодта. Еу фæтæн уес инней фæдбæл хаста, цума 'ймæ фæллад æппундæр нæ гъардта, цума æ цæф цонг дæр фиццагау хъаурæгин æма федар фестадæй, уоййау. Федар имæ кæсгæ байзаидæ – уотæ рæсугъд куста æ фидæ. Биццеу æхуæдæг дæр архайдта, æ хъаурæ ци адтæй, уомæй, нарæг уесбæл ниллæууидæ, фал æ карст хиццаг нæма адтæй – кæми цæвæги фий мулдзугдони фæннæхсидæ,

кæми æнæкарст пъæстутæ фæуудадзидæ. Уæддæр нæ уагъта æ кæрдун. Æ фидæ ин куд амудта, уотæ архайдта цæвæгæй, æма минкъийгай-минкъийгай фæррæвдзæдæр æй æ куст. Фал уæдмæ æнахурæй фæллайун дæр райдæдта, арæх æрлæууидæ рауолæфунмæ.

– Куд æй, цæуй дæ зæрдæмæ аци куст? – гиризгæнæгау æй бафарста Айдарухъ. – Рауолæфæ. Æндæра, æцæгæйдæр, фиццаг бон дæ уæгæ ку басæтта, уæд хуарз нæй. Нарæг уес хæссæ, саудор ма 'йронх кæнæ. Уæдта дин цалдæр хатти ку загътон – губуни цъарæй нæ, фал усхъитæй, иуæнгти хъаурæй косæ фулдæр. Базондзæнæ, дессагæй си неци ес. Æрмæст дæ фæндгæ кæнæд.

Дууæ бонемæ фæцæй карст сæ игуæрдæн. Фенхус ма син кодта сæ синхæгти лæппо Æхсарбег дæр.

Сор рæстæг рахаста, æма цалдæр бонемæ сæ карст дзæнгæрæг фестадæй. Айдарухъ, Катя, Федар æма Цæрай (иннæ кæстæрти синхæгти евгед ниууагътонцæ) уестæ фиццаг дæрæнхатæ ракодтонцæ, фæсарæфти ба си ласгутæ исдастонцæ.

– Нартихуари хъæлнæгъ дæр ма нæмæ уодзæй, уæдта ма уæртæ Таги дæр еу ласæгхуар ракæрддзæнæн. 'Ма уæд гъæуама рахъæртæн фонси хуаллагæй, – дзурдта Айдарухъ, фæскуст гъæумæ ку здахтæнцæ, уæд. – Аци хатт мин мæнæ Федар дæр хуарз фенхус æй, æма ин, сæ мадæ, тæккæ исон тукани нæуæг хæлаф æма хæдонæ балхæнæ. Уæдта 'й хонæ дæ хæццæ хонхмæ 'ма бал уоми фæууæд еу дууæ къуæрей... Гъе, уотæ 'й мæ унаффæ.

Федар дзоргæ неци искодта, фал ин Айдарухъи загъд ба хъæбæр æхцæуæн адтæй. Æгайтима æ фидæн æнхусгъон фæцæй. Хонхмæ цæунмæ ба сауæнгæ сæрди райдайæнæй бæлдтæй. Æма нур æ цийнæн кæрон нæбал адтæй.

## ХОНХМÆ

Цалдæр боней фæсте Федар æма æ мадæ сæумон сатæгбæл ранæхстæр æнцæ хонхмæ. Хæзнæ æма Ирæф кæми баеу унцæ, уоми гъæдин хедбæл бахизтæнцæ æма дони билтæ-билтæ, игуæрдæнти 'хсæн къахвæндагбæл сæ них исаразтонцæ Дигоргоммæ. Дессаги ирд сæумæ искодта. Дзæбæх

зиндтæнцæ ардæмæ хуæнхтæ. Уазай цъопп цума хъæбæр хæстæг адтæй, уотæ кастæй адæймагмæ. Дæлиау, бæрзонд къæхæни буни, сур-сур кодта Ирæф, æ бауоцифарс ба æрттивта цъæхцъæхид горцъейау рагон Кети æрдозæ. Хор нæма сбæрзонд æй, уоййасæ хъæбæр нæма тавта. Бæлццæнттæ, дзубандитæгæнгæ, цубур кодтонцæ сæ фæндаг.

Елхъабантæбæл исевгъудæнцæ, минкъий фæстæдæр ба бæлæсти аууонæй разиндтæнцæ Æхсæрисæри хæдзæртти гъосинæй æмбæрзт сæртæ. Уоми ба сæ исæййафта гъæдласæн машинæ, исбадтæнцæ си æма цубур рæстæгмæ исхъæрттæнцæ Æрсакæмæ, гъæдикустгæнгути поселокмæ. Уæзласæн идарддæр нæбал цудæй, æма бабæй Катя æма Федари багъудæй фестæгæй цæун. Фал Федар æппундæр нæ зийнадæ кодта. Рагæй нæбал адтæй аци фалдзостæ æма æ алфамбулай æрдзæмæ кæсунæй не ’фсастæй. Фæндаг бахизтæй еу арф адагæбæл, уæдта иннебæл. Арæхæй-арæхдæр сæбæл æмбалдæнцæ сауæдæнттæ. Уотæ хуæрзадæ адтæнцæ, æма си адæймаг ниуазунæй не ’фсастæй. Сæ рæбун дортæбæл ратæх-батæх кодтонцæ цæрдæг æнкъуæлхитæ, еу рауæн ба Федари цæстæ æрхуæстæй ставд цъæх хелагæбæл дæр. Бурæг, æвæдзи, æхе тавта сæумон хори тунтæмæ уомæл цæфрæбуни, фал адæймаги згулийæй фæттарстæй æма уайсахат арф кæрдæги ранигъулдæй. Биццеу æй æ мадæн ку загъта, уæд ин Катя бауайдзæф кодта, аци афони ами хъæбæр арæх фæуунцæ хелæгтæ æма нæгъæуаги хæмпæлтæмæ хæстæг ма цо, зæгъгæ. Сауæнгæ ма ин еу хабар дæр радзурдта.

Цæветтонгæ, цалдæр анзей размæ нæдтæбæл косæг бригадæ Тæгæр адаги аразтонцæ нæуæг хед. Æма и зæронд хед ку райхалдтонцæ, уæд си рахаудтæй стур къозой асæ хелæгти къубулойнæ. Дессагæн æй дзурдтонцæ уой фæсте адæн. И адагæбæл ба хелаггун бунати ном исбадтæй.

Æцæгæйдæр, Тæгæр адагæмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд Федармæ уотæ фæккастæй, цума арф коми бацудæнцæ. Зæронд, устур бæлæсти къадотæ хори тунтæ нæ уагътонцæ ардæмæ, и уæлдæф адтæй уомæл æма сатæг, адаги фæхстæ нæ зиндтæнцæ бæзгин хъамил æма пъура кæлдитæй. Уæхæн рауæни бацудтæ æма си неци сирд кенæ бурæгбæл исцурæвæрæ дæ, зæгъгæ, е адæймагæй зинтæй байрагæс адтайдæ.

Тæгæр адагæ фæстегæй байзадæй. Хуæнхтæ ба хæстæ-

гæй-хæстæгдæр кодтонцæ. Дзæбæх зиннун райдæдтонцæ Цæгати тæнæг нæзи къохтæ, минкъий уæлдæр ба – карст игуæрдæнти ласгути стъæлфæнтæ. Рахезфарсæй ба – уорс мегъти бунæй бараггенæй кастæй дуйнемæ Уаза.

Бæлццæнттæ минкъийгай фæллайун райдæдтонцæ. Федар фестæгæй цæунбæл ахур адтæй, фæразта ма, фал æ мади мæтæ кодта – уой размæ Катя æ къах цæбæлдæр бакъуæрдта, æма ’й нур хъæбæрæй-хъæбæрдæр гъигæ дардта. Уæдмæ, куд Хуцау хуарз, æрбайгъустæй матори гув-гув, фæстæдæр ба æрбазиндтæй машинæ æхуæдæг дæр. Уæзласæн идзаг адтæй алли алцæмæй – цидæр голлæгутæ, агоритæ, уæрдуни цæлхитæ кæрæдзебæл цурхтæй. Сæ сæрбæл ба ма – адæн. Фал син уæддæр шофер бауорæдта. Исбадтæнцæ, куддæрти-муддæрти сæхецæн бунат искодтонцæ.

Ци ма рацудæй, уæдта уæзласæн фæммедæг æй коми. Æхсинттæ райдæдтонцæ. Рахезæрдиги райзадæнцæ Дидинати æрдозæмæ хед, галеуæрдиги ба Цæгати игуæрдæнтæмæ над. Нарæг хуæнхаг фæндагбæл æ цуд фæссабурдæр кодта машинæ дæр. Бæлццæнттæ нигъгъос æнцæ, бæрæг адтæй, кæд дзоргæ неци кодтонцæ, уæддæр бустæги æдас ке н’ адтæнцæ, сæ устурдæр мæтæ дзæбæхæй бахъæртунбæл ке адтæй, е.

Берæ хæттити фегъуста Федар, ами ци фидбилизтæ æрцæуидæ, уой туххæй. Уæхæн мæйæ н’ адтæй, æма, коми машинæ, уæрдун кенæ фестæгæй цæуæг рахаудтæй, зæгъгæ, нæ рахабар адтайдæ. Федар галеуæрдæмæ ку бакæсидæ, уæд си цидæр нифс бацæуидæ – еци-еу æмир къæдзæхтæ кæрæй-кæронмæ. Рахезæрдæмæ ку разелидæ æ сæр, уæдта барæ-æнæбари æ цæститæ ницъцъундæ кæнидæ – дæлиау кæмидæр коми нарæги ирадæй æма гур-гур кодта Ирæф. Уæхæн нарæг рауæнтæ, фæззелæнтæ си адтæй нади, æма еуæй-еу хатт уæзласæни кæройнаг цалх ауиндзæгæй райзаидæ хауæни сæрмæ. Уæд Федар ниххуæцидæ æ мади къохбæл. Катя æхуæдæг дæр куд нæ тарстæй, фал уæддæр зæрдитæ ивардта биццеуæн: «Ма тæрсæ, аци шофери æз зонун, уæллагкоймаг æй, рагæй косуй машийнæбæл, фиццаг хатт нæ цæуй абæлти...».

Уасгергий дори рази æрлæудтæнцæ. Лæгтæ æрфестæг æнцæ, кæмæ ци адтæй фæндаггаг, ниуæзтæ, уони исистон-

цæ, Уасгергий ном иссердтонцæ. Федар дæр, æ мадæ ’ймæ ке равардта, еци нисайнаги æхца ниггæлста дори зихъири.

Ами еу усмæ радзебæл æнцæ, уæдта машинæ рараст æй изолдæр. Минкъий фæстæдæр ба ком урухæй-урухдæр кæнун райдæдта. Бæрзонд къæдзæхтæ фæйнердæмæ фæццудæнцæ, цума дуйней рохсæн, хори тунтæн фулдæр бунат лæвардтонцæ, уоййау. Разиндтæнцæ гъæутæ, рагон мæсгутæ, хумтæ, игуæрдæнтæ. Къадатæмæ фæззелæни рахизтæнцæ машинæй, фæндараст загътонцæ шоферæн, иннæ бæлццæнттæн æма гъæуæрдæмæ исхæрд кодтонцæ.

## НИХÆСИ

Æризæр æй. Хор ранигулдæй, фал ма æ сугъзæринæ тунтæ гъазунцæ Уорс хонхи тегътæбæл. Сатæг ирдгæ кæнуй Къæрæугоми цъететæй. Адæн изæргъудтæ кæнунцæ. Фонс здæхунцæ хезунæй, изолмæ игъусуй уæриккитæ æма дæркъити уасун, гъоцити æмбохун. Уæлиндзсæр хæдзæртти сæрмæ пеци тохонатæй изæйрон арвмæ лæсуй æма рæсог уæлдæфи сабургай тайуй цъæх хъуæцæ. Финдзи хъæлтæбæл уайуй нартихуари кæрдзини тæф – æфсинттæ бавналдтонцæ æхсæвæр цæттæ кæнунмæ.

Фæцæй косгæ бон. Къадати астæу нихæс минкъийгай идзаг кæнуй нæлгоймæгтæй. Ка фæскуст æ над абæлти ракодта, ка хæдзари изæргъудтæ фæцæйæма фæстаг хабæрттæ фегъосунмæ æхе æрбайста, ка ба, игуæрдæни æнæгъæнæ бон хуасæ фентаугæй, уадзуй ами æ фæллад... Беретæн сæ куст дæр сæ хæццæ æй. Еуетæ уесойнæ бæттунцæ, иннетæ сагойни гъæдæ амайунцæ, æртиккæгтæ ба скъудтæ къæзбитæ, рæвæйнитæ хуйунцæ, кенæ гæркъатæ амайунцæ. Еузагъдæй, алкедæр ести гъæугæ куст кæнуй. Гъе, уæддæр Къадати нихæси тæккæ дессагдæр æма сæйрагдæр æнцæ хабæрттæ. Етæ ба алкæцæй æма аллихузон фæуунцæ.

Федар æма е ’мбæлттæ уæлиндзæбæл гъазунцæ циккидортæй. Фал Федар æ гъос хъæбæрдæр хестæрти дзубандимæ даруй. Нихæси бадунцæ гъæуи тæккæ зæронддæр лæгтæ – Афай æма Зауæр дæр. Æнзтæ сæбæл дзæвгарæ кæд цæуй, уæддæр сæ алли дзурд дæр бунати æй, бæрæг æй,

ести зæгъуни размæ ’йбæл лæмбунæг ке расагъæс кæнунцæ, е. Уæзбун дзурдихатт син ес, фал сæмæ адæймаг игъосунæй не ’фсæдуй.

– Нур æнцон цæрæн иссæй, мæ лимæнтæ, раздæр уæхæн равгитæ æма гæнæнтæ кæми адтæй, – лæдзæги фиййæй доргун зæнхæ къахгæй, райдайуй æ дзубанди Афай. – Нæ рагон фиддæлтæ хуæнхти, аци æвадуат бунæтти некæд цардæнцæ. Далæ Сау денгиз æма Хъаспийи денгизи æхсæн будуртæ уони адтæнцæ, стæн хатт æрбафтуиуонцæ хуæнхбæстæмæ – стæри цæугæй кенæ ба цауæни хæтгæй. Фал Алсахъ-Темури æрбалæбурди фæсте ба син хуæздæр гæнæн нæбал адтæй, æгæр сæ искунæг кодтонцæ тæтæр-манголти æфсæдтæ æма сæхе аци къæдзæхти иуазæг бакодтонцæ. Нæ адæнихаттæн еугур исæфт фæккæнунæй дæр тæссаг адтæй... Уогæ, еци хабæрттæ мæнæ Задæлески Нанай таурæхъи дæр æнцæ, зонетæ сæ... Дзенети фæббадæд, æ рохс ном ба макæд фесæфæд...

Хуæнхти æрцæргæй дæр аланти байзæддæгтæ æгудзæгæй сæхе не ’вдистонцæ, ирисхъæгун, нифсгун æма раунциуон адæн адтæнцæ. Фал уæддæр хонх хонх æй. Нур ардæмæ хуæдтолгитæ гув-гувгæнгæ æрбахъæртунцæ, æрæги ба си æгæр-мæгур уæрдуни над дæр на ’дтæй. Будурмæ цæуæг æма будурæй здæхæг дууæ бæхгини хауæни сæрмæ нарæг къахнадбæл ку фембæлиуонцæ, уæд е устур гъуддаг уидæ. Тухамæлттæй радтиуонцæ сæ кæрæдземæн над, еуæй-еу хатт ба фидбилиз дæр æрцæуидæ – кенæ бæх, кенæ æ хецау, кенæ ба сæ дууæ дæр арф нарæг коми ранигъулиуонцæ... Фонси хуаллаг, сог дæр æнцон мадзалгæнæн на ’дтæнцæ, æвадуат рауæнтæй сæ хæссун гъудæй хæргутæ, хъадиртæбæл. Бæхтæ уæди рæстæги æгасемæ на ’дтæй... Мадта цæрæн къæс аразунмæ дæр еститæ куд нæ гъудæй! Уæдта, уæ зæрдтæй, абони хузæн хæдзæртти цардæнцæ? Куд нæ, гъо! Пецтæ си нæ уидæ, арт æндзарстонцæ хæдзари астæу, зæнхи. Хъуæцæ ба тугури цъасæбæл цудæй æндæмæ. Зумæг мет дзæбæх ку ’рсæрфидæ, ку ’рбауазалтæ кæнидæ, уæд хæдзари хурфи цæргутæ суйунмæ æрцæуиуонцæ, арæх садæнцæ, хъæбæрдæр ба сувæллæнттæ. Нур минкъий ку исхуфуй сабий, уæддæр имæ дохтур æрбахъæртуй, ба ’ймæ зелуй алцæмæй... Уæди рæстæги ба хуæдахур дзæбæхгæнгутæ æма

дæснити евгед адтæнцæ кæмтти цæргутæ кæстæрæй-хестæрæй, нæлгоймагæй-силгоймагæй...

Афай радауй æ уорс даргъ бецъотæ, æ цæстингас рахæссуй хуæнхти цъоппитæбæл, арф нийнæфуй æма изолдæр кæнуй æ дзубанди, цума зæронд киунуги сифтæ еу инней фæдбæл хатуй, уоййау... Æгасæй дæр имæ хъæбæр лæмбунæг игъосунцæ, сибиртт си некæмæй хауй...

– Зумæг ба сæбæл бустæги мæгур бон искæнидæ. Еуæй-еу æнзти мет уотæ берæ æруаридæ, æма будурмæ, еу комæй иннемæ нæ, фал гъæуæй æндæмæ рацæуæн дæр нæ уидæ. Согæй ка нæ рахъæртидæ, е ба сæнарæ сугъта, хуæруйнаг дæр уой артбæл кодтонцæ...

Æхсæвæ ба сугътонцæ нæзи гъæдæй конд цирæгътæ. Уæд фæтæгентæ, æндæртæн сæ кой дæр нæма адтæй. Мадта хъæппæли гъуддаг дæр устур сагъæссагбæл нимадтонцæ. Тæккæ сæумæ дæр уи алкедæр уæртæ нæ туканмæ бацæудзæй ма хæдонæй, хæлафæй, къахидарæсæй цидæр гъæуа – балхæндзæй. Еци дзаманти ба нæлгоймагæй, силгоймагæй, сувæллонæй дардтонцæ хæдзари уафт тунæй уæледарæс. Кодтонцæ ма си сæхъестæ, хурдзинтæ, сауæнгæ, рæсугъд горцъетæ дæр. Фуси гъунæй ба кодтонцæ нимæттæ, галдзармæй – гæрзитæ, бæндæнтæ æма æндæр гъæугæ дзаумæуттæ.

Цард тиллæгæй æй, уой ка нæ зонуй... Тиллæг ба зæнхæбæл ирæзуй. Гъема кунауæггаг зæнхи гæппæлтæбæл дессаги хъиамæттæ фæккæниуонцæ – æ дортæ ин æфснайæ, фагус имæ хæссæ, къотæртæ æма бæлæстæ бундзарæй къахæ... Алци дæр лæгдухæй, рагъæй, сау хъаурæй! Йа, еунæг устур кадгин Хуцау, ци хъаурæгин адтæнцæ нæ фиддæлтæ! – æ сæр бателуй Афай.

– Цитæ ниффæразиуонцæ, цæмæнти бухстæнцæ! Кенæ ба, цид, фуданз искæнидæ, тиллæг фесæфидæ, уæхери фæдздзæгъæл уидæ, адæн судæй мæлунмæ æрцæуиуонцæ... Уæддæр, дессаг куд нæй, рауотæхстан нури уæнгæ, цæрæн, хуæрæн, гъазæн, ходæн...

– Лæг мадзалæн конд æй, – исдзоруй сабургай Зауæр. – Уотæ ку н' адтайдæ, уæд айфонмæ а зæнхи цъарæбæл цæрæг нæбал уидæ...

– Хъæбæр раст зæгъис, Зауæр, – баходæзмолæ кæнуй

Афай. – Гъема, радзорай мæнæ фæсевæдæн, дæ лæхъуæни доги Цъахти билæй куд рагæпп кодтай, уой дæр.

Зауæр нифсæрмитæ уй, еци рагон хабæрттæ ма нур ке гъæунцæ, зæгъгæ, равзаруй дзубанди иннердæмæ раздахун, фал имæ нихæси бадæг иннæ лæгтæ дæр æрхатунцæ, æма уæд райдайуй дзорун.

Граждайнаг тугъд цудæй Уæрæсей. Уæдмæ Зауæрæн æ инсæй анзи æхе фæцæнцæ. Змæнст, хæлхъой рæстæг адтæй. Еуетæ, сурхитæ, советон хецаудзийнади сæрбæл хъазауатонæй тухтæнцæ, иннетæ ба – уорситæ сæ худтонцæ – нæуæг хецаудзийнади нихмæ адтæнцæ. Еу уæхæни, фæззигон уомæл æхсæви Зауæрети дуар кадæр сабургай æрбахуаста. Кæстæртæ уæдмæ фунæй кодтонцæ, сæ фидæ Хъæрæсе партизанти хæццæ адтæй, æма си еу мæйи бæрцæ неци хабар игъустæй. Æма нур Зауæр æма æ мадæ уобæл фæггурусхæ ’нцæ, кæд фæззиндтæй, зæгъгæ. Дуар байгон кодта Зауæр æхуæдæг. Æцæгæйдæр, е адтæй Хъæрæсе. Фиццаг бакасти нæбал бафæсмардта фурт æ фиди. Хъæрæсе рауагъта даргъ рехæ, бецъотæ, бæзгин æрфгути бунæй нæзи цирагъи рохсмæ гæзæмæ æрттивтонцæ æ цæститæ. Æ къохи цидæр хурдзинтæ, фарсбæл – хумпъур. Еунæгæй на ’дтæй Хъæрæсе. Æ хæццæ ма медæмæ æрбахизтæнцæ дууæ лæги. Сæ еу лæдзæги æнцæнтти, къулух цудæй, алли ампъезæн дæр е ’нæдаст цæсгон хъæбæр нинцъулдтæ уидæ, бæрæг адтæй, къах ресгæ ке кодта, е.

– Не ’мбал æй, Тъох, æ къах фæццæф æй æма ’й римæхсун гъæуй, – балæдæрун кодта Хъæрæсе Зауæрæн фæстæдæр, хецæн уати еу минкъий сæ фæллад ку исуагътонцæ æма къæбæр ку бахуардтонцæ, уæд. – Уалæ ’й Сурхи лæгæтмæ исхъæртун кæнæ тæккæ ахсæви. Ами ин лæууæн нæййес – уорсити сæумæ ардæмæ гъæуй, алли хæдзари дæр деголæ кæндзæнцæ. Сæ къохмæ ку бахауа, уæд нæбал фæййервæззæй. Мæнæ цидæр исæрдæн хуастæ ес, никкидæр ма кæд естæбæлти фæххуæст уон – хæссæ сæ. Уæдта дон, хуæруйнаг еу къуар боней фагæ. Уæдмæ ба ’й еу бæрæггæнæг уодзæй. Æрмæст хъипп-сун некæмæн. Дæ мадæн дæр мацима зæгъæ, ка ’й, ци ’й, кæми ’й, уой туххæй.

Еу сахатти ’рдæг ма рабадтæнцæ, уæдта Зауæр сæ хъадирбæл саргъ февардта, лæги имæ исæргъувта, æ фæсабæрцæ

ба ин хурдзинтæ æрауигъта, æхуæдæгка фестæгæй, идонæ æ къохи, уотемæй сæ над радардтонцæ Сурхи сæрвæттæмæ.

Бон цъæхтæ кæнун райдæдта, уæдмæ сæ бунати адтæнцæ. Байзадæй уоми лæгæти Хъæрæсей æмбал. Зауæр ба раздахтæй фæстæмæ. Уæдмæ дзæбæх рарохс æй, æма 'йбæл цæмæй маке фæггурусхæ адтайдæ, уой туххæй Зауæр соги уæргътæ æрæвардта æ хайуанбæл æма уотемæй, скъотзарæгæнгæ, æревгъудæй Къадати гъæунгти.

Еци бон фæсарæфти гъæумæ бацудæй уорсити бæхгин æфсæдти къуар. Фæррафæрсæ-бафæрсæ кодтонцæ адæни, сурх партизанти туххæй уи ка ци зонуй, зæгъгæ, сауæнгæ ма хъазар лæвæрттæ æма æхцайæй дæр зæрдæ ивардтонцæ, ка син фенхус кодтайдæ, уонæн. Фал си неци рауадæй.

Зауæр ба сог хæссуни рæууонæй дууæ–æртæ бонемæ еу хатт исхъæртидæ Сурхмæ. Фал ибæл, æвæдзи, кенæ еске цъух бахаста, кенæ ба уорситæ фæггурусхæ 'нцæ, ма 'й еу сæумæ Цъахти билæмæ хæстæг нæзи къохи арæсæни бадæг патруль райахæста. Æ хурдзини ци хуæруйнæгтæ адтæй, уони æхе фæндаггаг бæргæ исхудта Зауæр, фал ма син се 'хсæн кæдзос уорс хæцъилттæ 'ма цæф исæрдæн хуасæ ку фæууидтонцæ, уæдта патрули афицербæл базуртæ базадæй.

– Мах дæбæл нæ цæстæ раги æрæвардтан, мæнæ биццеу, – æхемæ ниццæй афицер. – Ами кæдæй ан, уæдæй нурмæ æнæгъæнæ гъæуи фагæ сог æрхастай. Цума и гъæдæ уотæ берæ кæдæй нурмæ бауарзтай? Зæгъай нин, арæх ке рабæрæг кæнис? Аци хъазар хуастæ уотæ æхсицгæ ке багъудæнцæ?

Берæ 'й фæрракæнæ-бакæнæ кодта афицер. Кæми лигъзласæ, кæми æхсæй æвзедгæй, агурдта дзуапп – ке римæхсуй хуæнхти Зауæр? Зауæрæй ба хъипп-сун нæ хаудтæй. Нийвадæй, балæдæрдтæй, ани къохæй дзæбæхæй ке нæбал раервæззæй, адзали надбæл ке ниллæудтæй, уой. Фал Тъохи бунат иской кæнун ба æ гъудий дæр н' адтæй.

Уæдмæ уорситæ сæхе медастæу сабургай цидæртæ радзурдтонцæ, 'ма сæ афицер æ къохæй райамудта Цъахти билæрдæмæ. Уæдта æ бæхмæ исхизтæй æма гъæумæ фæннæхстæр æй. Е 'мбæлттæй дæр еу цалдæр æ фæсте рандæ 'нцæ, иннетæ ба Зауæри размæ бацудæнцæ, æ къохтæбæл ин фæххуæстæнцæ 'ма 'й билгæронмæ бакодтонцæ. Уæддæр Зауæрæй нæма байрагæс æй, æхсгæ 'й ке кæнунцæ, е. Фал

салдæттæ сæ фæндзæхстæнттæ се усхъитæй ку ’ристонцæ, сампалти къæбаркъубур ку иссудæй, уæдта лæхъуæн хуарзау нæбал фæцæй.

Æ алфанбулай æрдзæ цæхæртæ калдта. Фæззигон рæсог уæлдæфи игъустæй коми арфæй Ирæфи стуф. Дууæ цæргæси æнæмæтæй æма сæрустурæй сæхе ерхæфстонцæ кæдзос арви итигъдади, адæни сагъæстæ æма мæститæ сæмæ гъаргæ дæр нæ кодтонцæ. Хæстæг нæзи къохи сæ зæрди дзæбæхæн зардтонцæ мæргътæ. Сауæнгæ ’й æ хайуан, æнахъæл, фал косагæ хъадир Бæгъетт дæр нецæмæ дардта – æхецæн æнцад хизтæй хуæнхаг сонгун кæрдæгбæл. Æ бунмæ ба, дæлиаугомау, цъæх горцъейау, дунгæмæ змалдæнцæ бæрзонд нæзити цъонккитæ, цидæр æнахур æлвæст æй кодтонцæ сæхемæ. Æма куддæр топпити цъухтæ æ бакомкоммæ рауидта, уотæ, уæддæр исæфгæ ’ма исæфгæ, зæгъгæ, цæхгæр фæззилдæй, æ цæститæ фæцъцъундæ кодта, къохтæ фæйнердæмæ фæххаста ’ма билæй æхе фехста...

Фæндзæхстæнтти æндон къæрццитæ ма тæхгæ-тæхун рауадæнцæ æ гъостæбæл, фал æй нæбал раййафтонцæ...

Ниви ервæзт фæккодта Зауæр. Бæлæсти бæзгин къалеутæ ’й къæбуртæмæ æрхаун нæ бауагътонцæ. Раст зæгъгæй, хъæбæр ницъцъæррæмухститæ ’й, уæраг дæр бæласи цонгбæл ниццавта, фал адзалæй ке фæйййервазтæй, æгас ке байзадæй, уой цийнæй Зауæр æ рист дæр нецæмæбал дардта. Цалинмæ уорситæ уæлбилæ сæ фур десæй мардæнцæ ’ма кæрæдзей рафæрсæ-бафæрсæ кодтонцæ, куд нин гæнгæ ’й, зæгъгæ, уæдмæ Зауæрæн æ кой дæр нæбал адтæй.

Цалдæр боней фæсте ба уорситæ сæхе райстонцæ будурмæ...

Гъе, уæхæн дессаг хабæрттæ фегъосуй Федар Къадати нихæси.

## САУÆР – ÆВДАДЗИ ХУАСÆ

Августи дуккаг æнбеси еу цалдæр хатти хъæбæр устур уарунтæ æрцудæй, уой фæсте ба дессаги дзæбæх, хоргун бонтæ искодта. Федар сæумæ раги фестидæ, хестæртæн е ’нхуси хай бакæнидæ, уæдта е ’нгæртти хæццæ æрвиста æ

рæстæг. Къадати фалдзостæ кæци къумæй нæ ракæсиуонцæ сæумæй изæрмæ, уæхæн нæбал байзадæй. Сауæнгæ ма си хуæрун дæр феронх уидæ еуæй-еу хатт. Арæх, цид, цудæнцæ гъæуи фæсте игуæрдæнтæмæ. Бæзгин, хуæрздæф кæрдæги астæу устур дортæбæл агурдтонцæ гъæддаг мудибиндзити æвæрæнтæ – тæнæг цъарæй æмбæрзт минкъий хъулуфтæ. Фæкъкъæрт æй кæнæ, æма дин си цайцумæн уедуги дзаг бæзгин, таргомау муд. Раст зæгъгæй, æ адæ хæдзарон биндзити муди хузæн æнхæст на 'дтæй, зинна-нæзинна мæстхалуг хаста, фал уæддæр биццеути зæрдæмæ хъæбæр цудæй. Алкедæр къуæцæлæй исамаидæ æхецæн минкъий фиййаги хузæн, 'ма уомæй хуардтонцæ муд.

Еухатт ба сæ Сослан фæххудта, Ирæфи æндаг билгæрони ци сауæр адтæй, уордæмæ. Еци сауæри кой Федар арæх фегъосидæ. Цалдæр анзей размæ 'ймæ Айдарухъ дæр фæццудæй. Æ ахсæн ресидæ, æма си, хуасийнæ æнгъæлæй, баниуæзтитæ кодта, уæдта ма си æ хæццæ дæр раласта Фæрбунмæ устур нарæгхъур авги дзаг. Е ин фенхус æй æви æндæр ести, фал уой фæсте Айдарухъ æ уасæ иссердта, еудадзуг ахсæни ристæй нæбал гъаст кодта. Æцæг, тæрсгæ дæр хуарз фæккодта – уæд сауæрмæ дзæбæх бацæуæнтæ нæма адтæй, æрмæстдæр имæ Ирæфи гулфгæнгæ æма ирайгæ уолæнти сæрмæ къæбуртæбæл бахезиуонцæ. Айдарухъ дæр имæ устурзæрдæй еунæгæй фæрраст æй, æнцондæр æма æдасдæрæй куд бацæун гъæуй, уобæл гъæуккæгтæй неке бафарста, уотемæй. Гъема, минкъийтæбæл донмæ ниххаудтайдæ – æ къах фæггурдæй цъифæ дорбæл, фал ма, куд Хуцау хуарз, къæбури тегъæбæл дуухæ къохемæй хуæст фæцæй, æхе ниууорæдта...

Нур сауæрмæ дзæбæх къахнад иссæй, биццеутæ 'ймæ æдæрсгæй бацудæнцæ. Федари финдзи хъæлтæбæл циуавæрдæр æнахур тæф рауадæй, Сослан уорс финкæкалгæ донæй гъæдин къоппа ку байдзаг кодта 'ма 'ймæй ку балæвардта, уæд. Федар си арæхсгай исахуста 'ма 'й фæстæмæ бадаргъ кодта Сосланмæ – æгæр цæхгун имæ фæккастæй.

– Дæ зæрдæмæ нæ цæуй, уомæн, æма ди неци ресуй, – загъта ин Сослан. – Еуæй-еуетæн ба æвдадзи хуасæ 'й аци дон. Будури гъæутæй дæр ма æрбацæуунцæ нæ сауæрæй ниуазунмæ...

Иннæ бицщеутæ дæр си берæ нæ баниуазтонцæ, алке дæр си фæйнæ цалдæр хуппи искодта, уæдта æрбадтæнцæ сауæри рæбун дортæбæл къæбури ауиони. Дзубанди син раеудагъ æй. Сослан, куд се 'гасей хестæр, радзурдта, сауæрти туххæй зæрæндтæй, уæдта скъолай ахургæнгутæй цитæ фегъосидæ, уой. Сауæнгæ ма медкоми иннæ рауæнти ци сауæртæ адтæй, уони дæр зудта – ка си куд хуннуй, циуавæр незтæ дзæбæх кæнуй... Кудфæстæмæ, сæ дзубанди рахæттæй хуæнхти хурфи римæхст хæзнатæмæ.

– Мæнæн баба уотæ фæдздзоруй, 'ма, дан, мах хуæнхти хъæбæр берæ ес изди, æвзестæ, æрхи, сауæнгæ сугъзæрийнæ дæр, – загъта Æфсæддон. – Ахургонд адæн, геологтæ сæ хонунцæ, алли анз дæр ами фæккосунцæ æма æнæ ести иссергæ нæ фæуунцæ. Æрмæст, дан, еци хæзнатæ агорун æма къахун æнцон нæй – æгæр арф римæхст æнцæ хуæнхти хурфи.

Уой фæсте ба бицщеутæ ракодтонцæ хуæрунмæ бæзгæ зайæгойти кой дæр. Уæркъинтæ, скъелдзу, саунæмуг, гæнгæли, цагъана – ци ба нæййес медкоми игуæрдæнти, хумти 'ма гъæдбунти! Кенæ ба си ци дессаги хуæрзадæ æма федар фæткъу зайуй!

Бицщеутæ дзурдтонцæ. Федари зæрдæбæл ба æрлæудтæй, æ мадæ ин еухатт ци хабар ракодта, е. Цæветтонгæ, уæд ма минкъий кизгæ адтæй Катя. Еухатт сæ синхи уоститæ давонæмæ цудæнцæ, 'ма Катя, уæдта æ кæстæр æнсувæр Хадой дæр сæ хæццæ фæххудтонцæ. Сæумæй раги рандæнцæ, 'ма син дзæбæх бантæстæй, фæсарæфтæмæ сæ голлæгутæ байдзаг æнцæ. Фал ма изæрмæ дзæвгарæ рæстæг байзадæй. Рандæнцæ нæуæгæй Давонгунмæ уоститæ, сувæллæнтти ба уæргъти рази ниууагътонцæ, тагъд фездæхдзинан, сумах ами фæллæууетæ, зæгъгæ.

Хор раги нифтудæй, æризæр æй, талингæ кæнун райдæдта, силгоймæгтæ ба уæддæр некæцæйма зиндтæнцæ. Сувæллæнттæ тæрсун райдæдтонцæ. Хуарз, æма Хадой дзиппи спичкитæ разиндтæй. Сæ рæбунтæ цидæр хускъæ согтæ адтæй, уони еу рауæнмæ æрæмбурд кодтонцæ 'ма сæбæл зинг бафтудтонцæ. Уайтагъд устур арти циренмæ ниррохс æнцæ сæ фалдзос къæбуртæ, нæзи бæлæстæ. Хуæрæ 'ма æнсувæр уотæ хъæбæр нæбал тарстæнцæ. Арти фарсмæ бадтæнцæ

’ма сæхецæн нифсæвæрæн дзубандитæ кодтонцæ. Уæдмæ хæстæг бæлæсти бунæй, æхсæви тарæй, æ сæр радардта циуавæрдæр минкъий сирд. Уайтагъд фæййауууон æй, уæдта бабæй иннердигæй æрбазиндтæнцæ æ циргъ къембур æма æрттевагæ цæститæ. Сувæллæнттæ хуарзау нæбал адтæнцæ, устур тас си бацудæй. Уæддæр Хадо, æцæг лæгау, еугур хомухæй æхе нæ равдиста. Кæд æ минкъий зæрдæ реуæй исгæпп кæнунмæ багъавидæ, уæддæр цæфсгæ æхседарв фелваста æма ’й сирдбæл фехста, æхуæдæгка ма ’йбæл æ гъæлæсидзаг дæр нигъгъæр кодта. Сирд фæццидæр æй, фал уæдмæ арт дæр минкъийгай хуссун райдæдта, согтæ ба хæстæг некæмибал адтæй. Давондзаутæ дæр нæма зиндтæнцæ.

– Ести кæнун гъæуй, а хуарз хабар нæй, – сагъæсхузæй дзурдта Хадо, æ хуæрæ арти фарсмæ дзоццæги куд бадуй æма æ цæстисугтæ куд нихъуæруй, уомæ тæрегъæди каст гæнгæй. – Гъæйдæ, уæртæ еци устур бæласæмæ исхезæн, уæдмæ ба не ’мбæлттæ дæр зиндзæнæнцæ.

– Нæ хæрæг ба уæд ци фæуйуодзæй? – хæкъурцгæнгæй бафарста Катя.

– Хæрæги дæр бæласæмæ исиваззинан, мæнæ нæмæ бæндæн дæр ес, – цума дзубанди дæркъæ кенæ минкъий къæбусбæл цудæй, уоййау нифсгунæй дзуапп равардта Хадо.

Цитæ кодтайуонцæ æхсæвигон тар гъæди еунæгæй, Хуцау зонуй, фал уæдмæ, сæ нивæн, фæззиндтæнцæ уоститæ дæр. Хъæбæр сæбæл ниццийнæ ’нцæ, æгайтима дзæбæх айтæ, мах ба сумахбæл ку мæтæ кодтан, зæгъгæ. Цæветтонгæ, гъуддаг уотæ рауадæй, æма æгæр бадзебæл æнцæ давонæ æмбурдгæнгæй, фæстæмæ ку рацудæнцæ, уæдта талинги сæ надбæл дæр рарæдудæнцæ.

– Хуарз, æма еци адæгти еугур дзæгъæл нæ фæцан, æндæра аци сувæллæнттæ цитæ кодтайуонцæ, – æ сæр бателидæ уоститæй сæ еу, Сафят.

Аци цау Катя берæ хæттити дзурдта æ цæуæтæн, æма ’й Федар дæр уомæй хуарз багъуди кодта. Æрмæст еци давонæгун бунæттæ кæми ’нцæ, уой зонгæ нæ кæнуй. Цума ин уони бабæрæг кæнунмæ ба кæд фæуйуодзæй равгæ?

## ДАРИХАНИ ФУН

Хъаурбег æма Дарихани кæстæр фурт Горга æфсади служ-бæ кæнуй, кæмидæр Идард Хорискæсæни. А-фæстаг рæстæг си неци хабар ес, æма нийййергутæ сагъæси бахаудтæнцæ. Хъаурбег, куд нæлгоймаг, уотæ федардæр æй, æхебæл хуæ-цуй, фал Дарихан ба зингæ фæммæтъæлдæр æй, еудадзуг æ хурфæмæ игъосуй. Ести ку коса, уæддæр гъудити рандæуй, ниссах уй, æнтæсгæ дæр ин нецибал фæккæнуй. Æ хестæр биццеу Хадо дæр æфсади 'й, берæ 'й нæбал гъæуй иссæ-унмæ. Арæх финсуй сæхемæ. Æрæги дæр си адтæй пъис-мо æма си финста, мæхуæдæг дзæбæх, æнæнез дæн, уæ-хуæдтæ куд айтæ, ци нæуæг хабæрттæ ес синхи, гъæубæсти, зæгъгæ. Фарста ма, Горгайæй фæстаг хатт пъисмо кæд рай-стонцæ, уобæл. Уой фæсте никки хъæбæрдæр æрæнкъард æй Дарихан. Æнсувæртæ арæх финстонцæ кæрæдземæ, фал си нур ба Хадо дæр, æвæдзи, рагæй нæбал райста пъисмо. Е дзæгъæли хумæтæги нæ 'й, Горга уотæ устурзæрдæ некæд уидæ. Мадæ æхецæн бунат нæбал ирдта. Никки ба ма еу æх-сæвæ цидæр лæгъуз фун фæууидта æма уоци бонæй фæс-тæмæ бустæги æрæнкъард æй. Бæргæ ин зæрдитæ ивард-тонцæ хеуонтæ, синхæнттæ, еци кари биццеутæ устурзæр-дæ фæуунцæ, пъисмотæ финсунмæ зийнадæ фæккæнунцæ, кенæ ба, ка 'й зонуй, е 'мбæлтти хæццæ командировки ескæми 'й, æфсæдтон гъуддаги берæ фæззелæнтæ ес, зæгъгæ. Фал Дарихан некæбæл æма нецæбæл æуууæндтæй. «Мæ биццеу æнæфидбилиз нæ 'й, лæдæруй æй мæ зæрдæ, лæдæруй», – æ цæститæ дони разелгæй, дзурдта Дарихан синхи уоститæн.

Федар ма хуарз гъуди кодта, Горга æфсадмæ ку цудæй, еци бон. Берæ адæн рацудæй Горгай фæсте, Къадатæй æй сауæнгæ далæ коми думæгмæ рафæндараст кодтонцæ гъæу-бæсти фæсевæд. Ка ин ести лæварæй, ка æхцай капеккæй, ка ба уотид цъухи фæлмæн загъдæй æлхæдта æ зæрдæ. Сæ уарзон æнгарæн алке дæр бæлдтæй фæстæмæ æнæнез æма сæрæгасæй исæздæхунмæ. Уомæй дууæ-æртæ бони раздæр ба Федар æма Горга рандæнцæ донгонмæ. Куройни дæллаг фæрсти Ирæфæй еу нарæггомау къабазæ фæххецæн æй, дони тæх си уотæ карз н' адтæй, 'ма ами сæхе æртадтонцæ. Федар кæсунæй не 'фсастæй, уæйуги бундзæфхади хузæн,

федæрттæарæзт Горга минкъий, фал арф хъуми æхе куд фæннихъолидæ, цъетей уазал донæй æппундæр куд нæ тарстæй, уомæ. Æзини хузæн ма ин гъуди кæнуй Федар æ ходгæ сау хъоппæгъ цæститæ...

Нур ба си неци хабар ес. Бæргæ лæдæруй Федар мадæ 'ма фиди сагъæс, фал син цæмæй банхус кæна, ци 'й æ бон?

Федар хуссидæ хестæрти уати фарсмæ дзатмабæл. Еу æхсæвæ райгъал æй цидæр стуфмæ. Фиццаг хуссигъæлдзгутæй неци балæдæрдтæй æма еу усмæ къæразгæй æндæмæ кæсгæ байзадæй. Гъæу æнцад æхецæн фунæй кодта. Цалхидзаг мæйæ ниттулдæй хуæнхти фæстемæ, зиндтæй ма си уотид еу минкъий гæбазæ, æрæгиау ба е дæр фæццидæр æй. Арвбæл ма тæбар-тубур кодтонцæ стъалутæ. Дзатмай къæразги игон цæстæй медæмæ калдæй сатæг дунгæ, комæй игъустæй Ирæфи æнæбанцайгæ сур-сур.

Æ цæститæ бабæй æрхуæстæнцæ Федарæн, нæуæгæй æрцæйфунæй æй, фал æ гъос райахæста кедæр нидæн дзубанди. Уайтагъд æ сæр фергъувта биццеу.

– Мæ сауцæстæ, мæ имонау, мæ боц Горга, кæми дæ нур айфонмæ, ку неци дин зонун, ци ма кæнон... – æрдæгкæунгъæлæсæй дзурдта Дарихан. – Ке бафæрсон, кæмæ мæхе бакъолæ кæнон, еци изол бæстæй мин ка ци хабар исхæссæй...

– Ниууадзæ, мæнæ уосæ, дæхе дæр мабал хуæрæ 'ма мæн дæр сагъæсбæл мабал æфтауæ, – райгъустæй Хъаурбеги дзурд дæр. – Миййаг, минкъий уæхæн цаутæ ку нæ фæууй, еуæй-еу хатт си цалдæргай мæйтæ неци хабар фегъусуй, уæдта... уæдта æнай-æнойти разиннунцæ... Ка 'й зонуй, кæд отпуски иссæуйнаг æй æма уомæн нæ финсуй...

Сабур кодта æ уоси Хъаурбег. Нифситæ ин æвардта, уæдта лæгæн æхе зæрдæ дæр исхъурмæ 'й æма искудтæй... Нигъгъос æй, ниссах æй гъæццоли буни Федар, æ хуссæг фæццидæр æй. Мадæ 'ма фидæ ба, неке нæ игъосуй, зæгъгæ, сæ сосæг æрхуни цæстисугæй сæхе æхснадтонцæ. Æрæгиау Федар дæр сабургай æруагъта æ сæр базбæл, æма 'й æхуæдæг дæр нæ балæдæрдтæй, æ ростæбæл гъар сауæдæнттæ куд æруадæнцæ, уой...

Сæумæй Хъаурбег районмæ, военкоматмæ рандæй, ести бæргутæ кæд базонинæ, зæгъгæ, Дарихан ба искодта æртæ

къерей, нивгæдта минкъий гъосини арахъ, райста æхца нисайнагæн ’ма Федармæ фæдздзурдта: «Цæуæн, биццеу, Лæгти изæдбæл нæ бæлццæнтти æма нæхе бафæдзæхсæн».

– Дзиуарæмæ? – ниддес кодта Федар.

– Дзиуарæмæ, биццеу, дзиуарæмæ, кæдимайди нин сугъзæрийнæ базургин Лæгти изæд нæ кувд райсидæ, нæ нæ феронх кæнидæ...

Федар берæ хæттити фегъосидæ, еци ковæндонæмæ силгоймагæн цæуæн ке нæййес, уой, æма æ дес дæр уобæл адтæй. Фал æдосиккон хабæрттæ æ зæрдæбæл ку ’рбалæудтæнцæ, уæдта нецибал загъта. Зин балæдæрæн на ’дтæй мади катай æма сагъæс, изæдтæ ’ма идаугутæ æ фæстаг нифс, æ фæстаг фæххуæцæн ке ’нцæ, е.

Ковæндонæ адтæй Къадати фæсте хонхи дагъи устур арф лæгæти. Хезгæ ба ’ймæ искæниуонцæ къæбурти ’хсæнти нарæг къахвæндагбæл. Фиццаг хатт æрбацудæй ардæмæ Федар, æма ’ймæ алци дæр хъæбæр дессаг кастæй. Дзиуари астæу – тъæригъос, æртуат. Цари комгъæдæй гæллеу кодта даргъ сау рæхис, æ кæронбæл къæндзу, къæндзубæл ба агæ ауигъд. Лæгæти рæбунæрдæмæ – фæйнæгутæй хатæн. Хатæни медæгæй, лæгæти арфи – косарти стгутæй идзаг.

Лæгæти сæрмæ адтæй ставд нæзигъæдæй конгъæдтæ, уонæбæл ба саги сиутæ. Дзиуари фарсбæл Федар фæууидта рæсугъд конд нивæ – Уасгерги бадуй æртикъахуг уорс бæхбæл, æ къохи даргъ циргъ арцæ æма ’й ниццавта руймони гъæлæси. Лæгæти дууæ фарси адтæй бадæнтæ, сæ сæрмæ – годоритæ ауигъд, сæ хурфи ба гали сиутæй конд уедгутæ туйра цумунмæ, арахъ ниуазæн сикъатæ, бæгæний къостæ. Фарсбæл ма адтæнцæ фидеснитæ, ухститæ, устур гъæдин кусийнæ.

Æ нисайнаг, талингæ къуми ци минкъий кирæ адтæй, уоми ниггæлста Дарихан, æрæвардта ковæггæгтæ астæуцæгиндзи рæбун ниллæг æртикъахуг фингæбæл, уæдта, æхуæдæг дæр æма Федар дæр сæ уæргутæбæл æрлæудтæнцæ, уотемæй Дарихан искувта. Хъæбæр зæрдибунæй кувта уосæ, лихстæ кодта, курдта Лæгти изæд – Уасгергийæй, æгас изæдтæ ’ма идаугутæй дæр, цæмæй æ биццеутæ дзæбæх, æнæфидбилиз уонцæ, цæмæй се ’мбæлттæ дæр сæрæгас, æнæнезæй исæнбæлонцæ сæ уарзон бийнонтæбæл, сæ маддæлтæ, сæ фид-

дæлтæбæл. «Амменæ», зæгъгæ, исдзоридæ Федар дæр. Кæд сæ алфанбулай æрмæст рагон лæгæти æгомуг, сæгæйдзаг фæрстæ адтæнцæ, уæддæр имæ, цума ма сæ рæбун æндæр кадæр дæр ес æма сæмæ лæмбунæг игъосуй, уотæ кастæй...

Дзиуарæй ку рацудæнцæ æма игуæрдæнтæбæл Къадати хумтæмæ ку 'рхизтæнцæ, уæдта сæбæл гъæугæрони Сослан æма Æфсæддон ранбалдæнцæ. Сæ хæргути сæргътæбæл къæзбийтæ, фæрæттæ, хурдзинти – фæндаггаг. Согмæ цудæнцæ. Дариханæн салан равардтонцæ, Федари ба фæууорæдтонцæ.

– Кæцæй цотæ уотæ раги? – бафарста сабургай Сослан. Федар син гъуддаг балæдæрун кодта.

– Æвæдзи, Дарихан цидæр базудта, – æ сæр батилдта Æфсæддон, æма æ тумбул цæсгон фæттар æй.

– Цæмæ гæсгæ зæгъис? – æ зæрдæ фæкъкъæп кодта Федарæн.

Биццеутæ еу дзæвгарæ неци дзурдтонцæ, кæрæдземæ бакæсиуонцæ, æрæгиау ба Сослан арф нийнæфтæй æма æнкъардæй загъта: «Мамæ нæ фиди къуртки дзиппи иссердта, Горга кæми службæ кодта, еци æфсæддон хаййи хецауи тæфирфæси пъисмо... Хецауади сæрмагонд приказ æнхæст кодтонцæ е 'мбæлтти хæццæ 'ма, дан, æрдзон фидбилизи бахаудтæнцæ, метин бурдæни, некебал си фæййервазтæй. Еумæ сæ байвардтонцæ уоми æнсувæрон цирти... Гъуддаг æгас синх дæр зонунцæ, фал æй Хъаурбег æма Дариханæн зæгъун ба неке нифс кæнуй... Магъа, куд уодзæнæй...»

Федар куддæр фегуппæг æй еци æнамонд хабарæй. Уайтагъд дæр æ зæрдæбæл æрбалæудтæнцæ Дарихани фудфунтæ, мадæ 'ма фиди æхсæвигон гъенцъун, Горгай ходгæ сау хъоппæгъ цæститæ, сæ абони цуд дзиуарæмæ. Еци сахат, уæдта уой фæсте дæр, хабар ку иской æй, æма Хъаурбеги хæдзарæмæ синх, гъæубæстæ тæфирфæсмæ цæун ку райдæдтонцæ, сауæнгæ цуппæрæймаг æма фæндзæймаг бон дæр, æ фидæ 'ма мади хæццæ сæхемæ, Фæрбунмæ нæхстæргæнгæй, Федари сæри магъзи зелдогъ кодта еци-еу гъуди: «...Раздæр цæмæннæ фæццудан дзиуарæмæ? Уæд, ка 'й зонуй, нæ кувдтитæ фенхус адтайуонцæ Горгайæн... Уæддæр еу дууæ къуæрей раздæр...» Хъæбæр арф нийнæфидæ Федар æма бабæй е 'нкъард сагъæсти ранигъулидæ...

# ХÆДЗАРÆМÆ КУСТ

Ралæудтæй сентябрь. Нæуæгæй бабæй байгон æнцæ скъолати дуæрттæ. Фæрбуни скъола кæд асæй стур на 'дтæй – æдеугур аст къласи – уæддæр æй гъæуи устурдæр æма рæсугъддæр хæдзæрттæй сæ еуебæл нимадтонцæ. Сæрди дæргъи ин æ кълæстæ барæвдзитæ кæниуонцæ, ниххуариуонцæ пъолтæ, къæрæзгитæ, стъолтæ, къирæй исцæгъдиуонцæ фæрстæ – еу загъдæй, скъола æ хузæ искалидæ нæуæг ахури анзи райдайæнмæ. Уой уæлæнхасæн ба ма алкæмæ дæр нæуæг сумкитæ, киунугутæ, æндæр ахургæнæн дзаумæттæ. Устур бæрæгбон кæсидæ сентябри фиццаг бон Федармæ.

Аци анз дæр, иннæ хæттитау, е 'мкъласонти хæццæ кæрæдзей рафæрсæ-бафæрсæ кодтонцæ, ка кæми адтæй, ци фæууидта, ци нæуæг хабæрттæ базудта, уобæл. Берæ дессæгтæ фегъуста биццеутæй Федар, фал ин æхемæ дæр лæмбунæг игъустонцæ. Уæлдайдæр ба хургæркитæ куд ахæста Къадати, сауæрæй куд ниуазта кенæ ба дзиуарæмæ куд фæццудæй, цитæ си фæууидта, еци хабæрттæмæ. Беретæ ма 'ймæ хицæ дæр æркодтонцæ.

Фиццаг бон сæмæ уроктæ на 'дтæй. Сæ къласи разамонæг, зоологий ахургæнæг Терезæ син раарфæ кодта нæуæг ахури анз райдайуни фæдбæл, е дæр фæффарста, сæ каникултæ куд рарвистонцæ, куд бауолæфтæнцæ, уобæл, радзурдта, евгъуд анзи хæццæ рабаргæй, сæ размæ устурдæр ихæстæ ке лæудзæй, уалдзæг сæ экзаментæ дæттун ке гъæудзæй, уой тухæй æма сæ рауагъта сæхемæ.

Раеудагъ æнцæ ахури бæнттæ. Еу сабати, уроктæ фæууни агъонмæ, Терезæ фæдздзурдта къласи биццеутæмæ æ кабинетмæ. Балæдæрун син кодта æ фæндон – гъæуама исаразонцæ сирдтæ æма мæргъти царди туххæй сæрмагонд къум, æрдзи музейгонд...

– Гъæудзæнæй нæ будургъитæ, уæдта æндæр æрмæг. Цауæйнæнттæй дæр мин кадæртæ зæрдæ байвардтонцæ, сæ бон ци уа, уомæй фæккæссæнцæ. Нæ гъæдгæсти хестæр Окарæн дæр æзинæ дзурдтон уой туххæй, æма нæ кæд нæ ферох кæнидæ. Фал нæхе дæр байархайун гъæудзæй. Уадзæ 'ма, сумах аци скъола каст ку фæууайтæ, уæд еци музей уæ номбæл байзайа... Хуарздзийнадæ иронх нæ кæнуй… –

загъта Терезæ. – Мадта куд бакæнæн? Ести иссердзинайтæ?

– Æз уæлæ нæ синхæгти лæхъуæн Æхсарбегæн зæгъдзæнæн, цауæйнон æй, 'ма мин цъеусор кенæ халон рамардзæй. Гъуд ба 'й мæхуæдæг бакæндзæнæн, – æгасей разæй фæццурд æй Федар.

– Гъо, гъо, етæ тогцъух мæргътæмæ хаунцæ, æма си æнгъезуй науки сæраппонд бакайун, – бахудтæй æ медбилти Терезæ. – Гъема, хуарз, Федар, е дæуæн хæдзарæмæ куст фæуужæд. Нæ зæрдæ дæбæл дардзинан...

Изæрæй Федар бауадæй сæ синхæгтæмæ, фал Æхсарбег сæхемæ нæма адтæй, кустæй нæма æрцудæй. Дуккаг бон бабæй сæумæ раги биццеу синхæгтæмæ исмедæг æй.

– Ци раги фестадтæ, Федар? – ниддес ибæл æй Æхсарбеги мадæ Верицкæ. – Æви уæбæл гъонгæси кезу ес аци бон?

– Нæ кезу раги фæййевгъудæй, фал мæ Æхсарбег гъудæй еу минкъий. Æдосæ дæр ма уæмæ ку 'суадтæн...

– Е ба, мæ хор, æнафони æрбацудæй, айфонмæ ма, æвæдзи, æртиккаг фунтæ уинуй. Цо, ба 'ймæ уайæ дæхуæдæг. Кæд дин бакома игъал кæнун, уæд... Æз мæнæ стортæ æргъаумæ нискъæрон...

Æхсарбег, æцæгæйдæр, хъæбæр арф фунæй кодта. Тракторбæл косидæ, 'ма бабæй син, æвæдзи, ескæми басастæй. Æ косæн хъæппæлтæ æма цъифæйдзаг цулухътæ дæр уотид гæлстæй дзатмай сиребæл лæудтæнцæ.

Ци киндæуа, зæгъгæ, сагъæси рандæй Федар. Æвеппайди хъæппæлти скъаппи фæсте, къуми, фарсбæл æнцойнæй рауидта Æхсарбеги дууæхстон топп. Зæгæлбæл ба æрзæболæ 'й идзаг хъатара. Федар си исиста еу фат, берæ 'ймæ фæрракæсæ-бакæсæ кодта, рагъавта бабæй Æхсарбеги райгъал кæнунмæ, æ номæй дæр имæ гъæрæй исдзурдта цалдæр хатти. Фал е æхе фарсæрдæмæ бахатта 'ма гъæццоли буни никки арфдæр ниббурдæй.

Æма уæд Федар исфæндæ кодта. Фат æ дзиппи ниввардта, топп æрбайста æхемæ 'ма тургъæмæ рахизтæй. Верицкæн зæгъунмæ гъавта, цæй фæдбæл æрбацудæй, топп æй цæмæн гъæуй, уой, фал уосæ дæр некæцæйма зиндтæй, æвæдзи, кæмидæр дæллаг синхи силгоймæгти хæццæ дзубандитæбæл фæцæй. Гæнæн нæбæл адтæй, 'ма Федар, ци рабада, уой рабадæд, зæгъгæ, дууæхстон æ рагъмæ багæлста, сæ

хæдзари рæзти нæ, фал иннæ тегъæбæл рахизтæй будургæронмæ ’ма æ них гъæдæмæ исаразта, куда-циуа цауæйнони хузæн.

Хевастдзийнадæ ке ракодта, æнæфæрсгæй еске дзаумау ке райста, сæхемæ дæр ке неци загъта, уой лæдæрдтæй Федар. Тæккæ дессагдæр ба е адтæй, æма æ цæргæ-цæрæнбонти топпæй еунæг хатт дæр некæдма фехста. Уингæ фæккæнидæ, куд исефтиндзунцæ, куд фехсунцæ, гæрахи хæццæ топп фæстæмæ куд хъæбæр рæтегъуй, уой, фал æй æхуæдæг некæд бавзурста. Æма ’ймæ нур хъæбæр дессаг кастæй, топпи хæццæ ци нифсæй рацудæй, цæбæл æ зæрдæ дардта, кудтитæ кæндзæй идарддæр, е. Еу æй фæндгæ дæр ракæнидæ, надбæл ибæл еске ку рамбæлидæ ’ма ин цъеусор кенæ халон еци еске ку фехсидæ. Уæд фенæмæтæ уидæ, бæргæ. Иннæрдигæй ба æхе дæр фæндадтæй æ лæгдзийнадæ бавзарун. «Ай асæ исуо, ’ма нурмæ топпæй макæд фехсæ! – барæй мæстгун хъур-хъур кодта Федар, уомæй æхецæн нифс æвæргæй. – Æма нур ба, нæ уинис, тæрсун минкъий сувæллонау... Терезæн дæр ма зæрдæ байвардтон»...

Еци нифсæвæрæн хъур-хъур ин фенхус æй æви æндæр ести, ка ’й зонуй, фал Тъæпæн цъухмæ бахезæн мæскъи кæлди буни риндзи ку ’рбадтæй, кудуа-циуа цауæйнонау, æ еунæг фат хæтæли ку байвардта ’ма æнгъæлмæ кæсун ку райдæдта, уæд дузæрдуг нæбал кодта, аци бон фиццаг хатт æцæг топпæй æцæг æхст ке фæккæндзæй, уобæл.

Уæдмæ хор дæр искастæй, фал мæскъи арфмæ нæма нихъхъæрттæнцæ æ тунтæ. Æхсæвæ халасæ æрæвардта, æнæуой дæр ами уомæл рауæн адтæй, ’ма Федари къæхтæ æргъæфсун райдæдтонцæ, æ бауæр ехæнрезæ искæнидæ. Тогцъух маргъ зиннæг ба н’ адтæй. Цалдæр бæлæуи æ тæккæ сæрмæ донæхсинцъæбæл æрбадтæнцæ, фал æй уайтагъд рауидтонцæ ’ма æрбайсавдæнцæ. Уой фæсте ба рæзбунæрдиги æрбатахтæй устур цæргæс ’ма изолдæр раевгъудæй Кæсалггунæрдæмæ. Уæдта ’й Федар æхсгæ дæр нæ фæккодтайдæ, æ тæккæ рæбун ку æрбадтайдæ, уæддæр. Цæмæннæ – уой æхуæдæг дæр нæ зудта.

Æрæгиаути æ сæрмæ райгъустæй халони хъуахъхъ. Федар ма стъæлфгæ дæр фæккодта еци æваст, езгард гъæрæй. Дууæ халони, сæ сау базуртæй сурсургæнгæ, батахтæнцæ, еу

инсæй сардзини уоддæр ци бæрзонд тæрсæ бæласæ адтæй, уой сæрти, неци ’ймæ се ’рух æрхаттонцæ, фæйауuон æнцæ бæрзонд тегъæй. Минкъий фæстæдæр бабæй фæззиндтæнцæ æма бæласи тæккæ цъонкки хускъæ къалеубæл æрбадтæнцæ. Федар æхе æрæлхъивта кæлди рæбун. Халæнттæ, æвæдзи, цидæр æрæстæфтæнцæ, ’ма сæ еу фæттахтæй. Иннæ ба æ бунати къалеубæл елхъинагæнгæй байзадæй.

Федарæн æ уолæфт дæр нæбал цудæй, уотемæй топпи дзæукъабæл æрбахуæстæй, хæтæл кæлдæбæл сабургай æрæвардта æма нигъгъавта халонмæ. Еу усмæ фæккастæй топпи кæсæнæй, фал маргъ æ елхъинайæй нæ сабур кодта, ’ма Федар тарстæй нæ раргъæвунæй. Нигъгъавта бабæй Федар. Исхед æй, рахез къохи æнгулдзитæ хуссун райдæдтонцæ, цæстæ бафæллад æй. Æрæгиаути халон æ хъеллауæй бадæр æнцадæй. Федар æ тух æ бонæй нилхъивта топпи гъæдæ усхъæмæ ’ма къипгæнæн æрбалхъивта. Гæрах ниййарудта сæумон уæлдæфи...

Æхсти дудзигъæр раги банцадæй кæмидæр гъæди кæрæнтти, цъæх хъуæци пъæсту сæумон ирдгæ фæхxаста æ хæццæ, Федар ба ма уæддæр æнгон æлхъивта топпи гъæдæ. Æ гъостæ зардтонцæ, финдзи хъæлтæбæл уадæй топпихуаси карз тæф. Æрæгиаути фестадæй, æ хæлаф расæрфта ’ма сабургай бæласи бунмæ бацудæй. Халон базуритигъдæй байзадæй минкъий уоддæр æхсæрæ къотæри къалеутæбæл. Æрмæст æ сæр æхебæл на ’дтæй. Федар райагурдта бæласи фалдзостæ, фал сæр некæми разиндтæй, фесавдæй. Цæмæйдæрти бабаста халони æ ронæбæл ’ма æ над радардта фæстæмæ гъæумæ.

Æрхаудтæй имæ сæхемæ хуарз еци хеваст миуи туххæй. Æхсарбег дæр еу минкъий рахъур-хъур кодта, уæхæн дзаумау цъеуæхсæн, миййаг, ку нæ ’й, фæрсун гъæуй, фидбилиз дæр æрцæуй, зæгъгæ. Уæдта ’ймæ æ къохæй райамудта: «Равдесай, ци ’рхъан кодтай, уанæбæрæг сæумæ цъинккæй гъæдæмæ цæй номæн ниммедæг дæ... Уогæ си кæнгæ ци кæни, кæнгæ?»

Федар ин цубурæй радзурдта сæ къласи музеййи туххæй, уæдта ’ймæ балæвардта халони.

– Æрмæст мин æ сæр ба фесавдæй...

Æхсарбег æркæститæ кодта маргъмæ, уæдта æ сæр десгæнгæ батилдта.

– Гъе, мæнгард биццеу, æмбесонди æхст фæккодтай, æмбесонди... ескæмæн æй ку дзорон, уæд мæбæл нæ баууæнддзæй...

– Куд – æмбесонди? – нæ ’й балæдæрдтæй Федар.

– Еци фæттæ мæхуæдæг ефтигътон. Æма си гумбул, ставд нæмуг æрмæст еуеми адтæй. Ду ке фæххастай, уоми. Иннетæ ба чепхитæ æма картечитæй ефтигъд адтæнцæ. Æма и халонæн еци гумбулæй æ сæр фæххаун кодтай, зæгъæн, маргъæн æ цæстæ раргъавтай... Е дессаг нæ ’й? – бахудтæй Æхсарбег ’ма æ къох биццеуи усхъæбæл æрæвардта. – Бæззæнæ цауæйнонæн...

Кæд имæ сæумæ раги æ фидæй карз уайдзæфтæ æрхаудтæй, уæддæр Федар æхецæй фæббоз æй – æ ахургæнæги дæр нæ фæссайдта, уæдта фиццаг хатт фехста топпæй, уомæй дæр цæхæн æхст, цæхæн!..

## БАЗАРДЗАУ

Еу изæр, иннæ хæттитау, Федар фонси гъуд бакодта, согтæ ниффаста, æ кæстæр æнсувæртæн сæ хæдзарæмæ бахæссун кодта. Уæдта медæмæ бацудæй, къуми минкъий стъоли уæлгъос æрбадтæй æма æ уроктæ кæнунмæ бавналдта. Катя къабускатæ цæхгун кодта, Айдарухъ дæр сæхемæ адтæй, газзети кастæй.

Æрæгиау фидæ æ газзет æрæвардта ’ма, цума æхенимæри дзурдта, уоййау бакодта: «Æвæдзи, базармæ Федарæн цæугæ рауайдзæнæй...»

– Цæмæ Федарæн ба?– æ къабуска кæрдун фæууагъта Катя. – Дæхуæдæг цæудзæнæ, зæгъгæ, ку дзурдтай?..

– Дзурдтон, фал си неци уайуй... Хуцаубони не ’рваддæлтæ, Сабазетæ, Дигорай киндзæ хонунцæ, уордæмæ æнæ цæуæн нæййес. Ходуйнаг æй, еу хатт дæр, иннæ хатт дæр хабар фæууй, ’ма...

– Мадта Федари бон ба неци бауодзæй, – æ сæр батилдта Катя. – Уойбæсти мæхуæдæг фæццæудзæнæн, хуæздæр гæнæн нæййес...

Еунæгæй æй не ’рветун, адæн ма уодзæй æ хæццæ, – фæззуст кодта æ уосæбæл Айдарухъ. Уæлæ Æхсарбегти Вериц-

кæ дæр æ бабузтæ ласуй, е дæр имæ е ’нгæс фæддардзæй. Бустæги сувæллон нæбал æй, естæбæлти ахур кæнæд. Еу уæхæни æхе дæр багъæудзæнæнцæ еци хабæрттæ...

Æ лæгмæ нецибал исдзурдта Катя, æрмæст æдзинæг никкастæй Федармæ.

– Æццæйнæ, хæссис дæ нифс, æви куд?

– Кæд Верицкæ дæр цæуй, уæд… – æ сæр ранихта Федар.

– Дæлæ и хъибил фæлласун гъæуй, цалинмæ нæма фесавдæй, уæдмæ. Æндаг синхмæ фæгъгъомпал æй, изæрæй хæдзарæмæ нæбал цæуй... Прохладнæййи базари, дан, хуарз аргъ кæнунцæ. Æзинæ мин Гадзеумар дзурдта, етæ дæр уордæмæ фæлластонцæ. Кæд ести капек бафтауа, уæдта си мæнæ сувæллæнттæн зумæгон къахидарæс балхæндзинан. Цигъæуæгтæ берæ ’нцæ, – загъта фæстагмæ Айдарухъ ’ма бабæй газзет æ къохтæмæ æрбайста.

Базари еу æма дууæ хатти н’ адтæй Федар. Æцæг, алли хатт дæр кенæ æ фидæ, кенæ æ мади хæццæ, æнхусгæнæгæн. Æма нур дæр, Айдарухъмæ игъосгæй, Федари цæститæбæл рауаидæ, куд бабæй уодзæй æма ци уодзæй, е. Фæрбуйнæгтæ еу цалдæр хæдзаремæй байхуæрссæнцæ сæ гъæуккаг Алибеги машинæ. Сабати изæрæй алке æ ласуйнаг æррæвдзæ кæндзæй, хуцаубони сæумæрдæмæ ба, еу дуккаг кæркуасæнти, стъалутæ ма арвбæл тæбар-тубур кæндзæнцæ, уæд Алибег разелдзæнæй базардзаутæбæл æма фæннæхстæр уодзæнцæ æнæдзебæлæй. Дзæвгарæ ниууайуйнаг ес Прохладнæймæ, уæд та базари дæр рагацау æрахæссун гъæуй бунат, æндæра фæскъумти байзайдзæнæ.

Гъе, уой фæсте ба æ ирисхъæ кæмæн куд уа, ка куд исарæхса сæудегер кæнунмæ, уомæ гæсгæ рацæудзæнцæ сæ гъуддæгтæ. Ци фæлласунцæ фулдæр базармæ фæрбуйнæгтæ? Рæзæ, картоф, хъибилтæ, еуæй-еу хатт маргъ... Фæстæмæ ба хæдзари дзаумæттæ, уæледарæс сувæллæнттæн, сæхецæн, нартихуар, мæнæуи инсад... Алли хатт зæрди фæндон нæ рауайуй базардзаути балци. Кæми фур асланæй раевгъуйуй сæ уæйæкæнуйнаг, кæми ба ’й фæстæмæ сæхемæ дæр исласунцæ, сæ пайдайæй сæ зæран, цид, фæффулдæр уй. Фал син уæддæр, æвæдзи, æнæ базарæй цæрун берæ зиндæр уайдæ.

Айдарухъ хъибил ке худта, е асæй минкъий н’ адтæй, цудайдæ ибæл еу æхсæз мæйей бæрцæ. Рагацау ин фæйнæ-

гутæй къєлеткæгонд искодтонцæ ’ма ’й уордæмæ нартихуарæй басайдтонцæ, æндæра ахæссун нæ кумдта. Уотемæй æй иси-стонцæ машини гуфæмæ. Верицкæ ба æ бабузтæ устур гæгъæдин къаробки ниввардта. Иннетæй дæр ка картоф ласта, ка фæткъутæ, ка æндæр ести.

Скæсæн фæййирд æй, хорискастмæ берæ нæбæл гъудæй, уотæ нихъхъæрттæнцæ базармæ. Федар æнгъæл адтай, уо-нæй раздæр си неке уодзæнæй, зæгъгæ, фал сæ ниццудмæ базари дуармæ дæргъæй-дæргъæмæ рарæнгъæ ’нцæ рæу-æг æма уæзласæн машинттæ, уæрдунтæ, мотоциклтæ, ал-лихузон тачкитæ ’ма коляскитæ тиллæг, фонс, хæдзари дзау-мæуттæ æма æндæр таварти хæццæ. Цалинмæ дуæрттæ байгон æнцæ, уæдмæ Федар æма е ’нбæлттæ рацо-бацо кодтонцæ сæ машини рази. Сатæг сæумæ адтæй, фæндаги цæугæй, игон гуфи, исехæн æнцæ. Федармæ дæр уазал ба-гъардта, хуссæггъæуагæ дæр куд на ’дтайдæ æма ницъцъæх æй, исехæнрезæ кæнидæ.

Уæдмæ базари дуæрттæ байгон æнцæ, ’ма адæн медæмæ ниххæррæт кодтонцæ. Алке хуæздæр бунат нийййахæссунбæл архайдта.

Уалинмæ хор дзæбæх æрбакастæй, æртавта, фæгъгъар æй. Федар æ уасæ иссердта, фал еу гъуди ба æ сæрæй цох нæ кодта – тарстæй, æ хъибил æгæр аслан аргъбæл ку радта, сайд ибæл ку ’рцæуа, уомæй. Ӕлхæнгутæ кодтонцæ фулдæ-рæй-фулдæр. Верицки бабузтæ еу фæккастæй иннемæ фæу-уæйæ ’нцæ. Хуæрзхастдæр адтæнцæ, уæдта сæбæл бустæги берæ дæр нæ агурдта. Фæстаг бабуз ку раевгъудæй, уæд Ве-рицкæ е ’хцатæ банимадта ’ма ревæд къаробкæ Федари рази æрæвардта.

– Ӕз нæ кизгæн пъæлито фæййинон, ду ба дзæбæх кæсæ, Федар, маке дæ расайæд, асланбæл ма радтæ дæ хъибил. Мæ къаробкæмæ де ’нгæс фæддарæ... Берæ нæ бадзебæл уодзæнæн æз дæр...

Федар хуарзау нæбал фæцæй. Ӕ зæрдæ Верицкæбæл дардта, ’ма ’й е дæр еунæгæй фæууагъта. Нур цитæ кæн-дзæй, багъуди рæстæг ке рафæрса, уæхæн дæр ку неке ес æ фарсмæ сæ хеуонтæй, алке дæр æ базари гъуддаг ку кæ-нуй... Ӕлхæнгутæ ба æрбацæуиуонцæ, фал син Федар аргъ ку зæгъидæ, уæд сæ сæр бателиуонцæ ма изолдæр раевгъуиу-

онцæ. Æгæр хъазар сæмæ кастæй. Федарæн ба, Айдарухъ ин ке ниффæдзахста, еци аргъæй асландæрбæл радтуни барæ н' адтæй. Раст зæгъæй, еу цигайнаг рацæргæ лæг имæ цалдæр хатти æхе æрхæстæгутæ кæнидæ, берæ фæккæсидæ хъибилмæ, фал дзоргæ неци скæнидæ. Æрæгиау загъта æ аргъ. «Уæхæн асланæй æй нæ дæдтун», – æ сæр батилдта Федар. Уæд цигайнаг хъибил фаун райдæдта, асæй минкъий æй, уæдта ма фудхуз дæр æй, мæнæй фулдæр дин ибæл неке ратдзæй, зæгъгæ.

– Гъема байзайæд, нæхемæ 'й лассæн фæстæмæ, – рамæстгун æй цигайнаги дзубандитæмæ биццеу. – Лæвари ба 'й нæ дæттун...

Цигайнаг нецибал загъта æма раеуварс æй. Федар ба, æлхæнгутæмæ хъибил хуæздæр зинна, зæгъгæ, кълетки уæллаг фæйнæгутæ истудта. Хъибил уæдмæ æнцад лæудтæй, фал нур, цума 'й содзийнæй еске фæррæхуста, уоййау фæхъиллист кодта, цæстифæнникъулдмæ ралæуирдта æндæмæ æма ледзунмæ фæцæй. Федар имæ æ гъæлæсæй кæсгæ райзадæй. Уæдта нииййарц æй æ фонси фæсте. Фал заманай хъал, кæдзос нартихуарæй хаст хъибил уотæ æнцон нииййахæссæн на 'дтæй. Æ цубур къæдзелæ пернау зилдæй, уотемæй, мæстæймарæгау, хъорт-хъортгæнгæ, ратæх-батæх кодта адæни æхсæн-мæхсæнти. Федар исхед æй, фæллайун райдæдта, фал æй уæдмæ, æ нивæн, е 'нбæлттæ æрæстæфтæнцæ, 'ма еумæйаг хъауритæй хъибили æрахæстонцæ. Иннæ адæнæй дæр ма сæмæ кадæртæ фæккастæй.

Хъæбæр фæттарстæй Федар. Æ цæститæбæл уадæй, сæхемæ æнæ хъибил æма æнæ 'хцайæй ку исхъæрттайдæ, уæд ин ци «арфитæ» кодтайуонцæ, е. Хъибилмæ ба æ маст фицгæ кодта, нæуæгæй раледзунæй ин ку нæ тарстайдæ, уæд имæ, æвæдзи, лæдзæгæй хуарз æрлæвардтайдæ... Уой фудæй, минкъий ма, уæдта æ фиццаг хебæраги балци базармæ гуз кодта...

Уæдмæ бабæй и цигайнаг дæр фæззиндтæй еу лæги хæццæ. Хъибил куд ралигъдæй, уой фæуидта æма æ цæрдæгдзийнадæ æ зæрдæмæ фæццудæй æви æндæр естæмæ гæсгæ, Хуцау æ зонæг, фал æнæдзоргæй æхца банимадта Федари къохтæмæ, 'ма хъибил æд кълеткæ æ нæуæг хецаумæ раевгъудæй.

– Хуарз базар адтæй аци бон, – дзурдта, фæрбуйнæгтæ

фæстæмæ сæхемæ ку ранæхстæр æнцæ, уæд сæ къуари хестæр Налухъ. Уæдта бахудтæй. – Æвæдзи нин мæнæ Айдарухъи биццеуи къах дæр фæббæзтæй. Маладец, дæ фонс дæр хуарз аргъбæл равардтай, сæудегер кæнунмæ арæхсис. Галгъæдæ уæсийнæбæл бæрæг æй. Айдарухъæн æхецæй гъæуама хомухдæр ма разиннай...

Берæ цæмæдæрти рахицæ кæнидæ Федар гъæздуг базари, фал уæддæр е 'хцайæй дзæгъæли неци исцъæхуæл кодта. Æрмæстдæр си, хъæбæр исæстонг æй, 'ма еу фидгун адгин дони авги хæццæ балхæдта, уæдта Фатъимæтæн минкъий рæсугъд кукла...

## БÆЛАСÆ Æ УЕДÆГТÆЙ ФЕДАР ÆЙ

Адтæй æрæгвæззæг. Мет нæма рауардта, фал зумæги уолæфт бæрæг кодта хъæбæрæй-хъæбæрдæр. Сæумæмæ æрæвæридæ халасæ, цъимаратæ 'ма цъифдзæститæбæл фæззиннидæ ехи тæнæг цъарæ. Рагæй нæбал игъустæй арвæй хъурройти гъæр – раевгъудæнцæ гъар бæстæмæ. Гъæди бæлæсти сифæ æркалдæй, фæлмæн тæлмæй æрæмбарзта зæнхæ, бæлæсти уедæгтæ, цума син зумæги уазалтæй тарстæй 'ма сæ уомæй гъæуай кодта, уоййау. Федзæрæгхуз æнцæ будуртæ, сæ тиллæг син бафснайдтонцæ, æрмæст ма еуæй-еу рауæнти бор дардтонцæ гъæмпи цъинатæ. Сæ рази æрæмбурдуиуонцæ фонс, сæ сæрмæ ба ратæх-батæх кодтонцæ æноси гъуддагхуз халæнттæ. Исарæх æй хæрæ мегъæ. Фал ма искæнидæ æцæг гъар, хоргун бæнттæ дæр.

Еу уæхæн бони, фæсуроктæ, Федар æма е 'мкъласонтæ биологий ахургæнæг Лексой хæццæ рандæнцæ экскурсий æрдзæмæ. Уæхæн балцитæ син Лексо арæх исаразуй, æма е хъæбæр цæуй скъоладзаути зæрдæмæ. Æнæуой дæр Лексой берæ уарзунцæ. Хумæтæг, æнцон лæдæрæн æвзагæй фæййамонуй урокки æрмæг, радзоруй ма син уой уæлæнхасæн берæ дессаги хабæрттæ æма цаутæ зайæгойтæ, цæрæгойти цардæй. Уотæ лæмбунæг, уотæ æхсицгонæй имæ фегъосунцæ, 'ма уроккæй æндæмæ дзæнгæрæг фæууй, Лексой къласи ба æ бунатæй змæлгæ дæр неке фæккæнуй, цалинмæ ахургæнæги дзубанди кæронмæ не 'рхъæртуй, уæдмæ.

Экскурсий ку рацæунцæ, уæдта бæлæсти, деденгути, саyæнгæ хумæтæг кæрдæги хали туххæй дæр, уодгоймæгтæ цума фæуунцæ, уотæ фæдздзоруй Лексо. Уой гъудимæ гæсгæ, етæ дæр уолæфунцæ, тухсунцæ, ресунцæ, ка 'й зонуй, цидæртæ дæр лæдæрунцæ, кæд махмæ е дессаг кæсуй, уæддæр. Федарæй еци хабæрттæ ирагæс дæр уоййасæ нæ фæккæнунцæ, фал уæддæр Лексой дзубандити фæсте цидæр æндæр цæстингас радаруй æ алфанбулай æрдзæмæ.

Мæнæ бабæй нур дæр фæццæунцæ Фæрбуни æндаг фарс гъæдæмæ. Федари къох æнхæст нæма исдзæбæх æй, бастæй ма 'й хæссуй, фал æй цæунмæ неци хъор кæнуй.

Бахизтæнцæ мæскъæбæл, ами рагуалдзæги берæ фæууй тауæг тъафæ, минкъий фæстæдæр ба си тонун байдайунцæ ставд, донгун кæурæгитæ. Карз уарун ку 'рцæуй, уæдта хускъæ мæскъи гулфгæнгæ цæугæдон райвулуй, æма си уæд дæхе еуварс ласæ.

Федари зæрдæбæл ма дзæбæх лæууй уæхæн цау. Е адтайдæ, æвæдзи, еу дууæ-æртæ анзей размæ. Айдарухъ ракурдта сæ синхаг Налухъи гал æма уæрдун, дæллаг гъæдæй сæ нæуæг горенæн цæгиндзитæ исласунмæ. Фæсарæфти гъæдæй фæстæмæ ку раздахтæнцæ, уæдта сæ еу рауæни аци мæскъæбæл хезун багъудæй. Æма син уоми уæрдуни цалх басастæй. Айдарухъ уой цалинмæ рæвдзитæ кодта, уæдмæ хуæнхрæбун дессаги уарун æрцудæй. Дæнттæ райвулдæнцæ. Мæскъæ дæр идзагæй-идзагдæр кæнун райдæдта лæкъун, цъумур финкæ донæй, кудфæстæмæ иситинг æй, искарз æй, уæрагисæрæй фæббæрзонддæр æй, скъафта гъæди хъуæлтæ, къалеутæ. Гæнæн нæбал адтæй. Айдарухъ и гали фæууæгъдæ кодта, 'ма æ хæццæ уæлбилæмæ ислигъдæнцæ. Уæрдун ба ивулди фæсте, лæпъæдайæй зингæ дæр нæбал кодта, уотемæй исластонцæ.

Уомæй анз раздæр ба Фæрбуни цæргутæй кадæр мæскъи хуасæ æркарста. Ласгутæ ба стурзæрдæй хъулуфи, тæккæ донвæди, исдаста. Æма ин дуккаг бон ивулди амæттаг бацæнцæ. Еци цау дæр хуарз гъуди кæнуй Федар.

Исхъæрттæнцæ тегъæмæ, фæуурдуг кодтонцæ Кæсалггунмæ. Цъизæ игуæрдæнæй минкъий уоддæр, цæгатварси, фæдæгъдæ къотæрти астæу сурх-сурхид дарунцæ муркъити ставд цопæлттæ, æруæзтæнцæ бунмæ. Фæццæттæ кæнуй

уæгъæли дæр, берæ незтæн, дан, æй æвдадзи хуасæ.

Тæгтæ-тæгтæ рандæнцæ дæлæмæ. Кизгуттæ радзебæлуиуонцæ муркъитæбæл. Тасо 'ма Славик ба кæмидæр къæхæни рæбун, зæронд бæласи уедæгти 'хсæн, иссердтонцæ циуавæрдæр сирди цъасæ, иннæ биццеутæ дæр сæбæл æрбамбурд æнцæ. Ка 'й робаси, ка 'й дзæгъарæги бадæн худта.

– Кедæр æй, цидæр æй, уæддæр æ хецау мах неци хъор кæнуй, уагътæ 'й, ма 'й схъæтæг кæнтæ, – бадзурдта сæмæ Лексо. – Сирдтæ дæр зумæгмæ сæхецæн цæрæнуат агорунцæ, махау син, мийяаг, гъар хæдзæрттæ, идзаг гоморитæ ку нæййес. Алци дæр сæхемæ кæсуй...

Раевгъудæнцæ изолдæр. Нихъхъæрттæнцæ сауæдæнттæмæ. Рæсог, уазал донæй баниуазтонцæ, уæдта, фиййæутти бунат ке хонунцæ, еци æрдозæмæ исхард кодтонцæ. Æ бæрæг астæу ирæзуй гъæддаг кæрдту бæласæ. Федар ма минкъий адтæй, скъоламæ дæр, æвæдзи, нæма цудæй, уотемæй æй еухатт Айдарухъ æма Катя сæ хæццæ раластонцæ ардæмæ галуæрдуни. Æрæмбурд кодтонцæ берæ кæрдту, еу цалдæр голлаги, сæхемæ ба сæ Айдарухъ устур гъæдин цæхгæри никкалдта, уæдта сæбæл дон рауагъта, æма æгас зумæг еци кæрдтудон ниуазтонцæ. Синхонтæн дæр ма си радтиуонцæ. Нур дæр ма лæууй Федари зæрдæбæл æ дзæбæх тæф, æ адæ.

Гиризгæнгæ, ходгæ-гъазгæй Тъæпæн цъухи арф адагæбæл куд бахизтæнцæ, уой лæдæргæ дæр нæ бакодтонцæ бæлццæнттæ. Минкъий фæстæдæр ба сæмæ тегъæй æрзиндтæй Уæркий бæласæ. Исфæндæ кодтонцæ уой буни сæ фæллад исуадзун...

Фæззигон хор ракъолæ 'й нигулæнмæ. Фæссатæг æй. Дунгæмæ гæзæмæ базмæлиуонцæ бæласи къалеутæ, ци еугай бор сифтæ ма сæбæл байзадæй, етæ ба, зелдогъгæнгæ, æрхауиуонцæ зæнхæмæ. Изол кæцæйдæр, Муркъæ тагæрдигæй, игъустæй трактори гур-гур.

Идарди радаргъ æнцæ хорискæсæнæй нигулæнмæ Кавкази æносон хуæнхтæ. Ассий кæмттæ, Къæлæрда, Цапдари бадæн, Фæсалгин, Уаза, Гумади – еци дзурдтæ Федар арæх фегъосидæ хестæртæй – цауæйнæнттæ, фиййæуттæ 'ма гъонгæстæй. Хуæнхти фæлтæрæй-фæлтæртæмæ цæргæ ка 'рцудæй, еци адæнтæ исæвардтонцæ уæхæн нæмттæ æфц-

гутæ, бæрзæндтæ ’ма сæрвæттæбæл. Цæй фæдбæл, ке туххæй сæ уотæ исхониуонцæ, уой ба нур, æвæдзи, зæрæндтæй дæр беретæ нæбал зонунцæ... Æности тари фесавдæнцæ се ’вдесæнтæ.

Федар æма е ’нбæлттæ бадтæнцæ фæлмæн сифтæбæл, неке неци дзурдта, алке æ гъудити рандæ ’й.

– Цæй, ци нигъгъос айтæ, æви уотæ хъæбæр бафæлладайтæ? – бахудтæй Лексо. – Уагæр ма фестæгæй уалæ Фæнсиуарæнмæ ку фæццудаййанæ... Фиццæгти уæхæн балцитæ дæр кодтан хестæр кълæсти хæццæ... Æма фæстегæй некæд неке байзадæй...

– Фæллайгæ нæ бакодтан, фал... ами хъæбæр рæсуъд æй ’ма ’ймæ кæсунæй не ’фсæдæн, – æфсæрмигæнгæй исдзурдта Таирæ, сæ къласи хуæздæр ахурдзаутæй еу, ниллæггомау, къæсхур кизгæ.

– Гъо, уомæй раст дæ, Таирæ, – загъта Лексо. – Махæн нæ æрдзæ тухуаст рæсугъд, тухуаст зæрдæмæдзæугæ ’й. Æрмæст æй гъæуй уарзун, цæсти гагуйау гъæуай кæнун. Мæнæ нур ке буни бадæн, еци бæласæн айфонмæ æ кой дæр нæ уидæ, кæд ма æ бундзæфхад байзадайдæ, æндæр. Фал æй багъæуай, баергъæв кодтонцæ, æма раервазтæй, цæруй, дæттуй адæнæн уодæнцойнæ, æрдзæн ба – фæлгонцадæ, рæсугъддзийнадæ... – Лексо арф ниууолæфтæй ’ма æ фæлмæн цæстингас рахаста сувæллæнттæбæл. – Рацæудзæнæй æнзтæ. Байрæззинайтæ, исустур уодзинайтæ сумах дæр. Алке дæр иссердзæй æ бунат царди. Фал кæмидæр уайтæ, цифæнди устур бунат ахæссайтæ, уæддæр макæд исустурзæрдæ уотæ, дуйней рохс кæми фæууидтайтæ, царди адæ кæми базудтайтæ, еци бæстæбæл, уæ гъæубæстæбæл. Бæласæ æ уедæгтæй федар æй, адæймаг ба – æ райгурæн зæнхæй, æ къабæзтæй. Уæд уин уодзæй аргъ адæни ’хсæн дæр, уæ царди гъуддæгтæ дæр уæд цæуудзæнæнцæ рæстмæ...

Скæсæнæй, Ирæфæй, æрбадундта. Базмалдæнцæ къалеутæ сæ сæрмæ. Цума Уæркий бæласæ дæр арази адтæй Лексой загъдбæл, цума е ’взонг иуазгутæн зæрдитæ ивардта, нифс син лæвардта, уотæ фæккастæй еци усми Федармæ.

# НÆУÆГ ТÆЛМАЦТÆ



Олег ВОРОПАЕВ

Воропаев Олег Владимири фурт райгурдæй 1963 анзи Мурмански области город Заполярныййи. Петрозаводски паддзахадон университети гъæууон-хæдзарадон факультет каст фæцæй. Куста зоотехникæй Мурмански области æма Карелий хæдзарæдти, адтæй биологий ахургæнæг скъолай, геологти æсгарæн экспедиций фæллойнæ кодта. 1991 анзæй – Медгъуддæгти министради афицер. Цæцæни республики тугъдон архайди ветеран. Отставки подполковник. Цæруй Ставрополи бæсти. Уæрæсей Финсгути цæдеси иуонг 1999 анзæй. Æмдзæвгитæ æма прози цалдæр киунугей автор. Æ уадзимистæ мухури рацудæнцæ центрон æма бунæттон периодикон рауагъдæдти.

* 10

# ÆРÆГВÆЗЗÆГ

Хъирими æрдæгсакъадах фæстæмæ Уæрæсей бацæй.

Еци хабар фегъосгæй, Гривцевбæл цийни базуртæ базадæй æма 'й бафæндадтæй уони бабæрæг кæнун: «Нур цал æма цал анзей дæргъи цæрунцæ æнæ махæй æцæгæлон арви буни?» – æ зæрдæ исунгæг æй, хъиримæгтæн тæрегъæдгæнгæй, и лæгæн.

Еци тæрегъæдгæнæги уолæнти накæгæнгæй, курдиадæ ниффинста, кæми куста, уой профцæдесон организацимæ, цæмæй ин путевкæ радтонцæ. Æ путевки курдта, цæмæй ин фадуат уа комкоммæ Евпаторимæ фæццæунмæ æма æ курдиадæ бахаста, кумæ хæсгæ адтæй, уордæмæ.

Уоми имæ æнæлæдæргæ кастæй ниббæгъет æнцæ косгутæ.

– Евпатори дæ ци мæрдтагæн багъудæй, дæлæ Ялтæмæ райсæ, – раунафæ ин кодтонцæ профцæдеси.

– Ци хайуани думæгæн мæ багъудæй уæ Ялтæ, уоми адæймаг фур æнкъардæй ку ниггинкъос уодзæнæй? Нæбал æй гъуди кæнетæ, уоми Антон Чехов куд никъкъæлос æй, уой? – уайдзæфгæнæгау син бакодта Гривцев.

– Æма е дæумæ цæмæн хауй, – æнæлæдæргæ тилд бакодтонцæ сæ усхъитæ. – Антон Павели фурт си еугур къæлос ку нæ ниццæй?

– Сумах ба уотæ фæндуй, цæмæй си адæймаг еугур дудагъ ниууа? – исбостæ бабæй кодта лæг, зундгонд классиккæн тæрегъæдгæнгæй.

– Цæмæн гъæуама ниддудагъ уай? Мах нæ фæндуй!

– Мадта, Евпаторий туххæн Владимир Маяковский ци загъта, уой ба нæ гъуди кæнетæ? – Гривцев æ цонг хæрдмæ исæргъувта, уæдта, цума уæлдæф цæхгæрлух кæнуйнаг адтæй, уотæ еу тъæпп æркодта, – Владимир Маяковский?

– Гъо, Владимир Маяковский!

– Æма уагæри ци загъта Евпаторий туххæн?

«Пуд за лето с любого толстого соскребет евпаторство,
Очень жаль мне тех, которые не бывали в Евпатории».

Нæуæгæй бабæй имæ æнæлæдæргæ каст бакодтонцæ.

– Дæхе ставдбæл нимаис?

– Нæ, бустæги уотæ нæ нимайун. Фал Владимир Маяковскиййи дæр туппуртæ арæзт схонæн нæййес…

– Маяковскиййи кой кæнис?

– Гъо, гъо!

– Фæндараст кæнæ дæ Евпаторимæ! – путевкæ имæ бадаргъ кодтонцæ.

Хъирим Гривцеви зæрдæ къæссавæлдæхт искодта, цæстæ кæбæл нæ хуæстæй, уæхæн фæзуæттæ, устур горæттæ, дзæнæтон цæмæдессæгтæ… Сæ багъуди кæнун ке бон бацайдæ.

«Сæ багъуди кæнун дæр мæ кæми гъæуй, автобуси къæрæзгæй æндæмæ гъæуæйттæ гæнгæй, æхенимæр гъуди кодта Гривцев. Еци еугур итигъд будуртæ æма хуæнхтæ нæуæгæй нæхе бацæнцæ фæстæмæ! Тагъддæр ма мæ санаторибæл ку сæнбæлинæ. Разæй ма берæ рæстæг ес зумæги райдайæнмæ…

Гривцев æхе фæстæмæ рауагъта бадæнбæл, æма куд æрфунæй æй, уой лæдæргæ дæр нæ бакодта.

Цалинмæ æ тарф фунти уацари æй, уæдмæ бал уин æ цæсгон, æ уодисконд равдесæн.

Гривцев Алексей Петури фурт æй æфсæддон пенсиесæг, запаси майор, бийнойнаг ин нæййес, бустæги рацæргæбæл æй нæма ес банимайæн, уарзуй киунугутæ кæсун. Æ бийнонти царди туххæн ин ку дзорæн, уæд дууæ хатти багъуддаг кодта æма дууæ хатти дæр æхе худта амондгун. Цæмæ гæсгæ си рахецæн уидæ, е ба хецæн дзубандий аккаг темæ æй, æма уой кой ба нæ кæндзинан.

Куд бийнонти ихæстæй цох лæг, уотæ рæстæггайти æ царди силгоймæгтæ дæр куд нæ фæззиннидæ. Бустæги берæ н' адтæнцæ нимæдзæй, фал æ къохи æнгулдзити нимæдзæй ба фулдæр æнцæ, æнæ уони æхсæнадæй ибæл æрхун бацæфсидæ, æ цард имæ еухузон тар кæсун райдаидæ, æма ин е ба никки фулдæр маст дæттидæ.

Нур дæр æ зæрдæ дардта, æ рæстæг æрхунбаттæй ке нæ рарветдзæнæй, уобæл…

Алексей Петри фурти фегъал кодта шофири гъæлæс: «Евпаторимæ æрбахъæрттан!»

Берæ нарæг гъæунгти ма багъудæй разелæ-базелæ кæнун, цалинмæ æппунфæстаг вакзали азгъунстмæ нæ бахъæрттæй, уæдмæ. Вакзали дæргъæй-дæргъæмæ рарæнгъæ

æнцæ, сæумигон ка фæббазар кæнуй, еци силгоймæгтæ æма сæ нæгæ гъæрæй гъостæ къуру кодтонцæ, фал сæмæ Алексей æхе хатгæ дæр нæ ракодта.

Санатори æ зæрдæмæ фæццудæй. Кæд сæ конд хуæруйнæгтæ бустæги зæрдæмæдзæугæ на 'дтæнцæ, уæддæр бакастгин официанткити уиндæй ба зæрдæ рохс кодта.

– Журналти хузиститæн анæй хуæздæр ка 'ссердзæй, – æ катлети комидзаг æ хъури ниххæсгæй æма уой дони хуппи хæццæ тухнихъуæрд никкæнгæй, гъуди кодта Алексей. Уæгъдæ рæстæг ин ку уидæ, уæдта зæрдидзæбæхæн денгизи билгæрæнттæбæл рацо-бацо кæнун райдаидæ. Æ цæмæдессагдæр рауæнбæл нимад адтæй цъеубæгънæг Геракли цыртдзæвæн. Адæни æууæндундзийнадæмæ гæсгæ Гераклæн æ бæгънæг бауæрбæл æ къох ка радауидæ, е æнæмæнгæ анз кенæ дууæ анзей фæсте Евпаторимæ æнæрæздæхгæ нæ фæууидæ. Уомæ гæсгæ ба ами уолæфгутæй алкедæр архайдта æ армитъæпæнтæй уой æрсæрфунбæл. Æма сæдæгай къохтæ уал анзей дæргъи ке расæрфæ-рауæрдæ фæккодтонцæ, е айдагъ хори рохсмæ нæ, фал ма æхсæвигон дæр æрттевæнтæ кодта идардмæ.

Дуккаг цæмæдессагдзийнадæ ба ма денгизи билгæрон адтæнцæ дони хъæзтæ. Гривцев син хуæрæндонæй æ хæццæ рахæссидæ дзоли къæбæртæ æма син сæ æрæгъзалидæ сæ цори. Етæ хуæрунбæл ку фæууиуонцæ, уæд Алексейæн ба æ зæрдæ исунгæг уидæ æма æ меднимæр исдзоридæ: «Еунæг дæн! Еунæг!» Фал æ цæстисугтæ ба некæд рагъардтонцæ æ тъæфилтти æхсæнæй. Æфсæдтон пенсиесгутæ сæхе гъæуама гæлст хæцъели уæнгæ макæд уадзонцæ. Нæ сæбæл федауй, уæдта син уæхæн барлæвæрд дæр нæййес.

Бустæги гъулæг ба ин адтæй, е 'рбацудæй абони уæнгæ, æ фур амондгунæй къæл-къæлходæ ка кодта, уæхæн евпаторийаг силгоймæгтæбæл ке нæма исцурæвæрæ æй, е. Сæрдæ раевгъудæй, фал бустæги уазал дæр нæма 'й. Фал уæддæр Гривцеви зæрдæмæ ба цудæнцæ, уæлдайдæр ба – цæрæгойтæ, уотæ берæ ке уарзтонцæ, уомæй.

Цал æма цал рауæнеми, цал горæти бабæрæг кодта Алексей, еунæг рауæн дæр нæма исæнбалдæй ауæхæн хуæрзхаст æма хуæрзгъудгонд тикистæбæл. Ку рафецауидæ, уæд ибæл аллирдигити, гъур-гъургæнгæ, æмбурдтæ кæнун райдаиуон-

цæ, сæхе имæ хæстæг баласиуонцæ, æхцæуæн син уидæ, сæ бауæртæ син æ фæлмæн урзæй ку дауидæ, уæд.

Æма уæд куйтæ ба? Уотæ æнгъæлетæ æма евпаторийæгтæ куйтæ нæ уарзунцæ? Рæдуетæ! Æгæрдæр ма сæ уарзунцæ! Бæлттæ-бæлттæй азгæ-уозгæ рацæунцæ, сæ уæле къандзолтæ, уотемæй денгизи билтæбæл сæ хецæутти хæццæ. Æма си ци хузи муггаг ба уæд нæ фæууиндзæнæ?

Фал уæддæр Гривцев бустæги еунæг æнгъалдта æхе ами.

Куд загътан, уотæ, алли сæумæй дæр рафецауидæ денгизи билæмæ æма æ дзоли къæбæртæй хинста дони хъæзти.

– Уæй, мæнæ ци еунæг дæн, – æ гъаст ракæнидæ хъæзтæн.

– Игъосунгæнуйнæгтæ! – Еу усми ба æ сæри февзурдæй еци гъуди. Уоми алцидæр æмбæлуй иссерун.

Фиццагидæр æ цæстингас ци игъосунгæнуйнагбæл æрхуæстæй, уоми бакастæй: «Кустуатмæ гъæуй æрвонг грузчиктæ. Уæ бон æй алли афони дæр æрбадзорун!»

Иннæ рауæн бакастæй: «Зинаргъ силгоймæгтæ. Уæ лæгти æндæмæ гъæунгæмæ рауадзиайтæ ратезгъо кæнунмæ, æнæ уонæй нин хъæбæр æнкъард æй». Бунæй ба адрес дæр нæ, телефон дæр нæ, æрмæстдæр си финст адтæй: «Æнæлæг силгоймæгтæ!»

«Гъулæг! Хъæбæр гъулæг! Еунæг лæг! Еунæг силгоймаг! Æма кæрæдзей хæццæ ма сæмбæлæнтæ! Уоми нервитæ дæр гъæуй!»

Æппунфæстаг ба иссирдта, ци агурдта, уæхæн игъосунгæнуйнаг: «Дæ алли фæндон дæр æнхæстгонд уодзæнæй! Бафистай! – Райстай!» Дæлдæр ба телефони дууæ хузи номери. Алексей æ дзиппидаргæ телефон исиста æма фицаг номермæ бадзурдта.

Берæ æнгъæлмæ кæсун æй нæ багъудæй, уайтагъд хæтæлæй райгъустæй æнæзонгæ силгоймаги сор дзубанди.

– Ци дæ фæндуй?

– Мæнæ уæмæ иди ’й туххæн дзорун… нифсæрмитæ уогæй, нихъун-нихъун гæнгæй, сдзурдта Алексей… Фæндон исæнхæст кæнуни фæдбæл…

– Æндæр неци?

– Неци.

– Мадта уæд Метин Дадамæ бадзорæ, фæндæнттæ е фен-

хæст кæнуй, къæл-къæлæй ниххудтæй ибæл силгоймаг хæтæл æрæвæруни размæ.

– Де ’взаг феуæхсæд мæ тæрегъæдæй, – æппунæрæгиау бахъур-хъур кодта Алексей.

Дуккаг номер ку æрзилдта, уæд имæ иннæ кæронæй райгъустæй нæлгоймаги гъæлæс:

– Игъосун дæмæ!

– Бафистай! Райстай! – сумах игъосунгæнуйнаг æй?

– Мах. Æма бафистай!

– Нæма, фал гъавун.

– Хуарз. Дзорæ дæ фæндон.

– Финсетæ! 45 анземæй фулдæр кæбæл нæ цæуа, уæхæн силгоймаг, рæстæг еумæ рарветунмæ… Фатери хæццæ.

– Барæнай, барæн! Неци феййевдзи кодтай?

– Е дин ци æнæлæдæргæ фарст æй? «Дæ алли фæндон дæр, дан, исæнхæст кæндзинан, – зæгъгæ, сумах нæ финстайтæ?

– Уой мах финстан, фал ин æ буни финстмæ лæмбунæг æркастдæ?

Алексей æ цори газзети игъосунгæнуйнагмæ æдзинæг нидздзагъæлттæ кодта æма си бакастæй: «Стройжилкомплект».

«Къундæги мæ сæр фæцæй», – æхемæ рамæстгун уогæй, рагъуди кодта Алексей.

– Тухсгæ ма кæнæ! Дæ фий ма æруадзæ! Лæг бабæй лæги куд нæ банимайа уæхæн уавæри. Дæ зæрдихудти бацæуон Хуцауæй дæр тæрегъæд æй. Ци хузи силгоймаг дæ зæрдæмæ хъæбæрдæр цæуй: бордзалуг æви уорсдзалуг, – иннердигæй бабæй райгъустæй нæлгоймаги гъæлæс. Финсæ адрис…

Алексейи зæрдæмæ уæлдай хъæбæрдæр цудæнцæ саухелæ силгоймæгтæ. Фæццудæй адресбæл æви нæ, уой кой нæ кæндзинан нуртæккæ.

Æма уæд санаторий ци силгоймæгтæ адтæй, етæ ба?

Етæ ба Алексейи зæрдæмæ нæ цудæнцæ. Гривцеви зæрдæмæ цудæнцæ фæлмæн æмбæлæ, гъардзийнадæ кæмæй цудайдæ, уæхæнттæ, ами ба еунæг уæхæнбæл дæр æ цæстæ не ’рхуæстæй. Нифсхаст ка адтæй, уæхæнттæ берæ, фæлмæнæндзæвагæ ба еу дæр нæ. Зæронд æфсæдтон ба æ зæрди уагæ некæд æййивта.

Фал уæддæр дуйнебæл ба рæстдзийнадæ ес æнæмæнгæ!

Уæхæн силгоймæгтæбæл ка цауæн кæнуй, етæ сæ хъапхантæ раги æрæвардтонцæ. Еу уæхæн къæппæги бахаудтæй Гривцев дæр.

Еу бони сæри бахаудтæй, философон гъудитæ нивæндун берæ ка уарзта, уæхæн дохтурмæ. Алексей дæр фæстегæй кæми изадæй, æ бон адтæй æ зонундзийнæдтæй æхе раппæлун. Алексей ин æримиста немуцаг философ Фридрих Ницшей дзурдтæ: «Силгоймагмæ ку цæуай, уæд дæ æхсæ ма феронх кæнæ!» – Еци дзурдтæ фегъосгæй, силгоймаг дохтур æвеппайди ратадæй, æ дзурдигъæдæ цæхгæр фæффæлмæндæр æй, æ къохти æмбæлд дæр фæззæрдæмæдзæугæдæр æй æма ин массажи процедуритæ иснисан кодта.

Æма куд æнгъæлетæ? Ка ин фæлмæн кодта æ бауæр?

Ке зæгъун æй гъæуй, дохтур æхуæдæг!

Массаж гæнгæй, æндæр хуæздæрмæ нецæмæ æнгъæлмæ кæсæн адтæй æма еци гъуддаг хъæбæр нæ цудæй Алексейи зæрдæмæ.

– Дæ бауæр итинг ма кæнæ, – ходгæй имæ сдзурдта Еленæ Леви кизгæ.

Силгоймаги хийнæхудтитæй Алексей æ кеми нæбал уидæ, æма æ бауæр бустæги дæр ниббизирд уидæ.

Æрмæстдæр денгизи билæбæл хъæзтæн къæбæртæ ку æгъзалидæ, æ бауæр уæд æрфæлмæн уидæ. Æрмæстдæр си хъæзтæ нæ тарстæнцæ, сæ къæбуттæ имæ идардæй бадаргъ кæниуонцæ æма ин æ армитъæпæнæй æдæрсгæй фелвасиуонцæ æ дзоли сæппутæ.

– А, мæнæ æмхуæцдзæмбугинтæ, – фæлмæнуозæлæ сæбæл кодта Алексей.

Æртиккаг хатт ин ку фæлмæндауæ кодта æ бауæр Еленæ Леви кизгæ, уæд нæбал ниббухстæй æма лæги бауæр еугур коммæгæс æрцæй. Еци усми æ зæрдæй дæр гæлæботæ истахтæй. Дохтури фæлмæн къохти уацари бафтуйгæй, Андрей къæппæги бахаудтæй.

«Силгоймаги зæрди ести гъуддаг ку æрæфтуйа, уæд æхе дæр рамардзæнæй, æ фæндæ ба исæнхæст кæндзæнæй», – гъуди кодта æ меднимæр Гривцев. Идарддæр æ гъудитæ нивæндун ба æ арми нæбал бафтудæй…

Изæрæй ба еумæ зилдæнцæ Евпаторий гъæунгти. Сæ

къохти рæвдудтонцæ къандзолгин куйти, къæбæртæй æлхæдтонцæ хуæрзхаст æма лигъздзар тикисти. Кæцæйдæр игъустæй денгизи æрбацæхъали унæр.

– Хъæбæр дессаги адæймаг разиндтæ, – æфсæрмигæнгæй сдзурдта Еленæ.

Еунæгæй ке цардæй, уомæ гæсгæ еу изæр æхемæ бахудта иуазæгуати Алексейи. Аллихузи хуæрзадæ хуæруйнæгтæй идзаг стъолбæл астæуæй бæрæг дардта хъазар сæни авгæ. Хуæздæр ма ци гъæуй, цæмæй дууæ уоди кæрæдземæ фæххæстæгдæр уонцæ, уомæн. Сæ ниуазæнтæ ку систонцæ, утæ ба Гривцев æнæнгъæлти рафарста Елени:

– Хъирим фæстæмæ Уæрæсей хæццæ ке баеу æй, уомæ ци цæстингасæй кæсис?

– Хъæбæр хуарз цæстæй, – æ билтæ фæццоппгæнгæй имæ ра ба кæнун æрвонг æхе бахæстæг кодта силгоймаг. Силгоймаг Алексейи цæсгонбæл æ дууæ били кæми нæ радаудта, уæхæн рауæн ибæл нæбал байзадæй.

«Нур ма 'й НАТО-й туххæн ку бафарстайнæ, уæдта мæ гъуддаг куд адтайдæ», – æ меднимæр рагъуди кодта Алексей.

– Æнгъæлмæ мæмæ кæсæ! Æнæхатир, – æ цæстæ имæ æрникъолгæй, Еленæ иннæ уатмæ бацудæй.

Фæстæмæ ку раздахтæй, уæд æ уæле адтæй салин дæллаггурæ, æ къохти ба – цонгбæл кæнæн хъадаматæ æма æхсæ. Гривцеви зæрдæ рауазал æй уони уиндæй.

«Кæми ци сæргъæн æма фæлтухъатæ ес, етæ ба алкæд мæнмæ æрбахаунцæ», – идарддæр гъуди кæнуни равгæ ба ин нæбал фæцæй. Алексей уæхæн гъуддагæрцудмæ не 'нгъæл кастæй, фал ин ци гæнæн адтæй. Æнхæст кодта, ци ин зæгъидæ Еленæ, уони æнæсдзоргæй.

– Хъирими, Босфори, Дарданелли туххæн, – Гривцев æхсæй хуаста силгоймаг дохтури.

– Херсонеси, Мазепи, Карл XII туххæн, – фæстегæй нæ изадæй Еленæ дæр.

Алексей балæдæрдтæй, ци силгоймаги хæццæ исеу æй, е дæр хумæтæги къабускай гъæдæ ке нæ адтæй, уой.

Уой фæсте ба утæ гъæр кодта силгоймаг æ карзи æма ма сæмæ сауæнгæ синхонтæ фæрстæ хуайун дæр райдæдтонцæ.

«Нур æй балæдæрдтæн, евпаториæгтæ циуавæр силгоймæгтæ æнцæ, уой, – æ меднимæр рагъуди кодта Алексей,

уæдта æ цæститæ ратартæ æнцæ æма хуссæнбæл зугуни голлаги хауд æркодта, æ æхсæ æ къохæй æрхаугæй.

– Мæ хъазар, мæ цæмæдессаг адæймаг! Æппунфæстаг дæ иссирдтон, – æ гъоси ин дзурдта нидæнæй Еленæ.

Сæумæй ба ин æргомæй балæдæрун кодта, цæмæй Алексей æ цæрæнбунат уомæ раййева.

Гривцев сабургай хуппитæ кодта æ къофи æма гъудитæ кодта: «Силгоймаги æхсæй цæфтæ кæнун хуарз гъуддаг нæй, уæлдайдæр ба – хуссæни, фал æгæр æнæуагæ дессаги хуæрзконд æма зæрдесгæ æй... Фæстаг гъуди фæттухгиндæр æй æма Гривцев санаторимæ рагоц кодта æ дзаумæуттæмæ.

– О, саурæсугъдтæ! Ци нæ нин æвзарун кæнетæ, уæхæнæй ма ести байзадæй. Нæ хъæрæу уодтæй нин гъазæнгъолæ исаразтайтæ.

Етæ адтæнцæ æнæферонхгæнгæ изæртæ æма æхсæвтæ гъæрнæгæ æма философий хæццæ.

Æрра силгоймаги къохтæмæ бахауни бæсти лæгмæ раги дзæмбутæмæ бахаун хаирдæр æй.

– Цума мæ уотæ зæрдтагон уарзт цæмæн бакодтай, – ециеу фарста имæ лæвардта алкæддæр Еленæ Леви кизгæ. – Мæ амондæй æрвгæрæнттæ ку не 'стæфун.

– Æппундæр уæбæл цæсгон ку нæййес, – фæрстæ хуастонцæ синхонтæ.

«Æма раст æнцæ, – æхецæн гъудитæ кодта Гривцев, – æфсарæ ни кумæдæр фæллигъдæй, мæнæ депутатти хузæн...

Уотитæ гъудитæгæнгæй ранæхстæр æй денгизи билæмæ Алексей. Депутаттæ æма æфсарæ, – дууæ нихмæвæрд фæззинди.

– Гъей, мæнæ æмцæфсткъахгинтæ, – цума хъæзтæн æ гъæститæ кодта, уотæ æ гъудити къубулойнæ идарддæр нивафста Алексей: «Æхсæ мæ зæрдæмæ бæргæ нæ цæуй, фал ин æ гъæр ба уарзун! Уæдта еумæ райсгæй, хъæбæр хуарз уоди хецау дæр ма æй Еленæ, минкъий ма «дуркъо» – гонд ку нæ уидæ, уæд.

– Къостæ бабæй æнæхснадæй ниууагътай, – уæхæн миутæ мин ма кæнæ, – тæрвазæбæл хæрхæмбæлд фæцæй Алексейбæл Еленæ.

Ци 'сдзурдтайдæ, уой нæ лæдæргæй, Алексей рагъавта силгоймаги æрсабур кæнун æма 'й æ реумæ æрбалваста,

фал æй е зустæсхуст фæккодта æма богъ-богъæй никкудтæй.

– Дæхе Ницшей философий фæсауурн бакодтай, дæхуæдæг ба дæхе куд æвдесис, бустæги уæхæн нæ дæ.

– Æз мæ миутæ римæхсун, мæ зæрдихатт? – десгæнæги каст имæ бакодта Алексей.

– Ду, ду! Фиццагидæр бал мæ бафарстайсæ, мæ лæги хæццæ цæмæн рахецæн дæн, уобæл. Раздæр мæмæ бустæги æндæр хузи фæккастдæ. Æнæлæкъун!

– Æнæлæкъун! – ниддес кодта Гривцев. – Дæ цæстисугтæ ниссæрфæ æма мин лæмбунæг æрдзорай, дæ фиццаг лæг ка адтæй, уæдта цæмæн рахецæн айтæ?

– Дæуæн ба си ци уæлдай ес? – исхæкъурцц кодта Еленæ.

– Æцæгæйдæр си мæнæн ба ци игъаугидæр ес, – Гривцев рагъæуæйттæ кодта фатери къумтæбæл æхсæагорæг.

– Хецæн ба рацан уой туххæн, æма мæ фиццаг лæг æ фæсте къостæ некæд æхснадта. Некæддæр! Æруагæс ди кæнуй? Еу æма дууæ хатти нæ фæккæуинæ уой фæдбæл. Уæддæр сæ некæд æхснадта, мæн фудæнæн. Ду дæр, ахургонд уогæй, уой хузæн дæ. Еунæг хатт дæр ма сæ æнæхснадæй ку ниууадзай, уотемæй ба ми уарзт ку æрагорай, уæд… Уарзт домун тæккæ зиндæр гъуддаг æй, – Гривцев бабæй æ уарзон философи дзурдтæй испайда кодта, æ къохмæ æхсæ æрбайсгæй.

Дуккаг бон фæстæмæ Ялтæмæ ранæхстæр æй. Æрæгвæззæги дæр аци цæмæдессаг горæтгонд æхемæ адæймаги æлваста æ цъæхсифæгун бæлæстæ æма къотæрти уиндæй.

Денгизи билгæрæнтти рацо-бацогæнгæй, Гривцеви цæститæбæл уадæнцæ, ами кæддæр зундгонд композитортæ æма хузгæнгутæ сæ æнæмæлгæ генион уадзимистæ æма хузтæ куд аразтонцæ, е. Мадта, нæ æнæмæлгæ финсгутæ А. П. Чехов, Л. Н. Толстой, Короленко æма иннетæ дæр сæ æнæнездзийнадæ ами федардæр кодтонцæ.

Еу уæхæни Чехови хæдзарæ-музей бабæрæг гæнгæй, уоми косæгмæ равардта уæхæн фарста:

– Зæгъай мин, А. П. Чехов æцæгæйдæр Ялтæмæ æрхун кæнунмæ æрбацæуидæ?

– Цæмæдессаг фарста! – игъæлдзæгхудт бакодта экскурсигæнæг, æ кæсæнцæстити буни æ цæститæ аразий æрттивд фæккодтонцæ, уотемæй.

Зинаргъ æмбæлттæ, æцæгæйдæр А. Чехов нимад цæуй, аци горæти ци сфæлдистадон косгутæ цардæй, уонæн сæ тæккæ æрхундæргæнæгбæл. Ами æнгъæлмæ кæсидæ æ уодæмбæл Ольгæ Книппермæ, зæрдристæй бадидæ, æ пьеситæй ескæци лæмæгъдæр ку рауаидæ, уæд.

Кæронмæ игъосун æй нæ бауагъта, æ телефонмæ ци «эсемескæ» æрбацудæй, е.

«Не 'хсæн нецибал ес. Æвдеу! Мацæбæл мæ бафæрсæ! Дæ дзаумæуттæ кæд фæлласдзæнæ», – финста имæ Еленæ Леви кизгæ.

«Тæбæгътæ… Æнæхснадæй бабæй мин байзадæнцæ…» Гривнев æнæнгъæлти стъолæй исиста Чехови кæсæнтæ æма сæ æ фиййи къобалæбæл æрсагъта. Æхемæ кæсæнмæ ку бакастæй, уæд си бауидта æцæг уруссаг интеллигенти фæлгонц. «О, Хуцау! Ци æгъуз дæн! Нæдæр – цæсгон, нæдæр – уæледарæс, нæдæр ба – гъудитæ… Æппундæр мæмæ уахиццагæй куд неци ес!» Æ зæрдæ æхемæ бамæгур æй.

Фал, уæддæр, ци æрцудæй, уой ба гъудæй равзарун.

Елени кабинети дуармæ ради лæугути нимæдзæ дзæвгарæмæ хъæрттæй, фал Алексей уæддæр бангъæлмæ кастæй.

– Ци уæ гъигæ даруй? – æ кæсæнти сæрæй имæ скастæй Еленæ.

Гривцев æ тæрних бахуаста:

– Дæ хæццæ фембæлди фæсте мæ ами цидæр хъор даруй!

– Психиатрмæ дин цæугæ 'й!

– Æма массаж ба? Æрдæгбæл æй куд ниууадзон?

– Рæдудæй дин æвæрд æрцудæй уæхæн незихатт, – сдзурдта дохтур æма æ цори гæгъæдитæмæ æ цæститæ ниццавта. Дæ месиндзæгмæ неци лазæ ес! Уæдта дин арфæ кæнун, Ницшей философий хæццæ мæ ке базонгæ кодтай, уой туххæн дæр. Дæ дзаумæуттæ ба дæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ дуари цори. Тæккæ аци бон сæ райсæ. Цæунмæ хъор дарунцæ. Дзæбæх уо. Сайгитæ мабал кæнæ!

«Дæу хузæн æдулибæл фиццаг хатт исæнбалдтæн», – зæгъгæ, æ цъухæй исдзоруйнаг адтæй, фал си хаугæ ба скодта: «Хъахбай!» Тагъд-тагъдæй, рагагъонмæ ци дуар фегон кодта, уордæмæ æ фæдбæл кæрæдзей фæсте ратахтæнцæ ручкæ, гæгъæдитæ еугæнæн, къæлиндари æвæрæн, къарандæсти хæццæ цайцумæн.

Фæстæмæ санаторимæ æрбаздæхгæй, Гривцев æнкъард гъудити ранигъулдæй:

– Кæрæдземæ дæр бонигон берæуон нимæдзи дзурдтан, æрмæстдæр æхсæвæ исæмидолæ уианæ.

Уотитæ гъудитæ гæнгæй, сабургай æхецæн агувзæмæ сæнæ рауагъта æма си усмæй-усмæмæ исхупп кæнидæ.

– Бæрæг æй, хæццегун ке æй, е, фал мæ уæддæр цæмæй-дæрти ба æхебæл исагъудта.

Изæрæй бабæй рацудæй денгизи билæбæл æхе раерхæф-сунмæ. Æрвгæрони сæрти æхе исиста мæйæ, изæрдалингтæ сабургай нихъуæрун райдæдтонцæ бони рохс, денгизи цæ-хъалтæ, мæстгун уозгалд гæнгæй, сæхе цавтонцæ билгæрон тегътæбæл.

– Гъа, мæ донихъæзтæ, ци фæцайтæ? – исдзурдта Грив-цев. Дзуапдæттæг ин нæ фæцæй. Дуйне еци æмиргъосæй бандзуг æй, хъæзтæ дæр цидæр фæцæнцæ.

Еци усми æ цæститæй æрæстæфтæй Геракли циртдзæ-вæн. Рагон тауæрæхъти бæгъатæр бадтæй мраморæй конд къелабæл æма денгизи цæхъалтæмæ сæццæкæсæ кодта, æ «зæгъуйнаг» ба мæйрохсмæ тæмæнæрттивд кодта.

Сæни фæсте Алексеймæ дзорун æрцудæй, фал ке хæццæ дзубанди кодтайдæ, фæлабулай уæхæн ке неке разиндтæй, уомæ гæсгæ ба æхецæн дзорæгæнбалæн равзурста Геракли.

– Ду тауæрæхътæй æристадтæ мах цори æма дæмæ мæн гъудтæгтæ гъаргæ дæр нæ кæнунцæ, – идæрддæбæл ра-хуæстæй Алексей. Уæдта дæбæл зæрдæ дæр нæййес, уо-мæн æма бронзæй арæзт дæ! Мæнбæл ба, бадиæруагæс уæд, ес зæрдæ! Уоми ба æхецæн исбунат кодта еци сæлхæр силгоймаг, æнамонд искондадæ. Уфф! Геракл, абони дæр ма Авгийæн ци скъæттæ никкæдзос кодтай, уой фагусæсмаг кæ-нис. – Гривцев æ фиййи цъæстæ фæуурухдæр кодта æма æ реуидзаг исуолæфтæй.

Авгийи бæхдæнттæ! Куд нæ! Куд нæ! Уавæр, куд æнгъæл адтæй, уомæй дзæвгарæ исæфтдæр разиндтæй. Кадæр Ге-ракли циртдзæвæни цори æ цъумур куст бакодта, Алексей ба си æ дууæ къахемæй æрæфсардæй.

– Æнæбайрайгæ фæууæд æма губуннезæй фæрресæд æ бакæнæг! – зæрдибунæй исæлгъиста лæг. Гъе ба дин царди

æцæгдзийнадæ! Адæймаги уæлйау гъудитæ уотæ ниллæгмæ ка æргæлдзуй! Æ къæхтæ искæдзос кæнуни зæрдæй денгизи банадæй. Фиццаг цæхъал æ уæргутæбæл æрбакалдæй, дуккаг ба æ – сагæхтæмæ.

– Уотæ дæр фæууæд!

Уазал дони ибæл резæнгæ бахуæстæй æма æ дæндæгутæ кæрæдзей дæр нæбал æргъавтонцæ, уотемæй дон-дон рахуæстæй, Гераклæй куд идарддæр, уотæ.

– Уадзæ æма фæссæйгæ уон æма рамæлон! Уæддæр финстæг ниффинсдзæнæн мæ мæлæти хуæдразмæ, цæмæй рохсаг зæгъонцæ, Еленæ Леви кизгæ æ къæхтæй ци уодбæл æрхаттæй, уомæн.

Нæ амондæн сæйгæ дæр неке фæцæй æма мæлгæ дæр неке ракодта.

Сехуарбæл Алексей касдони еу уедуг инней фæсте æрвиста æ ахсæнмæ, æ цæстингасæй ба нихъуардта официанткити.

«Ци дессаги гурисконд син ес! Уогæ, æстонг, æнæрæвдуд адæймаги цæститæбæл ци ба нæ рауайдзæнæй! Æррæстæ «хъунадзинтæ»!

Фæстаг дзурд æхемæ дæр æгæр гумерихуз фæккастæй æма æхуæдæг æхе фæрраст кодта: «Кизгуттæ, кизгуттæ? Мадта, куд?»

Уæдмæ бæбæй æ телефони нæуæг «эсемескæ» ферттивта. Еленæ имæ финста: «Дæ дасæн феронх кодтай?»

Гривцев, уой бакæсгæй, фæстæмæ денгизи билæмæ ранæхстæр æй.

«Æртæ дзурди æма къæдзуг», – лæмбунæгдæр сæбæл гъæуй расагъæс кæнун. Фиццагидæр, аци хатт мæмæ Еленæ берæуон нимæдзи нæ финсуй, е цæбæлдæр дзорæг æй. Еуон нимæдзи æрмæстдæр хуссæни адтан. Иннемæй ба – гъæрон нисан! Æнбалдæй си хумæтæги стъæлфæ сæвæрун дæр, ами ба гъæрон нисан! Е ба æнкъарæнти, разæнгардгæнæни нисан æй. Цæй фæдбæл, уой балæдæрун æмбæлуй! Мæ дасæнмæ фæстæмæ ку раздæхон, никки ба ма Ницшейæй бабæй ести æмбесонд ку æрхæссон, уæд нæ фенбæлд, мæнмæ гæсгæ, цæмæдессагдæр уодзæнæй. Уотемæй кæрæдзебæл куд ниббухсдзинан. Æртиккагæй ба – мæ дзаумæуттæ мæхуæдæг æмбурд кодтон æма неци феронх дæн уоми.

Никки ба ма аци хъилмай тæф. Геракл мин уæхæн «хуæрз-

дæфи» хуасæ балæвар кодта æма тагъд рæстæгути цæугæ дæр нæбал искæндзæнæй.

– Нæ, абонæй фæстæмæ мæ лимæн нæбал дæ, Геракл! Горький уотæ нæ бакодтайдæ, æндæдæр, цитгин пролетарон финсæгæн ци циртдзæвæн лæудтæй, уомæ амонгæй, – рагъуди кодта æ меднимæр Алексей.

Горькиййи устур финсæгбæл нимадта Гривцев, уæлдайдæр ба æ роман «Клим Самгини цард» ку бакастæй, уой фæсте никкидæр фæууæлиаудæр æй æ цæсти. Уой фæсте дæр ма ’й цалдæр хатти бакастæй æма ’й куд фулдæр аргъудта, уотæ зиндæрлæдæрæн имæ кастæй æ сæйраг архайæг.

Горькиййи циртдзæвæнмæ ку бахъæрттæй, уæдта æхемæ, цæмæдæргæсгæ, фарста равардта: «Дессагæн, цума мæн бунати ба Горький Еленæ Леви кизгæмæ ранæхстæр адтайдæ?..»

Æ «Уадæхæссæг» финсунбæл æрбадтайдæ æма, æвæдзи, къахдзæф дæр некумæ ракодтайдæ. Фал æ киунуги архайæг Клим Самгин ба фæннæхстæр адтайдæ. Æнæмæнгæ! Трамваййи вагони рабадтайдæ æма æ дасæни фæдбæл ниффардæг адтайдæ. Уой фæсте ба дæхе интеллигент хонæ».

Æппунфæстаг, Гривцев æхуæдæг æхецæн уæхæн унаффæ рахаста:

– Æ сæри бæсти цæуæд еци дасæн. Байзайæд Еленæмæ, æма си æ гъунтъуз къæхтæ дасæд! Фал Елени айкæмлигъз къæхтæ æ цæститæбæл ку рауадæнцæ, уæдта фæффæлмæндæр æй:

– Нæ, æ зæнгитæ нæ!..

Хъæзтæн бабæй дзоли сæппутæ никкалуни фæндæй, Гривцев æхе билгæронмæ ниййиста. Цæхъалтæ, æнæлвид уæрикки цъоппитау сæхемедæг æмбохъулатæ кодтонцæ, фал хъæзтæн ба сæ кой дæр некæмибал адтæй.

«Эх, фæттахтæнцæ мæ рæстæгмæ бæлццæнттæ, – арф нийнæфтæй Гривцев. – Бустæги фæлмæн нæ дæ, фæззигон Хъирим! Думгæ æма уазал цæхъалтæ!»

Уæдмæ бабæй æ телефони «эсемескæ» фæззиндтæй.

«Ду æдзæсгонæй æрбалæгарстай мæ цардмæ! – финста имæ Еленæ Леви кизгæ. – Нур ба дæбæл бухст дæр нæбал фæразун! Фал идарддæр дæр дæ фæсте тæбæгътæ æнæхснадæй ку уадзай, уæд мæнæрдæмæ над феронх кæнæ! Хæццегун!» – Алексейæн æ зæрдæ æхе реуи къолтæбæл бахуаста, уотемæй имæ дзуапп ниффинста.

«Мæ уод æма мин мæ зæрдæ фæркитæ фæххаун кодтай!»

«Дзæбæх загъд æй!» – Гривцеви цæститæ бауомæл æнцæ.

«Бадæ уарзтон, дæумæ гæсгæ ба ма – Хъирим дæр, фал дæ тæбæгътæй ба нæ амондгун бонтæ цæхгæр ханхæ никкодтай! Нур цæугæ кæнун! Хуарзæй байзайæ! Мабæл мæмæ ниффинсæ! Ци незæй мæ дзæбæх кодтай, е мæ дæ ном феронх кæнун нæ бауадздзæнæй».

Нæуæгæй æ финстмæ ку æркастæй Алексей, уæд фæстаг дзурдтæ æ зæрдæмæ набал фæццудæнцæ æма сæ рандæ кодта.

– Ци ма мин байзадæй? Фæстæмæ санаторимæ раздæхун æма мæхе балцимæ æрцæттæ кæнун.

Æ дзаумæуттæ æмбурд гæнгæй, Гривцев гъудити ранигъулдæй:

«Еуæрдиги – Горький, иннердиги – Бунин. Фæйнæхузон æй се 'сфæлдистадæ. Сæ еу – гъæздугутæй рацæугæ, иннæ – пролетарон. Фал бийнонти цардмæ ци цæстингас дардтонцæ, е ба æмхузон адтæй. Бунин æ бийнойнаги хæццæ дæр цардæй еци-еу рæстæг æма æригон поэтесси хæццæ дæр. Горький дæр – æ бийнойнаг æма æригон актриси хæццæ. Уæхæн уавæрти сæмæ цардмæ æнæ æмхузон цæстингасæн æнæсæвзурæн н' адтæй.

Маяковский дæр еу рæстæги цардæй Лиля æма Осипи хæццæ еу хæдзари. Æма ма Лиляй хæццæ цæмæн цардæй, е бæлвурд æй, фал Осипи хæццæ ба цæмæн цардæй? – æхе фарста Гривцев æма æ медхурфи тингун кодта æ уарзон поэтмæ.

– Æхуæдæг Осипи хæццæ неци хузи цардайдæ, ести æрдæмæ 'й фæккодтайдæ, фал кумæ?..

Хъиримæй рацæуæн ес æрмæстдæр дууæ хузи: кенæ хуæдтæхæгбæл, кенæ ба науæ – паромбæл. Хуæдтæхæг стæхуй Симферополæй, науæ ба ранæхстæр уй Керчæй. Гривцев æ над ракодта Украинæбæл.

«Хъиримæгти бабæрæг кодтон, Украинæ ба фæсвæди райзадæй. Раст нæй е!» – маршрутон автобуси, æхе бадæнбæл фæндон фæстæмæ рауадзгæй, гъудитæ кодта лæг.

Евпаторий гъæунгти ку фæццæйцудæй автобус, уæд Алексей æ бауæрбæл æнкъарун райдæдта хори гъар. Автобуси сабур уозгæ цудмæ Алексейи уайтагъддæр хуссæг раахæста

æма, æ фарсмæбадæги усхъæбæл æ сæр æруадзгæй, æррæхцтæй.

Æма бабæй æ фуни Алексей дæнцæгтæ хæссуй В. Маяковскиййæй Еленæн.

Еленæ имæ кæсуй æма къæл-къæлæй ходуй, уотемæй ин æ реу къæртт кæнуй. Æ тогæй ин изгæ къансерви къалай хурфи систа æма имæ финсæн сес дæттуй: – Мæнæ ами дæ къох æрæвæрæ тагъддæр, цалинмæ ма дæ уод дæ медæги æй, уæдмæ.

Алексей æ къох бафинста циуавæрдæр гæгъæдий буни. Нур ба имæ Еленæ, никки хъæбæрдæр ходгæй, æвдесуй нæуæгæй и гæгъæди: «Ци бафинстай, уой уинис? Æнкъаййади туххæн æвдесæндар».

– Е мæнгæвдесæн æй, – æхе ибæл истилдта Гривцев.

– Нуртæккæ нæбал уодзæнæй, – ходуй ибæл Еленæ, æ къохи дартси циргъ фæттæ, уотемæй.

Алли фатбæл дæр си финст: «Амури фæттæ».

– Е раст нæй! Е мæнгæдтæ ’й! – æ уолæфт æ хъури нибадтæй, уотемæй хæр-хæргæнгæй, гъæр кæнуй Гривцев.

– Æма раст ка ’й, уæхæн гъуддаг ба кæми фæууидтай, – фегъал æй кодта æ фарсмæбадæг. – Цæбæл дæ гъæрвæдес цæуй?

– Бахатир мин кæнæ! – цæмæй уавæр фæффæлмæндæр кæна, уой туххæн æ цори партфелмæ нивналдта æма си къалбас водки авги хæццæ исиста. – Дæхемæ фæккæсæ!

– Е дин мæ зæрдæмæ цæуй, – æ хæццæ исарази æй æ синхон æма авги æмбес хъурæй ниссурдта.

Цалинмæ къалбаси дууæ карсти æзмилдтонцæ, уæдмæ имæ Алексей лæмбунæгдæр æркæститæ кодта…

Бæзæрхугтæ арæзт, æ къудури асæ сæрбæл дзиккотæ фæххалас æнцæ, æ къобор фиййи бунмæ бæзгин бецъотæ æрзæбæлттæ кодтонцæ. – Ци, ци, фал хахолти ба сæ уæледарæсæй дæр бафæсмæрдзæнæ, æ хъургун хæдонæмæ ин листæг нимдзаст уогæй, рагъуди кодта Гривцев.

Водкæ дæр æ куст кæми нæ кодта æма ку барасуг æнцæ, уæдта сæ зæрди дзубандитæ сæ кæрæдземæн кæнун райдæдтонцæ дууæ бæлццони.

– Мæ уодхæссæг уинун мæскуйæгтæй, – авги ма ци цумд адтæй, уой истелгæй æма ’й æ хъури рауадзгæй, сдзурдта æ фарсмæбадæг.

– Уагæри дин ци ракодтонцæ, цæмæй дин уотæ æнæуинон æнцæ? – æ зæрди гæбар-губур иссудæй Алексейæн.

– Æма сæ цæй хуарзмæ гъæуама уарзон.

– Цæмæннæ ба?

– Нуртæккæ дин æй балæдæрун кæндзæнæн, – зæгъгæ, æхе æ дзæкъолæмæ æргубур кодта æма си горилки авгæ, дзол, салæ, уæдта стакантæ исиста. Салæ листæггомау кæрститæ æркодта, дзоли кæрститæбæл сæ æрæвардта, уæдта цайцумæнтæ байдзаг кодта æма фæйнæ баниуазтонцæ, бакъурцгæнгæй.

– Лæдæрис æй, куд ниуазун гъæуй, уой. Сумах ба ’й хъурæй рауадзетæ. Махмæ, хахолтæмæ, æгъдау федардæр æвæрд æй.

– Æцæгæй ба? – нæ састæй Гривцев.

– Æцæгæй ба нин нæ Киеваг Уæрæсе Мæску æхе бакодта.

Уотæ ку нæ рауадайдæ, уæд Полтавæй Аляски уæнгæ еугур адæн дæр салæ дзолбæл æвæрдæй хуардтайуонцæ, æгъдау куд амонуй, уомæ гæсгæ.

Æхецæн æй æнæуинон искæнунмæ гъавта Гривцев хахойлаги, фал ин си неци уадæй.

«Е куд раст æй!» – аци лæг мæн хузæнттæй æ уодхæссæг уинуй, мæн бон ба ’й нæ уарзун нæй.

– Перекоп! Уæ дзаумæуттæй маци феронх кæнетæ, – фæстæмæ радзурдта шофир бæлццæнттæмæ.

Уæрæсей арæнбæл æнæкъулумпийæй рахизтæнцæ, Украинæ ’рдиги ба сæ дзæвгарæ æнгъæлмæ кæсун багъудæй.

– Ами адæни сарсийнæй лæуарунцæ, бамур-мур кодта хахойлаг.

– Е ба куд лæдæргæ ’й?

– Шпионтæ агорунцæ.

– Шпионтæ?!

– Мадта, куд æнгъæлис!

– Дзæбæхæй бал изайæ, мæскуйаг, – æ бунатæй фестгæй æма машинæй рагæпп гæнгæй, æ къох фæттилдта хахойлаг Алексеймæ æма æ над радардта украинаг арæнæрдæмæ. Æ фæсте ниббарцæ æнцæ иннæ лæгтæ æма исæвгун силгоймæгтæ дæр.

«Е дин æгъдау?»

– Нæ, фæлтау нæхе уруссаг: «Кæдимайди ба…»

– Шпион дæ? – хæстæг имæ бацудæй еу къепкæгун.

– Æппундæр нæ.

– Мадта, дæ гуриконд ба афицери гури хузæн æй, дзуапп дæр æфсæдтони хузæн дæттис.

– Е нецæбæл дзорæг æй, – батухстæй Гривцев.

– Нурма Украинæ æгас æй, нæма байсавдæй! Заргæ нин ракæнæ!

– Дзурдтæ нæ зонун! – басастæй Гривцев.

– Фæсевæд, æ гъудтаг ин ракæнайтæ!

Дууæ бæзæрхуг лæхъуæни ин æ дæлмустæбæл фæххуæстæнцæ æма 'й уруси границæрдæмæ рахæр-хæр кодтонцæ.

– Украинæ бабæрæг кодтон, – бостæхузæй исдзурдта Алексей. Уæрæсей арæнбæл ин æ паспортмæ ку æркастæнцæ, уæд æй бафарстонцæ:

– Диверсант!

– Циуавæри гадзирахаттæй цæуæг дæн, – мæ бон гимн разарун дæр æй сауæнгæ!

– Æцæгæйдæр…

– Æцæгдæр нæ фæуууй!

Æмраст ислæугæй, Гривцев низзардта:

– Боже царя храни! Сильный, державный,

Царствуй на славу, на славу нам!..

– Фагæ 'й! Баууæндун нæ кодтай! – æма имæ æ паспорт фæстæмæ бадаргъ кодта арæнбæл лæууæг.

– Сумах дæр еци текст ахур кæнтæ, – фехсилкъæ сæ кодта Гривцев.

Æма бабæй нæуæгæй автобуси къæразгæй æ цæстити рази æристадæнцæ Хъирими горæттæ, гъæутæ. Гривцев сæмæ кастæй æма æхецæн гъудитæ кодта:

– Уогæ ба аци дуйнебæл ци æнкъард цæрæн æй!

Гоголь дæр уотæ ке гъуди кодта, е æ фæсонæрхæги дæр нæбал адтæй, уотемæй идарддæр ниванста æ гъудий еу кæрон, иннæ кæронæй ба æ сæри февзурстæй æ уарзон дохтурсилгоймаги сорæт.

– Нæ, уæддæр къостæ æхснæг ба нæ уодзæн, – æппунфæстаг искарста æхецæн Гривцев.

## КÆРЦИ ÆНДÆР ДУС

– Бæхтæ исæзнæт æнцæ, – Егор æ гъæдин къахбæл æнцойнæгæнгæй, Василий хæфи гъæстæ хæдонæ раст гæнгæй, дзурдта: «Æзинæизæр кæсун, æма бæхдони цори бакъупхæ æнцæ. Сæ еуæндæс дæр. Аци æнæхаири Буланок, берæгъти амæттаг фæууйнаг ба бустæги нæбал æнцадæй æ мурмурæй. Стойнæмæ сæ батардтон, хуасæ син ниввардтон сæ кæвдæсти. Гъе ба дин мæ гъудтæгутæ! Хуæрзæрдæмæ хабæрттæ. Нур дин гъæуама дæ фудтæ исесонцæ. Варюшкæ ку æрбацæуа, уæд сæ сæрдармæ дæр бамедæг уодзæнæн. Зæгъдзæнæн ин, цæмæй мæхе цори хайадæмæ бадзора».

Васили уæззау ниуунæргътæй æма æ цæститæ байгон кодта. Дзубанди цæбæл цудæй, æппунфæстаг уой æрлæдæргæй, æ сæр аразий тилд бакодта.

– Нæ дзурдтон, зиндзæнæнцæ? Бангъæлмæ кæсун сæмæ гъудæй. Буланок аци итигъд будурти ци къахнад, ци фæззелæн нæ зонуй, уæхæнæй си неци ес. Слестгæнæг ба… Æ муггаг цидæр æнахур, махæрдигон нæй… адæймаги цари гæбуй лæст никкодта æ фарстати хæццæ: – дзоргæ кæнæ, колхози бæхтæ кæмæн ниууæйæ кодтай!.. Æ резгæ армитъæпæнæй æ цæстисуг æ цæсгонбæл нийгъæндæнгæнгæй, дзурдта лæг. Бæрæг адтæй, æ алли фезмæлд дæр ин æ астæуистæги магъз цæхгæрлух ке кодта, е. Еу усмæ æнæдзоргæй ралæудтæй, уæдта бабæй нæуæгæй райдæдта:

– Æма ма е уотæ гурумухъ н’ адтæй, адæймаги е ’фцæкъуатæй тилдта, фал иннетæ ба агъуд æфситау! Мæ уод мин æрдойæй нарæгдæр искодтонцæ. Нæ зонун, бери фагæ ма исуон, – исхуфгæй, сдзурдта Васили. – Хуцаумæ ковæнтæ, цæмæй рамæлон, æндæр сæ кæрæдзей фæсте мæрдтæмæ æнæбарветгæ нæ фæууодзæнæн… уой фæсте ба мæлæтбæл дæр арази. Тугъди мин хъисмæт фæттæрегъæд кодта, æми ба куд рауадæй, уой дæхуæдæг уинис.

– Еци дуйнемæ, æнæ Хуцаумæ ковгæй дæр, хъæртдзинан, Васили! – дзуапп ин равардта Егор. – Ледзæн си некумæ ес. Не ’гас дæр Хуцауи бунмæ цæрæн.

– Уæлдай змæлдтитæ ма кæнæ, дæ хъауритæ гъæуай кæнæ. Бамадæ гъæудзæнæнцæ. Уæдта еци сирдуодтæ ци æнцæ? Лæгмартæ – æндæр неци! Еске бардзурд æнхæстгæн-

гутæ. Уони барветдзæнæ мæрдтæмæ, сæ бунатмæ ба æндæр уæхæнттæ æрбацæудзæнæнцæ, уонæй тогмондагдæртæ.

– Æнæхатирдæр ма куд фæууй, – æ рист туххæй уорамгæй, æ дæндæгутæ къæс-къæсгæнгæй, туххæйти исфæразта Васили. – Дæлгонмæ хусгæй еугур æндзуг ниццæй мæ губуни цар, мæ фарсбæл рахатунмæ мин фенхус кæнæ, æма дон дæр баниуазон.

– Æзинæ дохтур куд загъта, уомæ гæсгæ дон, тæнгъæдæ берæ ниуазæн нæййес, – бакатай кодта Егор.

– Æнæбайрайгæ си искæнæ дæ дохтурæй, – дон мин радтæ! – æ кæрæдзебæл нихæст билтæй си æртæ хуппи скодта æма къуруска фæстæмæ æруагъта.

– Цидæр мæ хъури нæ цæуй…

Æртæ боней размæ æрбаластонцæ Василий Георгиевскæй. Уоми ба ’й дардтонцæ бетонварс къетелæггонди. Суткæмæ ’й дууæ хатти ракæниуонцæ слестгæнæгмæ (дуккаг хатт æхсæвигон) æма имæ е фарстатæ лæвардта. Закъон æнхæстгæнæг æй æууæндун кодта, цæмæй æ фудбæл басæтта, уой туххæн, фал Васили нæ арази кодта, бæхтæ е ке радавта æма сæ ке ниууæйæ кодта, уобæл. Æргомæй ин лæдæрун кодта, закъони цори ке нецæмæй æй фудгин, уой.

Слестгæнæг имæ байгъосидæ, æ сæр бателидæ, уæдта, стъоли бунбæл ци кънопкæ федаргонд уидæ, уой нилхъевидæ æма дууæ бæзæрхуг лæги фæммедæг угæй, райдаиуонцæ Василий æндæр хузи «мадзæлттæй» фæрсун: белигъæдтæ æ рагъæй хъæндзæлтти æсхъиуд кæнун райдайиуонцæ. Гъудтаг уомæй фæцæй, æма Васили фæстагмæ дзоргæ нæбал кодта, фал æ сæтæ тогæмхæццæй калун райдæдта, е ’взаг фæццæйнихъуардта.

Ци дохтурмæ фæдздзурдтонцæ, е ин æ зæрди цæфи тæлфуйнадæ исбарста, уæдта ин фиццаг æ еу, уæдта иннæ цъæйæ исигон кодта, æ сæр батилдта æма слестгæнæги гъоси цидæр бадзурдта. Слестгæнæг æ къохтæ фæйнердæмæ райвазта æма æ дæлбарæ тогмондаг дууæ лæгемæн бардзурд равардта:

– Ардигæй æй хæссетæ!

Дуккаг бон æй бæхуæрдуни сæвардтонцæ æма ’й æ гъæумæ рарвистонцæ. Хевæндæ нæлгоймаги рафæрсæ-бафæрсæ кæнуни сæр нецæмæнбал гъудæй, раервæза æви нæ, е ба оргæнтæмæ нæбал хаудтæй.

– Гъæла кæд  нæ дæ, уæд ци ниффæрскъæ дæ? – тургъæмæ æ фæсте рацæугæй ма имæ батхалдта слестгæнæг. Василий æ губунбæл дæлгонмæ æрæвардтонцæ, æ фæсонтæ еугур тогæрхæнтæ адтæнцæ æма имæ æ тогæйдзаг цæститæй уозгалд каст бакодта.

– Дæ фудбæл басастайсæ æма дин фондз анземæй фулдæр нæ равардтайуонцæ.

Васили ци хъалли райгурдæй, уой паддзахи замани худтонцæ – «Государственная», инсæййæймаг æнзти ба ’й хонун райдæдтонцæ – «Советон».

Æртанздзудæй æй бæхи саргъбæл рабадун кодтонцæ гъæуи хестæртæ – хъазахъæгтæ. Аци зæнхи ахур кодта мæнæуæ итаун æма тиллæг есунбæл. Ардигæй ранæхстæр æй нæудæсанздзудæй 1914 анзи тугъдмæ дæр.

Æ фиди фидæ Харитъон ин бæхи мадзал дæр æд равдзитæ фæккодта. Сауæнгæ ма ин зæронд тугъдон æхе æхсаргард дæр балæвар кодта. Еци хуæцæнгарзи хæццæ фæттугъдæй туркæгти хæццæ. Еу æма дууæ хатти ин нæ ракæнидæ Васили æ хуарзи кой. Æхе дæр ин берæ хæттити багъæуай кæнидæ еци кавказаг æхсаргард.

Егор Гриднев дæр тохæг æфсадмæ еци фæдздзурди хæццæ ранæхстæр æй.

Сауæнгæ сабитæй балимæн æнцæ æма кæрæдземæй нæбал фæххецæн æнцæ, ирæзтæнцæ еумæ. Сувæллæнттæ уогæй си еске æндæр кедæр хæццæ ку фæххилæ уидæ, уæд иннæ æ сæрбæл æнæрахуæцгæ нæ фæууидæ. Сæ ниййергутæ дæр сæ къæбæр цæнхæ не ’вгъау кодтонцæ кæрæдземæн. Мадта, сæ тугъдвæллад фиддæлтæ дæр, махоркæ бадумгæй, фæйнæ цайцумæни кæми нæ раревæд кæниуонцæ фингæбæл бадгæй.

Тугъд ба никкидæр фæххæстæгдæр кодта кæрæдземæ Васили æма Егори. Еу сотнямæ бахаудтæнцæ. Цал æма цал исхуæстеми архайдтонцæ, уони ба гъуди дæр нæбал кæнунцæ.

Мадта, зар дæр кæрæдзей цъухæй истонцæ сæ уолæвди рæстæги.

Анз ка фæттохуй, уомæ тугъдон цаутæ алли бони уаги хузæн кæсун райдайунцæ. Уодæгас дæ? Хуцауй боз! Фæццæф, кенæ фæммард дæ, – е ба хъазахъаген æ хъисмæт æй.

Фал 1916 анзи ба æ тугъдон хъисмæт гадзирахаттæй рацудæй Егорбæл. Галиций зæнхæбæл тохгæй, знаги минæ

фехалдæй æма хъазахъагæн æ бæх æ буни дзухъмард фæцæй, æхецæн ба æ къах царæбæл гæллеуæй райзадæй уæрагисæрæй дæлæмæ. Лæууй кæрдæгбæл хъанæй Егор æма цулухъæй ци стæг разиндтæй, уомæ кæсуй æма си не ’руагæс кæнуй, æцæгæйдæр аци цау уобæл æрцудæй æви нæ, е. Берæ цæфтæ æма мæрдтæ фæууидта æ тугъдон царди, фал ин аци хатт ба хъисмæт æхебæл дæр нæбал бааурста. Никки ба ма рист æгириддæр нæ лæдæрдтæй. Æрмæстдæр æ сæри ниббадтæй еу гъуди: «Фæцæй мæ тугъдон  цард!»

Уæдмæ æ уæлгъос æрбалæудтæй Васили. Кард æ кæрдбадзæй фæцъцъортт кодта æма ма, къах ци хæцъæфбæл хуæстæй, уой æрбайгарста, ронæй балваста цæф æма ’й бæхмæ исæргъувта, уотемæй æй фатуарæнæй раласта. Госпитæли ин æ цæф къах бадæрдзæбæхтæ кодтонцæ, лæдзгутæ æма ин «Бæгъатæрдзийнади туххæн 4-аг къæпхæни майдан» равардтонцæ æма ’й рафинстонцæ: идарддæр ба фæндараст кæнæ дæ райгурæн хъаллæмæ æма сахъатгинæй дæ царди бонтæ ефхæссæ, – зæгъгæ.

– Фал, – дæ царди бонтæ цубурдæр кæнæ, – куд гъæуама загъдæуа, нерæнги ма æдеугурæй 19 анзи кæбæл цæуй, уомæн.

– Æ гъуддаг нæ фæррæстмæ ’й, – хъалли ибæл ка сæмбæлидæ, етæ сæ сæртæ бателгæй, æ фæсте тæрегъæддаги каст кодтонцæ. Кутемæй æрхумæ кæндзæнæй зæнхæ дæр, готони къохбæл куд рахуæцдзæнæй, уæдта имæ циуавæр æригон кизгæ бакомдзæнæй комгæ дæр?

Фал куд рабæрæг æй, уотемæй уæхæн æвзонг уод разиндтæй. Цæугæдони билæбæл хъазахъаг цардæфхуæрд лæхъуæн еу бони сæри исæнбалдæй Дарья Калюжнаябæл. Кизгæ алкæддæр уидæ ходæндзаст, аци хатт ба æ цæститæ хæрдмæ исесунæй дæр æфсæрми кодта.

– Дон мин ниуазунмæ ку раттисæ, æ донхæссæнмæ ин февналгæй, сдзурдта Егор.

Кизгæ æ дууæ къибилай зæнхæбæл æривардта, æ сæр исæргъувта æма ин комкоммæ æ цæститæмæ бакæсгæй, сдзурдта:

– Дони рæуонæ ци кæнис… Дæ мийнæвæрттæ нæмæ æрбарветæ, тугъди размæ дæр мæ зæрдæмæ хъæбæр цудтæ…

Фæззæги ба киндзæхсæвæр искодтонцæ æма иннетæй некæмæй фуддæр цардæнцæ.

Хæдзари, нæлгоймаги куститæй цидæр гъудæй, уони æхуæдæг кодта Егор, силгоймаги нецæмæ уагъта æвналун. Анзи фæсте ба готонбæл хуæцунмæ дæр арæхсун райдæдта. Æрмæстдæр бæх ауæдзи сабурдзо кæнæд, æндæр си уадессагæй неци адтæй. Райдайæнти æ гъæдин къах хумгонд зæнхи ранæхсидæ, фал ибæл Егор бунæй фæтæн фæдвадæн ку бахудта æма ибæл къалос ку бабаста, уæдта гъуддаг фæрræстмæ 'й.

Зингомау адтæй. Райдайæни æ гъæдгин еугур тогæрхæнтæ ниууидæ, фал Егор уой туххæн нур гъæуама æ зæнхæ æнæхумæгондæй ниууадза? Нæ, нурмæ еунæг адтæй, нур ба æ Дашутки хæццæ хуæнхтæ дæр рафæлдахдзæнæй.

Васили, тугъди раззаг фронти тохгæй байзайгæй, райста вахмитстри цин. Тугъди австриаг капитани уацари ке райста, уой тухxæн ба хуарзæнхæгонд æрцудæй Геуæргий 4-аг къæпхæни дзиуарæй, 1917 анзи январи ба командæ кодта сотняй æмбесæн. Берæ 'й нæбал гъудæй афицери цин райсунмæ, фал уæдмæ ба еу инней фæсте низмæлун кодтонцæ Уæрæсе, сæрмагондæй ба дууæ революций. Салдæттæ æфсæдтон уагæвæрди домæнтæ нæбал æнхæст кодтонцæ, лигъдæнцæ сæ хæдзæрттæмæ. Фæстæдæр ба тугъдæй раледзгути нимæдзæ ци мингæйттæ адтæй полкити, уони нæуæг хецауадæ бустæги дæр исуæгъдæ кодта æфсадæй.

Сæ фæстаг уæхæн æгадæмæ ке æрхаудтæй хъазахъæгтæн, е си берети зæрдитæмæ нæ фæццудæй.

– Уой бæрцæ тог цæй тухxæн никкалдæй? – фарста æхе Васили, фал дзуапп ба нæ ирдта.

Къала пеци согтæн сæ къæрццгъæр игъусуй аварæй. Тæвдæй си исуолæфæнтæ нæййес.

– Цума хъази пакъу тæхуй, уой хузæн æй, – æндæмæ къæразгæй кæсгæй бафеппайдта Егор. – Мæ зæрдæбæл æрлæудтæй, дæ Анварбæл робас куд расорæ-басорæ кодтай. Топпæй æй не 'хстай, æхсæви æй адтæй дæ зæрди æрхъан кæнун.

– Дессаги бæх адтæй Анвар, – фæсосгъæлæсæй дзуапп равардта Васили. Тугъди – уадæмдзо! Фæлабулай фæттæ ихæлунцæ, уомæн ба уæлдай н' адтæй. – Уæдмæ, Васили ци гъæмпин базбæл хустæй, уой цъарæмæ æ гъæлæсæй тог æргъардта.

– Егоркæ! Рохсмæ мæ разелай! Æгæр тæвдæ æй… Къæразæ еугур игон бакæнай… Игъосис мæ! Еугур игон!..

Куддæр Егор къæрази хуæцæнмæ бавналдта, уотæ ба æ фæсте райгъустæй Василий хæстуолæфт æма хæр-хæр:

– Уе 'хсаргардтæ сæ фестонитæй исласетæ! Æмраст ралæууетæ! Размæ æнсæндгæ! Кумæ? Кумæ уæ фæххæссунцæ уæ дæлуймæнттæ?! – Василийæн æ уолæфт æ хъури фæббадтæй, исхуфтæй, уæдта, тухуолæфт гæнгæй, нæуæгæй сдзурдта: «Кæми дæ, Лизаветæ? Æз ба ци фæуууодзæнæн?.. Яшки дæр ку байвардтан… Дæ мæлæтхæссæг нез ибæл ку бафтудтай…»

Васили сæнттæ цагъдуй, уой ку балæдæрдтæй, уæд ин тагъд-тагъдæй раййивта, æ фæсонтæбæл бинтити бæсти ци хæцъилттæ баст адтæй, уони, зæронд цъæйæйдзæгтæ ба тасмæ ниггæлста. «Ох-хо-хо! Варюшкæ ма тагъддæр ку æрбахъæртидæ!» Дууæ сахаттей размæ рандæ 'й, ристæнцондæргæнæн кæрдæгутæмæ зæронд уосæмæ. Е ба, нæуæг æрледзгутæ кæми цæрунцæ, гъæуæн æ еци кæронæрдиги цæрунцæ.

Васили Варвари хæццæ баеу æй, сæ дууемæн дæр сувæллæнттæ уогæй. Василийæн – дууæ фурти: Валоди æма Яшæ, силгоймагæн ба кизгæ – Зойæ. Е адтæй 1932 анзи. Лæгбæл уæд 30 анземæй фулдæр цудæй, Варварæ ба си 10 анзи кæстæр адтæй. Седзæргæс адтæй.

Уой агъонмæ хъазахъаг Иванькомæ цуд адтæй. Иванько нимад адтæй гъæздуг цæрæгбæл, фал ин нæуæг хецауадæ æ мулк, æ есбон есунмæ ку æрбацудæнцæ, уæд син комкоммæ загъта: «Райсетæ, цидæриддæр еретæ, уони еугурæйдæр». Æхецæн ба æ зæрдæ ратудта, гаффеттæй æй ку фæууагътонцæ, уæд. Æгæр фæлмæнуод разиндтæй.

Варюшæ бæгъатæрдæр разиндтæй, æ хæдзарæмæ ин уотæ æндиудуад нæбал бакæндзæнæ. Æгас гъæубæл дæ фæффедиссаг кæндзæнæй, е 'взаг уотæ циргъ иссæй.

Василийæн ба, æ уосæн ци уодисконд ес, е уæлдай нæй. Æхе зæрдихатт дæр хуæздæр нæй. Уидæ æма æрмæстдæр е 'рфгутæбæл хæрдмæ исхуæцидæ æма Варюшæ хæдзарæй æхст фати тахт ракæнидæ. Уайдзæфтæ æ фæсонæрхæги дæр нæбал æнцæ. Бустæги æхцæуæн ин кæми уидæ, хъалли хъазахъæгтæ игъæлдзæг бабаддзийнæдтæ ку саразиуонцæ, уæд Васили æригон силгоймæгтæй еске æ разæй ку рахæссидæ æма итигъд будурмæ ку ниххуаидæ, еци хабæрттæмæ игъосун, фал бухстæй.

Æрæллау æнцæ кæрæдзей хæццæ Васили æма Варя. Сæ

зæнæг Валоди æма Зойæ – еу анзи игурд, скъоламæ дæр еумæ бацудæнцæ. Æртин фæндзæймаг анзи ба син сæнтæстæй еумæйаг фурт дæр Виктор. Фал æ хестæр фурт Яшæ ба Варварæй æ уодхæссæг фæуунидта. Æхуæдæг æ цардæн мадзæлттæ кодта, хизта адæни фонс, хусгæ дæр хуасдони кодта. Æ мард дæр ин уоми иссирдтонцæ. Рæугути нез дæр ибæл æ мадæй бахуæстæй. «Лизæ, Лизæ, Лизаветæ, дæ салам мæбæл ци æрæгæмæ æмбæлуй», – арæх æримисуй Васили æ фиццаг уарзони уæдта ’й имисгæ дæр гъæуама куд нæ кæна, фиццаг уарзтæй æнæхийнæ æма æцæгдæр неци ес а дуйнебæл.

Сæ полк Мæздæги æрбунæттон æй. Салдæтти гъудæй бауолæфун, уæдта полк баæнхæстдæр кæнун дæр. Дзæбæх дæр нæма æрбунæттон æй Васили, уотæ ба имæ сæ командæгæнæг æхемæ фæдздзорун кодта:

– Бунæттон атаманмæ гæгъæди фæхъхъæртун кæнæ. Ами финст æнцæ, бæхти хуаллаг цæйбæрцæ гъæуй, уæдта ма нæ цигъæуæгти бæрæггæнæнтæ, – æма имæ радгæс конверт бадаргъ кодта.

Васили атамани хæдзари еци гурведауцæ æма хуæрзконд кизги ку æрæстæфтæй, уæд цавддорау фестадæй.

– Е мæ кизгæ Лизаветæ æй, – базонгæ сæ кодта болкъон. Æгъдаумæ гæсгæ имæ кизгæ къоппай ниуæзтæ балæвардта. Хъазахъаг æй баниуазта, уæдта æ бецъой кæрæнттæ радаугæй, æ сæрæй астæуи уæнгæ æркувта кизгæн.

Æ зæрдæ ин барæхуста еци æрвон изæд. Уæхæн фæлмæнкъох кизгæ-хъазахъагбæл некæдма исæнбалдæй, æ дзиккой бид – цонги æстæвдæн, æ цæститæ – рæгъæд балитау.

Фал Васили дæр хумæтæги къабускай гъæдæ на ’дтæй, æцæг хуæнхаг цæргæсау æ бакаст, æ реубæл ба Геуæргий дзиуарæ.

Дуккаг бон ин æ рацуд бахизта æма ин æ фæндæ балæдæрун кодта, цæмæй хебæраги фембæлонцæ, уой туххæн. Кизгæ ин æ дзубандитæбæл бахудтæй, уæдта ин уотæ: «Кæд дæ уотæ хъæбæр фæндуй, уæд æрбацо дæ нисангонд бунатмæ æма æнгъæлмæ кæсæ, æрбацæуон æви нæ, е ба мæн барæ ’й. Ке зæгъун æй гъæуй, кизгæ нæ фæззиндтæй нисангонд бунатмæ. Æ зæрдæ бамæгур æй хъазахъаг уосгорæн. Фал æ нифс ба нæ басастæй. Уæхæн федæрттæ еу æма дууæ хатти ку нæ басастонцæ хъазахъæгтæ. Дуккаг бон кизгæ цъаймæ

куд рацудæй, уотемæй ин æ раз байахаста æма имæ аци хатт гъæугæ дзурдтæ иссеруни хъаурæ разиндтæй.

Иннæ хатт фенбалдæнцæ Терки билгæрон бæрзонд билæбæл. Цæбæл дзурдтонцæ, уой абони гъуди дæр æнхæст нæбал кæнуй, фал се 'хсæн уарзондзийнади æстъæлфæн ке фесхъиудтæй, е ба дузæрдуггаг нæбал адтæй.

Уæдæй фæстæмæ алли изæр дæр Елизаветæ æрбацæуидæ сæ нисангонд бунатмæ, уоми ба имæ æнгъæлмæ кæсидæ Васили.

16-аг анз. Тугъд æ тæккæ карзи бацудæй, аци дууей æхсæн ци уарзондзийнади арт иссугъдæй, е ба уомæй карздæр разиндтæй. Цума сæ зунд сæ сæртæй фæццудæй, уотæ æновуд адтæнцæ кæрæдзебæл.

– Тагъд мæ тугъдмæ æрветдзæнæнцæ, Лизæ! – арф ниуолæфтæй хъазахъаг.

– Мæ зæрддагон, æнгъæлмæ дæмæ кæсдзæнæн… Æрмæстдæр мæмæ сæрæгасæй æрæздæхæ, – æ цæстисугтæ туххæй урамгæй, дзурдта кизгæ.

– Æнæмæнгæ дæмæ æрæздæхдзæнæн, – зæрдитæ ин æвардта хъазахъаг. – Уæдта дæмæ мийнæвæрттæ дæр барветдзæнæн.

Лæуунцæ цæттæ дууæ балий, кæрæдзей хъурибунти нинигъулгæй, æма æууæндунцæ сæ исони бони амондбæл. Разæй ма хъазахъагмæ æнгъæлмæ кæсуй æнæгъæнæ анз, уæдта, уацари бахаугæй дæр, фесæфæн ес.

Тугъди рæстæги уацари алкедæр бахаудзæнæй. Уомæй хизт неке æй. Æ сотняй æмбеси хæццæ Васили рампурста гъæди къохæй, уоми ба итигъд будур æма сæ знæгтæ æхстонцæ алли 'рдигити æма фатуарæни буни бахаудтæнцæ. Василий бæхбæл фат исуадæй æма æрхаудтæй, æхуæдæг ба контузи райста. Еци бæх адтæй æ уарзон – Анвар.

Æрискъиттæй цидæр сарай. Æ сæр тъæппитæ хаудтæй. Æ фæйнæфарсемæ ма еу инсæййей бæрцæ æхехузæн уацайрæгтæ. Сæ медастæу дзубанди кæнунцæ, кæцæйдæр къумæй игъусуй кедæр уодесæн нæтун. Æнгъæлмæ кæсунцæ, сæ идарддæри хъисмæт ци бауодзæнæй, уомæ. Уогæ си берæ бартæ дæр нæййес: кенæ сæ лагермæ бакæндзæнæнцæ, кенæ ба сæ фехссæнæнцæ.

Æндæмæ сæ уæлдæфмæ ку ракодтонцæ, уæд æ цæстин-

гас æрхуæстæй бæхбæттæни цори бæхтæбæл. Гъулæггагæн, уæрдунласæн бæхтæ æнцæ, дæс æма инсæй санкъехи сæмæ ес æдеугурæй, æнцæ æнæ сæргътæ, фал е дессаг нæй. Кæронккаг рæуваддæр æй, бафæраздзæнæй.

Дуккаг сæумæ Василимæ цидæр нифс фæззиндтæй. Æ сæрæй еци-еу тухгин цæф никкодта гъæуайгæси цæсгонæн æма ин æ хъæрæймаг æ къохтæй ратудта, инней ба мудзурайæй барæхуста.

Æрмæстдæр имæ еци 30 ампъези æнæгъæнæ дæргъвæтийнæ фæндаги хузæн фæккастæнцæ. Бæхи бæттæн цæстифæнникъулдмæ исигарста кардæй, немуцаг мудзура махонти хузæн на ’дтæй. Махон цуппæртегъон адтæй, уонæн ба карди хузæн. Уайтагъддæр фæлтæрдгун бæхбæлбадæг æхе бæхи рагъмæ фехста æма цуппæрвадæй нæхеуонти акъоппитæ ’рдæмæ æ них исаразта итигъд будурти.

Дууердигæй дæр гæрæхтæ иситинг æнцæ. Хуцау хуарз, æма махонти акъоппитæмæ берæ рæстæг нæ багъудæй догъи уайун. Æ рос фæцъцъæрæмухст æй, æндæр ибæл неци исуадæй, уотемæй бахъæрттæй нæхе салдæттæмæ.

Æ еци бæгъатæрдзийнади туххæй Васили æвдист æрцудæй Геуæргий дзиуари æртиккаг къæпхæни хуæрзеуæгмæ. Уæдмæ ба революци райдæдта. Большевиктæн ба еци тугъд сæ хъури истæгау цæхгæрмæ ниффедар æй. Уæдта еци æзмæнстити æмæнтъерий рæстæг хуæрзеугутæмæ ке евдалдæй.

Тугъдæй исæздæхгæй, Васили сæ хæдзарæмæ нæ бацудæй, фалæ над комкоммæ Мæздæгбæл ракодта. Еци æзмæнст æма æмæнтъери рæстæгути мийнæвæрттæ æрветунмæ ке евдалдæй. Уомæ гæсгæ ба сфæндæ кодта Елизаветæмæ æхуæдæг бацæун.

– Дæ сæри зунд еугур цуд фæккодта, æнгъæлдæн æма, хъазахъаг, – бустæги идзулгæй ибæл не ’сæнбалдæй кизги фидæ.

– Цитæ цæуй, уой нæ уинис? Хъæрæу дæ?! Дон æма Кубани хъазахъæгтæ нæуæг хецауади нихмæ раистунвæндæ кæнунцæ, дуйней цæфсгæ ку кæнуй, ду ба уосæ корунбæл ниллæудтæ. Мадта теркæгтæ дæр еуварсæй кæсæг кæми уодзæнæнцæ? Цо дæ райгурæн къæсмæ æма æнгъæлмæ кæсæ, кæд дæмæ фæдздзордзæнæнцæ, уомæ. Нуртæккæ алли æхсаргард дæр нимæдзæмæ хауй.

– Æнгъæлмæ кæсуни равгитæ мин нæййес! – æдзæсгон тилд бакодта æ сæр Васили. – Кæрæдзебæл нæ нæ уарзондзийнадæ бæттуй! Зæрдæ дин æвæрун, цалинмæ а зæнхæбæл цæрон, цалинмæ мæ уод мæ медæги уа, уæдмæ дин дæ кизги гъæуай кæндзæнæн, мæ цардæй æй фулдæр уарздзæнæн. Дæу куд фæндуй, уотæ кæнæ, дæ унаффæ дæхе барæ, æз ба æнæ мæхе Лизонькæй ампъез дæр некумæ ракæндзæнæн ардигæй, – федарæй искарста Васили.

– Хм! Хмм! Æгæр къæйних дæ, лæхъуæн! – е 'рфгути бунæй имæ бакастæй атаман. – Нуртæкки доги е дæр гъæуй! Фал ин уосгор ес. Уомæ гæсгæ ба дæхецæн æндæр дзуаппмæ ма æнгъæлмæ кæсæ. Дæхе цæхгæрзилд фæккæнæ æма дæ над дарæ, цалинмæ мæ фæсдзæуинттæмæ нæ фæдздзурдтон æма дæ æхситæй саудæппæлттæ нæма скодтонцæ, уæдмæ.

Василийæн фур мæстæй æ цæститæ ратартæ æнцæ, е 'хсаргардмæ фæццæйлæбурдта, фал æ амондæн æхе афонæбæл фæууорæдта.

– Изæри нæ нисангонд бунатмæ æрбацæудзæнæ, – сосамунд ракодта Елизаветæмæ уосгор.

Хуцау æ зонæг, кизгæн æ фиди хæдзарæй кутемæйти бантæстæй æхе ратилеф кæнун, уой, фал ку раизæрдалингæ æй, уæдта фæззиндтæй. Васили æй æ хъури æрбатухта æма дзæвгарæ усмæ æмиргъосæй фæллæудтæнцæ уотемæй, дæлбайбун Терки уолæнти æзгулимæ игъосгæй.

– Мæ фидæ мæ дæуæн нæ ратдзæнæй, – æппунфæстаг Елизавети хъурæй схаудтæй е 'нæбони дзурд. – Загъта, некæддæр мæ ратдзæнæй. Дууæ боней размæ, нæхецæй дууæ хæдзари дæлдæр ци Еськовтæ цæруй, уонæй нæмæ мийнæвæрттæ адтæй. Гъæздуг бийнонтæ æнцæ. Бадзубанди кодтонцæ. Нæ мадæ ба ма мин киндздзаг хæрзтæ дæр æрцæттæ кодта.

– Бадзубанди кодтонцæ? Æма дæхуæдæг ба ци зæгъис?

– Мæ цæргæс! Æ армитъæпæн ин урзæй æрæсгарста, уæдта ибæл æ цæсгон нитътъæпæн кодта.

Æхсаргард ци армитъæпæн ниггæрзæ кодта, хуæцæнæй ка скъуæллитæ æй, еци дирзæг æнгулдзитæ ин æ фæлмæн ростæ гъесæгдауæ кодтонцæ.

– Æз æнæ дæуæй цæруйнаг нæ дæн – е дин мæ дзуапп.

– Æма кæд еугæрдæр уотæ гъуди кæнис, уæд мæ бæхтæ

ефтигъд æнцæ, цæуæн мæ хæццæ, Лизонькæ!

– Дæ хæццæ цæунмæ сауæнгæ арви кæронмæ дæр арази дæн, æрмæстдæр мин зæрдæ байвæрæ, нæ гъуддаг адæнгъæдон куд, уа, уобæл.

– Дзурд дин дæттун. Новопавловски мин зонгæ саугин ес – Иоаким. Е нин сфедар кæндзæнæй нæ æнкъайадæ.

Гъуддаг æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Æригон саугин син исфедар кодта сæ баст, æрмæстдæр си баагурдта нисайнаг, æрæги аци гъæуи Петр æма Павели номбæл ци аргъауæндонæ арæзт æрцудæй, уомæн дзаумæуттæ смадзал кæнунæн.

Киндзæхсæвæр исаразтонцæ. Уой фæсте ба Елизаветæ æ фидæмæ ниффинста хатир-корæги финстæг æма си курдта, цæмæй ин ниххатир кæна æ сæргъæн миуæ. Еу рæстæги фæсте ба æ фидæй дзуапп райста. Фидæ имæ финста: «Мæнæн кизгæ нæбал ес, ескæми ибæл ку сæмбæлон, уæдта ин æ рагъдзарæй гæрзитæ рауадздзæнæн мæ æхсæй…»

Хуцау æ зонæг, ескæд бон фæффæлмæнзæрдæдæр адтайдæ атаман, æ зæнæги зæнæг ку фæууидтайдæ, уæд. Нуртæккæ ба зин зæгъæн æй, æцæгæйдæр цард æхе куд равдистайдæ, е.

1918 анзи болкъон рандæ ’й тугъдмæ уорсити фарс æма æ хæдзарæбæл ба фæстæмæ нæбал сæнбалдæй. Уой фæсте ба ин æ бийнонтæ нæуæг косгути æма зæнхкосгути хецауадæ бунæскъуд искодта.

Уогæ еугурæй нæ! Нæуæгигурд æма мæлæти фæткæ неке ма баййивта. Æригон бийнонтæн фæззиндтæй фиццаг тæрна – Яшкæ.

Граждайнаг тугъд зелдох кæнуй Уæрæсей алли къумти. Æмбурд кæнуй тогæйигъæнст тиллæг. Ей, хъазахъаг! Кæцити фарс си дæ? Уорсити æви сурхити? Сæ еуей æма инней фарс дæр ку нæ уай, уæдта цъæхти фарс рахуæцæ. Агитатортæ берæ, æрмæстдæр си кæцибæл æуууæндис, е ба дæхе барæ æй. Æрмæстдæр фулдæр хатт адæймагмæ æвзаруни барæ не ’рхауй. Рæстæгмæ ка фæууæлахез уй, е æмбурд кæнуй тохæг æфсад. Ку нæ рацæуай, уæдта дæ æхсгæ кæнунцæ.

Хъаллæ «Государственная»-й ци инæлар Покровский бахæста, е бардзурд равардта, цæмæй нæуæг хецауади нихмæ ка рахуæстæй, уонæй æртей устур фæзи æрауиндзонцæ. Мадта сурх партизанти æ хæдзари ка римахста, уæхæн æртæ силгоймагемæн дæр нæ батæрегъæд кодта.

– Кæмæн нæ уадзис? – æхе ниттухта Елизаветæ Василий ребæл. – Ку дæ рамаронцæ, уæдта? Еунæг удæй æй кутемæйти хæсдзæнæн? – авдæнæмæ амонгæй, дзиназуй силгоймаг.

– Мацæмæй мин тæрсæ, – сабуртæ ’й кæнуй Васили.

Гермайнæгтæ мæ ку нæ рамардтонцæ, уæд ма мæхе зæнхæбæл гъæуама иссерон мæ адзал?

Æма бабæй хъазахъаг нæуæгæй ранæхстæр æй тугъди цæхæрмæ. Фал уорсити рæнгъити берæ нæ фæцæй. Æ зæрдæмæ нæ фæццудæй инæлар Покровскиййи политикæ: «рæстити», уæдта «æнæрæстити» дæр еу топпи цъухмæ тардта æнæравзаргæй.

Фæстаг нифси цъита ба ма имæ бауагъта, Егор Гридневæй ци финстæг райста, е.

«Дæ фиди æнсувæр, Яков Харитони фурти дин уорситæ фехстонцæ. Æ хеуæнттæ ’й бæргæ баримахстонцæ, фал æй кадæр банимугъта.

Æ зæрдæ æрбаунгæг æй. Æгæрон уарзтæй уарзта еци курхон хъазахъаги. Яшкæ бæгъатæрæй тухтæй Япониий хæццæ тугъди, Васили æ фуртбæл дæр уой сæрмæ гæсгæ сæвардта ном. Яков Харитони фурти уорситæ азумгин кодтонцæ, хъалли Совет æй сæ еумæйаг æмбурди æмгъæлæсæй гъæуи хецауæй ке равзурстонцæ, уой фæдбæл.

Васили фегъуста, Прохладныйи станци цори уорс æфсади нихмæ сурхитæ ке лæуунцæ, еци хабар æма медæхсæви ралигъдæй, ци полки службæ кодта, уордигæй æма æхе равардта гъæуайгæстæмæ.

Тугъдæй раледзæг адæймагæн хатиртæ неке фæккæнуй, фал Василий сæрбæл ба рахуæстæй къуари командир В. И. Кучурæ. Кучурæ бардзурд равардта, цæмæй ин æ хуæцæнгарз фæстæмæ æ къохмæ раттонцæ, рæнгъистади лæугутæн ба балæдæрун кодта:

– Уæхуæдтæ ’й хуæздæр зонетæ, цæйбæрцитæ ни фæммардæй, уой. Алли æхсаргард дæр нæмæ нимади æй. Василий ба æз рагæй фæсмæрун, æууæндун ибæл. Фæлтæрдгин тохæг хъазахъаг æй. Тæккæ исон атаки цæуæн æфсæнвæндагон станцæ байсунмæ. Васили цæудзæнæй фиццаг сотняй хæццæ. Уоми ин фадуат уодзæнæй æхе равдесунæн. Нуртæккæ уавæр уотæ ’й æма æхе фæсвæди баримæхсун некæмæн бантæсдзæнæй. Кенæ мах хæццæ уодзæнæй, кенæ

ба нæ нихмæ. Æццæйнæ, Васили, дæ къох батасдзæнæй, дæ раздæри æмтугъдонтæмæ æхсаргард исласунмæ?

– Тугъд тугъд æй, – е ’рфгутæ кæрæдземæ æрбалвасгæй, сдзурдта хъазахъаг. Æрмæстдæр нæ нихмæлæугути фулдæр хай ами æй.

Æма æцæгæйдæр уотæ адтæй уавæр. Василий æмбæстæгти фулдæр хай адтæнцæ сурхити фарс, уойхигъд синхаг Новопавловскаяй æма Марьинскаяй цæргутæ ба уорсити фарс. Æнæгъæнæ анз минкъийдæр ма фæттухтæй Васили Кучури æфсади. Гермайнæгти хæццæ тугъди æнзтæ ма сæбæл ку бафтауай, уæдта æнæгъæнæ æхсæз анзи е ’хсаргард æ къохæй не ’суæгъдæ кодта.

Æрмæстдæр ин 1921 анзи бантæстæй æ райгурæн къæсмæ фæстæмæ æрæздæхун.

Ами ба базудта, сæхе гъæуи ин зæнхи гæппæл ке нæбал адтæй, уой. Елизаветæ ’й коммунæмæ равардта, æхе бон зæнхи куст кæнун на ’дтæй, ихуæрсунмæ ба æ дзиппæ нæ амудта.

– Ци кустмæ хуæздæр арæхсис? – фарстонцæ Василий æмбурди.

– Цума ’й нæ зонетæ? – мæсттъæлланг сæбæл фæккодта лæг. – Æхсаргард телун æма æхсун.

– Лæдæрд æй, – кæрæдземæ бакастæнцæ коммунартæ. – Мах ба бæхгæс ахсгиаг гъæуй. Арази дæ?

– Куст мин æнæлæдæрд нæ ’й. Бæхтæ ба аци хъаллити дзæвгарæ ес.

Мæйи фæсте ба имæ хæдзарæмæ фæззиндтæнцæ нæуæг хецауади мийнæвæрттæ æма бадомдтонцæ, цæмæй Васили æ хуæцæнгæрзтæ барвæндонæй радта оргæнтæмæ.

– Циуавæр тохæнгарз? – æнхæст дæр сæ нæ ралæдæрдтæй хъазахъаг. – Мæ фæндзæхстон, хæдзарæмæ ку цудтæн, уæд уоми æфсади ниууагътон.

– Васили Ивани фурт, дæхе неци лæдæрæг ма кæнæ! Махмæ мандат ес, – гæгъæди имæ равдистонцæ. Де ’хсаргард ардæмæ рахæссæ, кенæ ба дин дæ хæдзари бадеголæ кæндзинан æма дæмæ ести ку разинна, уæд дæ зæрдæ ма фæхходæд. Коммунæй дæ ратæрдзинан æма ахæстдони исмедæг уодзæнæ.

– Æма æнæ æхсаргардæй ба циуавæр хъазахъаг уодзæнæн? Мæ фиди фидæй мин ку æризадæй еци хæзна!

Æ меднимæр ба рагъуди кодта: «Эх! Æз уой ку зудтайнæ, уæд æй уотæ арф баримахстайнæ æма ’й сайтан дæр нæбал иссирдтайдæ. Нур ба тæккæ уатмæ бакæсæни мæ хуссæни сæрмæ ауигъдæй лæууй».

Расæмæ ’й хаста æма ’й æ кæрдзæмæй куддæр æрдæгæлвæст фæккодта, уотæ коммунартæ сæхе фæстæмæ фæззилдтонцæ æма фуртæссæй дуарæрдæмæ ниццавтонцæ.

– Дæ бунати æнцад лæууæ, контрæ! – æ дамбаца фарсæй фелвасгæй имæ фæстæмæ рагъæр кодта æнæзонгæ адæнæй еу.

– Мацæмæй тæрсетæ! Неке уи равгæрддзæнæн, – æ медбилти бахудтæй Васили.

Æхе разилдта æма æ æхсаргарди циргъагæн нибба кодта:

– Хуарзæй изайæ, мæ лимæн!

Изæрæй ба Васили Егори хæццæ фингæбæл фудниуæзт кодта æ маст фæссоруни туххæй.

Айдагъ æхсаргард нæ, фал ма син рагон кавказаг хъæма дæр сæ къохи бакодта нæуæг хецауади мийнæвæрттæн. Цума æцæгæйдæр уотæ æнбалдæй.

– Цæй хъазахъæгтæ ма ан! – кудтæй расугæй Васили.

– Балæдæрун æмбæлуй уони дæр, – сабуртæ ’й кодта Егор. – Дони бæстихай еугур æзмæнст æй, тамбовщини дæр уавæр хуæздæр нæй.

– Эх, Егорушкæ! Мæ æхсаргард дессаг нæй, мæ уод мин сæ къæхти буни никкодтонцæ!..

1927 анзи Василийæн Елизаветæ балæвар кодта дуккаг фурт Владимири. Фельдшер ин унаффæ кодта, цæмæй дуккаг сувæллон мабал рауадза, уомæн æма æ рæугутæй тогхæппæр кодта.

Володя райгурдæй ботърой хузæн тумбултæарæзтæй.

– Хуæрзигурд биццеу удзæнæй, – æ сувæллон имæ æвдесгæй, дзурдта цорибадæг уосæ.

Фæдздзурдтонцæ Василимæ. Елизаветæ æхе къохæй дзиуарæ бафтудта нæуæгигурд сувæллонбæл, уæдта æ цæстингас æ лæгмæ разилдта æма имæ байдзулгæй, нидæн гъæлæсиуагæй сдзурдта:

– Дæ зæрдæбæл æй дарæ… Мæ уодæй дæ фулдæр уарзтон… Æгас æхсæвæ фæуудхар кодта Елизаветæ æ хуссæни, сæумæрдæмæ ба рацох æй.

Хъазахъагæн хъæбæр зин æй еунæгæй, æнæ цардæнбалæй æризайун. Бустæги зин ба дууæ биццеуей хæццæ æризайун. Цалинмæ Васили бæхæргъау гъæуай кæнуй итигъд будури, уæдмæ æ сабийтæ æ мадæ Аннæ Мефодий кизги евгед фæуунцæ. Æ фидæ раги рамардæй, æ рагон ностæн нæ ниббухстæй. Æ мадæ катай кæнуй, фуртæн цардæнбал агоруй. Никки ба ма уомæн, æма Васили æгæр арæх дарун райдæдта æ къохи агувзæ фæстаг рæстæгути.

Куддæр хъалли киндзæхсæвæр кенæ бæрæгбони бабадт фæууй, уотæ 'й æнæримисгæ нæ фæуунцæ: «Васька Воропайæй рæсугъддæр неке разардзæнæй, аййевдæр неке ракафдзæнæй!»

– Нæ федауй, мæ фурт, æнæ уосæй хъазахъаги цард! Ниуæзтæ дæ æ буни искæндзæнæй. Ракæсай, цæйбæрцæ кизгуттæ æма æригон седзæргæстæ ес а-рæбунти. Кæцифæндуймæ дæр дæ къох фæттелæ æма дæу уодзæнæй! Дæлæ Иванова Варюшæ – хæдзаргин, коммæгæс. Хуарз хъазахъæгти муггагæй æй. Кизгæ ин ес, фал е неци гъигæ даруй. Дæуæн дæр дууæ фурти ес. Æ хæдзарæ устур, æ тургъæ урух. Кæд арази дæ, уæд мæхе бон дæр æй æ хæццæ радзорун. Ци зæгъис?

– Кæд дæ уотæ хъæбæр фæндуй, уæд цо æма дзубанди кæнæ æ хæццæ, – сарази æй Васили.

Развæлгъау æй ку зудтайдæ, æ хестæр фурт Яшкæ æ уодхæссæг фæууиндзæнæй æ «дуккаг мадæй», – уæд ма ибæл рагъуди кодтайдæ. Вари зæрдихатт уæхæн æй, æма кæцифæндуй хъазахъаги дæр æ къахи къели бунмæ батæрдзæнæй.

Фал Васили дæр куд уа, ци уа къабускай гъæдæ нæ адтæй, ести æ зæрдæмæ ку нæ фæццудайдæ, уæд ин æ рагъдзарбæл æхсæй дæр æрцудайдæ. Еу гъудтагбæл дууæ дзурди кæнун ахур некæд адтæй.

Гъе уотемæйти бацардæнцæ, сабургайти бонæй-бонмæ кæрæдзей хуæздæр балæдæрдтæнцæ.

Æртинæймаг æнзти Василимæ дууæ хатти фæдздзурдтонцæ, фарстонцæ 'й, уорсити фарс тохгæй, ци куста, циуавæр тугъдтити архайдта, уонæбæлти.

Хъазахъаги багъудæй оргæнти рафæлевун, загъта син, хуæруйнаг син ке ласта, æхсаргард æ кæрдбазæй ласгæ дæр ке некæд искодта æма уотæ идарддæр.

– Хуæруйнагласæгæй мин рагæпп кодта, – æ цæститæ имæ низзулунтæ кодта слестгæнæг. – Тугъди сотняй æрдæгæн командæ кодта, ами ба!.. Дæ архайдæн æвдесæн еске ниллæу-дзæнæй? Ке хæццæ службæ кодтай Советон хецауади нихмæ тох гæнгæй?

– Нæ зонун, æвдесæн мин ка ниллæууа, – æхе неци лæдæрæг скодта Василий. – Уæдæй абони уæнгæ си некæбæл бал фенбалдтæн. Æвæдзи сæ ниццагътонцæ сурхитæ. Тугъдмæ мæ туххæй ракодтонцæ. Хуæруйнагласæгæй ба уомæн кустон, æма тифæй фæссæйгæ дæн. Советон хецауади сæрбæл куд тухтдæн, уобæл ба В. И. Кучури бафæрсетæ æма уин е мæ тугъдон хабæрттæ радзордзæнæй. Уой æфсади тухтдæн 1918–1921 æнзти, уæдта уæгъдæгонд æрцудтæн Хъиримæй.

– Ку гъæуа, уæд уой дæр бафæрсдзинан, – тæвдæ кодта слестгæнæг. Кучурæй нæмæ æвзедуй!

Æвæдзи, В. И. Кучури ном сахидтæй, кенæ ба æ нихмæ фагæ дæнцитæ н' адтæй, фал æй дууæ хатти дæр рауадзиуонцæ. Нур ба мæнæ аци бæхти фесæфт. Цума сæ барæй еске фæттардта!

– Сувæллæнттæ скъолайæй æрбаздахтæнцæ, – къæразгæй ракæсгæй, сдзурдта Егор.

Володькæ Елизавети цæрмæстъигъд бакодта. Æ бакаст æцæг интеллигенти хузæн æй.

– Вовкæ æ мади туххæн неци зонуй, – Варюшкæ ми курдта, цæмæй ин æ кой дæр макæд скæнон, – сдзурдта Васили.

Зæгъæ син, ардæмæ ма æрбацæуæнтæ. Нæ мæ фæндуй, ауæхæн уавæри мæ фæууинонцæ, е.

Фал уæдмæ сувæллæнттæ ходгæй æма кæрæдзей æсхуститæ кæнгæй, авари исмедæг æнцæ. Скъолай си феронх æй, сæхемæ сæ фидæ нæфæразгæ ке кæнуй, е æма нур куддæр бандзуг æнцæ.

– Папæ, ести дин æрбахæссæн? Æз нуртæккæ! Къумæл æви уæлвунх фæткъутæ? – гæркъæрагæ фестадæй Зойкæ.

– Цо æма самовар байвæрæ. Егори æ цæуни размæ цай гъæуй, – æхуæдæгка Володямæ фæдздзурдта, æ къуæллитæ армитъæпæн ин æ сæрбæл æрæвардта æма имæ дзоруй: – Дæ цæститæ цæбæл тъæбар-тъубур кæнис? Интеллигент? – уæззаухудт бакодта æма 'й фесхуста. – Цæугæ ардигæй æма Зойкæн дæр зæгъæ, цæмæй аци уатмæ æ сæр дæр мабал æрбадара.

Володя, æ цæстисугтæ римæхсгæй, æхе разилдта æма рахизтæй аварæй.

– Цæбæл уотæ ’й æфхуæрис? – æхе имæ рахатта Егор.

– Нæ мæ фæндуй, цæмæй мæнæ ауæхæн бецауагæй байзайон æ зæрдæбæл. Изайгæ ба атемæй бакæндзæнæн, – Василий цæсгонбæл сурхвазæ цийни уолæн рагъазта æма Егорæй æцæгæйдæр байруагæс æй, Васили алцæмæндæр ке ниббухсдзæнæй, е.

– Æхсаргард мæ къохи æма саулохаг бæхбæл размæ æнсæндгæй, гъæуама байзайон мæ фурти зæрди. Нур ба цæугæ кæнун, Егорушкæ! Тагъд Елизавети хæццæ исеу уодзæнæн. Уотемæй ба нæбæл дууинсæйгай æнзтæй фулдæр нæма цæуй! – Васили дзурдта тагъд æма тухуолæфтгæнгæй. – Уæдта ма дин ци зæгъуйнаг дæн. Амондгун дæ, Егор, ду. Дæ къах дин афонæбæл ракъуæрдтонцæ. Уомæ гæсгæ байзадтæ абони уæнгæ удæгасæй. Берæ ма фæццæрдзæнæ! Нæдæр уорсити, нæдæр ба сурхити сахъат лæг некæми гъæуй. Æз дæр еци тугъди ку фæссахъат адтайнæ, уæд ма дзæвгарæ æнзтæ фæццардайнæ. Æнæ къохæй, æнæ къахæй дæр ма цардайнæ! Ду дæ къохтæ тоги нæ ниттулдтай æма кæдзосæй байзадтæ, æз ба уорсити хæццæ сурхити тог калдтон, сурхити хæццæ ба – уорсити. Етæ цитæ кодтонцæ, уони хæццæ ба мæхуæдæг дæр, еци нивтæ мæ зæрдæбæл ку æрбалæуунцæ, уæд мæ хæстуолæфтæй фæццæйинод ун.

Æхсæвæ мæмæ æрбацæунцæ… Сæ еугур дæр… Æртасгæ дæр сæ нæбал фæккæнун, ка си уорс æма си ка сау æй, уой… Хуцау ни мæрдирæнхи байзадæй… Æви нæ е феронх кодта? Варюшкæ мæ фарсмæ хуссун æндеугæ дæр нæбал кæнуй. Æгæр æзнæт, дан, фæууис дæ фуни. Æма ме ’взаг куд батаса, тугъди ци хабæрттæ адтæй, уони уомæн радзорун? Аци хецауади аккаг нæ разиндтæн, Егорушкæ. Уони кæрцæн дусæн не ’сбæзтдæн! Развæлгъау æй ку зудтайнæ, ци хецауади сæрбæл хуæстдæн, е мин ауæхæн хузи арфитæ кæндзæнæй, уой, уæд мæхе уотæ нæ бахуардтайнæ.

– Æма куд æнгъæлис? Уорситæ ку райстайуонцæ бартæ сæ къохмæ, уæдта уавæр хуæздæр адтайдæ?

Васили неци сдзурдта, бæрæг адтæй, æ цæсгони науæртæ куд тæлфтæнцæ, е.

«Варюшкæ ма тагъддæр ку æрбацæуидæ, хъазахъаги æ фæстаг фæндагмæ барæвдзæ кæнун гъæуй!..»

Берæ æнзтæ рацудæй уæдæй нурмæ. Айфиццаг ма нана Варварæ Иллæриони кизги бафарстон, цæмæй мин мæ бабай туххæн еститæ радзора.

Варварæ мæ сæрти æдзинæгкæсæ никкодта, уæдта сагъæсхузæй сдзурдта:

– Ци си зæгъон? Æцæг æхсаргин хъазахъаг адтæй дæ баба!

Уомæй дæр арази мæ нанайæй.

Хуарз æма ма Егор Гридневи уодæгасæй æрæййафтон. Уæд ибæл цудæй 98 анзи. Уæлдæр ци хабæрттæ ракодтон, уони мин уотæ лæмбунæг е æрдзурдта. Сæдæ анзи ибæл минкъий гъæуагæ цудæй, фал ма æ зунд æхемæ адтæй, неци си феронх æй. Æвæдзи, царди гъезæмæрттæ æнцон иронхгæнæн н' æнцæ…

## ТУГЪДÆЙРАЛЕДЗÆГ

Хъæбæр тагъд кодта Зойæ сæхемæ. Косгæ бон адтæй, косуйнæгтæ ба – хæрхæ. Пеци бандзарунмæ 'й гъудæй дони æндагфарс фæсалæ æрæмбурд кæнун, дон æрбахæссун, хуæруйнаг æрцæттæ кæнун. «Хуæруйнаг», зæгъгæ, æгæр уæлиау дзурд æй, фал уæддæр картофтæ исфицун ба æмбæлуй, хъæбургъæ дæр ма сæмæ ес еу дууæ фунхваги. Уæдта уроктæ. Етæ ба нимæдзæмæ хаугæ дæр нæ кæнунцæ.

Зойæбæл нерæнгæма дууадæс анземæй æндæр нæма цæуй. Фæндзæймаг къласи ахур кæнуй. Е гъæуама æ кизгон æнбæлтти хæццæ ратæхæ-батæхæ кæна æма киндзити гъаза. Киндзити ба биццеути сосæгкæй. Етæ 'й ку балæдæронцæ, уæд æй мæстæй рамардзæнæнцæ. Ци хъалли цæруй, уоми хъазахъæгтæ уæхæн лæмæгъ гъæзтитæй гъазæгæн хатиртæ нæ кæнунцæ.

1943 анз. Феврал. Мæйæ дæр æнхæст нæма цæуй, æ мади хæццæ (райкоми косæг), кæдæй æрбаздахтæнцæ эвакуацийæй, уæдæй. Уогæ ба адтæнцæ Азербайджани хуæнхрæбун гъæутæй кæцидæри.

Хъалли цæргути нимæдзæ цæхгæр фæмминкъийдæр æй. Сæйрагдæр ма си æнцæ зæрæндтæ, силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ. Хатгай ма си фембæлæн фæууй, æ дус æ хæлафи цавд кæмæн фæууй, уæхæн сахъат тугъдонтæбæл дæр.

Нæлгоймæгтæ тугъди æнцæ. Зойæн æ фидæ майор æй, дивизий финансон хайади сæргълæууæг. Е 'нсувæр Федор

ба куддæр артиллерион училище фæцæй, уотæ ’й комкоммæ тугъди цахæрмæ багæлстонцæ, уордигæй ба Сталингради бунмæ. Æ къох ку фæццæф æй, уæд сæ хæдзари дæр ’смедæг æй. Мæйи размæ бустæги уæззау цæф фæцæй. Нур ба ’й еу госпитæлæй иннемæ раййевæ-баййевæ кæнунцæ, е ’сдзæбæх кæнунæн ин мадзал нæ ерунцæ.

Зойæ куддæр сæ бацæуæн дуаргонд байгон кодта, уотæ мети сæрбæл æ цæстæ æрхуæстæй æртæкъумон конвертбæл. Бацийнæ кодта фиццаг, уæдта фæссах æй. Фæстæмæ адрес ибæл финст нæййес. Уæдта финстигъæдæ дæр æнæзонгæ. Марди хабар си ма уæд! Фал нæ. Уæхæн финстæгутæбæл æндæр хузи мухур æвæрд фæуүй. Уæхæн гъудити хæццæ аварæмæ бахизтæй. Стъолбæл æрæвардта финстæг æма дзæвгарæ рæстæг финстигъæдæмæ фæккастæй.

«Мамæмæ ’й фæхъхъæртун кæнун гъæуй бæргæ». – Фал æ цæмæдесдзийнадæ фæууæлахездæр æй. «Финстæг байгон кæнун фудракæндæ нæй», – рагъуди кодта кизгæ.

Ракъæрт кодта финстæг æма тæккæ фиццаг рæнгъитæ ку ракастæй, уæд ин æ зæрдæбæл цума ехдон еске æркалдта, уоййау сахæй лæугæй райзадæй, балæдæрдтæй, сæ хæдзарæбæл, æ мадæбæл цидæр устур фуд ке æрцудæй, уой.

Финст ба си адтæй: «Зинаргъ, Ольгæ Сергейи кизгæ! Нæ зонун, уæдта мæ зæрдæ дæр нæ дарун, бамæлæдæрдзæнæ æви нæ, уобæл, уæдта мин ниххатир кæндзæнæ? Æз ралигъдтæн гъæуайгæстæй. Ахæст ба æрцудтæн, куд тугъдæй раледзæг, уотæ. Раззаг рæнгъитæй ралигъдтæн. Фæттарстæн. Фиццаг дзармадзанти фæтти срæмугъдæй фæкъкъуру дæн, уой фæсте ба æрæстæфтæн, комкоммæ мæмæ ци танкитæ æрбацæйцудæй æнсæндгæ, уони. Дуйне æмидолæ иссæй сæ цæлхити гур-гурæй. Мæхуæдæг дæр æй æнхæстæй нæ балæдæрдтæн, гъæди хурфи кутемæй искусийнæ дæн, уой. Афицер мæ тæккæ еци рауæн фехсуйнаг адтæй, фал æ дамбаца не ’схуæстæй. Уæдта мин си æ тух æ бонæй мæ дæндæгутæ ниццавта: «Уæддæр дæ æнææхсгæ нæ фæууодзæнцæ», – зæгъгæ. Уой фæсте ба гъæуайгæнгутæ. Еу усми се ’нгасæй фæййеппард дæн æма ралигъдтæн. Æма мæнæ сумахмæ æрбафтудтæн. Сумахæй æндæр мин хеуон неке ес. Зонис æй, седзæрти хæдзари уæ «нæ мадæ» худтан. Фенхус мин кæнæ, мамæ! Уæ сарай тугури дæн. Хуарз æма си уæддæр гъæмпæ конд ес. Фал си æхсæви-

гон уотæ уазал адтæй æма сфæндæ кодтон: «Аци зинбæнттæ æвзаруни бæсти мæхе радтон», – зæгъгæ. Мæ къахи æнгулдзитæ лæдæргæ дæр нæбал кæнун, дууæ бони æнæхуæргæ дæн. Уæддæр мин ести комидзаг радтетæ. Ахсæви ба идарддæр ескумæ рандæуодзæнæн. Фал кумæ, уой ба лæдæргæ дæр нæ кæнун. Уогæ си ци уæлдай ес, уæддæр мæ æхсгæ кæндзæнæнцæ. Финсун уæмæ, æма мæ цæстисугтæ ба гæр-гæр кæнунцæ. Ци бакустон мæхецæн! Æдеугурæй мæбæл нæудæс анзи цæуй. Уæ кæддæри гъонбæлгæнуйнаг Сергей Смирнов».

Зойæ тургъæмæ рацудæй æма сарардæмæ рагъæуæйттæ кодта. Е ма сæ гъудæй! Ци син кæнгæ ’й? Фал уодгоймаг æй. Уазал æма судæй мæлуй…

Нурма нур æрæстæфтæй сарай асийнæрдæмæ ци къахвæдтæ адтæй, уони.

Финстæг æ дзиппи рацæвгæй, Зойæ æхе кæрззилд фæккодта æма райкомæрдæмæ æ них саразта.

Æ мадæ куста райкоми фиццаг секретари æнхусгæнæгæй. Æ хецау – Морозов, адтæй карз æма домагæ лæг. Командæ кодта партизанти къуарæн, хъаллæ немуци къохтæмæ ку бахаудтæй, уæд, фал æнæуой ба адтæй æнахургонд. Æ мадæ ба райкоми размæ цуппар анзи бакуста седзæрдони гъомбæлгæнæгæй, фæстæдæр ба иссæй æ сæргълæуууæг дæр.

Зойæ дуккаг уæладзугмæ исхизтæй æма æ мади кабинети еунæгæй ку бауидта, уæд бацийнæ кодта.

– Мамæ, æрмæстдæр мæстгун ма ’суо!

– Ци ’рцудæй? Папæ æви Федяйæй ести лæгъуз хабар ес? – æ цæсгон райвадæй, уотемæй æй тагъд-тагъдæй рафарста Ольгæ.

– Мæнæ бакæсæ, – кизгæ имæ конверт бадаргъ кодта.

– Уомæй фуддæр ма ци уа, – Ольгæ куддæр финстæг кæронмæ бакастæй, уотæ ’й тагъд-тагъдæй æ сумочки рафснайгæй сдзурдта: – Ду æй, æнæмæнгæ, бакастдæ?

Зойæ бафеппайдта, æ мади къохтæ куд зир-зир кодтонцæ, уой.

– Æз уотæ æнгъалдтон, фронтæй æй. Нæ мæ фæндæ адтæй…

– Ескæмæн æй иской кодтай?

– Цитæ дзорис? Алцидæр лæдæрун…

– Уой ба лæдæрис, æма ’й ку нæ радтон, уæд мин мæхе

ке æрахæсдзæнæнцæ? Растдæр зæгъгæй ба мæ – фехсдзæнæнцæ. Тугъдæй раледзæги ке бафæсвæд кодтон, уой туххæн… Дæу ба седзæрдонæмæ рарветдзæнæнцæ, уой ба лæдæрис?

– Алцидæр лæдæрун. Фал æй ка гъæуама базона? Неке! Уоми ба уазали басуйдзæнæй… Ниссæлдзæнæй! Дæуæн ба дæ гъомбæлгæнуйнаг æй! Фæййервæзун кæнун гъæуй!

Зойæ æ кæун нæбал бауорæдта, уотемæй æхе æ мади хъури буни ниттухта.

– Ервæзун… Ервæзун… – Ольгæ æ цæсгонæй расæрфта æ цæстисугтæ. – Хуарз, басабур уо!

Уæдмæ кабинетмæ Морозов æрбахизтæй.

– Ци кæнтæ, цæбæл искæуæг айтæ? Тугъдæй ести æвваст хабæр ес?

– Нæ-нæ, Иван Ивани фурт, скъолай «дууæбæл» æй нæ куд. Аци бон дууæ райста, æхе дæр хуарз нæ дардта урокти æма мæмæ скъоламæ дзорунцæ.

– Дæ фудæгтæ ниууадзæ! Кæсай аци къæсибадæгмæ, – е ’нгулдзæй бавзиста Зойæмæ рацæргæ лæг. – Дæ мадæн маст ма кæнæ! Фæстаг хатт дин фæууæд! Бамæлæдæрдтæ?

Зойæ æ сæр лæдæргæ тилд бакодта.

– Ольгæ Сергейи кизгæ, – мæн æмбурдмæ цæун гъæуй Георгиевскмæ. Ду ба дæ цæстæ фæддарæ, ами уагæвæрд ихæлд куд нæ цæуа, уомæ. Аци бон сæрмагонд почтæ æрбахæсдзæнæнцæ, – Зойи дзиккотæ æрдаудта, уотемæй рацудæй кабинетæй хецау.

Дууемæй æризайгæй, кизгæ æма мадæ дзæвгарæ уосмæ фæббадтæнцæ æнæ ести дзоргæй.

– Мамæ, – æвваст сдзурдта Зойæ. – Уотæ бакæнæн, æма Семен Симоновмæ бацæуæн æма ин еугур хабæрттæ дæр радзорæн. Е тугъдон лæг æй. Нæ фиди хæццæ дæр лимæн æй, алцидæр лæдæруй, æфсæдтон уæледарæси дæр цæуй.

Ольгæ ибæл æ къохтæ истилдта:

– Цитæ дзорис, Симонов райони æдасдзийнади комитети сæрдар ку æй, е адæни знæгти æхуæдæг ахæсгæ ку кæнуй, уæлдайдæр ба Райгурæн бæстæбæл гадзирахаттæй цæугути. Мах ба имæ нæхе къахæй басхъæл уодзинан. Е махæн мисхали бæрцæ дæр ку фенхус кæна, уæд ин æхе æркъуæрдзæнцæ. Некæбæл байауæрддзæнæнцæ!

Зойæ æ цæститæ бунмæ æруагъта æма бабæй нæуæгæй никкудтæй:

– Мадта Сергей ци фæуума? Æвуд ку æй! Æ финстæг ин ку бакастдæ! Махæн ци кæнгæ ’й?

– Мах ин ци зонæн, цæйбæрцæбæл фудгин æй, уомæн. Фронтæй æхе ратилеф кодта, айдагъ е дæр устур æзнаггадæбæл нимад цæуй.

– Тæрсгæ фæккодта. Нур æ рæдуд балæдæрдтæй.

– Уомæй нин æнцондæр нæ фæуундзæнæй, кизгæ, – уæдта, цæбæлдæр рагъуди гæнгæй, сдзурдта Ольгæ: – Зойæ, ци уой зонис? Ду растдæр дæ. Цæуæн æма Симоновæн балæдæрун кæнæн. Айдагъ «энкеведешник» нæй, фал ма адæймаг дæр æй.

Бородугинтæ æма Симоновтæ синхæнттæ адтæнцæ, уомæ гæсгæ ба сæ хецаумæ æнæкъулумпийæй бауагътонцæ.

– Огъо! Æнæгъæнæ делегаци! – майори пагæнттæ ибæл, уæхæн бæзæрхугтæарæзт нæлгоймаг стъоли цорæй фестадæй æма сæ размæ рацудæй. – Уæ Хуцауи хатирæй, уæ цæсгæнтти тоги ’ртæх ку нæбал ес. Ести лæгъуз хабар æрцудæй? Уæ лæг, дæ фурт?

– Семен Михали фурт! Аци авари æргомæй дзорун æнбæлуй? – æ къох ин есгæй, Ольгæ æргонæй бакастæй Семени цæсгонмæ.

– Бадгæ искæнетæ. Мацæмæй тæрсетæ, уотемæй дзоргæ кæнтæ.

Симонов дуарæй ракастæй æма радилæууæгмæ рагъæр кодта: «Æз ами нæ дæн, æма мæ маке бахъор кæнæд!»

– Мæнæ Зойæ… Ду дзорæ, – æхе разилдта мадæ кизгæмæ.

Кизгæ лæмбунæг æрдзурдта, скъолайæй æрбаздæхгæй ибæл ци цау æрцудæй, еци хабæрттæ, Ольгæ ба, æ сумочкæ разгелгæй, исиста финстæг æма ’й Симоновмæ бадаргъ кодта, фал æй е еци фæдбæл нæ райста æ къохмæ. Куд фæстæмæ æ цæсгон ивайгæ цудæй Симоновæн, е ’нгулдзитæ уотæ нилхъивта æма сæ къæр-къæр иссудæй, уæдта æппунфæстаг ба сдзурдта:

– Устур мæттаг уавæри нæ бафтудта не ’гасей дæр. Фал дæу дæр лæдæрун, æ фæййервæзун дæ ке фæндуй, уой, – комкоммæ бакастæй Ольгæмæ.

– Хъæбæр мæ фæндуй! Æрмæстдæр дæу бон æй æ фæййервæзун кæнун. Не ’гас дæр дæу къохти ан.

– Æрæллау уо! Къохти кой кæнгæ дæр ма кæнæ! Хуарз нæй, Зойæ дæр гъуддаг ке зонуй, е. Нурма æнæмбаргæ саби æй. Нæ лæдæруй, цæйбæрцæбæл вазуггин æй гъуддаг, уой. Нæ уавæр æгасемæн дæр къурццæвæни æй. Нæ цард дæр уотæ! Еске дæ фæууидта финстæги хæццæ? Ескæмæн ести радзурдтай?

– Уойбæрцæбæл æдули нæ дæн, Семен Михали фурт, – Зойæ æ рæсугъд цæститæй хæрдмæ искастæй майори цæсгонмæ никкæунæрвонг. – Уобæл æппундæр ма мæтæ кæнæ…

– Развæлгъау бал мæ лæхъуæнæн æхе хæццæ радзубанди кæнун гъæуй, хабæрттæ лæмбунæгдæр равзарон, уæдта гъуди кæндзинан, идарддæр нин ци гæнгæ ’й, уобæл. Нур ба бал уæхемæ цотæ! Изæрдалингти уæмæ æз дæр зиндзæнæн. Еунæг уодгоймаг дæр куд нецæбæл фæггурусхæ уа, уотæ бакæнетæ! Бамæлæдæрдтайтæ?!

Ольгæ æ сæр лæдæргæ тилд бакодта.

Аварæ уазал адтæй. Фæсалæ сæмæ берæ нæбал адтæй.

Уæдта си берæ дæр кæми æрæмбурд кæндзæнæ? Топпи хуаси хузæн æй. Будурмæ цæунмæ ба байрæгæмæ æй. Æндегæй изæрдалингтæ, берæгътæ ба хатгай гъæугæронмæ дæр сæхе æрбатæрунцæ.

Ци фæсалæ æма сæмæ къæдæритæ байзадæй, уонæбæл еу минкъий картофтæ исфунхтонцæ.

Фунх дæр æнхæст не ’ссæнцæ. Фал, Хуцау ци радта, е хуарз. Ольгæ си æртæ картофи радех кодта, е ’вæрæнæй сали къæртт исиста æма сæ дзоли хæццæ газзети батохгæй, æ кизгæмæ сдзурдта: – Зойæ, цо æма имæ сæ исдæдтæ тугурмæ. Дæ пæлитой буни сæ баримæхсæ, фæстæмæ ба гъæмпи цъопп дæ хæццæ рахæссæ, цума уомæ цудтæ, уотæ. Мæнæ ба ма дин къубуцки дон.

Зойæ тургъæмæ рахизтæй æма гъузгæ-гъузгæй, сæрардæмæ банæхстæр æй. Æ синхонтæ уотæ тæссаг нæ ’нцæ, еуæрдиги – зæронд лæг æма уосæ, иннердиги ба салдат – мадæ æ минкъий бæдæлтти хæццæ, фал уæддæр ци нæ фæууй…

Сабургай асийнæбæл исрæдæхстæй æма нидæнæй сдзурдта:

– Ци фæдтæ, кæми дæ?

Талингæй ин кадæр æ цонг раахæста:

– Ами дæн! Ами дæн, цæбæл фæдес кæнис? Мæнæ ци уазал æй.

Зойæ æ къох ратудта.

– Мæнæ бал хуæргæ ракæнæ! Фæстæдæр ма дæмæ зиндзæнæн æма унаффæ кæндзинан, идарддæр дин ци кæнгæ æй, уобæл. Мæнæн афонæ æй… Ду ба бал дæ уод естæбæл фæххуæцун кæнæ, тæрсгæ мацæмæй кæнæ.

– Арфæгонд уо! Хуарз уоди хецау дæ! Ольгæ Сергейи кизги дæр нæхе мадау уарзтан.

Нæлгоймаг сабургай райста кизги армитъæпæнтæ æма сæ æ уодæлттæбæл радаудта. Æ уадæлттæ адтæнцæ уомæл æма сахуазал.

Кизгæ си æппунфæстаг æхе рафæливта æма асийнæбæл бунмæ æрхизтæй. Гъæмпæ райсун дæр ма си феронх æй.

– Цæй, куд æй? – Ольгæ Сергейи кизги æрфгутæ еу ханхæбæл рабадтæнцæ. – Дзоргæ кæнæ! Ци нигъгъос дæ!

– Ой, мамæ, ци хъæбæр тæрегъæддаг уавæри æй, бустæги ниссалдæй. Дзоргæ дæр ма туххæйти кæнуй!

– Æхуæдæг æй азумгин! Неке бæллах ибæл ес.

– Æма ку неке фудгин кæнуй æнæуой дæр.

Ольгæ фиццаг нигъгъос æй, уæдта байдзулдæй.

– Сувæллон уогæй седзæрдони хилæгæнагæ адтæй, фал фæлмæнзæрдæ, раст биццеу. Уарзта литературæ. Нæ библиотеки еугур киунугутæ дæр бакастæй, истори дæр хуарз зудта. Математикæмæ ба нæ арæхстæй. Неци ин æнтæстæй. Изæрдалингтæмæ-еу æ хæццæ бадгæ байзаинæ, хинцуйнæгтæ кодтан. Фал уæддæр уæззаусæр биццеу адтæй, æд зунд. Кизгæ, цæй мах дæр æхсæвæр искæнæн, Хуцау нин ци равардта, уомæй.

– Мамæ, цитæ дзорис? Хуцау ку нæййес!

– Уомæй раст дæ, фал æз ци рæстæгути сæнтæстдæн, уæдта ма адтæй Хуцау. Уæд адæн нæма зудтонцæ, Хуцау зæнхæбæл ке нæййес, уой. Уобæл ма мæтæ кæнæ, хуæргæ, – ци ес, уомæй дæхе рафсадæ. Хуарз æма ма нæмæ уæддæр рохс ес, – Ольгæ цирагъи къипгæнæнбæл уæлæмæ схуæстæй.

– Нæ электростанцæ нин багъæуай кодтонцæ. Нæ ’й фехалдтонцæ. Морозов сæ хæццæ, уотемæй нæ партизантæ гъæддугъ фæллæудтæнцæ. Уæхæн æхстамад саразтонцæ æма немуц ледзæги фæцæнцæ. Æнæгъæнæ фондз асикки си рахастонцæ рæмодзæн æрмæг.

Æхсæвæри фæсте хуппитæ кодтонцæ фунх дон. Симонов

дуар байгон кодта æнæбахуайгæй. Æ цулухътæ æрцагъта метæй.

– Дессаги талингæ æнцæ гъæунгтæ. Еунæг фанар дæр нæ рохс кæнуй. Фал неци кæнуй, уодзæнæй рохс дæр еу афони. Раст нæ зæгъун, Оля?

– Раст дæ, раст! Медæмæ рахезæ! Дæ цинел ма раласæ, цай дин нæ гъæрун, цæмæй æй исирайун кæнæн, е нæййес.

– Цай ниууадзæ. Уотемæй дæр ефхæссинан, фал уæ лигъдон кæми æй?

Симонов æ медбилти байдзулдæй æма Ольгæ балæдæрдтæй, майор цидæр ке æргъуди кодта, уомæн, æма æ косæн уати, хабар фегъосгæй, фиццаг куд рафæлорс æй, æ цæсгон нур уотæ нæбал адтæй.

– Нуртæккæ, нуртæккæ, Семон… Зойæ, цо æма лæхъуæни ардæмæ ракæнæ, – æрбацæуæгæн къела æвæргæй, æ кизгæмæ сдзурдта Ольгæ.

– Рагъæуæйттæ кæндзæнæ, фæлабулай куд неке уа, уотæ, – тузмæг каст бакодта кизгæмæ Симонов. – Лæдæрис мæ?

– Æз нуртæккæ! Уæ зæрдæ мæбæл даретæ! Уойбæрцитæ лæдæрунгъон дæн.

– Гъема дæ гъуддаг раст! Хуцау дин æнхусгæнæг уæд!

Зойæ фендæбилæ ’й, цалдæр минутей фæсте ба, æ цинелбæл гъæмпи мортæ кæмæй зæбæлттæ кодтонцæ, уæхæн салдатгонди æ разæй æрбахудта.

– Мæнæ æй!

Салдат уати æфсæдтон форми æнæзонгæ лæг ку рауидта, уæд æхе фæстæмæ цæхгæрзилд фæккодта, фал æй Симонов еунæг цæфæй къелабæл æрбабадун кодта.

– Бæрвæндонæй мæхе дæттун уæ къохтæмæ, æрмæстдæр мæ нæмгæ ма кæнтæ!

– Цæбæл дзахъулагъæр исистай? Фæгъгъос уо! – æ цинели æфцæкъуатæбæл ин фæххуæцгæй æма ’й аварæмæ басхуайгæй, тæрсгæ-резгæй ракæсæ-бакæсæ гæнгæй, салдат æ бадæнæй æзмæлунгъондæр нæбал адтæй. Æ раздæри гъомбæлгæнæги ку бауидта, уæд имæ фиццаг æ къохтæ бадаргъ кæнуни зæрди адтæй, уæдта сæ фæстæмæ æруагъта.

– Ольгæ Сергейи кизгæ! Уæхæн куст мин цæмæн бакодтай? Дæхуæдæг мадæ ку дæ? – æ дзубанди нийгъæндæнгæнгæй, дзурдта тарст лæхъуæн, – ахæст сирдау гъæуæйттæ гæнгæй.

– Сергей, дæхе æрлæдæрæ! Бустæгидæр ку ниссалдтæ!

– Мæнмæ ба, цæмæй дæ багъар кæнон, уæхæнæй дæр неци ес. Эй! Бецайуаг! – Ольгæ Сергейи кизгæ имæ хæстæг бацудæй æма ин æ сæр æ реумæ æрбахæстæг кодта. – Нерæнги ма сувæллон дæ, уотемæй ба æфсæдтон! Цитæ бамурхтæ?

Сергей, куд фæстæмæ, æруодæнстæй æма æ цæститæ ницъцъундæ кодта.

– Семен Михали фуртæй ба тæрсгæ ма кæнæ, æфсæдтон уæледарæси ке æй, е дæр дæ таси ма æфтауæд. Е нæ хæдзари лимæн æй. Нур ба еумæ сагъæс кæндзинан, кутемæй дин фенхус кæнæн, уобæл. Цидæриддæр дин зæгъа, уобæл арази кæнæ. Дæ цулухътæ ба тæккæ нуртæккæ фелвасæ. Æз дин нæуæг портянкитæ ниллух кæндзæнæн. Дæ къæхтæн гъардæр уодзæнæй.

Ольгæ кæрдæн райста æма иннæ аварæмæ æхе райста, Симонов ба æ тамаку кæронмæ думд фæцæй æма æдзинæг кастæй Сергеймæ.

– Гъæйдæ, нур ба дзоргæ, куддæриддæр адтæнцæ хабæрттæ, уотæ. Æрмæстдæр мæ сайунвæндæ ма ’скæнæ! Куддæр балæдæрон, – мæнгæдтæ мин дзорис, уой, уотæ дæ цардæй ирайгæ уо! Бамæлæдæрдтæ?!

Сергейи гъæлæси уагæ зир-зир кодта райдайæни, фал, куд фæстæмæ, уотæ ба федардæр æма æндиуддæр кæнун райдæдта.

Зойæ къуми бадтæй æма, салдати дзубандитæмæ игъосгæй, лæдæрдтæй, æ зæрдæ куд гæбар-губур кодта, уой. Еу усми ба æ зæрдæ æрбаунгæг æй æма истъифстæй.

– Игъосис, ами дæхецæн тæрегъæдгæнгутæ ма агорæ, фал дзоргæ кæнæ, – фæйуорæдта майор.

Кæронмæ байгъуста салдати радзубандимæ, уæдта æй бафарста, кæци æфсæдтон хаййи тухтæй, сæ командири ном æма муггагбæл.

– Ци афицер дин фæттæрегъæд кодта, е ба уæхецæй æй?

– Мæнмæ гæсгæ, нæ… Бæлвурд æй нæ зонун, æнбал майор!

– Æнбал… Æнбал… – Симонов бабæй нæуæгæй тамаку иссугъта æма хъуæцæ æ рæугутæмæ фæндон бауагъта.

– Хъаз æма чушка æмбæлттæ ке некæд адтæнцæ, уой абони уæнгæ нæма балæдæрдтæ?

– Балæдæрдтæн! – æ бунатæй фæггæпп кодта бæгъæнбад салдат æма майори цори æмраст ралæудтæй.

– Е ба дин тугъдон лæг. Нитътъæпæн уо дæ бунати, мæгурдæйраг!

Уæдмæ уатмæ æрбахизтæй Ольгæ Сергейи кизгæ æма салдатмæ фанели дууæ гæппæли бадаргъ кодта.

– Мæнæ ани дæ къæхтæбæл ратохæ æма æрсабур уо. Ду ба ’й еугур тогтарст ма кæнæ, дæ хуарзæнхæй, æнæуой дæр фагæ тарст æй.

– Ма тæрсун кæнæ! Ма ’й тæрсун кæнæ! Тугъди ауæхæни æз мæхе къохтæй фехстайнæ æнæтæрегъæдæй. Нур ба дзæнгæда ци пайда æй. Зойæ, æндæмæ рацо æма рагъæуай кæнæ, цæмæй медæмæ маке æрбацæуа. Мах ба бал унаффæ ракæнæн. Ольгæ, гъардæр хъæппæлтæ ибæл скæнæ, е ба ма никъкъæрес уа æндегæй.

Зойи хъæбæр фæндæ адтæй авари байзайун æма дзубандимæ байгъосун, фал сæмæ кæми æндиудта.

– Цæугæ кизгæ, цæугæ! Ами гъазæн киндзити нæ гъазæн. Ци æрцæудзæнæй, уой нæхуæдтæ дæр нæма зонæн. Уæдта ести æрцæудзæнæй, е дæр бæрæг нæма æй.

Сæ дзубанди радаргъ æй. Зойæ цалдæр хатти рагъæуай кæнидæ гъæунгæмæ, фал си æзмæлæг нæ зиндтæй. Æрмæстдæр кедæр куй уазали æстонгнеуæ кодта.

Æппунфæстаг, нæлгоймæгтæ рацудæнцæ аварæй. Симонов цудæй разæй, Сергей ба минкъий фæстæдæр. Зойæ æхе медæгмæ цæуæг ракодта, æхуæдæгка сæ фæсте сосæггити рагъузтæй. Уæд та ма ’й ниййахæста, – гъуди кодта минкъий кизгæ.

– Тагъддæр ардæмæ? Майор салдати æ фæсте рацæйласта талингæмæ. Иннæ изæрмæ ами фæууодзæнæ. Ами дзæбæх пъадвал ес. Уæдта си бустæги уазал дæр нæй. Æрмæст еунæг сум, еунæг гъæр дæр куд некуцæй райгъуса, уотæ бакæнæ! Баладæрдтæ?

– Балæдæрдтæн!

– Исон дин дæ документтæ барæвдзæ кæндзæнæн, æхсæвæ ба дæмæ æрбацæудзæнæн. Фронтмæ еу 120 киломтери ес. Рæстæг ма ни нес. Уоми ба дин ци ’й фæндуй ку кæнонцæ, уæддæр дæ цъух къумахгæдæй дарæ. Куддæр нæ банимодзай, уотæ не ’гасей дæр бабун кæндзæнæ. Лæдæрис мæ?

– Æз цæттæ дæн мæлæтмæ дæр. Феронх кæндзæнæн, æмб…

– Фæгъгъос уо, – Симонови суф-суф райгъустæй. – Зæгъдзæнæ, гъæди адтæ… Бомбитæ… Контузи… идарддæр ба неци гъуди кæнис. Ольгæ Сергейи кизгæмæ ба дæ къах дæр мабал байвæрæ!

Идарддæр ма цæбæлти дзурдтонцæ, уони Зойæ нæбал игъуста. Басиæруагæс æй, майор æй ахæсгæ ке нæ никкæндзæнæй, е æма сæ хæдзарæмæ нийййарцæ æй.

Дуккаг бон бабæй Симонов бабæрæг кодта Ольгети æма ин лæмбунæг балæдæрун кодта, куд æй бахъæртун кодта е ’фсæдтон хаймæ, цалдæр хатти сæ куд бауорæдтонцæ, фал æдасдзийнадæ гъæуайгæнæг комитети майори гæгъæдимæ ку æркæсиуонцæ, уæдта сæ куд рауадзиуонцæ.

Тугъд фæцæй. Сæрæгасæй, фал цæфтæй исæздахтæнцæ Ольги цардæнбал æма æ фурт. Нæуæгæй бабæй сæ царди тæмæни бацудæнцæ. Амондгун рæстæгутæ ниллæудтæнцæ бийнонтæбæл. 1951 анз. Симонов иссæй дæлболкъон. Еухатт ба Пятигорски фенбалдæй Ольги хæццæ æма ’й еци салдатбæл рафарста:

– Ци бацæй, ескæд ма дæмæ финста?

– Райстон си финстæг, – загъта Ольгæ. – Финста, æртæ мæйи ахæсти ке рабадтæй, уæдта ’й нæуæгæй тугъдмæ ракодтонцæ. Вени уæнгæ бахъæрттæй. Райста дууæ ордени æма цалдæр майдани. Хъæбæр дин арфитæ кодта дæуæн дæр. Фæцæй цалдæр цæфи дæр, фал сæрæгасæй байзадæй. Фæстæдæр ма службæ кодта идард хорискæсæни дæр. Дзуапп ин равардтон æз дæр хуæрзцубурæй. Уой фæсте мæмæ нæбал ниффинста.

Зойæ æ цардæндæргъци некæд некæмæн иской кодта еци бони дессæгтæ. Нур сæ 70 анзей фæсте мæнæн, æ фуртæн, раргон кодта…

# НÆ ЮБИЛЯРТÆ

## ХИДИРТИ ЕХЙА – 90 АНЗИ!



ХИДИРТИ Ехйа

### Цæф салдат

Никкалгæй тог донау тугъдон артбæл,
Басодзун нæ бауадзгæй си цард,
Исæздахтæй æ гъæумæ къахнадбæл
Къулух Уасгергиау цæф салдат.

Кæмæ тадæй къуар анзи идардмæ,
Ку тундзуй уони уиндмæ тугъдон.
Уагъд кæркдонау тæхунцæ æ надмæ,
Кадæр æй æ къахбæл истунгъон.

Никкæнуй сæ е дæр æ гъæбеси,
Рауогæй æ фурцийнæй хъурмæ.
Фал кæнуй ракæс-бакæс æ деси, —
Куд нæ зиннуй æ мадæ нурмæ?

Еунæгæй ниууагъта æй дзиназгæ
Æ фæсте, тугъдмæ цæугæй, неугæй.
Ма кæнæд ин нур ба нæфæразгæ,
Ку нæ уайуй æ размæ кеугæй.

Фал имæ никкудтæй синхон уосæ:
«Нæй дæ мадæ, нæбал, цæунгъон.
Дæу хезгæй, байзадæнцæ æносмæ
Æ цæститæ е 'сцохи игон».

Цæветтонгæ 'ма йбæл топп феваст æй,
Нецибал балæдæрдтæй, уоййау.
Топпи цъухмæ æ нифс нæ басастæй,
Фал нур ба ку бацæй, ку, мардау».

## Е 'стур зинтæй æй фæллад

Нæ синхонти зæронд уосæ
Е 'стур зинтæй æй фæллад,
Æ кæун цæуй мæ гъосмæ
Сæ дзатмайæй фур æнкъард:

«Сау сасуги æнгон тугъдæй
Куд нæ калон цæстисуг,
Фидибæсти Устур тугъди,
Ку никкалдæй мæ мæсуг!

Ку 'сæмбалдæй цъæх-сурх зингæй
Мæ лæги зæрди си фат,
Нæ тæрвазбун ку ниййизгæ 'й
Æхе къохтæй худ цæфхат.

Мæ фуртæн мин æхе мæрдæй
Ку бауазал æй мæ арт,
Ме 'нсувæртæн сæ фæсмæрдæ
Ку бабун æй мæ цæгат».

Нæ синхонти зæронд уосæ,
Æ зинтæй уогæй фæллад,
Гъе уотæ кæуй æноси
Сæ дзатмабæл фур æнкъард.

## Æрхæн

Минкъий уогæй, тугъди бæнтти
Мæ рагъæй ласинæ сог.
Бæгъæнвадæй нæ тар гъæдти
Седзæрау уинæ æстонг.

Салд къотæрбæл тæхгæ цъеутæ
Бадиуонцæ мæ уæлгъос;
Къахдзонæгътæбæл биццеутæ
Гуриуонцæ мæ фалдзос.

Фæндæуидæ мæ сæ хæццæ
И бæрзонд къолтæй гурун.
Фал нæ уидæ мин уой бæрцæ
Евдæлон рæстæг æппун.

Минкъий уогæй, тугъди бæнтти
Ке нæ байдзулдтæн ме 'фсес,
Уомæ гæсгæ син ме 'рхæнти
Иронхгæнæн некæд ес!

## Æрдозæ

Нæ арф гъæди ес æрдозæ,
Арв æ сæрмæ æй цадау,
Æ кæрдæг ин фæлмæнуозæ
Фæккæнуй ирдгæ мадау.

Минкъиййæй си сурх нинæгътæ
Бæргæ тонинæ ахид,
Фал ниццæнцæ сæ хъæлнæгътæ
Тугъди бæнтти фатæууилд.

Бампулдта мæн дæр мæ хози
Æнæхатирæй и тугъд,
'Ма байзадæнцæ и 'рдози
Мæ нинæгътæ æнæтунд.

Куд сæмæ бæлдтæн ме ’рхуни,
Имисун нур уой арæх,
Фал ку фестунцæ мæ фуни
Сурх-сурхидæй тогæртæх.

## Мæ рохсаггаг æнсувæр Мæхæмæт

Фæккодтай нæ мадæн лæдзæгеуæг
Æ седзæргæс надбæл биццеуæй,
Нæ уогæй дæ ауæдзи раййевæг, –
Ку фæххумæ кодтай дæ реуæй!

Де ’стур уæргъти хæццæ дзилли астæу,
Догъи уайгæй, рарвистай дæ цард.
Нур дæбæл, цæветтон, топп феваст æй,
Ку ракодтай уоййау æваст мард!

Ниххезун куд бакумдтай сау циртмæ,
Никкæлгæй æнафони дæ цард?
Ку бахастай дæ хæццæ сигитмæ
Дæ берæ сагъæстæ, дæ фæллад!

Ку байзадан дзиназгæ дæ циртмæ,
Куд нæбал бакодтай мах сагъæс?
Ку нæ хезис зæрдæй æгириддæр,
Дæ мард ни ку нæма ’й æруагæс!

Дæ цæуæти туххæй устур зинтæ
Ку фæккодтай нурмæ дæхецæн,
Куд дæ уорæдтонцæ уæд мæрсинтæ,
Фæди-фæдмæ кæнгæй си хецæн?

Ра-сæ уагътай фæрнæй царди тонхи,
Ис-сæ гъонбæл кодтай тухгин раст,
Куд ниууагътай сæ уæд нур иронхи,
Куд нæ син бахизтай сæ къæрццгъаст?

Куд бухсис нæ адæнбæл дæ цирти,
Дæ уод син ку нæ кодтай æвгъау.

Нурмикконау сæ цийнæ, сæ зинти
Куд нæбал син дæттис, куд, æгъдау?

Сæ кустаги син, цид, уод ку уагътай,
Ку игъустай уонæй дæр арфи дзурд,
Уæд æносмæ дæ куст куд ниууагътай,
Куд нæбал син дæ нур зæрингурд?

Куд хъйамæтгун лæг адтæ адæнбæл,
Куд син кодтай зæрдæй фуртеуæг.
Рабаргæй дин дæ уод уодбарæнбæл,
Ку загъта дæ уæлмард уой еу лæг.

Бафистай царди уаги де 'хæстæ,
Ниууагътай дзилли 'хсæн кади ном,
Фæрристæнцæ дæубæл нæ гъæубæстæ,
Имисуй дин дæ ном Дигоргом.

## Сауæдонæ

Сауæдонæ ку стонуй Дигори,
Нæ фæууй уæд æ над лигъз будур,
Фæллæууй æ фæндагбæл мин дори,
Кæми ба 'й ниййауазуй къудур.

Фал е ба над къæртгæнгæй, уони 'хсæн,
Бæлццонау ниййагайуй æ зар,
Цæветтон, фæззаруй зæрди нифсæн,
Æ фæндаг ин нимбæрзгæй, мæйдар.

'Ма 'сдарунцæ сæ къохтæ циргъ къæйтæ,
Бакæнуй къудурæн дæр æ куст —
Æ хъумæй искæсгæй, хортæ-мæйтæ,
Ратонуй къæл-къæлгæнгæй аузт!

Æрхъæртуй еу афони будурмæ,
Уоди хуасæн раттуй ин æ дон,
Над къæртгæнгæй, уоййау, рагæй нурмæ,
Мæхуæдæг дæр дзиллæн зар хастон.

## Цæмæй сагъæссаг æй цард?

Ку нæ лæууй æгиритдæр,
Размæ ледзгæй, нæ рæстæг,
Адæймагæн кæддæриддæр
Æ йадзал, гæнгæй, хæстæг!

Е ’руорамун ба нæ равгæ
Ку н’ амонуй, ци кæнон! —
Æносон цард нæ ’й æрдавгæ,
Ес райдайæн ’ма кæрон.

Фал уобæл нæй мæ гузавæ,
Зонгæ гъуддаг æй адзал,
Æносмæ ’й дæхе ма давæ,
Адзалæн нæййес мадзал.

Æууелуй мæн æндæр сагъæс,
Æндæр мæтæй дæн æнкъард, —
Ку ан адзалæй æнæ сагъæс,
Сагъæссаг цæмæ ’й уæд цард?!

Адзали уæнгæ ’стур незтæй
Адæймагæн ке ’й тæссаг,
Ке неци ес цардæй хестæр,
Гъеууомæй æй сагъæссаг!

## Цардæн æскъунæн нæййес

Æрæгвæззæг и хъурройти
Кумæ хæссуй сæ азар? —
Уомæй æй сæ сæр сæ коййи,
’Ма фергъавта сæ уазал!

Сæ бæдæлтти сæ æнбойни
Багъудæй кæнун ергъæв,
Уони азарæй гъизт бони
Ку кæнунцæ, ку, зæрддзæф.

Хæдзæрæнгъæй сæ сæ дзиллæ
Арви денгизи ласуй.
Æй сæ дзиллæ сæ хъибиллæ,
Гъар бæстæмæ сæ ’лвасуй.

Сиукъагин сирдтæн сæ дзогæ
Хонхи бæрзондбæл хезуй,
Мадæ дзæбодур стонг уогæй,
Æ дæркъи рази резуй.

Даруй сæмæ æ тарст уодæй
Цæудзæбодур дæр е ’нгæс,
Аци дуйне уотæ конд æй,
’Ма гъæуй дзилаги гæс!

Тæхгæцъеу дæр тæссаг равги
Хаттæй-хатт фестуй цæргæс,
Ниттонуй, цид, хъеу-хъуаги,
Æ бæдæлттæн уогæй гæс.

Карк дæр даруй æ цъеутæбæл
Æ дуучæ базури ’ргъувд,
Сæ сабийти сæ реутæбæл
Дарунцæ мадтæлтæ тухт.

Æнæ сувæллон дуйнебæл
Адæнæн дæр уæн куд ес! —
Еу фæлтæр баст æй иннебæл,
Цардæн федуйæн нæййес!

## Цард цæрунмæ ’й

Ци хъæбæр хъазар æй цард,
Фал ку ’сæнтæсæн мæлунмæ,
Некебал фæгъгъæуй мард,
Алке ма гъавгæй, цæрунмæ.

Адзалæн мадзал нæййес,
Неке цард æй фæди-фæдмæ,
Фал ин афонæ ба ес,
’Ма ’й гъæуй хæссун гъеуæдмæ.

Алли къахдзæфæй адзал
Ку гъузуй, ку, лæги цардмæ,
Фал гъæуй ерун мадзал
Радаргъ кæнун цард идардмæ.

Фæди-фæдмæ ке ’й дуйне,
Уомæй æй цард ба æносмæ.
Фал ибæл цæруй алке
Еунæг хатт æрмæст æ рохсмæ.

Неци фæууй адæймаг
Е ’сæнтæсуни агъонмæ,
Рамæлгæй дæр æ фæстаг
Нæуæгæй цæуй гъеууомæ.

Куд нæ уа уæд сагъæссаг
Цард, райдайæнæй кæронмæ?
Зин ерæн æй цардвæндаг,
Ку нæ ’ймæ кæсай изолмæ.

* * *

Раст адæн, зæгъайтæ, ’ргом
Ке уи нæ фæндуй хуарз ун?
Марди дæр гъæуй хуарз ном,
Хуарзи ном æз дæр уарзун.

Фал цæй фæдбæл ес, цума,
Уæхæн хуарз гъуддаг нæ тоги?
Еци бацеуи къума
Райгон фæгъгъæуй не ’взонги.

Æхе меднимæр алке
Лæдæруй, æвæдзи, уой:
Мед адæн цæрун зин ке ’й,
Ку нæ ди цæуа хуарз кой.

Уомæ гæсгæ адæймаг,
Хуарз цардмæ бæлгæй æдзох,
Ку иссеруй раст фæндаг,
Хуарз унбæл кæнуй уæд тох.

Афонæбæл æй адæн,
Нæ балæдæргæй дзæбæх,
Нæ ин радтунцæ кадæн,
Хуарзи ном се ’хсæн арæх.

Хуарзи ном æма хуарз ун,
Баст уогæй, æнцæ хецæн.
Хуарз ун зин æй, ма ’й уарзун,
Ном ба уагътæ уæхецæн.

## Фау

Ку адтайнæ æз мæ райгурцæй къуру,
Нæ зудтайнæ куд цъес-цъес кæнуй уру,
Не’гъустайнæ гъæдтаг сирдтæн сæ неун,
Нæ кодтайдæ куййи рæйун мæн кеун.

Ку адтайнæ æз мæ райгурцæй хъæрæу,
Цъеусори дæр æнгъалдтайнæ уæд бæлæу,
Мудзура мæмæ кастайдæ зелгæ ухст,
Нæ уидтайнæ неке зин бон, неке тухст.

Фал хæссуй мæмæ фалдзосæй мæхе гъос,
Сирдти неун, куйти рæйун æнæ ’ргъос,
Мæ цæститæ æвдесунцæ айдæнау
Цъеусор æма мудзурайæн дæр сæ фау.

Сæ гъæнтæй кæнуй æнадæ мæ рохс цард,
Мæ зæрдæбæл æрбадарунцæ мин кард,
Дзоргæ дæр сæ нæ кæнинæ гъенур дæр,
Ку адтайнæ къуæтти кенæ æнæ сæр!

## Нæ зæнхæ

О, хуарз адæн, æй нæ зæнхæ
Æ цæугæ царди фæллад.
Нæ кæрдзин æма нæ цæнхæ
Æ сор хеди ’нцæ фæлдад.

О, мæ зæнхæгтæ, нæ зæнхæ
Æй фиддæлти тогæй гъæст,
Басодзæд мæ æ фудæнхæ,
Ку суадзон ибæл мæ хуæст.

О, хестæртæ, æй нæ зæнхæ
Нæ дзилагæн æ бундор,
Ра-мæ фадæд кард сагæнхæ,
Ку нæ ин уон тавгæ хор.

О, ме 'мгæрттæ, æй нæ зæнхæ
Нæ сæри хъанз, нæ гъар тог,
Ракъуæрæд мæ царди фæлхæн,
Ку ниууадзон æй æстонг.

О, кæстæртæ, æй нæ зæнхæ
Не 'стур æнгъæлдзау, не 'сон,
Марг фестæд мин аци рæнгъæ,
Ку нæ ин искæна ном.

О, нæ мæрдтæ, æй нæ зæнхæ
Уæ уойсати нин фæдзæхст,
Æрбауон æз мæрдирæнхæ,
Ку нæ 'й искæнон æнхæст.

Æй нæ фенцайæн нæ зæнхæ,
Ци 'й е 'ной махæн нæ цард?
Æй йе 'ной мæ цард æдзæнхæ,
Фæдзæхсун ибæ мæ мард.

## Не 'взаг

Нæ рагæнттæ цардбæл тохи
Ку къæртт кодтонцæ фæндаг,
Зундау син уæд царди тонхи
Сæ уодбæл хуæстæй не 'взаг.

Фæлтæргай æй мингай æнзти
Искодтонцæ хуæрзгъæздуг,
Бакодтонцæ 'й мах бæрнæхсти
Сæ фæсмæрдæ еудадзуг.

Недзамантæй ба мах уæнгæ
Ка ’рхъæртун кодта не ’взаг,
Еци фидтæлтæн се ’ууæнкæ
Куд фæссайон, мæ зæнхаг.

’Ма куд баййевон абони
Æндæр æвзагбæл не ’взаг,
Мæ минкъий фуртæн æ коми
Куд æрлух кæнон йе ’взаг.

Ме ’взонг цъæх кизгæн æ тоги
Куд нæ бауадзон не ’взаг?
Куд æй фæккæнон æ доги
Нæ адæмæй æскъудздзаг?!

Мæ нийиергутæн сæ циртмæ
Ке ’взагæй зæгъон: — рохсаг?
Куд син зæгъон дæлсигитмæ:
«Исхæран мин æй уе ’взаг»!

Кенæ Къостай «Ирон фæндур»
Куд ниууадзон æни ’гон,
Куд нæ дарон мæ зæрдрæбун
Геуæргий «Ирæф» æнгом.

Гъе уотæ кæнгæй, тæрхæнттæ
Кæбæл дæн æз зæрдихудт?
Не ’взаг гæлдзгутæ зæгъæнтæ,
Кæд, мийиаг, æнцæ æвуд!

Сæ еу мин си уотæ зæгъуй:
«Иссæй не ’взаг уæлдай уаргъ!» —
Нæ лæдæруй, ке нæ тæхуй
Æнæ базур сæргой маргъ.

Иннæ ба мин уотæ зæгъуй:
«Денгизмæ хауй Терк дæр» —
Денгиз Теркбæл куд æфтуйуй,
Уой ба не ’ргъæвуй æ сæр.

Минкъий æвзæгтæ фæуyæнтæ
Цæугæдæнттæ, зæгъдзинан,
Устур æвзæгтæ зæгъæнтæ,
Мах ба, зæгъгæ, денгиз ан.

Фал цалдæнгæ денгизтæ уа,
Уодзæнæй уæдмæ дæнттæ,
Не 'взæгтæн уæд ци киндæуа?
Адæми фæндон уæнтæ.

Мæн ба ку ниввæрай цирти,
Уарздзæнæн уæддæр не 'взаг.
Мæ циртдзæвæнбæл — Хидирти —
Ниффинсетæ мæ муггаг.

## Афонæ

Рæстæгбæл нæййес идонæ
'Ма тæхуй мæ рæзти карз,
Алцæмæн ба ес афонæ,
Алци æ йафони 'й хуарз.

Уес дæр тасуй æ йафони,
Саг ба рандæ 'й æмгъудбæл.
Хуарз гъуддаг дæр æнафони
Нæ нимайун рæсугъдбæл.

Топпæй фехсгæй, тæхгæ фатæн
Фæстæмæ здахæн нæййес,
Мæ евгъуд царди ме 'фсардæн
Æййевæн нур нæбал ес.

Æмгъудгæнгæй хори цæстæ
Афонæбæл æз не 'сдæн,
Нæма бафистон ме 'хæстæ
Мæ мадæ 'ма нæ бæстæн.

Ци рæстæг ма ес мæ къохи,
Йе кæнуй Теркау цæхъал,
Ехх, ку уайдæ цардбæл тохи
Кадæ-радæй мæ адзал.

# НАУКÆ ÆМА ИСТОРИ

ЦАГЪАТИ Анастасия

## ДИГОРГОМ: ГЪÆУТИ, КОВÆНДÆНТТИ ÆМА ФÆНДÆГТИ НÆМТТÆ

*Райдайæн аци анзи 1-аг æма 2-аг номерти*

**Абисалти цæрæн.** Думтæй хонсарæрдæмæ Æхсиаги цори ихæлд хæдзаруæттæ.

**Абисалти мæсуг.** Мæхчески хонсар-нигулæнварсæрдигæй бæрзонд мæсуг рагон хæдзаруæтти ихæлдзæнти хæццæ. Аци рауæн ма хонунцæ – «Дæлдзæгати къубус» дæр. Дорамади ихæлдзæнтæ ба хонунцæ – «Астанти федæрттæ».

**Авд дзиуари.** Рагон ковæндонæ Гæлиати. Аци ковæндонæмæ хуасгæрдæнти райдайæнти кувтонцæ Езетæ, Гæдзаутæ, Годизтæ æма Хъалати муггæгтæ.

**Айларти синх.** Хонсари синхитæй еуей ном.

**Алаурдий дор.** Алурдий номбæл кувддонæ Мæстиноки.

**Алаурдий ковæндонæ.** Фæрæскъæтти хонсарæрдиги ковæндонæ.

**Астæуккаг синх.** Дзинагъа æма Гулæри ’хсæн хæдзаруæтти ихæлдзæнтæ.

**Æздæхтæ.** Скъодтатæ – Фæснæлмæ фæндаг берæ фæззелæнти хæццæ.

Æздæхти ном ма хæссуй Задæлески бунмæ Ирæфи билгонæй Хæрæгæлхинтти уæнгæ над дæр.

**Æлдаррезæн циртдзæвæн.** Къумбулти сæрмæ фæзæ дууæ устур æрдзон дорей хæццæ. Ес ибæл уæхæн тауæрæхътæ.

1. Тухгæнæг Сари-Аслæнбеги æрфæндадтæй Дигори адæнæй æхецæн цагъайрæгтæ скæнун æма си хъалон есун. Æ æфсади хæццæ æрбацудæй æма аци рауæн æрбунат кодта. Ардигæй ба Донифарсмæ рарвиста æ мийнæвæртти. Еци рæстæг Донифарси ба цардæй зундгин æма рæстдзæвийнæ Хъанухъти Есе. Е æ мæсуги сæрæй гъæуай кодта знæгти æзгули. Æрæстæфтæй, æлдар Сари-Аслæнбег æ хъувгъани хæццæ еуварсмæ куд рацудæй æма устур дори фæскъилдун куд бабадтæй, уой. Есе нигъгъавта æма ин æ хъувгъани фий раморæ кодта. Сари-Аслæнбег æ фур тæссæй æмрезæги нирризтæй æма ледзæги фæцæй. Уомæ гæсгæ ба уæдæй фæстæмæ еци дор хонунцæ – «Æлдаррезæн дор».

2. Уазай цъопбæл цардæй цуппар æнсувæри. Хестæр æнсувæр Æфсадæг хундтæй æма ин адтæй дууæ уоси. Сæ еу – æнхæстбаргун, иннæ ба – номбæлуосæ. Хингæнæг уосæмæ бацудæнцæ иннæ æртæ кæстæр æнсувæри æма ’й бафарстонцæ, сæ хъисмæт куд уодзæй, уобæл. Е ба син загъта: уе ’ртей адзал дæр уодзæй уæ хестæр æнсувæри зæнæги къохæй, зæгъгæ. Уомæ гæсгæ ба хестæр æнсувæрæн фурт ку сæнтæсидæ, уæд æй кæстæртæ рамариуонцæ. Еухатт ба дууæ уосемæн дæр еумæ райгурдæй биццеутæ. Номбæлуосæ фурттæн тæрсгæй, сосæггайти фæллигъдæй Хъогъалухътæмæ æма сæ уоми, æхе бафæсвæдгæнгæй, мамæлай корæггаг къæбæртæй исгъонбæл кодта. Лæги æнсувæртæ кутемæйдæрти базудтонцæ еци хабар æма сæ фæдбæл зелун байдæдтонцæ, цæмæй сæ фесафонцæ, фал сæ арми неци æфтудæй. Ку багъонбæл æнцæ, сæ лæхъуæни карæмæ ку схъæрттæнцæ, уæдта син силгоймаг хабар радзурдта æма сфæндæ кодтонцæ сæ фиди иссерун, е ’нсувæртæй ба сæ маст райсун. Æнæгъæнæ æфсад æрæнбурд кодтонцæ, бæхтæбæл рабадтæнцæ æма ранæхстæр æнцæ стæрбалций.

Уазай цъопбæл цæргутæ еци æфсад ку ниууидтонцæ, уæд гъуддаг балæдæрдтæнцæ æма Хуцаумæ искувтонцæ, цæмæй сæ фæндаг цъæх ех феста. Сæ кувд Хуцаумæ фегъустæй æма над тæгæр ех фестадæй. Разæй цудæй æнхæстбарæ уоси фурт æма еци над ку фæууидта, уæд тæссæй нирризтæй. Уомæ гæсгæ еци рауæн уотæ хонунцæ…

**Æндрети над.** Комидумæгæй – Цæгати игуæрдæнтæмæ над.

**Æфцæги ковæндонæ.** Фæрæскъæтти сæрмæ хонхрæбун ковæндонæ. Уордæмæ цудæнцæ æригон кизгуттæ æма лæхъуæнтæ хуасгæрдæнти райдайæни агъонмæ. Нисайнагæн си æвардтонцæ æрхи æхцатæ, булавкитæ, цæппæртæ.

**Æхсæрти.** Стур-Дигорæй скæсæнæрдæмæ хæдзаруæттæ. Æ цæргутæ 1923–1930-аг æнзти сæ цæрæнбунæттæ раййивтонцæ будури гъæутæмæ.

**Æхсæуæ.** Мæцутæй нигулæнæрдæмæ гъæуи ном. Хъæрæсе-Черкесий дæр ес гъæу Схауат, æвæдзи, сæ бундор еу æй.

**Æхсинттæ.** Комидумæги арф адагæ.

**Æхсунгæ.** Фæрæскъæттæй – Хæнæзæмæ къахнад Толоски игуæрдæнтæбæл.

**Базигони бæласæ.** Уæхъæци цори нæзи бæласæ. Лæууй еунæгæй æма нимад æй ковæндонæбæл. Æ хæццæ баст æй уæхæн тауæрæхъ: – Раги кæддæр гъæуи цæргутæй еу лæг сау гъæдæмæ рандæ ’й согдзауæн. Ци бæласæ иснисан кодта, уой фæрæтæй фиццаг цæф ку æркодта, уæд си еу æсхъеуæццаг фесхъиудтæй æма ратахтæй. Уæхъæци сæрмæ Амилаханти æма Цъуккити хумзæнхити цормæ æрхаудтæй æма си исирæзтæй агъазиау бæласæ. Уалдзæги адæн сæ хумзæнхитæмæ хумæ кæнунмæ ку бавналдтонцæ æма бæласи цори ауæдзæ фиццаг ханхæ ку ракодтонцæ, уæдта æ бунæй тог исгъардта. Хумгæнгутæ сæ куст фæуууагътонцæ. Уæдæй абони уæнгæ еци рауæнти хумæ некæдбал неке бакодта, бæласæ ба иссæй ковæндонæ æма имæ адæн цудæнцæ сæ кувддæгти хæццæ. Уалдзæги æхсæдæнти рæстæг ба си искæниуонцæ «Бæласи кувд».

**Батъай дор.** Стур-Дигори цори еунæг устур агайнæг. Адæмон тауæрæхъи куд байзадæй, уомæ гæсгæ, Хæмицати мuггагæй еу цауæйнон, цауæнæй æрæздæхгæй, æрæстæфтæй, дорбæл кадæр ке бадуй, уой. Лæг æй цæргæс бангъалдта æма имæ нигъгъавта, фал уæдмæ бадæг фæггæпп кодта æма имæ фæгъгъæр кодта: «Ма фехсæ!» – Цауæйнон имæ бацудæй æма син дзубанди раеудагъ æй. Æнæзонгæ лæг æхе схудта Батъа, загъта, Сванти бæстæй ке ралигъдæй, уой. Цауæйнон æй æ хæдзарæмæ фæххудта, исæй иуазæг кодта æма Стур-Дигори цæргæй байзадæй. Еци дор ба адæн хонунцæ уæдæй фæстæмæ «Батъай дор».

**Бæбий къулдун.** Сурхмæ фонс ци фæндагбæл фескъæрунцæ, е.

**Бæфойнæ, Бæфон.** Задæлескæ æма Хæнæзæмæ æфцæгбæл фæндаг.

**Бæхбæттæн.** Хæнæзæй-Хæнæзон фонсхезнитæ æма игуæрдæнтæмæ фæндаг.

**Бузуни хумæ.** Мæхчески сæрмæ рагон уæлмæрдтæ.

**Габонæ.** Дзинагъайæй хонсар – нигулæнæрдæмæ цалдæр устур дори. Ами кувд кодтонцæ бунæттон цæргутæ хуасгæрдæнти райдайæнти.

**Галæвгæрдæн.** Къуссуй цормæ еунæг кувддонæ бæласæ. Ами кувтонцæ Идауæгмæ.

**Галой фарс.** Фæрæскъæттæмæ къахнад фахсбæл.

**Гæбæтæфтауæн.** Хæнæзæй фонсхезнитæ æма хуасгæрцитæмæ над.

**Гæлиат.** Гъæуи ном Уæллагкоми. Тауæрæхъмæ гæсгæ ами недзамани цардæй циуавæрдæр æнæзонгæ адæнихатт æма сæ худтонцæ – Царцатæ. Еууæхæни сæмæ Хуцау фæффудæнхæ ’й æма сæ фæццæгъдуни кодта. Уой фæсте ба нисан æфцæгбæл æрцардæнцæ туаллæгтæ. Фал етæ дæр Хуцау æма дзиуæрттæмæ куд кувтонцæ, е уæларвонти зæрдæмæ нæ фæццудæй, æма уони дзилагæ дæр исæскъудæй. В. Б. Пфаф Гæлиати нимайуй европаг адæнихаттбæл. Никки ба ма æ финсти кæнуй, «Клетæбæл» куд æртеголæ æнцæ, уой кой. Ами дзубанди цæуй ирæнттæ æма кипчакти туххæн. Историон бæрæггæнæнти сæ кой цæуй – Гати æма Глати адæнихаттæн, кæцитæ цардæнцæ Кавкази цæгатварси. Уомæй уæлдай ма Туалгоми ес гъæу – Хълиат. Æвæдзи, уомæй цæуй нон (муггаг) – Гæлиатæ. Уотæ амонуй адæмон тауæрæхъ дæр. Тауæрæхъмæ гæсгæ, гъæуæн бундор æрæвардта Галайон Гæуис, е ба адтæй Галати муггагæй. Гæлиати цардæй дууæ фæлхæни: Мулдзуггатæ æма Уз. Исати Мæхæмæт куд финсуй, уомæ гæсгæ, Уæллагкоми ци гъæутæ адтæй, уонæй Гæлиати еугуремæй фæстагдæр æрцардæнцæ адæн. Фал мах уæхæн гъудий хæццæ арази нæ ан. Ами берæ ес недзаманон археологон æма ковæн бунæттæ.

**Гæуиси къулдун.** Задæлескæй – Сурхмæ фонсæскъæрæн над.

**Гогæлий хæрд.** Стур-Дигорæй Хæресмæ фонсæскъæрæн кæрз къолæ фахс.

**Гулæр.** Гъæууат Дигоргоми, хаудтæй Гулæри гъæусоветмæ. Еци гъæусоветмæ ма хаудтæнцæ Дзинагъа æма Нæуæгъæу дæр. Æвæрд æй Дзинагъай сæрмæ 2 километри уæлдæр. Мангойлагау – Гулартæ – амонуй артдзæстæй. Ес ма Къæрæугоми фæсте гурдзиаг гъæу – Гюла-дæр.

**Гъазæндонæ.** Стур-Дигори цори фæдзæхст æрдозæ. Аци рауæн Стур-Дигори, Къуссуй, Моски æма Одолай цæргутæ кувтонцæ Идауæгмæ хуасгæрдæнти райдайæнти.

Адæни æууæнкæмæ гæсгæ, цæргутæ Идауæгмæ ку ковионцæ, уæд е ба æ уадæндзо бæхбæл еци æрдози æхе ерхæфсидæ æ бæхбæл. Уомæ гæсгæ бунат хуннуй – Гъазæндонæ.

**Дæллаг Дум.** Думти дæлбун хæдзаруæттæ. Æвæдзи, си раздæр адтæй Дæллаг æма Уæллаг Думтæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ, ами тæккæ фиццагидæр æрцардæй Думон Басил.

**Дæллаг риндзæ.** Сурхæй хуасæ ци надбæл ластонцæ, е. Ес ма Уæллаг риндзæ дæр. Уоми ба адтæй фонс рæстæгмæ дарæн стæнттæ.

**Дæлмоскъелтæ.** Одолай дæлрæбунтæ фæндаг, цæуй Москæмæ. Еци фæндагрæбун адтæй инайгæнæн бунат.

**Донифарс.** Дигоргоми устурдæр гъæутæй еу Ирæфи галеу фарс.

**Донтæ.** Елиай номбæл ковæндонæ Фæснæлмæ хæстæг.

**Дордорæнтæ.** Мæхчески сæрмæ рагон уæлмæрдтæ уобæйтти хæццæ.

**Думтæ.** Гъæу Уæллагкоми.

**Дзанкистæ.** Хъазахтæй – Фæрæскъæттæмæ над.

**Дзаццати уæлмæрдтæ.** Задæлескæмæ хæстæг рагон циртуат.

**Дзæгъæлти Зæппадзæ. Г**æлиати æма Задæлески хецæн уобæуттæ.

**Дзинагъа.** Гъæу Дигоргоми, Къæрæугоми цъетемæ хæстæг. Сванетагау – Тинагъ – косæрттаг. Æвæдзи, раги кæддæр аци рауæн адтæй, Фæскъæрæугом ци гурдзиæгтæ цæруй, уони фонсхезæн бууат.

**Дзиуæртти рагъ.** Думти сæрмæ рагон цæрæнуæтти ихæлдзæнтæ.

**Елиа.** Думтæ æма Къæмунти ’хсæн Елиай номбæл ковæндонæ.

**Есей мæсуг.** Донифарси хорискæсæнæрдиги рагон мæсуг.

Тауæрæхъмæ гæсгæ еци мæсуг адтæй Хъанухъти Есей. Есе рахуæстæй Сари-Аслæнбеги нихмæ æма ’й ледзæги фæккодта.

**Задæлескæ.** Гъæу Дигоргоми. Æвæрд æй Ирæфи рахезфарсæрдиги, Мæцути лигъзæй хонсар – скæсæнæрдæмæ. Берæ гъæутæ ес, дæнтти хæццæ баст ка æй, уæхæнттæ. Задæлески фæлабулайтæ уæхæн устур цæугæдæнттæ нæййес. Æвæдзи, ардæмæ недзаманти ка æрбалигъдæй, етæ сæ гъæуи ном сæ хæццæ æрбахастонцæ, ами ба, куд фæстæмæ, муртæ æйййивд æрцудæнцæ.

Скифтæ æма Кавкази туххæн финсгутæ куд финстонцæ, уоми кæсæн: «Славная река Борисфен впадает в Эвксин у тамошнего бараньего лба, о котором было уже сказано, прямо как бы по линии против Кианейских скал. Там в Ринейских горах Скифии журчат реки Алдеск и Пантикап». Æвæдзи, «Алдеск æма Задæлеск» æнцæ еу дзурди бундорæй рацæугæ.

**Зæйуат.** Хонсари гъæуи еу хай.

**Зæппадзæ.** Фæрæскъæтти бунмæ ковæндонæ. Ами раздæр кувд кодтонцæ уалдзæги, хумти æвзартæ ку искæсиуонцæ, уæд. Адæн еумæйагæй исфициуонцæ бæгæни, косæрттаг балхæниуонцæ, уæдта алли хæдзарæ дæр хаста æртигай къеретæ. Силгоймæгтæ æма сувæллæнттæ мийнасæ кодтонцæ, нæлгоймæгтæ ба нихæси.

**Ингæни дор.** Донифарси хæдзаруæттæ рагон циртуати цори.

**Калми фæндаг.** Тъуруски гъæдæй Къумбултæмæ над. Тауæрæхъмæ гæсгæ, бæрзонд тегъæбæл цардæй Багъайти муггаг.

Сæ хæдзари бундори изæд ба адтæй хелаги хузи. Арæхдæр хуссидæ медæггойни, инсад кæми уидæ, еци тъæпæнæги сæрбæл. Еууæхæни хæдзари хестæр æфсийнæ сæхемæ на ’дтæй, æригон киндзæ ба медæггойни цидæр агурдта æма хелагæ ку фæууидта, уæд ницъцъæхахст кодта æма ’й æндæмæ расурдта. Хелагæ фæббостæ ’й æма Багъайтæй Тъурускæрдæмæ хорвахсбæл бурун райдæдта æма гъæди æрдозæмæ ислæстæй. Ци рауæн æрлæудтæй, уоми ковæндонæ скодтонцæ, кæбæлти бурдæй, уой ба исхудтонцæ – Калми фæндаг.

**Кæсæнтæ.** Фæснæлæй Уæллагкоммæ фæндаг.

**Кертибийти мæсуг.** Гъæуайгæнæн мæсуг Къамати цори.

**Кокойнитæ.** Фæрæскъæтти Гæбæйрати ахил кæми цардæнцæ, еци фæзуат. Ами арæх æмбалдæй Кокойни къотæртæ.

**Курдунокæ.** Хæнæзæй Цæгатмæ фонсхезнитæ æма хуасгæрцитæмæ фæндаг.

**Кувддæнттæ.** Сонгути коми ковæндонæ. Ами кодтонцæ «Цæуи кувд» – фæззæги бæрæгбæнттæй еу.

**Къадзелти над.** Задæлескæй Донмайтæмæ гъæдæ æма хезнитæмæ над.

**Къайи лигъз.** Хонсари цæрæнтæй еу хай.

**Къаматæ.** Гъæуи ном Дигоргоми, Мæхчески сæрмæ. Адæмон тауæрæхъмæ гæсгæ, ами раги кæддæр цардæй еу æлдар – Къама. Гъæуи ци мæсуг ес, е дæр æй уой номбæл.

**Къæбури бун.** Стур-Дигори фæлабулайтæ хуасгæрцитæмæ над.

**Къæйдзæгат.** Задæлескæй сæрвæти хуасгæрцитæмæ над.

**Къæмунтæ.** Гъæу Уæллагкоми. Тауæрæхъмæ гæсгæ, аци дзурд цæуй муггаг – Къæмунонæй.

**Къæмунти Уацелла.** Елиай ковæндонæ Къæмунти цори.

**Къуала дор.** Стур-Дигорæмæ хæстæг кувддонæ дор гъæдрæбун. Гъæдæмæ кадæр цæуидæ, е ибæл ести къалеу багæлдзидæ æма сдзоридæ: «Фæндагираст нæ фæккæнæ», – зæгъгæ.

**Къумбултæ.** Минкъий гъæу Ирæфи галеуфарсæрдигæй, Донифарси сæрмæ. Дзурд – къумбул – дигоронау бæрæг æй, фал аци гъæуи нонмæ ести барæ дара, уобæл ба зин бауæндæн æй. Растдæр нæмæ кæсуй Абайти Васой гъуди – тумбул – гъома арæзт æй нивæвдесæг дзурди хузи.

**Къуссу.** Дигоргоми нигулæнæрдæмæ тæккæ кæронккаг гъæу. Хауй Стур-Дигори гъæусоветмæ. Æй Стур-Дигорæй 1,5–2 километри идарддæр. Къуссу, æвæдзи, равзурстæй тюркаг дзурдæй æма амонуй «дон», «цæугæдон».

**Къубус.** Фæрæскъæтти сæрмæ Алаурди æма Елиай ковæндæнтти бунат.

**Лæхскæ.** Хæнæзæ æма Задæлески æхсæн фæндаг.

**Лезгорæ.** Гъæу Ирæфи галеу фарсæрдиги, Донифарсæй скæсæнæрдæмæ. Адтæнцæ дууæ Лезгори, медæггаг æма идард. Махмæ гæсгæ, аци ном равзурдæй сванетиаг дзурд – лесгур, лесгор (æнæ фарс).

**Лелай дор.** Стур-Дигорæмæ хæстæг устур æрдзон дор. Ами ма исхæрдгæнæн над дæр хуннуй – «Лелай хард».

**Майрæни дор.** Задæлескæй нигулæн æрдæмæ дууæ устур æгайнæг дори. Адтæнцæ сугъдæг Мадæ-Майрæни ковæндони дортæ. Ардæмæ силгоймæгтæ æрбацæуиуонцæ æхсæвигон сæ цори бадæг уостити хæццæ. Нæуæг маддæлтæ сæ уæле искæниуонцæ усхъунмæхатт кæрцитæ, кенæ ба æнæуой фусдзæрттæ.

Сæ хæцæ æрбахæссиуонцæ къумæл гъæдин къустели, æртигай минкъий губори: Дигори изæди, Уасгергий, Устур Хуцауи, Мадæ-Майрæни æма Задæлески Нанай, уæдта нæуæгигурд сувæллон æма æ мади номбæл кувддæгтæн къеретæ, æрæхсниуонцæ дортæ, уотæ дзоргæй: «Аци къумæл куд фæндон æй, мади æхсир уотæ берæ уæд алкæддæр». Нæуæгигурд кæмæн исæнтæсидæ, е дорти алливарс æртæ хатти æрзелидæ æма сæбæл зади нæмгутæ æркалидæ, фæстаг зилди ба дортæ фиуæй байсæрдидæ. Уой фæсте исковиуонцæ нæуæгигурди æма æ мади цæрæнбони туххæн æма курдтонцæ изæдтæй æнæнездзийнадæ, цæмæй нæуæгигурдтити нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кæна, уæдта ковæггаг къерети еу хай бахуæриуонцæ. Уæхæн ковæндонæ ма адтæй Фæрæскъætти дæр, æрмæст е ба адтæй бæласæ.

**Мамиай циртдзæвæн.** Сурхи фæлабулай надбæл циртдзæвæн. Тауæрæхъмæ гæсгæ, Курттати коми цæргутæ курдтонцæ паддзахæй, уæздан муггæгтæй рацæугæ ке æнцæ, уой туххæн æвдесæндар. Уомæ гæсгæ ба сæ хæццæ Петербургмæ тæлмацгæнæгæн райстонцæ Мамиати Дохчихъой. Паддзах син балæвар кодта фæйнæ пути топпи хуасæ. Фæстæмæ æздахтæнцæ Кæсæг æма Тъæпæн Дигорæбæл. Тæгæри тъæпæни ба сæ фæллад исуадзунмæ æрбунат кодтонцæ. Сæ нимæттæ райтигътонцæ æма син уой агъонмæ, уарун сæ æрæййафгæй ци топпи хуасæ ниууомæл æй, уой сор кæнун райдæдтонцæ. Уæдмæ сæбæл кæсгон бæлццæнттæ æмбæлун райдæдтонцæ æма си алке дæр курдта топпи хуасæ (æмбæлæггаг), æгъдаумæ гæсгæ. Дохчихъо ба син сæ дзурдтæ уотæ ратæлмаци кодта, цума син сæ топпи хуасæ есунцæ æма се ’хсæн тугъд раеудагъ æй. Ирæнттæй ма Мамиай-фурт æма еума лæг раервазтæнцæ æма сæхемæ ранæхстæр æнцæ. Фæндагбæл Мамиай-фурт исфæндæ кодта е ’мбæлц-

цони æхсаргард байсун æма бабæй сæ дууей æхсæн дæр тох иситинг æй. Аци рауæн Мамиай-фурт фæммард æй. Ци рауæн иссердта æ мæлæт, уоми ин циртдзæвæн ниссагътонцæ æхеуæнттæ æма уæдæй нурмæ еци циртуат хуннуй – Мамиай циртдзæвæн.

**Мæстинокæ.** Айгомугидони уæлсæрмæ бæрзонд къæдзæхбæл гъæуи ном. Нуртæккæ си цæрæг адæн нæбал ес, æрмæстдæр ма си хæдзаруæттæ байзадæй.

**Мæхческæ.** Айгомуги дони галеу билгæрон гъæу. В. Ф. Миллер еци ном бæттуй аланти рагон сæйраг горæт Магаси хæццæ (Мегали, Магаг). «Мохагла» – ном къартитæбæл нæбал нисан кæнунцæ, фал, æнгъæлдæн, Иристони ба ма ес уæхæн номи хæццæ гъæу». К. Ф. Ган ба дзурд – Мæхческæ нимауй, – «Мах кизгæ»-бæл. Махмæ е кæсуй рæдуд гъуди.

**Мæцутæ.** Дигоргоми фæндаг дууердæмæ кæми фæссагелæ уй, еци фæзæ. Нигулæнæрдæмæ фæндаг рахуæцуй Стур-Дигорæ 'рдæмæ, Хонсарæрдæмæ ба Мæхческæ æма Уæллагкоммæ. Мæцутæ кæддæр адтæй, Тъæпæн Дигори æхсæнади æмбурдгæнæн нихæс æма уæлмæрдтæ. 1930-аг æнзти уæнгæ ами дессаги убæйттæ æма циртуæттæ адтæй. Тауæрæхъмæ гæсгæ ма, сауæнгæ Нарти Сослани убай дæр Мæцути æй. К. Ф. Гани гъудимæ гæсгæ – Мæцутæ – амонуй æмбурдгæнæн, фембæлæн рауæн. Махмæ е раст гъуди нæ кæсуй. Ардæмæ хæстæгдæр лæуд æй – «Ма цотæ». Фал ма ес æндæр хузи гъуди дæр. «Сванти» æвзаги ес уæхæн дзурдтæ: «Муцъве, манцъува» – фицгæ дон. Аци æрдæгсакъадахи ба баеу унцæ дууæ финкæдони: «Айгомуги æма Стур-Дигори дæнттæ æма си рауайуй Ирæф. Æвæдзи – «муцъве æма Мацъува»-æй равзурстæй дзурд – Мæцутæ – дæр.

**Москæ.** Устур-Дигори зилди хорварсæрдæмæ гæсгæ кæронгкагдæр гъæу. Ном – Моски – радех кæнун æмбалуй уедагæ – Мос. Гæнæн ес, æма хæсса хецæн адæймаги ном дæр. Адтæй дууæ эргастериархи: Сотериха æма Мосха.

**Нарæ.** Ирæфи рахезварсæрдиги гъæуи ном. Хауй Задæлески гъæусоветмæ. Дех кæнуй дууæ хаййебæл: ацирдæггаг – Сæбанти Нарæ æма æндаг – Хъамболти Нарæ.

**Нæлизæд.** Гæлиат æма Фæснæли æхсæн ковæндонæ.

**Нæуæггъæу.** Хауй Гулæри гъæусоветмæ. Æвæрд æй Къæрæугомидони галеу билгæрон.

**Никкола.** Фæснæлмæ хæстæг рагон ковæндони ихæлдзæнтæ. Уæхæн ковæндонæ ма ес Лезгори сæрмæ лæгæти дæр.

**Охъазтæ.** Фæснæли сæрмæ Охъазти муггаги гъæууат.

**Реком.** Гулæри сæрмæ еунæг кувддонæ бæласæ.

**Рутхæ.** Къумбултæмæ хæстæг рагон циртуат. Монгойлагау (Урт-Уха), даргъ, дæргъеццон рагъ. Æма æцæгæйдæр бунат æй уой хузæн.

**Сагихитæ.** Стур-Дигори дони рахез фарсæй хæдзаруæтти ихæлдзæнтæ. Ами цардæнцæ Гобетæ, фал сæ хонгæ ба кодтонцæ сæ муггаги хестæри номмæ гæсгæ – Сагихитæй.

**Седанти мæсуг.** Задæлескæй хорискæсæнæрдæмæ мæсуг æма федæртти ихæлдзæнтæ бæрзонд къæдзæхбæл.

**Сæгти уæзæг.** Дзинагъай фалдзостæ кувддонæ туппур гъæди.

**Сетай рагъ.** Донифарс æма Къумбулти æхсæн рагон циртуат. Ами ма ес «Сатай зæппадзæ» дæр.

**Силтай федæрттæ.** Фæснæли сæрмæ бæрзонд туппурбæл рагон федæртти ихæлдзæнтæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ, Силта адтæй, Дигори рагфиддæл Астани фурттæй еу.

**Скъæндæг.** Хæнæзæй Толоскæмæ хезнитæмæ, фонс ци надбæл фескъæрунцæ, еци над.

**Скъодтатæ.** Гъæу Айгомуги дони рахез билгæрон. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ.

**Сослани гæнгæнæнтæ.** Мæцутæй Æхсæуæрдæмæ фахс. Уоми зинисæфтуйæн тегъæбæл ес рагон цæрæнти ихæлдзæнтæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ, Нарти Сослан уоми цардæй. Ес ма си, се 'хсæн 12–30 метри кæмæн ес, уæхæн 12 дордзæнди. Уони сæрти, дан, гæпп кæнидæ Нарти Сослан.

**Стур-Дигорæ.** Цæугæдон Стур-Дигори цори, гъæу Дигоргоми. Стур-Дигори гъæусоветмæ ци гъæутæ хаудтæй, уонæн адтæй сæ тæккæ стурдæртæй еу. Историон бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нигулæн аланти худтонцæ – Астигортæ. Етæ адтæнцæ, дигорон æвзагбæл ка дзурдта, еци алантæ. Дзурди хай – Ас – кенæ баст адтæй бунати хæццæ, кенæ ба дигорæнтти еу хаййи хæццæ. Устур Дигорæ хецæн ку адтайдæ, уæд ма адтайдæ – минкъий Дигорæ дæр.

Махмæ гæсгæ – Ас – Аш – хауй, Баксан æма Эльбруси æндзæрти ци рагон дигорæнттæ цардæй, мах нуртæккæ –

асси – ке хонæн, уонæмæ. Нуртæккæ, Ирæфи игурæнти ци дигорæнттæ цæруй, етæ æрбацудæнцæ уордигæй. Иннетæ ба æрбафтудæнцæ будурæй æма сæ уомæ гæсгæ ба хонунцæ – Тъæпæн Дигорæ. Будурæй ке æрбафтудæнцæ, уобæл дзорæг æй абазинаг дзурд – тъæпæнтæ – дæр. Рæстæгути фæсте ба разæфтауæн – Ас – аш – рахаудтæй æма си рауадæй Æстур-Дигорæ. Æцæгæйдæр Стур-Дигорæ адтæй, еци приходмæ ка хаудтæй, уонæн сæ тæккæ устурдæр.

**Сунти Къарæ.** Рагон уæлмæрдтæ Хæнæзи хонсар-нигулæнæрдигæй. Ес си уобæйттæ. Халон алкæддæр баст адтæй фидбилизæрцуди, зиани федогбæл. Къари – гурдзиагау – дуар – колдуар.

**Тауиттæ.** Айгомугидони рахезфарсæй гъæуи ном. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ. Æвæрд æй бæрзонд къулдунбæл. Ами цардæнцæ æрмæстдæр Тауиттæ æма Синатæ.

**Тохъайти авæрттæ.** Хæнæзæмæ хæстæг цæрæнти ихæлдзæнтæ.

**Тухуæстæг.** Мæхческæ æма Скъодтати æхсæн ковæндонæ. Баст æй циуавæрдæр æзнæт изæди хæццæ. Аци ковæндонæ адтæй еумæйаг, Мæхчески гъæусоветмæ цидæриддæр гъæутæ хаудтæй, уони цæргутæн. Ами кувд кодтонцæ хуасгæрдæнти райдайæнти. Ковæндони цори ци тъæпæн дор ес, уобæл кенæ уорс гал, кенæ ба уорс фус ракосарт кæниуонцæ. Ковæндонæй ма байзадæй æрмæстдæр ихæлдзæнтæ. Кувди рæстæг Тухуæстæгæй курдтонцæ, цæмæй хуасгæрдæнти рæстæг хуарз рахæсса. Æвæдзи, нимад адтæй ести дзиуарæ, кенæ идауæгбæл.

**Уакъей дор.** Уæхъæцæй Мæхчески 'хсæн устур дор. Еци дор нимад адтæй дууæ гъæуей æхсæн арæнбæл. Дзурд-Уакъе, гæнæн ес æма исæвзурдæй – къæйæй.

**Уасгергий ковæндонæ.** Стур-Дигори сæрмæ ковæндонæ.

**Уæллаггъæу.** Задæлески сæрмæ хецæн синх.

**Уæлних.** Стур-Дигори сæрмæ рагон хæдзаруæтти ихæлдзæнтæ. Гобети æма Хæмицати муггæгтæ, дан, раздæр уоми цардæнцæ, фæстæдæр ба Стур-Дигорæмæ æрæййивтонцæ.

**Уæхъæцæ.** Гъæу Дигоргоми. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ.

**Узи дзиуарæ.** Гæлиати цори рагон ковæндонæ. Хонунцæ ма 'й Авд дзиуари дæр. Хауй VI–X æностæмæ.

**Узунæг.** Уæхъæци сæрмæ коæндонæ. Кувтонцæ имæ Уæхъæци æма Скъодтати цæргутæ хуасæ кæрдуни агъонмæ æма Фацбадæнти рæстæгути. Куд дзорунцæ, уотемæй си ес уæларвон рæхис. Уæхъæци æма Скъодтати цæргути гъудимæ гæсгæ, зæнхæ ку ниффæркитæ уй æнæ донæй, уæд еци рæхисбæл дон æркалæ æма æнæмæнгæ рауардзæнæй.

**Уодола (Одола).** Стур-Дигорæй хорискæсæнæрдæмæ минкъий гъæу. Хауй Стур-Дигори гъæусоветмæ.

**Фæрæскъæттæ.** Гъæу Дигоргоми. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ.

**Фæрон.** Гæлиати ковæндонæ. Киндздзон кизгуттæ бакæниуонцæ Фæрони фæдзæхсти евгед. «Гæлиати Фæрон дæ фæрнгун фæккæнæд», – зæгъгæ, син ковиуонцæ.

**Фæснæл.** Гъæу Дигоргоми. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ. Гæлиати Нæлизæдмæ къилдунæрдæмæ æвæрд ке æй, уомæ гæсгæ ’й уотæ исхудтонцæ. Уомæй уæлдай ма ес æндæр Фæснæл дæр.

**Фæсгъæ.** Гæлиатæ æма Къæмунти цори рагон уæлмæрдтæ уобæйтти хæццæ.

**Фидгæнæнтæ.** Донифарс æма Рутхи æхсæн куройни фидтæн ка бæзтæй, уæхæн дортæ кæцæй мадзал кодтонцæ, еци бунат.

**Фид Иуани дор.** Фæснæли цори ковæндонæ.

**Халæфтауæн дор.** Задæлескæ æма Нари æхсæн устур дор. Алли цæуæг дæр ибæл гъæуама багæлдза дууæ дори, уотæ зæгъæй: «Мæ фæндаг – мæхе»!

**Харди сæр.** Уодола æма Нæуæггъæуи ’хсæн над.

**Хæдзаруати тегъæ.** Скъæтти коми бæрзонд туппур ихæлд хæдзаруæтти хæццæ. Тауæрæхъмæ гæсгæ, ами раги кæддæр цардæнцæ лæг æма уосæ. Еухат лæг балций нæхстæр кодта æма æ уосæн ниффæдзахста, цæмæй авд медæггойней дуæрттæ байгон кæна, æстæймаг дуармæ ба хæстæг дæр ма бацæуа. Лæг рандæ ’й. Силгоймаг æ лæги дзурдмæ нæ байгъуста æма æстæймаг дуар байгон кодта. Азгъунсти адтæй рагон æргъæу кирæ, уой хурфи ба асиккæ, уой хурфи ба зуймон стъалу. Куддæр уосæ сæр исигон кодта, уотæ стъалу ратахтæй. Лæг Гæлиатæмæ дæр нæма нихъхъæрттæй, уотæ ба ибæл мет уарун райдæдта. Балæдæрдтæй, æ уосæ ин æ

дзурдмæ ке нæ байгъуста, уой. Уæдæй фæстæмæ, дан, Дигоргоми мет уарун райдæдта.

**Хæлхъойтæ.** Гæлиати гъæуи Алаурдий ковæндонæ, ес си цалдæр хæлеугонд æвæрд дори.

**Хæмицати циртдзæвæнтæ.** Стур-Дигори фæндаггæрон циртдзæ-вæнтæ.

**Хæнæзæ.** Гъæу Дигоргоми, Ирæфи рахезфарсæрдиги уæлвæз тегъæбæл. Дех кæнуй æртæ хаййебæл: Хæнæзæ, Къири-Хæра æма Хуалласæн. Хæн – ирайнагау – дон, сауæдонæ, донуат.

**Хæнæзи Уацелла.** Ковæндонæ гъæуи хонсар-нигулæнæрдигæй.

**Хизала.** Стур-Дигори цори игуæрдæнтæ æма хумзæнхитæ.

**Хуалласæн.** Хæнæзи еу хай нигулæнæрдæмæ.

**Хонсар.** Гъæу Уæллагкоми.

**Хъазахтæ.** Минкъий гъæу Фæрæскъæттæй æндæдæр. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ. Ами цардæй æрмæстдæр Хъазахти муггаг.

**Хъаирти хæдзаруат.** Донифарси рæбунтæ хæдзæртти ихæлдзæнтæ. Донифæрсæгти дзубандитæмæ гæсгæ, ами цæрдæнцæ Нарти муггæгтæй еуетæ.

**Хъалнæгътæ.** Гъæу Дигоргоми Айгомуги дони билæбæл. Хауй Мæхчески гъæусоветмæ.

**Хъарцатæ.** Нарæ æма Фæрæскъæтти ’хсæн хæдзаруæттæ. Ами ма ес рагон уæлмæрдтæ, уæдта гъæуайгæнæн федæрттæ. Нимад цæунцæ Гæбæйрати мæсгутæбæл.

**Хъарцати над.** Мæхческæй-Фæрæскъæттæмæ рагон над.

**Хъасайи гъæдгæлдзæн…** Дзинагъай сæрмæ фæндаг гъæди. Ами, дан, кæддæр рахаудтæй еу гъæддзау лæг – Хъасай, æд гъæдæ.

**Хъалеуæттæ.** Донифарс æма Мæцути æхсæн над, цæуй кæрз урдугутæ æма мæскъитæбæл.

**Хъубадти авæртти бууат.** Хæнæзи ихæлд хæдзаруæттæ.

**Цæуи дзиуарæ.** Рагон ковæндонæ Думти сæрмæ. Ардæмæ хуасгæрдæнти райдайæнти цудæнцæ Хъибизти æма Кудзойти муггæгти адæн. Ардæмæ ма косæрттаг хастонцæ, гъæуи биццеу кæмæн райгуридæ анзи дæргъи, еци бийнонтæ дæр, кæми уæриккæ, кенæ ба – дæркъæ. Æвæдзи си арæхдæр кувдтитæ кодтонцæ нæуæгигурдтитæн.

**Цъæх лæстæ.** Хæнæзони гъæдæмæ над. Ами мæрæ æй æргъыгун æма арæх æрлæбуруй.

**Къиринтæ.** Хонсари гъæуи еу хай. Ами адтæй, къирæйдаст ка адтæй, уæхæн уобæйттæ.

## Будури гъæути бунæтти нæмттæ

**Абанай мæрæ.** Лескени нигулæнæрдигæй гъæдæй æмбæрзт мæскъæ.

**Æргудани ком.** Лескенæй цæгат-нигулæнæрдæмæ гъæдтæй æмбæрзт ком. Ами ма ес хуасгæрцитæ æма фонсхезнитæ. Дзурд – Æрг – арæх æмбæлуй дигорон дзурдæздæхи. Махмæ гæсгæ хауй циуавæрдæр адæнихаттмæ. Собити Инал ба æ къохфинст «Дигори ком» – уоми – æрг – бæттуй бердзейнаг горæт – паддзахадæ – «Аргос»-и хæццæ. Еци горæтæн адтæй берæ байст зæнхитæ æд цæргутæ Сау денгизи билтæбæл, уони хæццæ ба Кавкази билгæрæнттæ дæр. Коми кæлуй Æргудани цæугæдон.

**Арф адагæ.** Æхсæрисæри нигулæнварс арф адагæ къанауи хæццæ.

**Æрсакæ.** Кæлух æма Æхсæрисæри æхсæн арф мæскъæ. Æ фæхстæбæл ци бæлæстæ ирæзуй, мæскъи ци дон цæуй, уæдта си ци фонсхезнитæ ес, етæ дæр хаунцæ Æрсакæмæ.

**Æхсгæнæни ком.** Дур-Дури рæбунтæ арф адагæ. Ами ци къотæртæ ирæзуй фæхстæбæл, уонæй кодтонцæ æхсгъæдтæ.

**Бабочити скъæтуæттæ.** Хæзнидонмæ хæстæг арф адагæ. Ес си гъæдтæ æма фонсхезæн бунæттæ.

**Байхъулони ком.** Уорсдони рæбунтæ уæлæнгай мæскъæ гъæдгæрон. Ес си фонсхезнитæ. Ами æ астæу цæуй Байхъулони дон дæр.

**Басой ком.** Сурхмæ хæстæг гъæдтæй æмбæрзт ком. Ес си фонсхезнитæ.

**Годзедтати ком.** Лескени рæбунти гъæддаг бæлæстæй æхгæд ком.

**Гъæууати Мæскъæ.** Хъусхæ-Майхуи цори, фонсхезнитæ æма игуæрдæнтæ кæми ес, уæхæн рауæн. Ес ма си рагон хæдзаруæтти ихæлдзæнтæ. Æвæдзи си кæддæр адтæй гъæу.

**Дорæг.** Къорай рæбунти доргун ком. Абæлти цæуй Уæллагкомæй Дигори районмæ фæндаг.

**Дур-Дури ком, кенæ Æргæсгæ.** Дур-Дурæй нигулæнæрдæмæ гъæдæй æмбæрзт ком. Ами дзæвгарæ ес фонсхезæн æма хуасгæрдæн бунæттæ. Æ иннæ нон, Æргæсгæ, ба баст æй рагон адæмон тауæрæхъи хæццæ.

**Дзæгъой мæскъæ.** Адагæ гъæдтæй æмидзаг.

**Дзедзе.** Лескен æма Толдзгуни æхсæн бæрзæндæ.

**Зелгæ мæскъæ.** Мæскъæ Фæнсиуарæни рæбунти. Ами ес дзæвгарæ фонсхезнитæ æма игуæрдæнтæ.

**Дзæгъаргути къæхæн.** Кæрзурдуг билæ Къорай.

**Кæлухадагæ.** Арф мæскъæ æма, æ буни ци дон уайуй, еци рауæн Кæлухи уæллаг фарс.

**Кæсæн.** Лескен æма Толдзгуни 'хсæн бæрзонд туппур. Ами ес гъæдæ, фонсхезнитæ æма хумгæндтитæ.

**Кæсæни сæр.** Лескен æма Толдзгуни æхсæн гъæдæ фонсхезнитæ æма хуасгæрцити хæццæ.

**Куйгæлдзæни къæхæн.** Уорсдони цори кæрзлух рауæн.

**Къулсуни ком.** Минкъий мæскъæ Кæлухи рæбунти. Къулсун – тюркагау – куль – уадæ. Æ хурфи дæр кæлуй къанау еци нони хæццæ.

**Къадай адагæ.** Хæзнидони нигулæнæрдиги минкъий мæскъæ.

**Къиллай æфцæг, кенæ Бæфони æфцæг.** Абæлти раздæр адтæй будурмæ фæндаг Дигоргомæй.

**Маргъузи ком.** Аци ном ма æмбæлуй Нарти кадæнгити дæр. Гъæдтæй æхгæд ком Лескени фæлабулайтæ.

**Мура рагъ.** Дур-Дурмæ хæстæг ком.

**Уорс ком.** Æхсæрисæрмæ хæстæг кæрзурдуг къæхæн. Ами мæрæ даруй уорсгон.

**Сæддæгътæ.** Арф ком таргъæди Æхсæрисæри фæлабулай.

**Скъолай ком.** Адагæ Лескени. Райдайуй комкоммæ гъæуи скъолай цорæй.

**Хути адагæ.** Секерæй минкъий уоддæр адагæ. Ами арæх адтæнцæ гъæддаг хутæ.

**Стур Хонсари мæскъæ.** Лескени рæбунти адагæ.

**Тæгæри адагæ.** Кæлухи рæбунтæ мæскъæ. Æвæрд æй гъæуæй нигулæнæрдæмæ. Ци дон си цæуй, е дæр хæссуй уæхæн ном.

**Темболати туппур.** Лескени цори туппури ном.

**Уæлмæрдти ком.** Мæскъæ Лескени хорнигулæнæрдиги. Ами ес гъæуи уæлмæрдтæ.

**Уртгъели.** Ирæфи рахезфарсæрдиги дзæвгарæ фæзуат. Ес си фонсхезнитæ æма хуасгæрцитæ.

**Федар адагæ.** Арф адагæ Хæзнидонмæ хæстæг.

**Хæрæгхæссæн.** Чиколай рæбунтæмæ хæстæг цъифдзæститæ рауæн.

**Хуæргæнаси ком.** Лескенæрдиги тъæпæнтæ хумзæнхити хæццæ.

**Хургун ком.** Ком Дур-Дури хонсарæрдиги. Цæуй си минкъий дон.

**Хъусмæскъæ.** Æнæдон арф мæскъæ Толдзгуни цори.

**Хутæр.** Лескени цормæ бæрзонд рагъ хуасгæрцити хæццæ. Ирæзтæй си устур рæзи бæлæстæ.

**Хъазбегони мæскъитæ.** Минкъий мæскъитæ æма хумзæнхитæ Лескени гъæумæ хæстæг.

**Хъæппæлæхснæн адагæ.** Кет æма тумбул æрдози æхсæн адагæ гъæди.



*Дигоргоми Таймазий цъете*

## Хуæнхтæ, къæдзæхтæ, лæгæттæ

**Ундугон.** Къорамæ хæстæг айнæг къæдзæх лæгæти хæццæ.

**Æхседæн.** Къорайæй хонсарæрдæмæ гъæди хурфи арф лæгæт. Ардигæй игуруй Æхседæни дон дæр.

**Балцау.** Дур-Дурæрдиги хонх æма зинбацæуæн коми ном.

**Биаслани лæгæт.** Къорай рæбунти гъæди хурфи лæгæт.

**Газий къахир.** Къорай цормæ хонх арф нихæтти хæццæ.

**Дасгæ лæгæт.** Æхсæрисæри рæбунтæ гъæди арф лæгæт. Цæмæй æдасдæр адтайуонцæ, уой туххæн ба ин æ бахезæн дортæй исæхгæниуонцæ.

**Дæлгонмæ лæгæт.** Къорай цормæ устур лæгæт. Ами сæрдигон дариуонцæ фонс.

**Донгун лæгæт.** Æхсæрисæрмæ хæстæг лæгæт гъæди. Сæрæй имæ мæрæй дон ке фæттæдзуй, уомæ гæсгæ си алкæддæр фæууй уомæл.

**Дуарау.** Къæдзæх Æхсæрисæрæй хонсарæрдæмæ.

**Дзанхъæлиц.** Къорай сæрмæ фонсхезни фæхстæ. Тюркагау амонуй – «Сослани æндурæ».

**Егирай ком.** Дур-Дурæрдиги ком. Ес си, зин исрæдæхсæн кæмæ æй, уæхæн хонх.

**Ехæн къолæ.** Къæдзæхтæ фонсхезнити хæццæ Хæзнидони фæлабулайти.

**Зихгæстæ.** Фонсхезæн фæхстæ Къора ’рдиги.

**Къæбецти лæгæт.** Лæгæттæ æма фонсхезнитæ Къорай цори.

**Къæбецти унгæг.** Къорайæй уæлдæр цауæйнæнтти фæндаг дууæ къæдзæхей æхсæн.

**Сауи лæгæт.** Къорай цори, сæрдигон фонс кæми фæддарунцæ, уæхæн лæгæт.

**Сæгъи сиутæ.** Æхсæрисæрмæ хæстæг циргъсæр къæдзæхтæ.

**Сæмугъи хонх.** Хонх Хæзнидонæрдиги.

**Стæйронти лæгæт.** Устур лæгæт Дур-Дури гъæдти.

**Тæрадзини сæр.** Хæзнидони фæлабулайтæ, фонс кæми фæддарунцæ сæрдигон, уæхæн лæгæт.

**Уæлгонмау.** Къорай сæрмæ фонсдарæн лæгæттæ.

**Фæззигонау.** Къорай цори фонсдарæн лæгæттæ.

## Цæугæдæнттæ, сауæдæнттæ, цадитæ

**Абузгæ.** Кæлухи сæрмæ гъæди астæу цадæ. Ардигæй цæуй æ райдайæн, Æхсæрисæри астæути ци къанау кæлуй, уомæн. Зумæги цади кæрæнттæ ниййех унцæ, æ астæуæй ба ехарæнгитæмæ дон искæлуй æма уотæ зиннуй, цума цадæ нæрсгæ искæнуй. Кæлухи цормæ ба ес – Абузги сауæдонæ.

**Абузги хуæрæн.** Æхсæрисæрмæ хæстæг гъæди хурфи цъифхæссæнтæ.

**Астæудон.** Дигорай астæути ци дон цæуй, уой ном.

**Æнæсæр дон.** Синдзигъæуи цорти ци дон цæуй, е. Ардæмæ дон æмбурд кæнуй мæскъитæй.

**Ирæфи дон.** Ирæфæй Ирани гъæумæ ци къанау бауагътонцæ, е.

**Æрхи дон.** Секери цормæ мæскъи ци дон цæуй, е.

**Æхседæн.** Æхсæрисæри цори цæугæдон.

**Æхсинцъаг.** Къорай рæбунтæ, хорискæсæнæрдигæй ци дон цæуй, е.

**Батай хъум.** Хусфæрæки дон.

**Баборци сауæдонæ.** Хæзнидони фæлабулай сауæдонæ.

**Биай цадæ.** Дур-Дурмæ хæстæг фонсхезнæ цади хæццæ.

**Бор дон.** Лескени дæллаг фарсæй ци дон цæуй, е. Ами дон цæуй æргъи хæццæ хæлæмулæй, уомæ гæсгæ ба даруй боргон.

**Гъæриси таги дон.** Сурх-Дигорæмæ хæстæг минкъий къанау.

**Даргъ тагæ.** Сурх-Дигорæй хонсарæрдæмæ къанау, æфтуйуй Дур-Дури донбæл. Æ билгæрæнттæ ирæзунцæ къотæртæ. Æвæдзи си кæддæр адтæй гъæдæ.

**Донуагъди дон.** Сурх-Дигорæй хонсар – нигулæнæрдæмæ дон. Кæддæр ами, гъæдрæбунти цъифдзасти дæнттæн скъахтонцæ къанау тумбул гъæди цори. Уордæмæ лæдæрстæй дон, фæстæдæр ба бафтудæй Дигори къанаубæл.

**Дур-Дури дон.** Хъæбанти цори, цалдæр къанаугондемæй ци дон æмбурд кæнуй, уой ном.

**Зигкæсти цадæ.** Къорай рæбунти фонсхезнитæ цади хæццæ.

**Ивандон.** Æхсæрисæри цори мæскъаг дон.

**Иласи сауæдонæ.** Æрсаки мæскъи сауæдонæ.

**Ехæн зæнги дон.** Къорай рæбунтæ минкъий къанау.

**Кæсалггун дон.** Секери мæскъитæй еуеми ци дон цæуй, е. Уæхæн номи хæццæ дон ма кæлуй Лескени дæр. Ами ес хезнитæ дæр.

**Кулсун.** Сауæдони дон Кæлухи фалгæрæнтти.

**Курæнтти дон.** Къанау Дигорай. Арæзт ибæл адтæй курæнттæ.

**Къæбуси сауæдонæ.** Сурх-Дигорæмæ хæстæг Гъæриси таги сауæдонæ.

**Лæхуме.** Лескенæй хонсар-нигулæнæрдиги коми ци дон цæуй, уой ном.

**Лескени дон.** Лескени хонсарварсæрдигæй ци дон цæуй, е.

**Майрæнсауи сауæдонæ.** Къорай сæрмæ гъæди сауæдонæ.

**Малити сауæдонæ.** Толдзгунæй цæгат-нигулæнæрдæмæ, Цегенти æрдози ци сауæдонæ ес, е.

**Мæрзойти сауæдонæ.** Сурх-Дигорæй хонсар-нигулæнæрдæмæ сауæдонæ. Ами раздæр адтæй Мæрзойти стонуæттæ.

**Мæскъиаги дон.** Дигорамæ хæстæг, уарундæнттæй ци къанау равзуруй, е. Бафтуйуй Дур-Дури донбæл.

**Мæскъити дон.** Кæлухмæ хæстæг арф адаги ци дон цæуй, е.

**Мæстæ дон.** Къорай цормæ къанау, кæнуй мæстцæнхадæ.

**Минкъий кæсалггун.** Толдзгун æма Хæзнидони æхсæн къанаугонд. Ес ма Устур кæсалггун дæр. Е ба кæлуй Толдзгуни хурфити.

**Саугини дон.** Синдзигъæуи гъæдæй ка цæуй, еци къанау.

**Сæхоли дон.** Æхсæрисæри сæрмæ Ирæфуордæг цæугæдон. Ардигæй хæтæлтæбæл ниуазуни дон цæуй будури гъæутæй цалдæремæ.

**Скумей дон.** Къорай цормæ къанау.

**Созайти скъæтти сауæдонæ.** Къорай цормæ гъæди астæу сауæдонæ.

**Сосæг дон.** Синдзигъæуи фæлабулайтæ гъæди хурфи дон.

**Стур цадæ.** Кæлухи рæбунтæ цъифдзæститæ минкъий цадуæтти хæццæ. Хонунцæ ма ’й Тумбул цадæ дæр.

**Сауæр.** Къорай цормæ сауæрдон.

**Сауæри дон.** Къорай сæрмæ ци устур дон цæуй, е. Бафтуйуй Уорсдони донбæл.

**Тагæ.** Уорсдони цормæ, хумзæнхити ’хсæнти ци минкъий къанаугонд кæлуй, е.

**Тумбул гъæди дон.** Стур-Дигори сæрмæ гъæди астæути ци дон цæуй, уой ном.

**Уорсдон.** Терки галеу къабæзтæй еу.

**Фæсдаргъоми дон.** Лескенæй нигулæнæрдæмæ ци дон цæуй, е.

**Фæткъу таги сауæдонæ.** Хæзнидони цори сауæдонæ. Æ билгæрæнтти ирæзуй гъæдтаг фæткъутæ.

**Хæзнидон.** Ирæфи галеу къабазæ.

**Хонсар сауæдонæ.** Æрсаки адаги фахсбæл сауæдони ном.

**Хусдон.** Дур-Дури хонсарварс дон. Сæрди æнтæфи байсусуй, уарунти ба райвулуй.

**Хусфæрæки дон.** Дур-Дури нигулæнæрдæмæ къанау. Сæрди æнтæфи байсусуй.

**Хурæ коми дон.** Къорай рæбунтæ, минкъий комæй ци къанау игуруй, е.

**Хъабагъуати сауæдонæ.** Сауæдонæ Сурхи.

**Хъибизти сауæдонæ.** Сауæдонæ Хæзнидони. Базилдæй имæ Чибити Елмæрза.

**Шехий сауæдонæ.** Хæзнидони цормæ сауæдонæ. Хæссуй комкоммæ адæймаги ном.

*Уодзæнæй ма*



*Уасгергий ковæндони бунат*

**Фепбайуйнаг.** Хъибизти сауæдонæ ма ес Сурх-Дигори хонсарварс, фæурæ бæлæсти астæуæй, фахсæй кæлуй, æй дессаги хуæрзадæ, ниуазунмæ бæзгæ дон. Хуасæ кæрдгæй мах уордиги хæссианæ дон. (С.Э.)

ДЗИДЗОЙТИ Валери

# ДУР-ДУРИ ИСТОРИЙÆЙ

## Цæрæнтæ æма æхсæнадон уагæвæрд

*(Кæрон. Райдайæн аци анзи 2–3-аг номерти)*

Цæрæнтæ алкæддæр æнцæ адæни материалон культури уавæр æвдесæг рахуæцæнтæ. Аци гъуди комкоммæ хауй дигорæнттæмæ дæр, сæрмагондæй ба дур-дуйрæгтæмæ. Хæдзари хузæ, арæзтадон æрмæг нин бæлвурддæрæй равдесунцæ адæни архайд, сæ социалон цардарæзт, æндæр адæнихæттити хæццæ сæ рахастдзийнæдтæ, зæгъæн, кæсгæнтти, мæхъæли, гурдзийæгти хæццæ.

Дур-Дури фиццаг æрцæргутæ сæхецæн аразтонцæ кауæй бид къæстæ, сæ фæрстæ ба син æргъи лæхудзæй байсæрдиуонцæ.

18–19 æности еци арæзтадтæ æхе æййевгæ цудæй, æндæр хузи конд цудæнцæ сæ æвæрд, æрмæг æма æндаг бакаст дæр. Фал уæддæр XX æноси уæнгæ райдайæни ба сæйрагдæр пайда кодтонцæ гъæдæрмæгæй, цъæнодæй æма сахъаралийæй, æндегæй ба исæрст адтæнцæ æргъæй. Еци рæстæгути адæнмæ цæй æхцай фæрæзнитæ адтæй дорæй, агоридорæй, кенæ æндæр æрмæгæй федауцæдæр æма фад уатгундæр хæдзæрттæ исаразунæн. Сæ фæрæзнитæ, сæ равгитæ æнхæст нæма амудтонцæ. Æræгий уæнгæ дæр ма фæсхæдзарæ фæууинæн адтæй кæркдæнттæ, скъæттæ, саратæ, æррæстæ фаст фæйнæгутæй арæзт, цубур дзурдæй, хæдзарадон нисанеуæг кæмæн адтæй, уæхæнттæ.

Дур-Дур хецæн кодта сæйрагдæр Туйгъанти цæрæнтæй. Уоми цардæнцæ гъæздугутæ сæхуæдтæ, сæ бийнонтæ, фæлабулай ба син, лæггадæ ка кодта, еци адæн. Етæ ба сæхе медастæу дех кодтонцæ цалдæр фæлхæнебæл: адæнихæттитæ, уæздæнттæ, хъумайæгтæ, хехестæ æма цагъайрæгтæбæл. Гъæуи раздæр адæн цардæнцæ муггаггай, синхгай, фал си уæддæр адтæй феодалон уагæвæрд. Гъæу раздæр хундтæй – Туйгъанти гъæу – уомæн æма си фиццагидæр етæ æрцардæнцæ.

Гъæуи æхсæнадон æма культурон бунатбæл нимад цудæнцæ Туйгъанти цæрæнтæ, сæрмагондæй ба сæ тургъæ, иуазæгдонæ (устур райдзаст азгъунст иуазгутæ исбоц кæнунæн).

Ами арæх арæзт цудæнцæ æмбурдтæ аллихузон фарстатæ æма гъуддæгтæ ниллух кæнуни фæдбæл, ардæмæ арæх æрæнбурд уиуонцæ баделиати гъæздугутæ тæрхæнттæ кæнунмæ, аразтонцæ хеерхæфсæн мадзæлттæ æма æндæртæ.

Цæхгæр хецæн кодтонцæ зæнхкосгути цæрæнтæ. Амити ба хæдзæрттæ бæрæг дардтонцæ сæ устур тургъитæй. Хæдзари фæлабулайтæ дехгонд цудæнцæ уотæ: цæрæн къумтæ, скъæттæ æма стойнитæ, дзæхæратæ. Адæймаг æхсæнади ци бунат ахæста, æ арæнтæ дæр уомæ гæсгæ æргъавтонцæ. Горентæ фулдæр адтæнцæ кауæй бид. Уес берæ адтæй гъæумæ хæстæг гъæдрæбунти. Минкъий цæрунгъондæр хæдзæртти ба ма хецæн рауæн уидæ иуазæгдонæ дæр, кæмæн ба колдуарæй бахезæни хецæн къумгонд дæр. Хæдзари иуазæг ку неке уидæ, уæдта иуазæгдони хуссиуонцæ фæсевæд – нæлгоймæгтæ.

Зæнхкосгутæ Туйгъанти зæнхитæбæл лæвар ке кустонцæ, фонси нимæдзæ сæдæгæйттæй кæми нимадтонцæ, уоми Туйгъанти цæрæнтæн дæр æнæ ирæзгæ æма урухдæр гæнгæ кæми адтæй.

Дур-Дури адæн цардæнцæ берæгай бийнонтæй, уæдта хеуонтæ, къабæзтæ дæр сæ фарсмæ æма син е фадуат лæвардта, хæдзарæ ка аразидæ, уой фарсмæ зеууон балæуунмæ. Уотемæй хæдзарæ уайтæккидæр фæхъхъел уидæ. Зæнæгæй ка байуаридæ, етæ дæр архайдтонцæ хæстæгдæр рауæн сæхецæн нæуæг цæрæнтæ саразунбæл. Уотемæйти 18-аг æноси кæронмæ Дур-Дур уотæ райрæзтæй æма нимад

адтæй Иристони будури гъæути тæккæ устурдæртæй еуебæл.

Фал ма уæддæр хъумайæгтæ æма саугосгутæ ба цардæнцæ кауин къæсти æма скъæтти хатæнти.

Дур-дуйрæгти цæрæнти сæйрагдæр уидæ хæдзарæ, кæркдæнттæ (кæркитæн, хъæзтæн, гогузтæн), гомтæ тиллæг дарунæн, гоморитæ нартихуарæн, уæдта саратæ. Фæсдзæгат ба скъæттæ, стæнттæ галтæн, бæхтæн, хæргутæн, хъадиртæн, доцгæ гъоцитæн. Аци фонс идард хезнитæмæ скъæрд нæ цудæнцæ. Уæхæн фадуæттæ кæмæн нæ уидæ, етæ ба скъæттæ аразтонцæ тургъити фалгæрæнттæ.

Кауæй бид къæсæртæ арæхдæр уиуонцæ цуппæртегъон, лæхудзæй исæрст, зæгæлтæй си нæ пайда кæниуонцæ. Пъолтæ фулдæр исæрст уиуонцæ сикъитæй, къæразги бæсти, еу æрдæмæ 30, иннердæмæ 40 сантиметрей бæрзæндæн цъасæ æнæ авгæй, æррæстæ ибæл фæйнæгæй æхгæнæн, кæми ба ’й хуаси цъоппæй дæр бахгæниуонцæ. Фал уæхæн уавæртæ дæр беретæн нæ уидæ.

Хæдзарæ гъаргонд цудæй, артдзæсти ци согтæ сугъдæй, уонæй. Сæрæй ба – тохона хъуæцæ цæунæн. Авæрттæ медæгæй уиуонцæ талингæ, зумæгон ба уазал. Азгъунсти тæнæг исæрст фæрстæ артдзæсти гъар нæ уорæдтонцæ, никки ба ма си дунгитæ арæх уидæ. Гъæу некæци ’рдиги цудæй гъæуайгонд тегътæ æма гъæдтæй. Некуцæй хъæрттæй цæргутæмæ медицинон æнхус, уомæ гæсгæ ба арæх сæйгитæ кодтонцæ грипп, простудæ, рæугути нез, цæстити незтæ) æма си зæруи карæнмæ æстæнттæ рахъæртиуонцæ.

Цæрунгъондæр бийнонтæ, гъома, цалдæргай æнсувæри æд бийнонтæ нийиергути хæццæ кæми цæриуонцæ, еци хæдзæрттæн сæ уавæртæ дæр хуæздæр уиуонцæ. Алли æнсувæрæн дæр си æ бийнонтæн уидæ хецæн къолæ, хецæн рахезæн тургъæмæ. Уотемæй æригон киндзитæ, уайсадгæй, æстæндæр æнбалдæнцæ хæдзари хестæрти хæццæ, фал æгъдау ба бийнонти æхсæн федар æвæрд адтæй.

Бийнонтæ сæ уæледарæс дардтонцæ гъæдæй конд кирти æвæрдæй, рагъæнтæбæл, ауиндзæнтæ сæмæ фæстæдæр фæззиндтæй XIX æноси. Авæрттæ рохс кодтонцæ, фæрстæбæл ци цъилингатæ иссодзиуонцæ, уонæй. Фætæген цирæгътæ сæмæ фæззиндтæй XIX æноси дуккаг æмбеси фæсте, фал етæ дæр еугуремæ нæ адтæнцæ. XIX æноси æмбеси

дур-дуйрæгти цæрæнтæ хуæздæрæрдæмæ æййевун райдæдтонцæ сæхе. Фадуæттæ фæуурухдæр æнцæ, фæззæрдæмæдзæугæдæр æй се 'ндаг бакаст æма сæ æвæрд дæр сæ дзаумæуттæн. XIX æноси кæрони – XX æноси райдайæни дур-дуйрæгтæ сæ хæдзæрттæ аразун райдæдтонцæ саманæй, уæдта Дзæуæгигъæуи, Киристонгъæуи, Гъæдгæрони аразун райдæдтонцæ гъосинтæ æма уордигæй ластонцæ. Минкъий фæстæдæр ба Туйгъантæн сæхемæ дæр фæззиндтæй гъосинтæгæнæн кустадæ. Туйгъанти гъосинтæ дзæвгарæ федардæр адтæнцæ сæ гъæдæмæ гæсгæ. Фæстæдæр ба сæмæ æлхæнгунтæ цæун райдæдтонцæ æгас Иристонæй дæр.

Хæдзæрттæбæл фæззиндтæй бæрзонд æма райдзаст къæрæзтæ æвгити хæццæ, æхгæнæнтæ, рæсугъд фæлустгонд нивæфтудтити хæццæ. Ардæмæ кустагор цудæнцæ уруссаг, нæхе æма гурдзиаг æрмдæснитæ æма аразтонцæ рамкитæ, дуæрттæ.

Сæ равгитæ фулдæр кæмæн амудтонцæ, еци цæргутæ хæдзари тугуртæ аразтонцæ кæрæдземæ æнгонхуд фæйнæгутæй æма сæ хурстонцæ хуарæнтæй. Пъолтæ дæр аразун райдæдтонцæ фæйнæгутæй.

Тæккæ фиццагдæр Дур-Дури æрцардæнцæ Туйгъантæ авд бийнонтемæй, иннæ цæргутæ ба фæстæдæр райдæдтонцæ ледзун ардæмæ. Тæккæ райдайæни дæр хундтæй Туйгъантигъæу. Зæгъæн, Хæзнидони цалинмæ Советон хецауадæ нæма æрфедар æй, уæдмæ 'й худтонцæ – Хъарадзаути гъæу. Уорсдон ба хундтæй – Хъубадти гъæу, уомæн æма си тæккæ фиццаг æрцардæнцæ Хъубадти гъæздугутæ. Дур-Дурæн бундор æвæрд æрцудæй 1752 анзи. 1920 анзи си советон хецауадæ ку æрфедар æй, уæди уæнгæ ами цардæй дæсгай бийнонтæ Туйгъанти ахилæй. Уæлдæр куд загътон, уомæ гæсгæ нимад цудæй будури тæккæ устурдæр гъæутæй еуебæл. Евгъуд æноси райдайæнти Туйгъантæ аразун райдæдтонцæ агоридорæй амад хæдзæрттæ уруссаг уагæбæл. Алли хæдзари дæр райдзаст уæттæ, сæ сæртæ къалатæй æхгæд.

Дур-Дурæн æхемедæг фæззиндтæй цалдæр минкъий кустуати, етæ уагътонцæ арæзтадон æрмæгутæ. Туйгъантæ дæр, уомæй пайдагæнгæй, сæ цæрæнтæ амадтонцæ, гъæздугутæн ци увæрти æнбалдæй цæрун, уæхæн уагæбæл. Фæззиндтæй сæмæ дзубурти бæсти æфсæйнаг готæнттæ. Уæззау-

дæр куститæ кодтонцæ нæлгоймæгтæ, исæрдæн куститæ ба силгоймæгтæмæ хаудтæнцæ. Еци еугур куститæ Туйгъантæн аразтонцæ сæ ихуæрститæ. Цубур дзурдæй, XIX æноси кæрони Туйгъанти гъæуи цæргутæ сабургай рахизтæнцæ капиталистон цардарæзти хузтæмæ.

## Гъæуи æхсæнадон цардарæзт 18–19 æности

Дур-Дури истори цæмæдессаг æй алли хузи дæр. Аци цардарæзтмæ гæсгæ рафæлгæсæн ес, 18-19 æности Иристони еугур рауæнти дæр ци царди уагæвæрдтитæ адтæй, уонæбæлти. Феодалон рахастдзийнæдтæ Иристони еци æности уæлдай бæрзонддæр æмвæзадæмæ исхизтæнцæ Дигоргоми æма Тагиати æхсæнæдти Дур-Дури цæргутæ райдайæнæй фæстæмæ дæр дех кодтонцæ цалдæр фæлхæнебæл. Тæккæ сæрæй лæудт адтæнцæ Туйгъанти æлдæрттæ, уæдта сæ дæлбарæ саугосæг адæн. Фал фæстæгтæ сæ медастæу дех кодтонцæ никкидæр ма цалдæр хузи адæнихаттебæл: хъумайæгтæ, адæнихæттитæ æма цагъайрæгтæбæл.

Цæгаттаг иннæ ирæнттау, дур-дуйрæгтæ дæр дех кодтонцæ дууæ къæпхæнебæл: стъаршинтæ (баделиати гъæздугутæ) æма сæ дæлбарæ адæнбæл…

Нимæдзæй уалдай фулдæр адтæнцæ – адæнихæттитæ. Еци адæнбæл уотæ устур ихæстæ æвæрд н' адтæй, иннети хæццæ рабаргæй, баделиати цори.

Профессор Б. В. Скитский уой туххæй уотæ финста:

«Цалдæр æносей дæргъи ци фæткитæ ниффедар æй, уонæмæ гæсгæ адæнихаттбæл нимад ка цудæй, еци фæлхæн баделиатæн фистонцæ хъалон, фал иннети федтонти хæццæ рабаргæй, е бустæги берæ н' адтæй: 1. Адæнихаттæй еске æ кизгæ кенæ æ хуæрæ киндзи ку æрвистайдæ, уæд æлдарæн гъæуама равардтайдæ гал. 2. Хæдзари дууæ æнсувæри иуарунвæндæ ку скодтайуонцæ, уæддæр – стор. 3. Бийнонтæй еске ку фæззиан уидæ, уæдта – фур. 4. Æ фурт уосæ ку коридæ – фур æлдарæн. 5. Адæнихатт æ хæдзари косарт ку никкæнидæ, уæддæр си сæрмагонд хай лæвардта æлдарæн. 6. Гъæди ести сирд ку рамаридæ, уæд хæдзарæмæ цæугæй æлдарæн æхебæл, кенæ æ цагъарбæл ку фенбæлидæ, уæд ин

гъæуама равардтайдæ сирди цар. Еци ихæстæ ка нæ æнхæст кодта, уой ба ивар кодтонцæ – галæй. Куд иннæ Дигори, уотæ Дур-Дури дæр еци хабæрттæ ихæстæбæл нимад нæ цудæнцæ, фал куд – «æлдарæн ралæваргонд миуæбæл» (Туйгъантæн). Уæхæн феддонтæ ма фистонцæ, адæнихаттбæл нимад ка цудæй, етæ, зæнхæй ци тиллæг исесиуонцæ, уомæй дæр. Еци федтонтæ дæр федаргонд æрцудæнцæ сæдæгай æнзти агъонмæ. Уой уæлæнхасæн ба ма анзмæ еу хатт фæйнæ фури лæвардтонцæ кæсгон æлдæрттæн дæр. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Туйгъантæн дур-дуйрæгтæ ци хъалонтæ фистонцæ, етæ цæхгæр хецæн кодтонцæ, Уорсдони Хъубадтæ æма Хæзнидони Хъарадзаутæн сæ саугосæг адæн ци ихæстæ фистонцæ, уомæй. Туйгъантæ, Хъубадтæ æма Абисалтæ сæхуæдтæ ци феддонтæ ниффедар кæниуонцæ, уомæй аразгæ адтæй ихæсфисти агъдау.

Дур-Дури адæнихæттитæ ихæсгин адтæнцæ Туйгъантæй:

1. Цидæриддæр готæнттæ сæмæ адтæй, уонæй Туйгъантæн æгас бон сæ хумзæнхитæ бахумæ кæнун. Тиллæгæфснайæн рæстæгути ба сæмæ алли хæдзарæй дæр еу адæймаг гъæуама фæккастайдæ. Туйгъанти ихæс ба адтæй уонæн «зеууон цæлæ» саразун, гъома, хуарз сæ фæххинцун, уалдзигон хумгæнæн куститæ ку фæууиуонцæ, уæдта зеууæнттæн фондз фуси радех кæниуонцæ сæ фæллад исуадзунмæ. 2. Алли хæдзари ихæс дæр адтæй Туйгъантæн æртæ меркъай фæззегæнди, фондз меркъай ба уалдзигон тиллæгæй радтун. 3. Туйгъантæ цæмæй гъæдæй сог æрбаластайуонцæ, уой туххæн син адæнихæттитæй алкедæр анзмæ еу хатт гъæуама равардтайдæ галтæ æд уæрдун. 4. Сæ хуасгæрдæнтæй хуаси сонгундæр рауæнæй син гъæуама æрбаластайдæ къапина. 5. Ци сторвонс исæнтауидæ адæнихатт, уони сæрмæ гъæуама æлдарæн равардтайдæ дууæ фуркъай. 6. Мудибиндзитæ ка дардта, етæ дæр син лæвардтонцæ сæрмагонд баредзидзаг муд.

Куд æгас Дигори, уотæ Дур-Дури дæр адæнихæттити фæсте лæудтæнцæ – хъумайæгтæ (Хъуми дони билгæрæнттæй æрбацæугутæ). Еци фæлхæни зæнхкосгутæ бустæгидæр адтæнцæ Туйгъанти дæлбарæ, хæстæг лæуд адтæнцæ Тæгиати «кæвдæси игурдтитæмæ», фал уæддæр хецæн кодтонцæ цæмæйдæрти. Адæнихæттити сæ æлдарæн æ бон н' адтæй æндæр ескæмæн рауæйæ кæнун, нæдæр ба балæвар кæнун.

Дигорон хъумайæгтæ игурд адтæнцæ æлдæртти «номбæлуоститæй»… Номбæлуоститæ Туйгъанти æлдæрттæ сæхецæн искæниуонцæ сæ дæлбарæ адæнæй. Сæ уавæрмæ гæсгæ, еугур цагъари бунати н' адтæнцæ еци силгоймæгтæ. Хъумайæгтæ сæ хъалон фистонцæ æхцайæй, фонсæй, хуæцæнгарзæй, æрхи дзаумæуттæй æма хъæппæлæй. Хъумайæгтæ фулдæр хатт цардæнцæ бæхдæнтти, скъæтти хатæнти, кенæ ба ихуæрстити хæццæ еу азгъунстити.

Цалинмæ æлдар æгас уидæ, уæдмæ хъумайæгтæ дæр цардæнцæ еци хæдзари. Сæ уавæртæ цагъайрæгти уавæртæй неци игъаугидæр адтæнцæ. Хæдзари дæр, будури дæр, цагъартæ цидæриддæр куститæ æнхæст кодтонцæ, етæ дæр уони æнхæст кодтонцæ.

Æрмæстдæр син уæйæгæнæн н' адтæй. Сæ уавæрмæ гæсгæ нимад адтæнцæ цагъартæй къæпхæн бæрзонддæр, нимад адтæнцæ баделиатæн «сæ кæстæр æнсувæртæбæл». Баделиатæй еске ку фæммард уидæ, уæд хъумайæгтæ æнхæст кодтонцæ «тоги цити» æгъдæуттæ сæ сæрбæл, хъумайæгтæй еске ку фæммард уидæ, уæдта еци ихæс æнхæст кæнун хаудтæй баделиатæмæ. Еци ихæстæ æнхæст кæнун цагъартæмæ нæ хаудтæй. Хъумайæгти кизгуттæ киндзи цудæнцæ сæ мадтæлти фæндонмæ гæсгæ, баделиатæ сæмæ неци барæ дардтонцæ, уæдта сæ цагъайрæгтæмæ дæр нæ лæвардтонцæ. Фал сæбæл æруæд ба истонцæ баделиатæ.

Баделиатæ, æруæд ци силгоймагбæл нæ федиуонцæ, етæ уони косгутæбæл нимад н' адтæнцæ.

Уæлдæр куд бафеппайдтан, уомæ гæсгæ, хъумайæгтæ нæ хецæн кодтонцæ сæхе баделиатæй, цалинмæ æлдар æгас уидæ, уæдмæ. Фал уидæ уæхæн æстæн хабæрттæ дæр. Зæгъæн, хъумайагæн бийнонти гъуддаг бакæнунæн барæ лæвæрд ку нæ цæуидæ баделиатæ 'рдигæй кенæ 'й баделиатæй еске ку фæннадтайдæ, æ цард райсунмæ имæ ку æвзистайуонцæ, уæд. Баделиатæй лæг ку рамæлидæ, уæд æ хъумайаг уосæ æ зæнæги хæццæ исистидæ еци хæдзарæй. Ами дзубанди цæуй фуртбæл, кизгуттæ ин си ку сæнтæсидæ, кенæ бунтон æнæзæнæг ку уидæ хъумайаг силгоймаг, уæдта изадæй æ сæри хецауи хæдзари. Кæд æма хæдзарæ æвæстагæй байзаидæ, уæдта, силгоймаг бафтуидæ лæгæн æ æмхуæрифурт, кенæ æ хæстæгдæр нæлгоймаги къохтæмæ.

Хъумайæгтæ ку рартæсиуонцæ баделиати æлдарæй, уæдта, æхсæни æвзурст лæгти тæрхонмæ гæсгæ, хæдзарæ хъумайагæн гъæуама радех кодтайдæ зæнхи гæппæл, дууæ гали. Агæ, рæвæйнæ, фæрæт æма æндæр уæхæн ести дзаумæуттæ. Еци мулк изадæй хъумайæгтæмæ уой фæсте дæр.

Хъумайаг æ сæри хецауæй ку рахецæн уидæ, уæд æ бон адтæй æрцæрун æндæр гъæуи дæр, фал арæхдæр ба байзаиуонцæ, ци гъæуи цæриуонцæ, уоми. Хъумайæгтæ, адæнихæттитæ æма иннæ фæлхæнти хæццæ тогесуни æгъдау кодтонцæ баделиати сæрбæл, æнхæст кодтонцæ иннæ ихæстæ. Еци-еу рæстæг сæ баделиатæ дæр нæ уагътонцæ ескæмæн æфхуæрун.

Туйгъанти муггаг, кæд ци 'й фæндуй дардта сæ барæ хъумайæгтæбæл, уæддæр сæ гъæуай дæр кодтонцæ фæрсæрдиги æфхуæрдтитæй. Еунæг уæхæн дæнцæбæл дæр некæд исæнбалдтæн аци æрмæгбæл косгæй, æма Туйгъанти æлдæрттæ сæ хъумайæгтæмæ къох исистонцæ, кенæ сæ адæни цори бафхуардтонцæ, зæгъгæ.

Куд Дур-Дури, уотæ æгас Дигори дæр адтæй ма еума фæлхæн – косгутæ, цагъартæ. Етæ лæуд адтæнцæ феодалон цардарæзти медæгæ тæккæ ниллæгдæр къæпхæнбæл. Етæ æнхæст кодтонцæ Туйгъантæн сæ тæккæ уæззаудæр æма зиндæр æнхæстгæнæн куститæ. Косгутæмæ æгириддæр неци хузи бартæ адтæй, нæдæр ба – мулк. Сауæнгæ ма сæ уоститæ ракоруни барæ дæр н' адтæй.

Адтæй ма Дур-Дури, уæдта æгас Дигори дæр еума фæлхæн дæр – хехезтæ. Етæ адтæнцæ, Иристонæй, уæдта æндæр рауæнтæй æрбафтуйæг цæргутæ. Фулдæр хай уиуонцæ, æнæбари ка фесхъæтæг уидæ æхе цæрæнбæстæй ести анхосæгтæмæ гæсгæ, уæхæнттæ. Туйгъанти зæнхитæбæл ке цардæнцæ, уомæ гæсгæ ба баделиатæн æнхæст кодтонцæ аллихузон куститæ, адтæнцæ сæ дæлбарæ.

XIX æноси райдайæни Дур-Дури Туйгъанти гъæздугутæ еугур мадзæлттæй дæр архайдтонцæ, адæнихæттитæмæ ци фæлхæн хаудтæй, уони сæ дæлбарæ бакæнунбæл.

Уомæ гæсгæ ба дууæ къуарей æхсæн рахастдзийнæдтæ, куд фæстæмæ, æнæбухсондæр гæнгæ цудæнцæ. Адæнихæттитæ уой фæдбæл еу æма дууæ хатти нæ бахæссиуонцæ сæ гъаст уруси устурдæр хецауадæмæ, цæмæй сæ фæййервæзун кодтайуонцæ Туйгъанти нихилдæй.

Куд идарддæр, уотæ Туйгъантæ никки хъæбæрдæр архайун райдæдтонцæ, цæмæй адæнихæттити бустæгидæр сæ къæхти буни æрæууæрдонцæ, уобæл. Фал дуккæгтæ дæр сабур нæ лæудтæнцæ. Етæ дæр архайдтонцæ сæхе бустæги дæр Туйгъанти дæлбарадæй исуæгъдæ кæнунбæл. 1849 анзи дигори равзурст адæн финстонцæ сæ гъаст уруси хецауадæмæ, баделиати гъæздугутæ, хумæтæг адæн дæр кæмæй пайда кодтонцæ, еци зæнхитæ æма гъæдтæ еугурæйдæр сæхе ке бакодтонцæ æма сæмæ адæни бацæуни барæ ке нæбал ес, уой туххæн. Карз тох кодтонцæ Дур-Дури цæргутæ дæр сæ æфхуæргути нихмæ…

## Дигори баделиати æма кæсгон уæздæнтти цардиуагон æма культурон бастдзийнæдтæ

*Гегати Дигорухъи тауæрæхъ*

Берæ историон бæрæггæнæнтæ æма архивон гæгъæдитæ байзадæй Дигори баделиатæ æма Кæсæги уæздæнтти æхсæн тогхæстæгдзийнадæ æма культурон бастдзийнæдти туххæн. Туйгъантæ æма кæсгон æлдæрттæ кæрæдземæй курдтонцæ киндзитæ, сæ лæхъуæнтæн хастонцæ уоститæ, лæвардтонцæ сæ кизгутти. Дур-Дури дæр берæ адтæй кæсгон кизгуттæ – Туйгъанти киндзитæ. Етæ фулдæрхатт уиуонцæ – тлекотлештæ, гъома, кæсгон устур æлдари фæсте дуккаг къæпхæнмæ ка хаудтæй, еци адæни мийнæвæрттæ. Сæйрагдæр еци фæлхæнмæ хаудтæнцæ Æнзорати, Тамбийти æма Куденетовти муггæгтæ. Абони дæр ма Кæсæги еци муггæгтæ цæунцæ уæлдай нимаддæрбæл. Уæлдай тухгиндæр бастдзийнадæ сæ хæццæ дардтонцæ Туйгъантæ, Хъубадтæ æма Хъарадзаути уæздæнттæ. Уомæ гæсгæ ба дууети ’рдиги дæр дзæвгарæ хуæрифурттæ адтæй куд Кæсæги, уотæ Дигори дæр. Арæх кæрæдземæй райсиуонцæ биццеутæ енцегæн исхæссунмæ. Дигори баделиатæй ескæци æлдар æхемæ райсидæ кæсгон биццеу æма ’й исхæссидæ сауæнгæ æ уосгори карæмæ. Уой фæсте ба æй устур æгъдæуттæ æма æвдесæнти хæццæ рарветиуонцæ æ ниййергутæмæ. Е устур æгъдаубæл нимад цудæй, уæдта хæстæгдæр кодта дууæ муггаги. Еци æгъдау

угæ айдагъ дууæ бийнонти нæ хæстæгдæр кодта, фал ма сæ зонгити æма иннæ хæстæгути дæр. Уæлдай арæхдæр еци енцегадæй пайда кодтонцæ бонгиндæртæ. Зæгъæн, 1752 анзи Дур-Дури Туйгъантæй еу бийнонтæ сæхемæ хæссунмæ енцегæн райстонцæ кæсгон гъæздуг æлдар Хаджий фурти. Биццеу ирæзтæй Туйгъанти хæдзари. Бийнонти кæстæртæ 'й ахур кодтонцæ топпæй, саздахъæй æхсунбæл, бæхбæлбадунæй æма æндæр хеерхæфсæн гъæзтитæбæл. Æнæуой хæдзари куститæй енцег уæгъдæгонд адтæй. Уомæн сау куститæ æнхæст кæнун нимад адтæй ходуйнаг æма æгадæбæл. Никки æгадæдæрбæл ба нимад адтæй, енцегæн косун кæнун, ци хæдзари цардæй, уой хецауæн. Енцегади æгъдау устур æнхус фæцæй Дигорæ æма Кæсæги æхсæн рахастдзийнæдтæ никки арфдæр ниффедар кæнунæн.

Дууердиги дæр æлдæрттæ балæдæрдтæнцæ, багъæуаги сахатти иннетæ сæ фарс ке рахуæцдзæнæнцæ, уобæл æма архайдтонцæ еци æгъдау никкидæр идарддæрдæр ирæзун кæнунбæл.

Цалдæр сæдæ анзей дæргъи Дур-Дури еу æма дууæ сæрæн æма нимад игурди не 'сирæзтæй. Уони æхсæн адтæнцæ бæгъатæртæ æма ахургæндтæ, адæмон кадæнгæгæнгутæ æма финсгутæ, инæлартæ æма поэттæ, зæнхкосгутæ æма æррæстæ богалтæ. Етæ сæ архайдæй идæрдтæбæл райгъусун кодтонцæ Дур-Дури ном сæ кадгин гъуддæгтæй. Уонæй еу адтæй дур-дуйраг Гегати Дигорухъ, – æнæуагæ хъаури хецау, хумæтæг зæнхкосæг æма адæнихаттбæл нимад, кустуарзагæ лæг. Æ бæрзæндæ хъæрттæй 2 метремæ, æ уæзæ ба – 130 килемæ. Сувæллонæй фæстæмæ дæр хецæн кодта æ хъаурæ æма цæрдæгдзийнадæй. Хуæрзбиццеуæй райдæдта æ фидæ æма æ хестæр æнсувæри хæццæ хæдзари уæззау куститæ æнхæст кæнун.

Гъæбесæй хуæцæги дæсниадæ имæ нæ угæй, арæх архаидæ, гъæуи киндзæхсæвæрти кенæ ести бæрæгбæнтти рæстæгути ци еристæ саразиуонцæ, уонæмити æ хъаурæ равдесунбæл. Уайтæккæдæр рамболидæ æ нихмæлæугути æ уæзæ, хъаурæ æма цæрдæгдзийнадæй. Гъæбесæй хуæцидæ æнæбари, туххæйти æй исарази кæниуонцæ, цæмæй рахуæстайдæ, уобæл. Æнæуой ба царди адтæй фæлмæнзæрдæ æма æфсæрмигæнагæ адæймаг. Гæнæн ин ку нæбал

уидæ æнæ рахуæцæн гъæбесæй, уæдта аллихатт дæр курдта тæрхонгæнгутæй, цæмæй ин æ нихмæ ракодтайуонцæ, æхецæй хестæр æма исæвгундæр ка адтайдæ, уæхæн хуæцæги. Фал уæддæр æ сæйраг архайд ба адтæй уæззау тухкуст. XIX æноси дуккаг æмбеси еци богал багъæуай кодта айдагъ Дур-Дури цæргути нæ, фал æгас Дигори кадæ дæр, уæлдайдæр ба ходуйнаги бунати нæ байзадæнцæ Туйгъантæ.

Куд зонæн, уотемæй дигорон баделиатæ дæр кодтонцæ пусулмон дин, федар бастдзийнæдтæ син адтæй кæсгон æлдæртти хæццæ. Уомæ гæсгæ ба арæх цудæнцæ кæрæдземæ иуазæгуати. Нæ гъæуи хестæртæй ма кадæртæ хуарз гъуди кодтонцæ, еци кæрæдзей бæрæггæнæн балцитæ Туйгъанти гъæумæ. Иуазæг исбоц кæнун æгъдæуттæ тухгин федар адтæнцæ еци рæстæгути Дур-Дури.

Фусунтæ гъæуама иуазгутæн равдистайуонцæ, хуæздæр æма сæмæ дæнцæнхæссуйнагæй цидæриддæр ес, уони. Айдагъ гъæздуг фингитæ не 'рæвæриуонцæ, фал ма аллихузон еристæ дæр саразиуонцæ. Зæгъæн, бæхтæбæл догъи еристæ цæуиуонцæ Дур-Дурæй – Дигорамæ, кенæ Салигуæрдæнмæ æма фæстæмæ. Кæсæги берæ уидæ гоцъефтæ – гъæбесæй хуæцгутæ. Етæ арæх архаиуонцæ дигорон гъæбесæй хуæцгути хæццæ еристи.

Еу уæхæни бабæй Æнзоратæй еу æлдар æ фæсдзæуинтти хæццæ бабæрæг кодта Дур-Дури гъæу. Кæсгон æлдæрттæй еске уæхæн балций ку цæуидæ, уæд æ хæццæ боцдæр лæварæн æрбаласидæ бæх. Хуæрзмуггаг уадæндзо бæх ма сауæнгæ уруси паддзахæн дæр лæварæн фæлластонцæ Мæскумæ.

Бæхтæбæл догъи уайуни фæсте ба ахиддæр исаразиуонцæ еристæ гъæбесæй хуæцунæй, гъома, хъауритæ бавзарунæй. Е иссæй дууæ адæней æхсæн фæтки хузæн. Аци хатт кæсгæнттæ сæ хæццæ æрбаластонцæ дууæ метрей дæргъæн гоцъефи. Дур-Дури цæрæг адæн ин гъæуама æ нихмæ æривардтайуонцæ еске се 'хсæнæй, фал неке ирдтонцæ. Ерис цудайдæ гъæуама «дигорон гъæбесхуæстмæ» гæсгæ. Ами фæуyæлахез адтайдæ, фулдæр уодихъаурæ кæмæ разиндтайдæ, е. Уоми нуриккон гъæбесхуæсти фæггæнæнтæй нæ пайда кодтонцæ, æрмæстдæр сау хъаурæй. Гъæбесæй хуæцгути астæутæ бабæдтиуонцæ сæрмагонд рæнттæй, кенæ ба

рæвæйнитæй æма кæрæдзей нихмæ æрлæууиуонцæ. Сæ зекъитæ кæрæдзей усхъитæбæл æрæвæриуонцæ æма рæнттæбæл æрхуæциуонцæ. Уотемæй еу инней гъæуама, хæрдмæ исесгæй, е ’уонтæбæл æрæвардтайдæ. Ка си фæрраздæр уидæ, е нимад цудæй уæлахездзаубæл. Æ уæрагисæрбæл, кенæ æ губунбæл ку рæндзæвидæ си ескæци, уæд е хуæрдбæл нимад нæ цудæй. Нæуæгæй бабæй исистидæ æма райдаиуонцæ хуæцун. Уотемæй, еци хузи гъæбесхуæст хатгайти рахъæртидæ сахатгæйттæ. Еци рæстæг ронæбæл хуæстæн фæууæгъдæгæнæн нæ уидæ. Æстæнхатт си ескæмæн бантæсидæ бæттæн ратонун, фал бабæй ибæл уæддæр нæуæг ронæ бабæттиуонцæ. Уæхæн богæлтти нæмттæ игъуст-гонд адтæнцæ айдагъ медгъæу нæ, фал æгас Иристони дæр. Аци рауæн равдиста æ лæгдзийнадæ Гегати Дигорухъ. Адæн устур цæмæдесæй кастæнцæ музухътæ арæзт кæсгон богалмæ. Сæрæй дуккаг уæладзугæй имæ сæ цæстæ дардтонцæ кæсгон æлдар Æнзори-фурт æма Туйгъанти гъæздуг Налухъ дæр.

«Уæллæхи-биллæхи, аци уæйугæн адæймаг нæ, фал арс дæр неци бакæндзæнæй», – дзурдтонцæ, гъæуи цæрæг адæнæй ка æрæнбурд æй, етæ æмцъухæй. Ами дзубанди цудæй Туйгъанти нæ, фал еугур дур-дуйрæгти кадæ багъæуай кæнунбæл дæр.

– Гæр, æгас адæни æхсæн еунæг мæрзæздугъд дæр нæййес, уой нихмæ ка æрлæууа, уæхæн, – искатай æй Налухъ. Дур-дуйрæгтæ ин балæдæрун кодтонцæ, – ес уæхæн, аци уæйуги ка æрбунæй кæна!

– Ка ’й æма кæми æй? – сонт фарст сæ ракодта Налухъ.

– Гегати Дигорухъæй зæгъæн.

– Тагъддæр имæ фæдздзоретæ, зæгъетæ ин, Туйгъанти Налухъ дæ, зæгъуй, агоруй!

Цалдæр минутей фæсте ин фегъосун кодтонцæ, Гегатæн сæхемæ неке ес зæрæндтæй фæстæмæ, Дигорухъ ба сæумæраги æ дууæ галебæл согдзауæни рандæ ’й æма нæма æрæздахтæй, зæгъгæ.

– Мадта дууæ лæхъуæни мæ бæхтæбæл фæббадæд æма гъæди кæронмæ уайгæ æма куддæр гъæдæй разинна Дигорухъ, уотæ ’й бæхбæл уæ еу фæббадун кæнæд æма ’й ардæмæ рахонетæ, иннæ ба ин æ галуæрдун Гегати тургъæмæ баласæд!

Дур-дуйрæгтæ исдзолгъо-молгъо æнцæ, зудтонцæ Налухъи бардзурд æма æнгъæлмæ кастæнцæ Дигорухъи фæззиндмæ, сæ зæрдæ ибæл федарæй дардтонцæ.

Куддæр Дигорухъ гъæдæй разиндтæй, уотæ ин тæфхæлæфæй фегъосун кодтонцæ, Туйгъанти Налухъ дæ агоруй, зæгъгæ.

– Æз бабæй Налухъи уотæ æхсицгон цæмæн багъудтæн, – байдзулгæй, сæ рафарста гъæддзау.

Цубур рæстæгмæ дууæ бæхгини æрфестæг æнцæ Налухъи дуармæ. Хæдзари хецау сæмæ æхуæдæг рауадæй æма ин цубурæй балæдæрун кодта уавæр, Дигорухъ æй уотæ æхсицгон цæмæн багъудæй, уой.

– Мæ уæледарæси бузуртæ нæ амонунцæ, цæмæй адæни цормæ æрлæууон, – багъенцъун кодта Дигорухъ, – æма кæсгæнттæ сæ сæрмæ ку не ’рхæссонцæ ауæхæн фецей хæццæ исхуæцун.

– Нуртæккæ е сæйрагдæр нæй, – ниллихстæ кодта Туйгъани-фурт, – баархайæ, цæмæй еугур ходуйнаг ма фæууæн кæсгæнтти цори, уобæл. Кæсгон богалбæл ку фæууæлахез уай, уæд дин мæхе æма мæ кæсгон æлдари номæй балæвар кæндзинан догъи уайæг бæх, дæ фуни дæр ке некæд фæууидтай, уæхæн. Мæхуæдæг ба ма дин балæвар кæндзæнæн аллихузон нивæфтудтитæй ефтонггонд цохъа æма 10 соми æвзестæй.

Фæллад æма æстонг гъæддзау æ сæр æруагъта æма зæнхæмæ æдзинæг кастæй. Ходуйнаг имæ кастæй, фæллад æма æстонг ке æй, уобæл басæттун, гъæуи тæккæ кадгиндæр лæги цори. Никки ба ма хуарз лæдæрдтæй, ци уæззау æма вазуггин уавæри бахаудтæй, уой дæр. Еуæрдиги ин æ сæр разелун кодта, баделиати кадгиндæр æлдар имæ æхе корæг ке бахатта, е, иннердигæй ба сæрустур адтæй, æгас гъæу сæ зæрдæ уобæл ке дарунцæ.

Дууæ метрей дæргъæн лæг исдзурдта: «Æхцабæл нæ, фал мæ гъæуи кадæ æма намус багъæуай кæнуни сæрбæл ба аци æстонгæй дæр рахуæцдзæнæн».

Налухъ ин æ дзурдиздæхи сæр уайтæккæдæр ралæдæрдтæй. Бардзурд равардта, цæмæй сæ богалæн хуарз бахуæрун кодтайуонцæ, уæдта уолæфгæ дæр ракодтайдæ.

Тауæрæхъи куд дзорунцæ, уотемæй еунæгæй Дигорухъ

бахуардта æгас фæхсун, цалдæр цихтгуни æма къибилайдзаг ба баниуазта бæгæни. Иннетæ зæгъунцæ, æдеугурæй, дан, бахуардта фуси æмбес, æртæ æхцини æма дууæ литри бæгæни. Æртиккæгтæ ба дзурдтонцæ, гъома, дан, бахуардта еу гогуз æма къæпуй месин. Дзубандитæ, тауæрæхътæбæл алке дæр æхе æфтауæнтæ фæккæнуй, фал бæрæг-бæлвурд ба æй еу гъуддаг: Дигорухъæн хæдзари дардтонцæ гъæдин устур къоппа, кæцими цудæй æртæ литри дон. Уордигæй хуардта хъæдорæ, ци уедугæй хуардта, е ба адтæй цолпий асæ.

Туйгъанти хæдзари ракомидзаг кодта Дигурухъ æма æхе бацæттæ кодта психологон æгъдауæй гъæбесхуæстмæ. Уæдмæ Туйгъанти тургъæ байдзаг æй адæнæй. Дигорухъ æхе райста æ дзаумæуттæ бадæрæлвасунмæ, кæсгон гоцъеф ба тургъи астæу, æ реу нисхъæлгæнгæй, æ цæнгтæ еуæрдæмæ райвазæ-байвазæ гæнгæ фæццæуидæ, уæдта иннердæмæ. Адæни астæумæ, дессагмæ кæсунмæ рацудæнцæ Æнзорифурт æма Налухъ дæр. Еци сабуркъахдзæфтæй рахизтæй фæзæмæ Дигорухъ. Бæрæг адтæй, цæбæлдæр ке катай кодта, е. Нуртæккæ Дур-Дури фæлтæртæй некебал рахатдзæй, дигорон уæйуг æма Туйгъанти кадгиндæр æлдар Налухъ еци усми цæбæлти гъудитæ кодтонцæ, уой. Гæнæн ес, æма дууæ дæр сæ медзæрди изæдтæ-идаугутæй курдтонцæ æнхус, цæмæй Дур-Дур æма Дигори кадæ гъæуайгонд æрцудайдæ.

Куд загътан, уотемæй сабур къахæфсардæй рацудæй фæзæмæ Дигорухъ дæр. Еци уæйуг æ фæтæн иуонтæй æрæхгæдта фæзи еу хай. Адæн сæмæ сæццæкæсæ гæнгæ байзадæнцæ. Сæ зекъитæ кæрæдзей усхъитæбæл æрæвардтонцæ дууæ богали, уæдта кæрæдзей рæнттæбæл æрхуæстæнцæ сæ федар дзæмбутæй. Кæсгон богали билтæй фæццидæр æй æ медбилхудт, уæхæн æсхъæлæнгæс нæбал адтæй. Баимæ гъардта, дигорон гоцъеф хумæтæги хускъæ хъæдори мех ке нæй, е. Æ тух, æ бонæй исхуæстæй дигорони ронæбæл, фал уæйуггонд Дигорухъи æ бунатæй æзмæлун дæр не ’скодта. Дуккаг, æртиккаг хатт бабæй æй исрæуигъта, фал цума Дигорухъи къæхтæ зæнхæмæ зæгæлтæй худ адтæнцæ, уотæ ’й æзмæлун дæр не ’скодта.

«Гæр, æдта, æз ай мæ буни не ’ркæндзæнæн», – æ меднимæр рагъуди кодта кæсгон хебæлæнвæрст богал æма ба-

бæй æй нæуæгæй ниттилдта. Лæдæргæ дæр æй нæ бакодта, æ къæхтæ зæнхæй куд фæццох æнцæ æма ’й Гегай-фурт æ сæрмæ кутемæйти исæргъувта, уой. Кæсгон гоцъеф уæлдæфи æ къæхтæй зæбæтдзæгъдæ кодта, Дигорухъ ба ’й æ сæрмæ фæзи рахæс-бахæс гæнгæй адæнмæ дзоруй:

– Ци ин кæнон?

– Зæнхæбæл æй цæвæ æ иуонтæбæл, рамолун æй гъæуй!

Еци усми кæсгон гоцъефи тъæпп зæнхæбæл фæццудæй. Гегай-фурт æй рагъавта никкидæр ма ин е ’уонтæ зæнхæбæл нилхъевунмæ, фал кæсгон богалæн куддæр тухамæлттæй бантæстæй æхе ратонун æма фæстæмæ æ къæхтæбæл фæллæууын. Нæуæгæй бабæй æрхуæстæнцæ дууæ уæйуги кæрæдзей рæнттæбæл. Кæсгон богал æ тух, æ бонæй æхе ’рдæмæ æрбарæуигъта Дигорухъи, фал æй æзмæлун дæр нæ фæккодта æ бунатæй.

Дигорухъ федар лæудтæй æ къæхтæбæл. Æ бакастæй адтæй къæдзæхи хузæн, – фехалæн кæмæн нæййес. Еу минути фæсте ба Гегай-фурт æ тух, æ бонæй æрбатъæпп кодта кæсгони æма æ нихмæ лæууæги цъухæй цидæр дзурд исхаудтæй сæхе ’рдигонау. Уомæ æ гъос не ’рдаргæй, бабæй æй Дигорухъ нæуæгæй æ сæрмæ исиста æма ’й зæнхæбæл æрцавта. Кæсгон балæдæрдтæй, циуæвæр адæймагбæл исцурæвæрæ æй, уæдта имæ ци устур тухæ ес, уой, æма хуарзау нæбал адтæй. Дигорухъ ба тарстæй, дуккаг хатт бабæй си ку фæцъцъуррust кæна æ бунæй, æма ’й зæнхæмæ æгас уæзæй дæр нилхъивта. Цума ’й нуртæккæ ниллихъæ кæндзæнæй æ буни, уотæ зиндтæй.

– Æстъафирæллах! – сæ фур десæй æндæр нецибал дзурдтонцæ адæн дæр. Бæрæг адтæй, Дигорухъ ке фæууæлахез æй кæсгон богалбæл, е. Уæдта цума дууæ уæладзугон хæдзарæ еу гупп никкодта æма никкалдæй, адæн уотæ æмхор-хор никкодтонцæ сæ фурциийнæй. Дигорухъ исуагъта кæсгон богали æма сæргубур – уонтæхъелæй, киудтитæгæнгæ, фæзæй æхе райста. Гъе уотемæй багъæуай кодта Дигорухъ æ уарзон гъæуи кадæ. Дигорухъ æ хъаурæй æхе некæд æстудта. Уойхигъд, æ бон кæми уидæ, уоми ба фенхус кæнидæ мæгур адæймагæн багъæуаги сахатти.

Еу хатт бабæй Дигорухъи фиди æнсувæр æ нæуæг бæхбæл цæфхæдтæ сагъта, фал бæх станокмæ нæ кумдта. Æ хеуонтæй æй кадæр фæстегæй бансудта размæ, фал æй бæх

æ фæстаг къахæй уæхæн цæф никкодта æма лæг дзæвгарæ рæстæг æхемæ цæугæ дæр нæбал æркодта, æ зæрдæ багъар æй. Еци рæстæги ба сæмæ Дигорухъ бацудæй. Бæх æ дууæ фæстаг къахемæй еци-еу ахæст ракодта, рæвæйнæй ин сæ æнгонбаст ракодта æма сæмæ сдзурдта: «Мабал си тæрсетæ, некебал ниццæвдзæй æ зæбæтæй».

Æ хъаури кой идæрдтæбæл райгъустæй Дигорухъæн. Аллирдигити имæ цудæнцæ корæг, цæмæй цирки хуæстайдæ, зæрдитæ ин æвардтонцæ, фал сæмæ æнæлæдæргæ каст ракæнидæ: «Æз аци гъæуи райгурдтæн, ами исгъонбæл дæн, ами ’й мæ фиди хæдзарæ, æма ами ’й мæ цæрæнбунат. Мæнæн ами æнцæ мæ бийнонтæ æма мæ уони хæссун гъæуй». Æма æцæгæй дæр еци æнхуæцфарс адæймаг æхсæвæ-бон нæ зæгъгæй, куста, хумæ кодта, тиллæги куст кодта. Цубур дзурдæй, æ бийнонтæ, æ хеуонтæ судæй мæлун некæд бауагъта. Ку багъæуидæ, уæдта гъæбесæй дæр рахуæцидæ æма Иристони кадæ гъæуай кодта. Адтæй ма хуарз цауæйнон дæр…

Адæм æй уарзтонцæ æма ин æ нонбæл кæди зæр дæр искодтонцæ:

### Гегати Дигорухъи зар

Дури коми æртумугъ æнцæ
Иуазгутæ, уæздæнттæ устур Кæсæгæй.
Дигори фæсевæди лæгдзийнадæ багъудæй:
«Кæми айтæ, и лæгдæртæ, кæми айтæ?»
Гузавæгæнгæ бафарста Туйгъанти хестæр,
Лæмбунæг кæсуй, гузавæ кæнуй,
Фидбилиз, æгадæ æмуæзæ æнцæ,
Сæ нихмæ гъæуй федарæй лæуун.
«Сауæнгæ Кæсæгæй нæ гъæумæ ’рцудæй
Хъалхаст тухагор – кæсгæнтти лæгдæр.
Асæй устурдæр, уиндæй – домбаййау, –
Нæ коми лæгтæн сæ нифс æрсастæй…
Нæййес æгадæн бунат нæ коми», –
Зæгъуй Туйгъантæн сæ кадгин хестæр.
«Домбаййи хæццæ ка бавзардзæнæй
Æ нифс, æ хъаурæ, æ уодигъæдæ?

И тухст уавæри домбаййи нихмæ
Ка æрлæудзæнæй адæни сæрбæл?
Адæни номæй, æгъдауи сæрбæл
Гъæуй иссерун лæгтæй тухгиндæр».
…Тухагор лæууй, кæсуй Дур-Дурмæ,
Нæййес и гъæуи уой нихмæ лæууæг.
«Уой нихмæ лæууæг ку нæ иссерæн, –
Фæхходуйнаг ан нæ хуæнхти, кæмтти,
Æгас Дигори, устур Кæсæги,
«Ковдзинан Хуцаумæ», – загъта уорссæр зæронд лæг.
«Уасгерги не 'нбал, – дзоруй кардзуд курмæ лæг, –
Æгади нихмæ федар лæудзæнæй,
Æ гъæуи сæрбæл нæ бавгъау кæндзæнæй,
Æ уод, æ тухæ, Хуцауи фæрци, –
Нæхе Дигорухъ, – Дур-Дури цæрæг».
Æгадæдзийнадæй Дигорæ тарстæй,
Æгади нихмæ лæууй федарæй
Лæгтæн сæ лæгдæр, – нæхе Дигорухъ.
Хуæст раеудагъ æй дзæвгарæ рæстæг.
Кæсунцæ хуæстмæ Кæсæг, Дигорæ.
«Дигори кадæ лæууй федарæй,
Адæн ковунцæ сæхе меднимæр
И кади тухæ фулдæр кæнунбæл,
Табу Хуцауæн! Кувд игъусагæ 'й,
Тухæ агорæг тухæ иссердта.
«Гъæуи æхсарæ, адæни кадæ».
Бунтон  нимпурста кæсгон домбаййи,
Кæсæг, Дигорæ уомæн æвдесæн.
Дур-Дури кадæ устур искодта,
Нифсæй – нифсгундæр, тухæй – тухгиндæр,
Гегати лæгдæр, адæни уарзон.
Æ кадæ уомæн цæрæд æносмæ,
Æ нифс кæстæртæн фæууæд фæнзуйнаг!..

Бафеппайун æмбæлуй, Дур-Дури гъæуи ма адтæй никкидæр тухгин æма нифсхаст лæгтæ. Уонæбæл адæн зартæ искодтонцæ сæ лæгдзийнади туххæн æма ма абони дæр, сæдæ анзей фæсте, сæ нон иронх нæ кæнуй адæни зæрдитæй…

XIX æноси кæрон – XX æноси райдайæни тæккæ зундгонд-

дæр цауæйнæнттæй еу адтæй Цæлкости Гозой фурт Гуйман. Гуйман – Гетъоти хуæрифурт, райгурдæй æма цардæй Дигоргоми Къамати гъæуи. Советтон хецауадæ ку æрфедар æй, уæдта æ цæрæнбунат раййивта Дур-Дурмæ æма ма фæстаг 8 анзи ба уоми фæццардæй.

Рамардайдæ еу 1930 анзи. Æвæрд æй Дур-Дури. Зундгонд цауæйнон асæй адтæй ниллæггомау, сабур, хебæлхуæцгæ, дзурдæргъæвд æма арфгъудигин хуæнхаг лæг. Адтæй хъаурæгин, цурд æзмæлагæ, цæстæй идардмæ уинагæ, бухсон æма фæразон. Æ бон адтæй ци ’й фæндуй тæссаг уавæри бахаугæй дæр раст гъуди иссерун. Уомæ гæсгæ ба Гуйман ревæдæй некæд æздахтæй æ хæдзарæмæ. Еци цауæн ин хаста сæрмагонд æфтуйæгтæ. Арси, дзæбодури, гъæдтаг сæгътæ, рæубеси фидæй хаста æ бийнонти, сирди цæрттæй ба æ бийнойнаг Керти (Багъæрауон) худта дзабуртæ, уафсбунтæ, уæледарæс. Къамати дæр, фæстæдæр ба Дур-Дури дæр æ иуазæгдонæ алкæддæр идзаг адтæй дзæбодури сиутæй. Гуймани хуарз ка фæсмардта, уони дзубандитæмæ гæсгæ, Гуйман хъæбæр  æхцул адтæй æ дууæ фурти Хадзимурзæ æма Хамбийбæл, уæдта æ дууæ кизги Косе æма Госæгабæл. Æгъдау лæвардта æ каййестæ Багъæратæн дæр. Цæлкосифуртæн устур аргъ кодтонцæ гъæубæстæ дæр. Æ фурт Хамбий дзæвгарæ рæстæгутæ фæццардæй АЕШ-и, уордæмæ рафтудæй кустагор, сауæнгæ ма догъи уайунæй еристи дæр архайдта.

Гуйманæн ма адтæй æнсувæртæ: Хуасдзау, Майрæнхъул æма Хъамбол.

Хуасдзау адтæй Костанти сиахс, Майрæнхъул – хæзнидойнаг Байхъулти сиахс, Хъамбол ба – Уæлисати сиахс. Гуйман æхуæдæг ба, куд загътан, уотемæй – Багъæрати сиахс. Се ’гасемæн дæр адтæй фæнзуйнаг цæуæт.

Фал уæддæр Цæлкости муггаги туххæн дзубанди ку æрцæуй, уæдта фиццагидæр нæ зæрдитæбæл æрлæууй Гуйман. Октябри революций агъонмæ Къаматæй Силтанухъмæ ранæхстæр æй æ сабийтæн хуар ласунмæ. Фæндагбæл ин æ раз байахæстонцæ абæргутæ, гъавтонцæ ин æ дууæ гали байсунмæ. Гуйман син бæргæ ниллихстæ кодта, мæ сабийтæ судæй рамæлдзæнæнцæ, – зæгъгæ, фал имæ хъалдзæстæ фæсевæд кæми игъустонцæ.

– Кедæр галтæ æнцæ, – корæггаг æнцæ æма ци фæууодзæнæн, зæгъгæ, бабæй син ниллихстæ кодта рацæргæ лæг. Уæд имæ абæргутæй сæ еу уæлбæхæй æрдзурдта еци схъæлæй: «Аци галтæ ци гъоцитæ низзадæнцæ, етæ бабæй нæуæг уæситæ низзайдзæнæнцæ æма дин етæ исгалтæ уодзæнцæ», – зæгъгæ[1].

Уой агъонмæ ба Гуйман абæргути идардмæ ку æрæстæфтæй, уæд æ топп уæрдуни бунæй фелваста (уоми ин баст уидæ) æма ’й бæласи мурай раримахста, уотемæй æ цуди кой кодта идарддæр.

Цубур дзурдæй, ин æ дууæ гали рауæгъдæ кодтонцæ æма сæ сæ разæй раскъардтонцæ.

Ци гæнæн ма адтæй Гуйманæн, еу усмæ сæ фæсте æнкъардкæсæ фæккодта, уæдта, æ топп римæхст ци бæласи мурай адтæй, уомæ бацудæй æма син сæ развæндаг байахæста. Адæмон тауæрæхътæмæ гæсгæ, абæргути нимæдзæ хъæрттæй 9–15 адæймагемæ. Фал е сæйраг нæй. Рæстдзæвийнæ ба уотæ адтæй, æма еунæг фат дæр дзæгъæли нæ евгъаудта, уотемæй сæ гагадзагъд никкодта. Фæстаг ма си ка байзадæй, е ба имæ нигъгъæр кодта: «Ци изæд, ци сайтани хай дæ, уæддæр ма ни еу ниууадзæ хабархæссæг!»

Гуйман ин дзуапп равардта: «Сумах ци мадтæлтæ низзадæй, етæ бабæй сумах хузæнттæ низзайдзæнæнцæ, æрмæст етæ Дигорæмæ тухæ кæнунмæ нæбал цæудзæнæнцæ».

Уотемæй, абæргути ниццæгъдгæй, æ галтæ фæстæмæ раздахта, уæрдун исефтигъта æма æ фæндагбæл рараст æй.

Гуйман адæни æхсæн фæццардæй кадæ-радæй. Устур паддзахадон хуæрзеугутæ нæ райста, спортивон еристи дæр нæ рамулдта, фал адтæй хумæтæги зæнхкосæг æма рæстдзæвийнæ цауæйнон. Æ ном æма æ лæгæхсарæ æ фæсте цæргæй байзадæнцæ. Гуйман хуарз лæдæрдтæй, ке ниццагъта, уонæй алкæмæн дæр хеуонтæ ке адтæй æма тарстæй тогесунæй. Уомæ гæсгæ ба еци хабари кой кæнгæ дæр некæд кодта. Фал адæнæй ци баримæхсдзæнæ. Ци кади зар ибæл искодтонцæ, е ба ма абони дæр азæлуй нæ кæмттæ æма будурти.

---

[1] Фепбайуйнаг. Адæни дзурдтæй куд æригъустæй, уотемæй абæргутæ дигорæнттæ нæ адтæнцæ.

## Гуймани зар

Сæумæраги бонивади
Къамати зæрæндтæ æримбурд æнцæ нихæси,
Æмхузонæй сæ гъолтæ исасугътонцæ.
Сæ гъолти хъуæцæ сæ сæрмæ мегъау исбадтæй,
Цæлкости Гуйман сæумарæги ракастæй.
Нихæси сæри мегъæ ку исуидта,
Уæд фæдеси рацудæй.
Дессаг, еци мегъæ ци уодзæй, зæгъгæ,
Къамати нихæси сæри
Мегъæ ку некæд адтæй?
– Уæ сæумæ хуарз, Къамати зæрæндтæ, – дзоруй сæмæ,
Цæбæл сагъæс кæнетæ?
Уæ гъолти хъуæцæ уæ сæрмæ мегъау ку исбадтæй?
Къамати зæрæндтæ дзорунцæ:
– Коми думæги абæрегæй байдзаг æй,
Будурмæ цæуæг нæбал уадзунцæ,
Нæ сабийтæ судæй мæлунцæ.
Цæлкости Гуйман сæмæ дзоруй:
– Мæ сæдæ сирди еу гъæуаггин æнцæ.
Мæ уоди тæссæй сау гъæди мæ цæф сирд некæд ниууагътон,
Нур дæр мæ уоди тæссæй
Мæ сабийти судæй мæлун нæ бауадздзæнæн.
Æ дууæ гали баефтиндзуй галуæрдуни,
Е ’мзæрæндæ хъæрæймаг уæрдуни
Сæргъгъæдæбæл æрауиндзуй,
Уотемæй рараст уй Силтанухъмæ хуар ласунмæ…
Коми думæгмæ ку рахъæртуй,
Уæд над дууæ æмбеси рауй.
Унаффæ кæнун байдайуй:
«Дæлæти цæууон, – паддзахи фæндаг
Идардбæл зелуй. Уæлæти цæууон æма
Абæргутæ арæх ку æнцæ.
Цæй, Сурхи къулдунбæл ниффардæг уон,
Æхсæвæ Сурхи фиййаутæмæ
Фусун бакæндзæнæн,
Сæумæй раги Силтанухъмæ ниццæудзæнæн».
Сæумæраги фестуй,

Фиййаутæмæ нидздзоруй:
– Æдосæ дессаги фун фæууидтон.
– Сæумæраги фун æнахустæй нæ фæдздзурдæуй.
Фиййæуттæ ин хуæруйнаг æрбайвæрунцæ,
Фун дзорун байдайуй:
– Æдосæ уæхæн фун фæууидтон,
Цума хонхи дор-зелæг набæл адтæй.
Дессаг, е ци фун уодзæнæй?
Æ дууæ гали баефтиндзуй
Æма Силтанухъмæ рараст уй.
Саугъæди дзæвгарæ ку ниууайуй,
Уæд пихси бунмæ бæхти къæхтæ бауинуй.
Е, мзæрæ хъæрæймаг æхсæрæ къотæрмæ
Æд хъатара багæлдзуй.
Уалинмæ имæ абæргутæ исхъæртунцæ:
– Дæ фæндаг раст уæд, зæронд лæг, – дзорунцæ имæ, –
Кумæ цæуис? Кумæ рараст дæ?
– Силтанухъмæ цæун, мæ сабийтæн хуар ласунмæ,
– Дæ галтæ рауæгъдæ кæнæ, – имæ дзорунцæ.
– ’Ма мæ сабийти цæмæй фæддардзæнæн?
– Дæуæн бабæй дæ сау гъог дууæ гали низзайдзæнæй!
– Мадта сомигонд дæн,
Мæхуæдæг сæ нæ исуæгъдæ кæндзæнæн.
Абæргутæй кæстæр æргæпп кæнуй бæхæй,
Тæвинги баст фæууæгъдæ кæнуй хъæмайæй,
Галтæ исуæгъдæ кæнуй.
Дзоруй сæмæ Гуйман:
– Уæ хуарзæнхæй, ме ’фсой мин уагътæ,
Корæггаг мин æй æма æ хецау хилæ кæндзæнæй.
Абæргутæ ибæл бахудтæнцæ:
– Галти сагъæс нæ кæнуй,
Фал е ’фсоййи сагъæс.
Гуйман æфсой исæфтауй,
Æ рагъи æй искæнуй.
Фæстæмæ рараст уй. Къотæрмæ ку исхъæртуй,
Æфсой къотæрмæ багæлдзуй,
Æ хъæрæймаг ба е усхъи искæнуй,
Гуйман къахæй рæувад адтæй,
Зæрдæй нæуæг адтæй,

Саугъæди нæдтæ дæр ин амонун нæ гъудæй.
Абæргути над галтæрæнмæ байахæссуй,
Бæласи æнхæли федар бадæн æркæнуй.
Гуйман сæ цæгъдун байдайуй,
Дууадæсемæй ма дууæ байзайуй,
Уæд имæ абæргутæ нигъгъæр кæнунцæ:
«Ци изæд дæ, ци идауæг дæ, ниннæуадзæ!»
Гуйман дæр сæмæ нигъгъæр кæнуй:
– Мæнæн мæ сау гъог дууæ гали ку задæй,
Сумахæн дæр бабæй уæ мадтæлтæ
Лæхъуæнтæ низзайдзæнæнцæ.
Уонæй дæр ма еуемæн
Æ фæстæмæ фæккасти хæццæ
Æ сæри фахс фæххаун кæнуй.
Цæлкости Гуйман æ дууæ гали фæстæмæ æ
Уæрдунбал исефтиндзуй
Æма Силтанухъæй æ сабийтæн хуар æрбаласуй.
Гъæуи адæн имæ рацудæнцæ,
Æма син зæгъуй:
– Абæреги хабар некæмибал е,
Æдасæй уæ сабийтæн хуар ласунмæ фæццотæ
Æма æрбаласетæ…

# МУГГÆГТИ ИСТОРИЙÆЙ

ХЪОЗИТИ Хамбий

## ХЪОЗИТИ МУГГАГИ ИСТОРИ

250 анземæй фулдæр рацудæй, Донифарси зилди берæнимæцон муггæгти æхсæн Хъозити муггаг дæр кæдæй фæззиндтæй, уæдæй. Куд иннæ муггæгтæмæ, уотæ Хъозити дзилагæмæ дæр берæ адтæй, абони, сæ фæсте байзайæг фæлтæр сæрбæрзонд æма сæрустур кæмæй æнцæ, уæхæн æвзигъд хуæрзигурдтитæ.

Фæстаг рæстæгути Дигоргом, уæдта æгас Иристони дæр исерæх æй уæхæн фæткæвæрд – муггаги арæхстгиндæр æма зонæнгиндæр мийнæвæрттæ аразунцæ сæ ахили рантæсти бæлæстæ. Е хъæбæр ахсгиаг æма æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг æй, уомæн æма хеуонтæмæ, уой фæсте ба еугур дзиллæмæ уарзт дæр æвзуруй бундори артдзæстæй.

Нæ цардиуагæ куд æййевгæ цæуй, уотæ сæхе æййевгæ цæунцæ æгъдæуттæ æма уонæмæ рахастдзийнадæ дæр. Нæ фидтæлтæ, куд зонæн, уотемæй хуæрз минкъий зæнхи гæппæлтæбæл цардæнцæ берæгай бийнонтæй, тумугъ ахилгæйттæй. Хецæн муггæгтæ, хатгай, исуиуонцæ æнæгъæнæ гъæутæ, кенæ ба байахæссиуонцæ устургай кварталтæ гъæубæсти медæгæ. Иристони къартæбæл уæхæн хецæн муггæгти гъæутæ æма гъæууæттæ дзæвгарæ иссерæн ес.

Нуртæккæ, куд иннетæ, уотæ мах муггаги мийнæвæрттæ дæр еумæйаг къупхæ цардæй нæбал цæрунцæ, ниххæлеу æнцæ айдагъ Иристонбæл нæ, фал Уæрæсей берæ горæттæ æма гъæутæбæл дæр, уæдта ма сауæнгæ фæсарæнтæбæл дæр. Кадæртæ си, æцæгæлон реуæнти цæргæй. куд фæстæмæ иронхгæнгæ цæунцæ сæ фиддæлти хеуондзийнадæ. Махмæ е æдзæллаг гъуддаг кæсуй.

Адæнтæ, къабæзтæ, бари-æнæбари, кæрæдземæй изолдæргæнгæ цæунцæ æма æппунфæстаг еугур æцæгæлон исуодзæнцæ, хæстæгдзийнадæ фесæфдзæнæй.

Еци гъудитæ мæ сагъæси ке бафтудтонцæ, уомæ гæсгæ ба косун райдæдтон аци киунугæбæл. Мæ зæрдæ хъæбæр дарун, аци куст нæ фæлтæртæн ке фенхус уодзæнæй нæ райгурæн гъæу, нæ хестæртæ æма сæ цитгин æгъдæуттæ сæ зæрдити арф хæссунæн.

## ХЪОЗИТÆ ÆМА ГАЛЕУТИ МУГГÆГТИ РАВЗУРД

Аци муггæгти равзурди туххæй ес рагон таурæхъ. Хъожи æма Галеу адтæнцæ æнсувæртæ. Сæ фидæ адтæй æссон Уналдитæй, сæ мадæ дæр – æссон, æ ном хундтæй Хъоз.

Дууæ æнсувæри цардæнцæ Донифарси гъæуи уездон Кобегкати цори. Кобегкатæмæ Кæсæг æма Ассийæй арæх цæуиуонцæ иуазæггади сæхе хузæн гъæздугутæ. Еци иуазгутæ æхсæвеуат кодтонцæ Кобегкатæмæ нæ, фал Уналдити дууæ æнсувæрей хæдзари. Аци гъуддаг Кобегкатæ сæр сæрмæ нæ хастонцæ æма и дууæ æнсувæрей дæр рамардтонцæ. Дууæ æнсувæри – Хъожи æма Галеуæн сæ уоститæ байзадæнцæ æнæуодбарæй, æма Галеуи уосæ рандæ ’й æ цæгатмæ, Хъожий уосæ ба бал байзадæй цæргæ æ лæги хæдзари. Кобегкатæ тарстæнцæ, и силгоймæгтæн биццеутæ ку райгура, уомæй, æма уæд уони дæр гъæуама рамардтайуонцæ.

Нур ба хецæнтæй Хъозитæ æма Галеути муггæгти туххæй.

**Хъозитæ.** Хъожий уосæ ку базудта, æ сувæллон биццеу ку уа, уæд ин æй Кобегкатæ маргæ кæндзæнæнцæ, уой, уæд

фæццудæй сæ гъæуккаг кадгин уездон лæг Хъанухъти Есемæ æма си ракурдта, цæмæй ин æ сувæллон ма бауагътайдæ рамарун. Есе исарази æй еци гъуддагбæл æма Хъожий уоси æрцæрун кодта æхе хæдзари.

Силгоймагæн æ афонæ ку æрхъæрттæй, уæд ин Хъанухътæмæ райгурдæй фазæнттæ, дууæ биццеуи, æма сæ сæ мадæ гъонбæл кодта Есей фæрци.

Кобегкати тасæй син сæ муггаги (Уналдити) ном сæ мадæ раййивта æма сæ ниффинсун кодта сæ фиди номбæл, Хъозитæбæл, уотемæй Донифарси гъæуи фæззиндтæй Хъозити муггаг.

Еу бон, дан, биццеутæй сæ еу рахилæ ’й гъæунги кедæр биццеуи хæццæ, æма ин еци биццеу рафедис кодта: «Мæн нæмуни бæсти базонæ, дæ фиди дин ка рамардта, уой». Биццеу æцæгæй дæр æ фиди хабарæн неци зудта æма еци хили фæсте æ мади бафарста æ фиди туххæй. Мадæ ин зæгъунмæ бæргæ нæма гъавта, фал ин нур ба исгъæр кодта, Кобегкатæ ’й ке рамардтонцæ, уой.

Рæстæг цудæй, бæнттæ, мæйтæ, æнзтæ евгъудæнцæ. Уналдити-Хъозити фазон биццеутæ Донифарси гъæуи ислæгтæ ’нцæ, фал æдасæй ба нæ цардæнцæ, æдзохдæр тарстæнцæ Кобегкатæй, лæдæрдтæнцæ, æгасæй сæ ке нæ ниууадздзæнæнцæ, уой.

Еци гъуддаг лæдæрдтæнцæ сæ мадæ, уæдта се ’скæнгæ фидæ Есе дæр, уомæ гæсгæ ба æнсувæртæн исунаффæ кодтонцæ, цæмæй бал сæхе райстайуонцæ Донифарсæй, Кобегкати къæхти бунæй, уой. Фæллигъдæнцæ Мæздæгмæ. Ами цæйбæрцæ рацардæнцæ, уой бæлвурдæй некебал зонуй, фал, уоми цард сæ зæрдæмæ ке нæ цудæй, уомæ гæсгæ ба сæ бафæндæ адтæй æндæр рауæнмæ фæлледзун. Хестæр æнсувæр Хадзи æрбалигъдæй æ райгурæн гъæу Донифарсмæ æмæ уоми æрцардæй бундоронæй, иннæ æнсувæр ба (æ ном ин некебал зонуй) нæ бакумдта æрбаледзун хонхмæ. Æндæр кумæдæр фæллигъдæй, кумæ, уой дæр неке зонуй.

Хъозити Хадзи æ лæги кари Донифарси гъæуи бийнонти гъуддаг бакодта, фæззиндтæй ин цæуæт, фал æ фиццаг цæуæт катæ адтæнцæ, сæ нæмттæ куд хундтæнцæ, уони ба некебал гъуди кæнуй.

Мæнæ нæ республики сæйраг архиви (ЦГА СОССР, ф. 30,

оп. 1, д. 82). 1886 анзи Донифарси гъæуи цæргути æрфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ Хъозити муггагæй биййонти хигъди финст æрцудæнцæ Хадзий цæуæти цæуæт: Мæрзабек, Гуйман æма Метросид, Аккуй фурттæ.

Аци æнсувæртæн дæр исæнтæстæй цæуæт, адтæнцæ биййонти хецæуттæ, æма син хонхæй будурмæ фæлледзуни барæ лæвæрд ку æрцудæй, уæд сæ цæрæн бунат Донифарси гъæуæй æд биййонтæ раййивтонцæ Хæзнидонмæ. Хæзнидони гъæуи Хъозитæ иссæнцæ бундорон цæрæг.

**Галеути муггаги туххæй.** Уналдити Галеуи Кобегкатæ ку рамардтонцæ, уæд æ уосæ ба адтæй æнæуодбарæ æма Донифарси гъæуæй рандæ 'й æ цæгатмæ. Æ афонæ ку æрхъæрттæй Галеуи уосæн, уæд ин æ цæгати райгурдæй биццеу. Биццеуи исгъонбæл кодта æ цæгати, æ муггаги ном ба ин мади фæндонмæ гæсгæ искодтонцæ æ фиди номбæл, Галеутæбæл. Уотемæй Донифарси гъæуи фæззиндтæй Галеути муггаг дæр. Биццеу æ мади æрваддæлтæмæ лæхъуæнлæг ку иссæй, уæд еу уæхæни æ мади хæццæ æрбацудæнцæ æ фиди райгурæн гъæумæ, Донифарсмæ, æма си æрцардæнцæ бундоронæй. Сæ царди уавæртæ ку фæххуæздæр æнцæ, уæдта Галеуи фурт уосæ ракурдта. Еци уосæй ин исæнтæстæй цæуæт – фурттæ æма кизгуттæ. етæ дæр сæ лæгти дзамани иссæнцæ биййонти хецæуттæ, уонæн дæр адтæй фурттæ æма кизгуттæ. Фал си халери незæй беретæ рамардæй æма, уомæ гæсгæ, æнæ бæрæгæй байзадæнцæ – катæ адтæнцæ, уæдта сæ нæмттæ куд хундтæнцæ, уой неке зонуй.

Халери незæй ка фæййервазтæй æма уонæн ка исæнтæстæй, уони ба Леуант хестæртæ нимайунцæ, нæ Республики Сæйраг архиви 1886 анзи æрфинстмæ ка бахаудтæй, уони (ЦГА СОССР, ф. 30, оп. 1, д. 82). Етæ ба адтæнцæ Никкола æма æ фурт Гамæзи. Таурæхъгæнæг ба ма загъта, зæгъгæ, Гамæзийæн адтæй фондз фурти: Бихи, Хадзирæт, Амурхан, иннæ дууей нæмттæ нæбал гъуди кæнунцæ. Америкæмæ, дан, косунмæ, рандæ 'нцæ æма уоми рамардæнцæ. Æнсувæртæй сæ еу – Амурхан – фæллигъдæй Туркмæ æма уоми биййонти хецау иссæй. Бихи æма Хадзирæт ба цардæнцæ Донифарси гъæуи. Бихийæн фурт не 'сæнтæстæй, æ кизгуттæ ба лæгтæмæ æрцудæнцæ, æхуæдæг ба рамардæй. Донифарси гъæуи ма байзадæй цæргæ еунæг Хадзирæт. Уомæн ба æ

уосæ, Хъамболти кизгæй, исæнтæстæй æртæ фурти: Хъаурбек, Беслæн æма Алихан.

Аци æртæ æнсувæри сæ лæгти карæни иссæнцæ бийнонти хецæуттæ, адтæй син цæуæт. Берæ рæстæгути фæццардæнцæ Донифарси гъæуи, уæдта син будурмæ раледзуни барæ лæвæрд ку æрцудæй, уæд етæ дæр фæллигъдæнцæ Лескени гъæумæ. Абони ба Галеути муггагæй беретæ цæрунцæ æрмæст Лескени гъæуи нæ, фал ма нæ Иристони берæ гъæутæ æма горæтти дæр.

*Хъозити æма Галеути муггæгти равзурди цубур истори финст æрцудæй 1990 анзи 21 декабри Лескени гъæуи раздæри цæргутæ, дзæуæгигъæуккæгтæ 51-анздзуд Хъозити Барис æма 56-анздзуд Галеути Алихани фурт Юрикки таурæхътæмæ гæсгæ.*

## ДОНИФАРСИ ЗИЛД

Зилд æвæрд æй Дигори комæн æ цæгат æма хорнигулæн æрдиги. Æ арæнтæ æнцæ: цæгати – Уорс хонхи хуæнхтæ, хорискæсæни – Задæлескæ æма Нари гъæути зæнхитæ, Мæцути Æрдозæ æма Ирæфи дон, хонсари – Билæги ком, хорнифтуйæни – Уазай хонх æма Хæзникоми рахес тегътæ.

Донифарси зилди адтæй æртæ гъæуи: Донифарс, Къумбултæ æма Лезгорæ. Гъæути бунæттæ æнцæ Уазай хонхмæ хæстæг, Сагдари хонхи буни, Ирæфи донæн æ галеу фарс, бæрзонд хонсар къæдзæхти. Æнæзонгæ адæймаг сæмæ идардæй (паддзахи надæй) ку фæккæсуй, уæд си нæ феруагæс кæнуй, бафæрсуй, уæхæн бæрзонд къæдзæхтæбæл адæймагæн цæрун куд æнгъезуй, зæгъгæ. Ци гæнæн адтæй нæ рагон фиддæлтæн, хуæздæр амал дæр син нæ адтæй, æма си цардæнцæ берæ нæхъæртон гъæуагæдзийнæдти хæццæ. Гъæути цæргутæ тухстæнцæ, уæрдуни нæдтæ син хузæнон ке н' адтæй, уой туххæй. Паддзахи надæй (Ирæфи комæй) гъæутæмæ адтæй еунæг уæрдуни над Къари хæрдбæл. Еци надбæл, ефстаг рæстæгæй уæлдай, уæрдун нæ зилдæй, и над рæвдзæ некæд уидæ, уомæ гæсгæ ба си арæх æрцæуидæ зиантæ, сæ уæрдунтæ рахауиуонцæ билæй æд галтæ, кенæ

ба æд бæхтæ. Зилди цæргутæ тухстæнцæ дони туххæй дæр, нæ син фагæ кодта. Ци ефстаг минкъий уайгæдæнттæ си ес, уонæй ба сæ еуетæ сæрди мæйти байсусиуонцæ.

Н' адтæй сæмæ хæстæг гъæдæ дæр. Уомæ гæсгæ ба син аразæн æрмæг уæдта сог идардæй хæсгæ æрцæуидæ.

Зилди гъæути цæргутæ аци гъæути æрмæстдæр сæ гъæздуг æма берæ фонси хезнити хицæмæ цардæнцæ. Уони фæрци сæ бон дарун адтæй берæ фонс. Сæ хуæздæр æма гъæздугдæр фонси хезнитæбæл нимадтонцæ: Тæторси будуртæ, Уазай хонхи рæбунтæ æма Хæзникоми тегътæ. Се 'гуæрдæнти хуæздæртæ ба адтæнцæ: Лахуме, Дзигинтæ, Мулар, Æндæфцæг, Хъузелгон, Сагæлтæ, Тандæтæ.

Кæд гъæздуг н' адтæнцæ гъæути цæргутæ хумзæнхитæй, берæ хъиамæт сæбæл гъудæй, уæддæр син ци минкъий зæнхи гæппæлтæ адтæй, уонæй фæззæг истонцæ мæнæуæ, хъæбæрхуар, зæтхæ, картоф уæдта ефстаг халсартæ. Рæзи куст нæ кодтонцæ, нæ сагътонцæ рæзи бæлæстæ, уой туххæй, æма си рæзæ, куд æнгъезуй, уотæ нæ задæй.

1974–1975 æнзти ма цæргæ ка байзадæй, етæ дæр Донифарси зилдæй сæ цæрæн бунæттæ раййивтонцæ будури гъæутæмæ, сæ гъæздуг фонси хезнитæ æма игуæрдæнтæ ба байзадæнцæ æнæ хецау, æнæ гъудгонд, лæвæнгитæй.

Лезгорæ, Донифарс æма Къумбултæ æнцæ рагон гъæутæ, адтæнцæ недзаманти дæр. Уомæн бæрæггæнæнтæн бæззунцæ, гъæути алли фарс ци рагон уæлмæрдтæ, обæйттæ, циртдзæвæнтæ, мæсгутæ æма федæрттæ æрæййафтан нæ рæстæги, етæ.

Гъæути хестæртæ фидæй-фуртмæ кæрæдземæй куд игъосгæ æрцудæнцæ, уомæ гæсгæ, дан, еци уæлмæрдти æма обæйтти æвæрд æнцæ Царцати адæнихатт. Етæ, дан, раги кæддæр цардæнцæ Донифарси зилди дæр. Еу уæхæни сæбæл емини нез ралæудтæй, уæдта сæ æрæййафтонцæ æстонг æнзтæ, уотемæй нез æма æнæхуæргæй фæццæгъдуни æнцæ. Кæд еци уæлмæрдти æма уобæйтти Царцатæй уæлдай æндæр адæнихæттити мæрдтæ æвæрд æнцæ, уæд уони ба таурæхъгæнгутæ нæ зонунцæ.

Раги рæстæги дигорон адæн (алантæ) Донифарси зилди ке цардæнцæ, уомæн æвдесæнæн цæмæннæ бæззуй, Къумбулти гъæуи сæри, Багъайти тегъи фарсмæ, æрдози, Аланти-

Нарти нихæс? Уоми ес æртæ дори, етæ, дан, адтæнцæ Нарти нихæси бадæнтæ. Нарти нихæсмæ сæ хестæртæ рæстæгæй-рæстæгмæ æрæнбурд уиуонцæ æма си сæ унаффитæ федар кодтонцæ.

Донифарси зилди гъæути рагон адæни царди туххæй байзадæй берæ таурæхътæ, зартæ, уæдта хабæрттæ. Адтæй си, мæгур хуæнхаг адæни сæрбæл ка тох кодта, уæхæн бæгъатæр æма зундгин лæгтæ дæр (Хъанухъти Есе, Тулаон Тулæбег æма æнд.). Ани дæр нæ финсти имисдзинан. Нур ба – Донифарси гъæути цæргути туххæй лæмбунæгдæрæй.

Истори зонуни фæрци бæрæггонд æрцудæй, Аланти гъæутæ æма горæттæ раги ке райдæдтонцæ пурхæ кæнун æрбацæуæггаг тухгæнгутæ: гунтæ, тæтæр-манголтæ (Чингис-хан æма Хан-Батый), кипчактæ, ногъайæгтæ, 1395 анзи ба Астæуккаг Азийæй æрбацæуæг тухгæнæг къулух Тимур, ногъайæгтæ æма æнд.

Тимури æфсæдти нихмæ тох кодтонцæ алайнæгтæ æд нæлгоймаг æма æд силгоймаг, будурти дæр æма хонхи дæр. Фал, сæ бæрцæ æма сæ хъауритæ æмхузон ке н' адтæнцæ, уомæ гæсгæ алантæ састи бунати байзадæнцæ. Ци ефстæгтæ си байзадæй æгасæй, етæ ба фæллигъдæнцæ хуæнхтæмæ æма уоми хуæнхти цъæсгити æзнæгти тасæй сæхе римахстонцæ.

Тимури тухæгæнгутæ Дигори коми гъæутæмæ дæр лæбурдтонцæ. Уомæ гæсгæ ба, дан, Донифарси зилди гъæути дæр берæ рæстæгути цæрæг нæбал адтæй. Донифарс, Къумбултæ æма Лезгори гъæути уой фæсте æрцардæй берæ уæхæн ледзæг адæн. Уонæй уæлдай ма аци гъæутæмæ уой фæсте дæр лигъдæнцæ: Ассийæй, Ири кæмттæй ирон адæн, лигъдæнцæ сæмæ Гурдзийæй, уæдта медхонхи (Дигори) иннæ гъæутæй дæр.

Гъæути цæргутæ бабæй исберæ 'нцæ, иссæнцæ хуæдæлдар, æмбарæ. Еугур зилди цæргутæ дæр пусулмон дин райстонцæ, уомæ гæсгæ ба сæ царди æма се 'гъдæутти æйййивдтитæ æрцудæй; æмхузон нæбал адтæнцæ Дигоргоми иннæ цæргути хæццæ: се 'хсæн бастдзийнадæ дæр федар н' адтæй, арæх сæмæ рауаидæ хилтæ æма хъаугъатæ. Ахургæндтæ куд исбæрæг кодтонцæ, уомæ гæсгæ цалдæр æносей дæргъци фæццардæнцæ сæ зилди иннæ дигорон зилдти цæргутæй еуварс, хецæнæй. Дигори Баделиатæ æма Устур-Дигори

Цæргæсатæн хъалон нæ фистонцæ, нæ уагътонцæ сæхемæ æрбацæуæккаг æлдæрттæ æма æндæр тухæгæнгути дæр.

Иннæ Дигоргоми гъæутæй уæлдай донифарсæгтæ æндæр хузи ке цардæнцæ, уони туххæй ахургæндтæ дæр финстонцæ.

XVIII æноси А. Штедер, Дигоргоми балци уогæй, исбæрæг кодта æма финста: «В течение нескольких столетий донифарсцы отделились от остальных дигорцев, жили в демократическом государственном устройстве» (кæсæ балцигæнæг ахургонд А. Штедери финст «Осетины во второй половине XVIII в.», Орджоникидзе, 1940, 56 ф.).

1807–1808 æнзти ба академик Ю. Клапрот, Дигори коми балци уогæй, финста донифарсæгти туххæй: «Расположенные на левом берегу Уруха Лезгор, Донифарс живут совершенно изолированно от остальных дигорцев, сохранили свою независимость и не были подчинены Баделиатам, от которых они защищаются в своих укреплениях» (кæсæ «Ю. Клапроти балци финститæ Гурдзи æма Кавкази 1807–1808 æнзти». Известия СОНИИ, т. 12, ф. 220).

Донифарси зилди гъæути цæргутæ адтæнцæ хуæдæлдар, фал сæмæ адтæй сæхе гъæздугутæ: Гагуа æма уомæн æ цæуæти муггæгти адæн: Кобегкатæ, Хъабантæ, Хъанухътæ, Найфонтæ, Алийтæ, Асетæ, Хорантæ æма Елбийтæ. Аци муггæгти адæн, кæд æлдæрттæ н' адтæнцæ, уæддæр, куд уæздан муггагæй равзургæ, уотæ зилди гъæути цæрæг адæнбæл берæ рæстæгути дæргъци сæ барæ дардтонцæ. Иннæ донифарсæгтæй гъæздугдæр адтæнцæ, сæ дзурд дæр æма сæ унаффæ дæр хуæздæр цудæй.

Гагуати гъæздугутæ иннæ гъæути цæргутæй раздæр иссæнцæ пусулмæнттæ. Пусулмон дин райстонцæ Кæсæги æлдæртти фæрци, кæцити хæццæ баст адтæнцæ рагæй. Сæхе фæсте пусулмон дин райсун кодтонцæ иннæ гъæути цæргутæн сæ еугуремæн дæр. Дигори коми, дан, донифарсæгти агъонмæ пусулмон дин хастонцæ Дзинагъай гъæуи цæргутæ. Фал, дан, етæ дæр, 1861 анзи киристон дин ку райстонцæ, уæд син сæ мæзгит балхæдтонцæ донифарсæгтæ æма 'й фæлластонцæ сæхе гъæумæ. Ци ефстаг лæгтæ нæ бакумдтонцæ киристон дин райсун, етæ ба Дзинагъай гъæутæй дæр æма Тъæпæн Дигори гъæутæй дæр цудæнцæ намаз кæнунмæ Донифарси мæзгитмæ.

Донифарси мæзгити фиццаг моллой хуæдæййевæгæй кус-та сæхе гъæуккаг Дзирати Дзидахъ. Мæзгит, дан, Дзинагъай гъæуæй Донифарсмæ ласгæ дæр ракодтонцæ Дзирай-фурт æма Хъанухъти Есе.

Донифарси мæсгутæ куд даст цудæнцæ, уæдта, Дзинагъай гъæуæй мæзгит ка раласта, уони туххæй радзурдтонцæ 1991 анзи маййи мæйи, Донифарси гъæуи раздæри цæргутæ, Чиколай гъæуккæгтæ 88-анздзуд Хъамболти Хъасуни фурт Хъазибек, Дзирати Дигъий фурт Ехъя æма Налухъи фурт Анзор.

Донифарси, Къумбулти æма Лезгори гъæути цæрæг муггæгти равзурди цубур историтæ киунуги финст æрцудæнцæ муггæгти æма гъæути хестæрти таурæхътæмæ гæсгæ. Таурæхъти æцæгдзийнадæ ба барст цудæй раздæри ахургæндти финстити хæццæ: профессор Берозти Батрази финст киунугæ «Переселение осетин из гор на плоскость», Хозити Федори финст киунугæ «Уæлладжыры комæй – Туалгоммæ», профессор Мæхæмæтти Æхсарбеги финст киунугæ «Общественный строй и быт осетин (XVII–XIX вв.)», Калоти Бариси финст киунугæ «Осетины», уæдта ма пайда кодтон нæ республики сæйраг архиви 1886 анзи гъæути цæргути æрфинсти (переписи) бæрæггæнæнтæй (ЦГА СОССР, ф. 30, оп. 1, д. 82).

## ДОНИФАРСИ ГЪÆУ

Гъæу æвæрд æй Къумбултæ æма Лезгори гъæути астæу Мисигони æндзæри. Сæ цæрæн хæдзæрттæ æма сæ фонси скъæттæ донифарсæгтæн дæр адтæнцæ уæлиндзæсæртæ, сæ фæрстæ ба – дорæй даст. Кобегкатæ æма Хъулчити муггæгтæн си адтæй устур æма федар арæзт галауантæ, Хъанухътæ æма Хæтæгтæн ба цæрæн æма тугъдон мæсгутæ. Гъæуи алли фарс рагон донифарсæгтæ ниууагътонцæ берæ циртдзæвæнтæ: уобæйттæ, уæлмæрдтæ, ковæндæнттæ æма æнд.

1886 анз æма 1913 анзи гъæуи цæргути æрфинститæмæ гæсгæ Донифарси гъæуи цардæнцæ муггæгтæ: Æнгъæдатæ, Асетæ, Алийтæ, Гагуатæ, Галеутæ, Дамбегтæ, Дзоблатæ, Дзодзатæ, Дзиратæ, Елбийтæ, Кобегкатæ, Кочкионтæ, Къолотæ, Къочитæ, Нафитæ, Найфонтæ, Мурзахъултæ, Тасабий-

тæ, Тепасигтæ, Тинатæ, Тубетæ, Уæдатæ, Фæдантæ, Хæтæгтæ, Хуадонтæ, Хорантæ, Хъамболтæ, Хъанухътæ, Хъабантæ, Хъаиртæ, Хъизинтæ, Хъозитæ, Хъулчитæ, æма Хъумайæгтæ.

**Феппайуйнаг:** Мурзахъултæ, Тасабийтæ, Тепасигтæ æма Хъумайæгтæ гъæуи муггæгти хæццæ финст æнцæ, фал сæ неке зонуй. Уомæ гæсгæ ба син сæ раздæри истори аци æрмæгмæ нæ бахастан.

Муггæгтæ Донифарси гъæумæ кæцæйдæр æрбафтудæнцæ, кенæ ба равзурдæнцæ медгъæуи æндæр муггæгтæй.

## НЕ 'НОСИ ИМИСУЙНАГ ХЕСТÆРТÆ

**Хъозити муггагæй цитгин Октябри революций æма Фидибæстон Устур тугъди ка архайдта, уони нæмттæ.**

**Хъозити Сарабийи фурт Бидзе,** Октябри революций активон архайæг, 1919 анзи æй уорсгвардионтæ ниййахæстонцæ æма 'й ниййауигътонцæ.

**Хъозити Алексейи фурт Умæти**, 1914 анзи игурд. Лескейнаг. Æфсади рæнгъон, фæммард æй Фидибæстон Устур тугъди 1941 анзи, сентябри.

**Хъозити Алексейи фурт Сулейман**, 1918 анзи игурд. Лескейнаг. Æфсдаи рæнгъон. Исæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Алексейи фурт Алихан (Аган)**, 1920 анзи игурд. Æфсади рæнгъон, сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Алексейи фурт Тазæрет**, 1918 анзи игурд. Лескейнаг. Исæздахтæй тугъдæй сæрæгасæй.

**Хъозити Авдирæхман (Адифон)**, 1923 анзи игурд. Лескейнаг, æфсади рæнгъон, сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Дириси фурт Ибрагим**, 1918 анзи игурд. Лескейнаг. 1942 анзи тугъди æнæбæрæгæй фесавдæй.

**Хъозити Дириси фурт Адам**, 1922 анзи игурд. Лескейнаг. Æфсади рæнъон, сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Хъæрæсей фурт Чепо**, 1923 анзи игурд. Лескейнаг. Фæммард æй тугъди 1942 анзи июни.

**Хъозити Елбиздухъи фурт Ибрагим**, 1922 анзи игурд. Хæзнидойнаг. Æнæбæрæгæй фесавдæй тугъди.

**Хъозити Урусбийи фурт Тазæрет**, 1921 анзи игурд. Хазнидойнаг. Æфсади рæнгъон. Тугъдæй исæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Тазей фурт Харум**, 1922 анзи игурд. Лескейнаг. Æфсади рæнгъон. Тугъдæй исæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Тазей фурт Израил**, 1912 анзи игурд. Лескейнаг. Тугъдæй исæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Сæхмæти фурт Ленин**, 1921 анзи игурд. Лескейнаг. Æнæбæрæгæй фесавдæй тугъди.

**Хъозити Сæхмæти фурт Бордзеу (Ахмæт)**, 1918 анзи игурд. Кæстæр лейтенант. Æнæбæрæгæй фесавдæй тугъди.

**Хъозити Сæхмæти фурт Муса**, 1920 анзи игурд. Лескейнаг. Сæрæгасæй æрæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Хъогъалухъи фурт Дзанхъæлиц**, 1918 анзи игурд. Хæзнидойнаг. Æнæбæрæгæй фесавдæй тугъди.

**Хъозити Хъогъалухъи фурт Сулейман**, 1922 анзи игурд. Хæзнидойнаг. Æнæбæрæгæй фесавдæй тугъди.

**Хъозити Тæтой фурт Джегъан**, 1922 анзи игурд. Хæзнидойнаг. Сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Гæтай кизгæ Фатимæ**, 1920 анзи игурд. Хæзнидойнаг. Сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Адулгерийи фурт Сослæнбег**, 1915 анзи игурд. Донифæрсаг. Капитан. Фæммард æй тугъди 1945 анзи майи.

**Хъозити Адулгерийи фурт Муха**, 1917 анзи игурд. Донифæрсаг. Рæнгъон, фæммард æй 1941 анзи.

**Хъозити Адулгерийи фурт Хаджимурзæ**, Донифæрсаг. Сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Адулгерийи фурт Хъасун**, 1907 анзи игурд. Донифæрсаг. Сæрæгасæй исæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Дзамболати фурт Авдирæхман**, 1891 анзи игурд. Лескейнаг. Тугъдæй æрæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Дзамболати фурт Мухаджир**, 1911 анзи игурд. Лескейнаг. Тугъдæй æрæздахтæй сæрæгасæй.

**Хъозити Дзамболати фцурт Суле**, 1914 анзи игурд. Лескейнаг. Сæрæгасæй æрæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Дзамболати фурт Тасо**, 1920 анзи игурд. Лескейнаг. Сæрæгасæй æрæздахтæй тугъдæй.

**Хъозити Сарæбийи фурт Даукуй**, – хæзнидойнаг. Партизан. 1942 анзи æй немуцæгтæ фехстонцæ æ райгурæн гъæуи.

## ХЪОЗИТИ–ТУБЕТИ ХЪАЛЛÆ (ЦАЦÆ)

## БÆГЪАТÆР СИЛГОЙМАГ

Дуйней мадæгæ рагæй нурмæ дæр берæ бæгъатæр силгоймæгтæ исæнтæстæй, фал æ еугур адæнихатт исæфунæй ка фæййервæзун кодта, уæхæн ба истори дигорон Задæлески Нанайæй фæстæмæ неке зонуй. Еци æцæг адæймаги ном æносон цæмæй исуа, уой туххæн æй æ арази дзиллæ, æ боз фæлтæртæ изæдти æмрæнгъæ исæвардтонцæ æмæ ймæ ковунцæ абони дæр уæдта ковдзæнæнцæ, цалинмæ цæронцæ, уæдмæти. Тог тог æй, идæрдтæбæл хæссуй, Нанай фарнæ уæлæбæл байзадæй. Нури дзамани дæр ес берæ бæгъатæр дигорон силгоймæгтæ: хъаурæгин, зундгин, хуæрзуод, æгъдаугин æма тухуаст хъйамæтгин.

Хъозити-Тубети Хъаллæ Гъулли кизгæ, нарти Сатанайау, таурæхътæ, зартæ финсун кæбæл æмбæлуй, уæхæн мадæ адтæй. Цардæй Лескени. Æ хумæтæг, косагæ, хуæрзæгъдау лæги хæццæ цардæнцæ адæнуарзонæй, кадгинæй устур гъæуи æхсæн. Хъаллæ (Цацæ) æцæг дигорон мадæ адтæй. Исхаста, исгъонбæл кодта, раст надбæл ниввардта 15 адæймаги – сувæллони. Æхецæн исæнтæстæй 7 фурти æма еу кизгæ. Æ лæг раги рамардæй æма сæ æхуæдæг, берæ зинтæн бухсгæй, берæ хъиамæттæ æма гъезæмæрттæ кæнгæй, гъонбæл кодта. Фал ма уони уæлæнхасæн ба исхаста æма исгъонбæл кодта, тугъди ин ка фæммард æй, æ еци фурт Умæтий 2 седзæр кизги дæр (сæ мадæ дæр раги фæззиан æй). Уæдта ма никкидæр, тугъди фæсте, æстонг, мæгур дзамани, æ биййнонтæбæл æрбафтудта, судæй ка мардæй, æстонг-бæгънæгæй ка ниррæсудæй, уæхæн уруссаг бийнонтæ – 5 адæймаги (Малаховтæ). Æрбафтудта сæ æ бийнонтæбæл, æхе цæуæти хузæн сæ хаста æма гъонбæл кодта, кæд ин æппундæр неке адтæнцæ, кæд сæ раздæр зонгæ дæр нæ кодта, уæддæр.

Æхе цæуæт дæр, æ фурти седзæрти дæр, уруссæгти дæр æстонг æма бæгънæг некæд ниууагъта. Куста æхсæвæ дæр, бонæ дæр, хæдзари дæр, колхози дæр. Æхейау, еугурей дæр дæмтта адæнуарзон, кустуарзон, æгъдаугин унбæл. Ахур æма сæ фæллойни надбæл аразта.

Хъаллæ æхуæдæг æгас нæбал æй, фал ма æ цард ба идарддæр цæруй, æ берæ цæуæт æма ке исхаста, уони царди. Цалинмæ етæ, уони цæуæт æма сæ фæлтæртæ уонцæ æма цæронцæ, уæдмæ уой рохс сорæт дæр цæрдзæнæй.

## ХЪОЗИТИ ХЪАНАМАТИ ФУРТ БЕСТАУ

Хъозити Бестау райгурдæй 1937 анзи 9 майи Ирæфи райони Лескени гъæуи. 1959 анзи æнтæстгинæй æ райгурæн гъæуи скъола каст фæуугæй, бацудæй ахур кæнунмæ г. Орджоникидзей æфсæнвæндагон транспорти техникуммæ æма райста «Автоматика-телемеханики» дæсниадæ. Сувæллонæй фæстæмæ дæр Бестау уæлдай цæмæдесдæрдзийнадæ хаста зонундзийнæдтæмæ. Уомæ гæсгæ ба 'й бафæндадтæй æ ахур раидарддæр кæнун æма 1967 анзи бацудæй г. Перми политехникон институтмæ еци дæсниадæбæл.

Æ фæллойнадон царди медæги Бестау, æ къохи ци æнтæститæ бафтуидæ, уонæй сæрустур некæд адтæй. Ци арф теоретикон зонундзийнæдтæ райста, уони нур ба гъудæй практикон æгъдауæй царди исфедар кæнун. Косун райдæдта хумæтæги монтерæй Свердловски горæти æмбурдгæнæн участокки.

Перми облæсти ци рæстæгутæ бакуста, еци фæлтæрддзийнадæ ин устур æнхус фæцæй æ идарддæри царди. Иссæй тæккæ уæлдæр къласи специалист.

Бастдзийнади къабази косгæй, Бестау исхизтæй арæзтæдти электромеханикæй генералон директори хуæдæййевæги уæнгæ, фæстæдæр ба ОАО «ЮТК» – Цæгат Иристони хайади директор. Аци бунати бакуста дæс æма инсæй анземæй фулдæр.

Нуртæккæ нæ республики еци хайадæ лæуд æй æ идарддæри райрæзти размæцудбæл, дуйнеуон стандартти æмрæгъæ, цæргутæн аразуй аллихузон лæггæдтæ электрон бастдзийнади къабази. Цидæриддæр æййивддзийнæдтæ æрцудæй фæстаг рæстæгути нæ республики бастдзийнæдæ 'рдигæй лæггæдти, етæ сæ еугур дæр баст æнцæ Хъозити Бестауи ном æма уодуæлдай архайди хæццæ.

Бестауи разамундæй æййивд æрцудæй бундоронæй г. Владикавкази телефонти бастдзийнадæ, хаст æрцудæй æхсæз

номерон бастдзийнадæ – дарæг АТС-мæ. Устур æргон здахта Бестау гъæути телефонти кустмæ. Нуртæккæ алли хæдзайрон телефонæй дæр радзорæн ес кæци-фæндуй горæтмæ, бæстæмæ дæр.

Нæуæг ефтонггæрзтæ æма технологитæ косгæ нæ кæндзæнæнцæ, бæрзонд дæсниадæ кæмæ нæййес, æнæ уæхæн косгутæй. Еци гъуддагмæ дæр Бестау алкæддæр уæлдай бæрнондæр цæстæй кастæй.

Бестау æ сæйраг кустæй уæлдай ма активонæй архайдта нæ республики æхсæнадон царди дæр. 1977–1985 æнзти æвзурст æрцудæй адæнон депутатти горсоветмæ депутатæй æртæ хатти. 1995 анзи ба РЦИ-Аланий Парламентмæ депутат. Устур байвæрæн бахаста еци рæстæг нæ республики фæллойнæгæнгути царди уавæртæ фæххуæздæр кæнуни гъуддагмæ.

Æ фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæн ин райгурæн бæстæ искодта аккаг аргъ. Хуарзæнхæгонд æрцудæй «Кади Нисан»-и орденæй, «Фæллойнадон Сурх Турусай» орденæй. «Фидибæсти цори æскъуæлхтдзийнæдтæ равдесуни 4-аг къæпхæни орденæй, берæ майдантæй.

Лæвæрд ин æрцудæй: «Уæрæсей Федераций бастдзийнади æскъуæлхт косæг»-и, «Кадгин радист», «РЦИ-Аланий промышленности кадгин», «Уæрæсей Хонсари бастдзийнади мастер»-и кадгин нæмттæ. Æ 70 анзей бæрæгбони фæдбæл ба ин сæрмагонд арфæ ракодта нæ бæсти Президент В. В. Путин.

Хъозити Хъанамати фурт Бестау ци берæ хуарздзийнæдтæ саразта адæнæн, етæ си абони дæр иронх н’ æнцæ. Уомæ гæсгæ ин имисунцæ æ ном уотæ зæрдæхцæуæнæй æ фæсмæрдæ дæр.

## ХЪОЗИТИ АЛЕКСЕЙИ ФУРТ БАРИС

Хъозити Барис райгурдæй 1930 анзи 8 августи Ирæфи райони Лескени гъæуи. Æ ниййергутæ Алексей Мæрзабеги фурт æма Хъаллæ Гъулли кизгæ (Тубеуон).

Цардæнцæ Дигоргоми Донифарси гъæуи.

1916 анзи ба Бариси ниййергутæ сæ цæрæнбунат раййивтонцæ Лескени гъæумæ. Ами райдæдтонцæ цæрун æма фæл-

лойнæ кæнун. Алексей æма Хъаллæн сæхецæн исæнтæстæй фараст зæнæги, уони уæлæнхасæн ба ма сæбæл бафтудæнцæ Фидибæстон Устур тугъди æбæрæгæй ци фурт фесавдæй – Умæти, уой дууæ седзæр кизги. Барисæн æ ниййергутæ кæд сæхуæдтæ æнахургонд адтæнцæ, уæддæр хуарз лæдæрдтæнцæ, сæ кæстæртæн ахургонддзийнадæ радтун ке гъæуй, уой æма алли мадзæлттæй дæр архайдтонцæ сæ кæстæртæн уавæртæ саразунæн. Сувæллæнттæй ка куд ирæзгæ цудæй, уотæ æнхус кодтонцæ сæ ниййергутæн, етæ ба сæ кусти æма ахури æнтæститæй сæ хæццæ ирæзтæнцæ.

Уæдмæ ба райдæдта Фидибæстон Устур тугъд. Бариси хестæр æнсувæртæ еу – инней фæсте рандæ ’нцæ тугъди будурмæ. Уæдмæ Алексей æма Хъаллæ пенси есуни карæмæ исхъæрттæнцæ. Сæ хæццæ ма æризадæнцæ хæдзари сæ æнæгъон кæстæртæ: Хабебæ – 15, Дадтæ – 13, Барис – 11, æма сæ фурти дууæ кизги, скъоламæ дæр ка нæма цудæй, уæхæн карити, никки ба ма сæ мадæ – сæйгæ силгоймаг Амегка.

Бариси тæнæг усхъитæбæл æринцадæнцæ хæдзари еугур уæззау куститæ дæр. Зилдæй фонсмæ, гъæдæй ласта сог, куста колхози будурти, фал си еунæг усмæ дæр æ ахур ке ’ронх кодта.

Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте æ ахур райдарддæр кодта г. Орджоникидзей гъæууонхæдзарадон институти агрономон факультети.

Æ фæллойнадон фæндаг райдæдта 1953 анзи Орлови облæсти совхозтæй еуеми. Хуæрзцубур рæстæгмæ иссæй хæдзæради сæйраг агроном, фал 1955 анзи ба æригон дæсни косæги багъудæй фæстæмæ æ райгурæн гъæумæ æриздæхун.

1960 анзæй фæстæмæ куста Кæсæг-Балхъари хæдзарæдти. Фиццаг адтæй совхоз «Эльбрусаг»-и сæйраг агроном, фæстæдæр ба г. Прохладныйи фиди совхози 1-аг хайади разамонæг. Уой фæсте æйййивд æрцудæй Прохладныйи хуæрзмуггаг фонс игурунгæнæн совхози сæйраг агрономи бунатмæ, уæдта бабæй еци горæти совхоз «Степной»-и 1-аг хайади сæргълæуæгæй. 1973–1977 æнзти куста Прохладныйи цæттæгæнæн бази директори хуæдæййевæгæй, 1982 æнзи ба Прохладныйи райони цилле халæ уадзæг кустуати директор.

Бафеппайун æнбæлуй, еунæг хатт дæр Барис æхе барвæндонæй куст некæд равзурста. Æ кустарæхст минеугутæ

ин зонгæй, хæдзарæдтæ æма кустуæтти разамонгутæ Барис рарветиуонцæ, кустадæ экономикон æгъдауæй кæми лæмæгъдæр уидæ, уордæмæ. Зудтонцæ, Хъожий-фурт ци кустмæ бавнала, уоми æ гъуддаг æрдæгкондæй ке некæд ниууадздзæнæй, уой.

Хецауæй райдайæ æма хумæтæг косæги уæнгæ, кедæриддæр хæццæ фæккуста, етæ ’й се ’гас дæр имисунцæ устур æхцæуæндзийнади хæццæ. Хуарзи фæд исæфгæ некæд кæнуй. Некæд некæмæн хатир кодта фæливдадæ, зудта, арæхстæй алке хæццæ дæр еумæйаг æвзаг иссерунмæ.

1990 анзи Барис рацудæй пенсимæ æма æ еугур æргом дæр æ хæдзарæмæ, æ бийнонтæмæ, æ кæстæртæмæ раздахта.

Æ цардæнбал Леми хæццæ исгъонбæл кодтонцæ æртæ сувæллони: Алексей, Иринæ æма Сергей.

Æ берæ æнзти уодуæлдай фæллойни туххæн Хъожийфурт хуарзæнхæгонд æрцудæй берæ алли хузон хуæрзеугутæй. Уони хæццæ æнцæ: «Фидибæстон тугъди хъазауатон тохи туххæн» æма «Фæлойни ветеран»-и майдантæ, уæдта кади грамотитæ гъæууон хæдзаради министрадæй, СЦКП-и Кæсæг-Балхъари обкоми, Прохладныйи горæти комитеттæй.

2010 анзи 3 январи Хъозити Барис æ цардæй рахецæн æй. Берæ хуарз гъуддæгтæ саразун ин бæнтæстæй æ фæллойнадон царди. Берæ адæнти зæрдити ниууагъта арф фæд.

Хъозитæ гъæуама сæрустур уонцæ сæ уæхæн кадгин хестæрæй æма ’й фæнзонцæ сæ царди.

## КАДИ АККАГ ХЪОЗИТИ ЛЕМÆ

Хъозити Дзабей кизгæ Лемæ хæссуй Советон базаради отличники кадгин ном, цалцæггæнæн заводи кустадон хуæрæндони сæргълæуууæг. Нимад цæуй еци къæбази фæлтæрдгиндæр косгутæй еуебæл, хуарз зонуй æ дæсниади сосæгдзийнæдтæ, æ фæлтæрддзийнадæ æма арф зонундзийнæдтæ æнæвгъауæй дæдтуй æ кæстæртæн.

Республики ресторантæ æма хуæрæндæнтти трести косгути ’хсæн ци конкурс арæзт æрцудæй, уоми байахæста раззаг бунат æма ин лæвæрд æрцудæй «Дæсниади хуæздæр косæг»-и кадгин ном.

Еци æхсицгон хабар Лемæ фегъуста цалцæггæнæн заводи кадрти хайади косæг Олег Николайи фурт Анисимовæй. Нæлгоймаг имæ æ къох бадардта æма ин зæрдибунæй раарфæ кодта: «Арфæ дин кæнун, Лемæ Дзабей кизгæ, устур Паддзахадон хуæрзеуæг дин лæвæрд ке æрцудæй, уой фæдбæл!

– Мæнæн?! Цæй туххæн?!

– Фæллойнадон Сурх Турусай орден дин аккаггонд æрцудæй.

Цæмæй æй æ дзурдтæбæл бауæндун кодтайдæ, уой туххæн ба, æ къохи ци газет адтæй, уой рахæлеу кодта æма имæ дзоруй:

– Кæсгæ кæнæ!

Æцæгæйдæр, номхигъди иннети æхсæн æхе муггаг æма ном ку æрæстæфтæй, уæд æхе ци ’рдæмæ фæккодтайдæ, уой лæдæргæ дæр нæбал кодта. Уайсахатт дæр æ фæлабулай æрбамбурд æнцæ хуæрæндони косгутæ æма ’й аффити хæццæ хъуритæ кодтонцæ.

Æ зæрди къуми дæр некæд адтæй Лемæн, райгурæн бæсти хецауадæ ин æ хъиамæтæн уæхæн бæрзонд кадæ искæндзæнæй, е. Цума алли бони хумæтæг куститæ æнхæст кæнуй, æхемæ уотæ кæсидæ. Уæхæн куст мингæйттæ кодтонцæ Уæрæсей алли рауæнти. Лемæмæ ба рагæй се ’ргон раздахтонцæ уæлдæрлæууæг хецауадæ. Аргъ ин айдагъ æ комкоммæ кустæн нæ кодтонцæ, фал æ гъонбæладон архайдæн дæр. Уомæ гæсгæ æй бавдистонцæ хуæрзеуæгмæ дæр.

Валя Есинкой хæццæ бадæн æ кабинети æма ’й фæрсæн:

– Уæ разамонæги туххæн уæмæ ци гъуди ес? – зæгъгæ.

– Лемæ – хуæрзуоддæр адæймагæн иссерæн дæр нæййес. Еугурæй дæр уæхæнттæ ку уайуонцæ: кустуарзагæ, хуæрззæрдæ. Айдагъ мæн зæрдæмæ нæ, фал еугурей зæрдитæмæ дæр хъæбæр цæуй Леми берæ хуарз минеугутæй еу – фудзæрдæ некæд адтæй æма нæй. Кусти ба аллихузи уавæрти дæр бафтуйуй адæймаг. Зæгъдзæнæ, нуртæккæ дæ мастæй дæ хопъалæмæ байдзаг кæндзæнæй, зæгъгæ, фал неци. Хуæрзцубур усми фæсте æ хæццæ нæуæгæй дзубанди кæндзæнæй, æхе мадау, лигъз æма фæлмæн æвзагæй, нуртæкки уайдзæфтæ кæмæн кодта, уой хæццæ. Уогæ, еугур æруадзгæ дæр нæй. Кæми багъæуа, уоми æ зæрди уагæ бавдесун дæр æй æ бон.

Лемæ кабинетмæ ку æрбахизтæй, уæд цума нæ кæрæдзей

хæццæ рагæй зонгæ адтан, уавæр æхе уотæ равдиста. Ци æй еугурæй дæр, уомæй дæ цори æй – æнæхийнæ, хумæтæг æма зæрдигон.

Нальчикки технологон техникум каст ку фæцæй, уæд æй косунмæ рарвистонцæ пъовæрæй еу хуæрæндонæмæ. Хъæппæресгин æма арæхстгин силгоймаг уайтæккæ дæр фæццудæй косгути зæрдæмæ. Еу минкъий ку ракуста, уæдта ’й рарвистонцæ æ дæсниадæ фæббæрзонддæр кæнуни туххæй астмæйон курситæмæ. Ахуртæй ку æрæздахтæй, уæдта косун райдæдта адгийнæгтæ аразæн фабрики цори хуæрæндони кустадон хайади сæргълæууæгæй.

Цард æ кæнонтæ кæнуй, гурведауцæ æма хуæрзконд кизгæ иссердта æ амонд Хъозитæмæ. Æ цард баеу кодта Бариси хæццæ æма ранæхстæр æй æ цардæмбали хæццæ г. Прохладныймæ. Ами дæр æрлæудтæй хуæрæндони коллективи сæргъи цалцæггæнæн заводи. Финддæс анзей дæргъи разамунд фæллæвæрдта еци косгути къуарæн.

– Кæрæдзей ке лæдæрунцæ косгутæ, æнгон баст ке æнцæ сæ медастæу, уой фæрци мин алкæддæр адтæй æнцон косæн. Æнæ уони æнхусæй мæ арми неци бафтудайдæ.

Æма син æхцæуæнæй райдæдта сæ нæмттæ нимайун: Н. М. Бондаренко – Советон базаради отличник, В. П. Серотинцева, Е. Ф. Лепская. Уонæй алкедæр аци кустади бакуста фæйнæ инсæйгай æнзтæ.

Лемæ Дзабей кизгæ æй дæсни гъонбæлгæнæг. Еу æма дууæ рауагъдони нæ равзурстонцæ пъовæри дæсниадæ уой амундæй, æма си неке фæффæсмон кодта.

Нальчикки арæзт æрцудæй Кæсæг-Балхъарий республикон конкурс промышленнон кустуæтти æхсæн, æма, Лемæ разамунд ци хуæрæндонæн лæвардта, е си байахæста дуккаг бунат. Уой туххæн косгутæн лæвæрд æрцудæй æхцай премитæ, Лемæн ба туристон путевкæ Мæскумæ.

Æ æмбæлттæ имæ алкæддæр хицæ фæккæнунцæ хуæрзæрдæмæ.

– Нивгун дæ, Лемæ, ду. Дæ куст дæр хуарз цæуй, дæ хæдзари бийнонтæ дæр – амондгун.

Цæмæй зонунцæ, алкедæр æхе цардæн æ курдон ке æй, уой. Берæ хъауритæ бахарз кодта силгоймаг, цæмæй æ бийнонти цард уæхæн уагæбæл цæуа, уобæл. Уæлдай устурдæр цийна-

дæ ба ин хæссунцæ æ кæстæртæ – дууæ биццеуи æма кизгæ.

– Æрæги, еугурей кæстæр Сережи сувæллæнтти рæвдауæндони бæрæгбон арæзт æрцудæй. Мæ фурцийнæй ма мæ цæстисугтæ дæр æруадæнцæ мæ ростæбæл. Хъæбæр мæ фæндуй, сæ сабур, æнæмæтæ цард алкæддæр уотæ игъæлдзæг ку уидæ, еци гъуддаг.

– Дæ хуæрзеуæги туххæн ку фæгъгъуди кæнис, уæд дæмæ циуавæр фæндитæ исæвзуруй?

– Фæффулдæр æй мæ бæрнондзийнадæ, кусти уæзæ дæр – уотæ. Фал мин уой хæццæ нæуæг хъауритæ дæр дæттуй, – бахудтæй Лемæ.

*В. Кравченко,*
*газет «Северная Осетия»-й уацхæццæг*

## ХЪОЗИТИ ХАДЖИМУРЗИ ФУРТ ХАЗБИЙ

Уæззау уæзи уæгъдебарæ гъæбесхуæсти спорти мастер.

1972 анзи ССР Цæдеси гъæуурон хæдзарадон уæлдæр ахургæнæн уагдæнтти ’хсæн еристи раззæг бунат байахæссæг.

1973 анзи И. Поддубныййи номбæл еугурцæдесон еристæ рамболæг.

1973 анзи гъæууон гъæзтити еугурцæдесон еристи бааxæста дуккаг бунат.

## ХЪОЗИТИ ВЛАДИМИРИ ФУРТ СОСЛАН

Райгурдæй 1992 анзи 20 июли. Ахур кодта ЦИПУ-и юридикон факультети. Æй Уæрæсей еугонд команди иуонг тхэквондойæй, Уæрæсей еристи цуппар хатти чемпион.

2005 анзи ба Европи æригон фæсевæди ’хсæн еристи бааxæста дуккаг бунат æма райста æвзестæ майдан.

2009 анзи райста бронзæ майдан Европаг спортсментæй 18–21 анзи кæбæл цудæй, уони ’хсæн еристи.

2010 анзи дæр Европаг еристи райста æвзестæ майдан еци уæзи. Архайдта спортивон еристи Австрий, Польши, Турки, Испаний, Украини.

## ХЪОЗИТИ ХАДЖИМУРЗИ ФУРТ ХАМБИЙ

Хъозити Хамбий, 1968 анзи хуæнхаг-металлургион техникум æнтæстгинæй каст фæуугæй, æ фæллойнадон архайд райдæдта геологон-сгарæн партий, анзи фæсте ба имæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсади рæнгъитæмæ. Служби фæсте ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй хуæнхаг институтмæ æма уой дæр каст фæцæй æнтæстгинæй 1976 анзи.

Хъожий-фурт æ фæллойнадон архайд райдæдта Норильски хуæнхаг-металлургион комбинати рудник «Октябрьский»-и проходчиккæй, куста мастерæй.

1978 анзи ба бацудæй Мæскуй хуæнхаг институти аспирантурæмæ.

1982 анзи каст фæцæй аспирантурæ æма æнтæстгинæй багъæуай кодта кандидати диссертаци. Фæстæмæ бабæй раздахтæй Норильскмæ æма косун райдæдта проходчиккæй рудник «Комсомольский»-и. Уотемæй, хумæтæг косæгæй райдайгæй, анзæй-анзмæ бæрзонддæр кодта æ профессионалон æмвæзадæ æма рахизтæй хуæнхаг кустади еугур къæпхæнти сæрти дæр. 1982–85 æнзти проходчиккæй исхизтæй зæнхибуни æрзæткъахæн участокки сæргълæууæги хуæдæййевæги уæнгæ.

1985–1989 æнзти адтæй шахти сæйраг инженери хуæдæййевæг.

1989–1991 æнзти ба куста сæйраг инженерæй. Кæмидæриддæр куста, уоми алкæддæр архайдта нæуæгдæр технологитæ æма ефтонггæрзтæй кустади æнхæстдæрæй спайда кæнунбæл.

1991 анзи Хъожий-фурт нисангонд æрцудæй рудникки директорæй. Ами ба бустæги æхе равдиста дæсни специалист æма арæхстгин сæргълæууæгæй. Листæг хали уæнгæ дæр зонуй кустади технологи, кустуат цæмæй æнтæстгиндæрæй ирæза, уомæн цидæриддæр мадзæлттæ æма фæрæзнитæ гъæуй, уони царди рауадзунбæл архайуй еудадзугдæр. Разамунд ци коллективæн лæвæрдта, етæ сæ еугур дæр адтæнцæ, бæрзонд профессионалон дæсниадæ кæмæ адтæй, уæхæнттæ, сæ бон адтæй сæ размæвæрд ихæстæ аллихузи дæр исæнхæст кæнун.

Хъозити Хамбий рудник «Комсомольский»-и директорæй ку ниллæудтæй, уæд кустадæ æвæрд адтæй æ тæккæ цифуддæр уавæри. Айдагъ комбинат нæ, фал еугур Уæрæсей дæр уавæр рæвдзæдæр н' адтæй. Æрзæти æвæрæнтæ еци рæстæгмæ кæронмæ кустгонд фæцæнцæ, нæуæг æвæрæнтæ агорунмæ ба фæрæзнитæ нæ хъæрттæй. 1996 анзмæ планмæ гæсгæ, капиталон байвæрдтитæ фæмминкъийдæр æнцæ дууæ хатти, нæуæг бунæттæ ба игонгонд нæ цудæнцæ.

Рудникки кустралæвæрд еу рæстæги æрхаудтæй 1,4 миллион тонней уæнгæ анзмæ. Еци бæрæггæнæнтæ уæхæн рудниккæн нецæйбæрцæ æфтуйæгтæ лæвардтонцæ.

Уæхæн уавæри гъудæй нæуæг мадзæлттæ агорун æ райрæзун кæнунмæ.

Хъожий-фурти хъæппæресæй еугонд æрцудæнцæ 1998 анзи январи рудниктæ «Маяк», «Комсомольский» æма нæуæг арæзт «Скалистый».

Хамбийи разамундæй арæзт æрцудæй еци еумæйаг рудникти идарддæри кусти Генералон план. 2010 анзи уæнгæ. Уордæмæ хаст æрцудæнцæ организацион æма технологон мадзæлттæ, нæуæг проектон унаффитæ, кæцити фæрци кустадон продукций рауагъд цæхгæр фæффулдæр адтайдæ.

Хъожий-фурти хъæппæресæй Норильски комплекси фиццаг хатт арæзт æрцудæй зæнхи буни ихалæн æрмæг бунати цæттæ кæнуни ефтонггæрзтæ. Еци нæуæгдзийнæдтæ кустадæн дууæ анземæ æфтуйæгтæ æрхастонцæ 13,5 миллион тонни. 1999 кустадæмæ хаст æрцудæй нæуæг технологон унаффитæ, кæцити фæрци бабæй æфтуйæгтæ фæффулдæр æнцæ никкидæр ма 10 проценти.

2004 анзи Хамбийи хъæппæресæй кустадæ уотæ райаразтонцæ, цæмæй ефтонггæрзтæ æхсæвæй-бонæй дæр æнæрлæугæй кустайуонцæ. Еци мадзали фæрци кустралæвæрд дзæвгарæ фæффулдар æй, æфтуйæгтæ ба анзи дæргъи исхъæрттæнцæ 312 миллион сомемæ. Уæхæн дæнцитæ берæ ес æрхæссæн Хамбийи цардæй.

Хъозити Хаджимурзи фурт Хамбий – нæуæг доги разамонæг, кустадæмæ нæуæгдзийнæдтæ хæссæг, практик, еугур кустадон æма экономикон фарстатæ дæр хуарз ка лæдæруй, уæхæн фæлтæрдгун инженер æма рæстуод адæймаг.

Берæ æнзти дæргъи уодуæлдай куст ке фæккодта нæ рай-

гурæн бæсти экономикæ бæрзонддæр къæпхæнмæ исесуни гъуддаги, уой туххæн ин лæвæрд æрцудæй «Хæлардзийнади Орден» (2000 анз), «Уæрæсей Федераций кадгин горняк», «Уæрæсей Федераций кадгин ветеран», «Анзи хуæздæр инженер» (2002 анз), 2004 анзи 17 майи ин Оксфорди, Нобели номбæл лауреаттæн премитæ кæми фæддæдтунцæ, еци зали саккаг кодтонцæ Королева Викторий номбæл майдан, 2007 анзи ба г. Норильски администраций номæй хуарзæнхæгонд æрцудæй майдан «За заслуги перед городом»-æй.

Хамбий 2006 анзи æнтæстгинæй багъæуай кодта доктори диссертаци æма абони косуй Цæгат Иристони хуæнхаг-металлургион институти хуæнхон-геологон факультети деканæй. Профессор уогæй, æ арф зонундзийнæдтæ æнæвгъауæй дæдтуй кæстæр фæлтæрæн.

## МУГГАГИ ХЕСТÆРÆЙ

Цитгин Еунæг Хуцау, табу дæхецæн! Ци хуæздæр ес, уой нин ма бавгъау кæнæ. Нæ муггаг, нæ ахил нийвулæд, фидæй фурт лæгдæргæнгæ куд цæуа, мадæй ба кизгæ – уездондæр, æгъдаугиндæр, амондгундæргæнгæ, уæхæн хуарздзийнадæй хайгин уæн. Æхе ка нæ уарзуй, уой бон инней уарзун дæр нæй. Мах дзиллити астæу цæрæн. Нæ еугур Дигори, Ири уæдта Уæрæсей цидæриддæр муггæгтæ исæнтæстæй, етæ зæрдæрохсæй ирæзæнтæ æма ахедæнтæ, мах муггаг ба се ’хсæн кадæ-радæй куд цæра, гъеци хуарздзийнæдтæй дæр хайгин уæн.

Абони бабæй Хъозити ахилбæл æрцудæй еу цийни хабар: фиццаг хатт фæззиндтæй нæ муггаги, нæ гъæуи историй киунугæ. Ауæхæн киунугæ искæнунмæ гъавта Хъозити Барис, фал ин гъулæггагæн нæбал бантæстæй. Фæстæдæр ба гъуддаг æхемæ райста æма ’й æ къæхтæбæл ислæуун кодта Хамбий Хадзимурзи фурт. Хуцау ин райарфæ кæнæд мах бæсти дæр.

Киунугæ мæмæ мухури агъонмæ равардта. Æз си ракурдтон, куд мæ кæстæрæй, уотæ, цæмæй мин мæ дзурдтæй маци рагæлдза, æма æй, аци арфæ финсгæй, нæма зудтон, мæ гъудитæ киунугæмæ еугурæй дæр бахаудзæнцæ, æви нæ.

Лæги хъиамæттæн аргъ кæнун зонун гъæуй, уæд иннетæ дæр разæнгард кæнунцæ, уотемæй еумæйаг хуарзбæл æфтуйгæ цæуй. Арфæ кæнæн Хамбийæн, нæ кæстæр æнсувæрæн, ка фенхус кодта аци киунугæ исаразунмæ аллихузи гъæугæ æрмæгутæй, хузиститæй, таурæхътæ æма муггаги историй хабæрттæй уæдта, æррæстæ, хумæтæги нифси дзурдтæй, уонæн сæ еугуремæн дæр.

Киунугæаразæг æхуæдæг дæр уæдта æз дæр уотæ нæ зæгъæн, æма аци куст бустæги æнаййепп æй, зæгъгæ. Автори фæндадтæй, киунугæ Хъозити муггаги юбилеймæ куд рацудайдæ, уотæ. Рæстæг ке нæ хъæрттæй муггаги еуæй-еу къабæзтæ хуæздæр исбæрæг кæнунмæ, уæдта зæрдæбайвæргутæй дæр кадæртæ ке æрæгæмæ кодтонцæ се 'рмæгутæ æрбахæссунмæ, уой фудæй киунугæмæ еугурæй нæ бахаудтæнцæ.

Æрмæст, æцæг адæймаг гъуддагæн æ гъæнтæ æма аййеппитæ нæ фæййагоруй, фал, фиццагидæр – æ хуарз минеугутæ. Хуарзæн ба кæрон нæййес. Хуцау нин уæхæн фадуат радтæд, æма нæ муггаги иннæ киунугæ ба никки дессагдæр уæдта никки зæрдæмæдзæугæдæр куд разинна.

Куд муггаги хестæр, уотæ мæбæл барæ æруадæй мæ гъудитæ зæгъунмæ æма сæ зæгъун: тог-æстæг, æнсувæрхуæрæ хъазар æнцæ. Уæ кæрæдзей уарзетæ æма лимæнæй цæретæ. Нæ Муггаги Нисанбæл куд финст ес, уотæ кадæмæ бæллетæ, æгадæй ба тæрсетæ адæнти астæу. Муггаг кæрæдзебæл бæдтетæ, хестæртæн æгъдау дæттетæ, кæстæртæн ба фæсмæрун кæнетæ сæ кæрæдзей. Зонетæ, кæцæй рацудайтæ, ка айтæ æма уæбæл уæ царди медæгæ ци стур ихæстæ æвæрд ес, уони. Нимайетæ уæ рагфиддæлти, уæ нуриккон ниййергути, уæ еугур хеуæнтти дæр. Уæ маддæлон дигорон æвзаг æма уæ дигорон æгъдæуттæбæл макæд исустурзæрдæ уотæ.

Æз уæ хестæр дæн, нур мæбæл цæуй 83-аг анз, æма, нæ муггаги дæр, уæдта еугур Дигори муггæгти дæр адæймаг мæнæй хестæр карæнмæ куд цæра, Хуцау нин еци нивæ исаккаг кæнæд.

*Муггаги хестæр лæг*
*Хъозити Василий (Басил).*

# КРИТИКÆ ÆМÆ БИБЛИОГРАФИ

ХОЗИТЫ Барис

## УÆЛМОНЦ НЫХАС ÆМÆ ÆРМДЗÆФЫ АМОНД

*Мысинæгтæ Хидирты Ехйайы тыххæй*

Хидирты Ехйайы цард æмæ сфæлдыстад мæ рагæй цымыдисы æфтыдтой, фæлæ адæймаджы цы нæ фæкъуылымпы кæны, ахæм нал баззайы. Афтæ рауад мæнæн дæр мæ хъуыддаг. Æппынвæстаг, куы сræвдз дæн, уæд та мын Ехйа, æфсæрмытæгæнгæ, афтæ бакодта: «Мæн тыххæй ницы хъæуы фыссын, фæлæ ма, бавдæл, æма-ма Гибизты Оскары тыххæй исты ныффысс!..» Уыцы хабар уыдис ивгъуыд æнусы 80-æм азты райдиан. Дисы мæ бафтыдта йæ цæстуарзон зæрдæйыуаг. Æндæр исчи бацин кодтаид, искæй зæрдæйы йе сфæлдыстады тыххæй ныффыссыны зонд кæй ис, ууыл. Фæлæ Ехйа ахæм адæймаг нæ уыдис. Оскары тыххæй цалдæр æрмæджы, бæргæ, ныффыстон, гъе фæлæ мын йæхиуыл йæ удæгасæй ницы бантыст... Æмæ мын уый къорд азы дæргъы æнцойад нæ дæтты. Æз дыгуронау дзæбæх кæсын æмæ йын йе 'мдзæвгæтæ æмæ кадджытæ стыр æхсызгонæй кастæн. Йе 'рдзон, сыгъдæг нуарджын æмæ сурæтджын ныхасыуаг уайтагъд зæрдæйы æрфытæм ныххызт. Уымæй уæлдай-ма йæм иу диссаджы миниуæг уыдис хæдбындур поэтмæ.

Уый баст уыдис йæ диссаджы ахаст дыгурон ныхасыздæхтимæ. Йæхицæн бинонты амонд дæр йæ цæст нæ бауарзта, афтæмæй, сывæллонау, цин кодта курдиатджын фæсивæдыл. Гибизты Оскары уæлдай ма-иу мын æхсызгон цæстæнгасæй ракой кодта Æгъуызарты Таймуразы, Скодтаты Эльбрусы, Колиты Витали æмæ иннæты тыххæй. Алкæмæндæр-иу дзы ранымадта йæ поэзийы æвæрццаг бынæттæ, бацамыдта-иу сын сæ къуыхцытæ дæр. Цымыдисы-иу мæ æфтыдта, æппæтадæмон зондахаст æм кæй уыдис, уыцы хабар. Канд дыгурон фысджытæ йæ нæ æфтыдтой цымыдисы, уæлмонц ныхас иу загъта Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджыты тыххæй дæр. Афтæ дæр-иу бакодта: «Нæ йæ æмбарын, абон онг Рæмонты Геор, Косты Лизæ, Къадзаты Станислав æмæ Æгъуызарты Таймураз фысджыты уæнгтæ цæуылнæ сты, уый?!.» Уыцы цæстуарзон, сагъæсы доны тылд ныхасыл ныр рацыд æртын азæй фылдæр, фæлæ Славикæй фæстæмæ иннæтæ абон дæр нæма сты фысджыты цæдисы уæнгтæ. Хæрзæгъдауджын адæймаг уæвгæйæ, Ехйа нæ дзырдаивады хъысмæтмæ кастис æппæтадæмон хæзнаты бæрзæндæй. Æмæ уый хорзырдæм аудыдта йæхи аивадон сфæлдыстадыл дæр. Æвæццæгæн, уым уыд йæхи сфæлдыстадон æрмдзæфы амонд дæр.

Ехйаимæ не 'хсæн лæгæй-лæгмæ уыдис æрмæстдæр нымад фембæлдтытæ, фæлæ иууылдæр мæ зæрдæйы ныууагътой арф фæд. Оскары тыххæй не 'хсæн цы ныхас рауад, уый кой скодтон. Ныр та иннæты тыххæй... Иухатт «Дигорæ» газетмæ бафтыдтæн æмæ мемæ бахастон юбилейон уац Æгъуызарты Таймуразы 55 азы бонмæ. Уый уыдис 1996 азы. Редакцийы бадгæ баййæфтон Малиты Батраз æмæ Хидирты Ехйайы. Фыццаг сæйраг редактор уыд æмæ йыл арæх æмбæлдтæн, фæлæ – дыккагыл æмбæлынмæ ахæм фадат нæ уыдис. Сæ хуызмæ гæсгæ бæрæг уыд, сæ ныхас дæргъвæтин кæй уыдис æмæ кæронмæ кæй æрхæццæ, уый. Салам раттыны фæстæ, Батразы цур мæ критикон æрмæг æрæвæрдтон, æмæ æнхъæлмæ кастæн дзуапмæ. Малийы-фырт ыл йæ цæст ахаста, æмæ кæд уырыссагау фыст уыд, уæддæр зæрдæ бавæрдта, кæй йæ рауадздзæн, уымæй. Ме 'рбацыды сæрæй разыйæ баззадтæн, æмæ ныр цæуон, куыд загътон, афтæ мæм Ехйа мидбылхудгæйæ, куы æрбадзурид фæрсыр-

дыгæй: «Барис, (цæмæдæр гæсгæ мæ номыл цавд æвæрдта фыццаг уæнгыл), мæ зæрды дын стыр бузныг зæгъын ис, январы мæйы, «Рæстдзинады» газеты фæрстыл Багъæраты Созыры тыххæй цы уац ныммыхуыр кодтай, уый фæдыл (уац хуындис: «Мæ лæвар уин – зæрди дуар...». Рацыд 1996 азы 26 январы – Х.Б.). Ехйа Батразмæ бакаст, цыма уымæй дæр моралон æххуыс агуырдта, уый хуызæн. Æмæ дзы разыйы дзуапп куы фехъуыста, уæд фестад, комкоммæ мæм æрбакаст æмæ, хатыр курæгау, зæрдиагæй загъта: «Дæс æма инсæй минути мæмæ бангъæлмæ кæсай. Тагъд зиндзæнæн!..»

Мæхинымæр æй нæ бамбæрстон, кæдæм атындзыдта, уый. Фæлæ ахъуыды кодтон: кæд зæгъын æм исчи æрбацыд æмæ уымæ атындзыдта. Ахæм сагъæстæ кæнгæ мæ рохсты уавæрæй фервæзын кодта Батразы фиппаинаг: «Банхъæлмæ йæм кæсын хъæуы, куы ацæуай, уæд ын хъыг уыдзæн...». Бадæм дыууæйæ мыхуыры хæдзары æхсæзæм уæладзыджы æмæ æнхъæлмæ кæсæм йе 'рбацыдмæ. Цасдæр рæстæджы фæстæ Батраз ме 'рмæгмæ æркаст æмæ загъта: «Таймураз курдиатджын лæппу у, фæлæ тынг хивæнд у...» Чи зоны-ма сæйраг редакторы йæ ныхæстæм исты бафтауын фæндыд, фæлæ уый йæ къухы нал бафтыд. Ехйа æрбахæццæ æмæ дуары йæ сынæгæй æрбасыфта, цыдæртæ дыууæ къухæй кæй æрбахаста, уымæ гæсгæ. Йæ улæфт дæр нæма ссыд, афтæмæй йæ хæссинæгтæ фынгмæ исын райдыдта. Цымыдисæй йын йæ архайдмæ кæсын æмæ бамбæрстон, поэт йæхи цæй тыххæй куырдта, уый. Фæстагмæ хызынæй систа æртæ уæливыхы сойы тылдæй æмæ сæ фынджы сæр æрæвæрдта. Æмæ райгондæй загъта, – ныр ракувын дæр æмбæлы. – Æнæнхъæлæджы хуыныл, цы йæ æмбæхсæм, зæрдиагæй бацин кодтам. Батраз сбадти хистæрæн, Ехйа – йæ рахизфарс, æз та – галиуырдыгæй. Фынгыл мæ цæст ахастон æмæ мæхицæн хатдзæг скодтон: ацы бæркад аст лæджы фаг дæр уыдаид.

Хистæрæн куыд æмбæлы, афтæ Батраз сыкъа куыд систа, афтæ йын Ехйа йæ галиу къухæй бавнæлдта, нуазæн цы къухы уыд æмæ, хатыр курæгау, бакодта: «Батраз, ацы æртæ уæливыхы æрбахастон Барисæн, Созури тыххæй ахæм зæрдæмæдзæугæ æрмæг кæй ныффыста, уый тыххæй! Æмæ-иу йæ цæрæнбоныл ракув!..» Ацы ныхæстæ мын искуыдæрма æхсызгон куыд нæ уыдысты, фæлæ мæ цæсгом сырх-сырхид

аци. Нæ куырыхон фысджытыл фыссын æз алыхатт дæр мæхицæн хæсыл нымадтон, бузныгмæ никуы æнхъæлмæ кастæн. Æмæ дын мæнæ уый тыххæй курдиатджын адæймаг удыбæстæ скодта. Бирæ хорз куывдтытæ загъд æрцыд уыцы бон мыхуыры хæдзары, фæлæ мæ бынтон дисы бафтыдтой Ехйайы куывдтытæ дыгурон æвзагыл. Хидиры-фырт курдиатджын поэтæй уæлдай йæхи равдыста æцæг кувæг лæгæй. Бæрæг уыд, фынджы райдианæй йæ кæронмæ, йæ риуы уæлтæмæнады уылæнтæ кæй тезгъо кодтой, уый. Æмæ ма мæ иу хатт бауырныдта, курдиатджын адæймаг алцæмæйдæр курдиатджынæй йæхи кæй февдисы, уый.

Хидирты Ехйайы сфæлдыстад, мæнмæ гæсгæ, у ирд дæнцæг курдиатджын поэт æмæ раст зондылхæст адæймаджы æмиуадæн. Нæ цытджын поэты традицитыл иузæрдион уæвгæйæ, уый стыр бæрнимæ æнкъардта, поэт æмæ поэзийæн æхсæнады мидæг цы бынат ис, уый. Къоста хæдбындур стихамайæгæн уыдис «пехуымпар» æмæ йын стыр аргъ уый тыххæй кодта. Нæ цыбыр зонгæдзинады йæ æз куыдæй базыдтон, уый дæр мын фадат радта мысинæгтæ ныффыссынмæ. Йæ цард æмæ йе сфæлдыстады фæстаг азтæ ацыдысты уæззау уавæрты. Уæды Ирыстоны æцæгдзинад (æнæсæрфат дуг дæр æй хуымæтæджы нæ хонынц) фадат нæ лæвæрдта ирон нывгæнджытæн æрдзон хуызы сæ дзырдаивады хахх амонынæн. Фæлæ Ехйа зындзинæдтæн не 'ртасыд, йæ уагæвæрд бахсыст, рæстæг æмæ дуджы фæлварæнтæ дæтгæйæ. Поэт комкоммæ уыдта адæмы цард æмæ йæ æвдыста сыгъдæг зæрдæйæ, лæвæрдта сын ныфс фидæныл æууæндынмæ. Ехйайы фæндыр зарыдис фæллойгæнæг адæмæн, хуыдта сæ æргомæй фыдызæххæн, мадæлон æвзагæн æмæ нæ фыдæлтыккон æгъдæуттæ хъахъхъæнынмæ.

Нæ фынг куы райхæлд, уæд мæм Хидиры-фырт æфсæрмыгæнгæ æрбакаст æмæ мæм æрбалæвæрдта дыууæ æмдзæвгæйы къухфыст машинкæйыл мыхуыргондæй. Йæ цуры мæм аив нæ фæкаст сæ кæсын, фæлæ хæдзары сбæлвырд кодтон алцыдæр. Цы уацмыстæ мæм радта, уыдон разындысты нæ цытджындæр поэты номарæнтæ: «Къоста» æмæ «Нæхе Къоста». Куы сæ бакастæн, уæд ын ног æрымысыдтæн йæ куырдиаты ныхæстæ: «Ацы 'мдзæвгæты тыххæй мын дæ хъуыдытæ куы зæгъис, уæд мæ тынг фæхæсджын кæнис?!

Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ уæлвæдыл сæххæст кæнын хъуыдис поэты куырдиат, фæлæ, стыр хъагагæн, уый мæ къухы нæ бафтыд, æмæ йæ уæдæй нырмæ мæ зæрдæйы уайдзæфы хуызæн хæссын. Бирæ æфсæнттæ æрхæссын мæ бон у, фæлæ дзы бацамондзынæн æрмæст дыуучæ: а) хæрзæрыгонæй мæ равзæрстой ивгъуыд æнусы 90-æм азты ЦИПУ-йы журналистикæйы кафедрæйы сæргълæууæгæй æмæ мын тынг бирæ куыст уыдис; б) хуыздæр бон мыл нæ уыд хæдзары дæр, уымæн æмæ мæ бинонтимæ цардтæн кæйдæр иууатон фатеры æмæ мæ уавæртæ нæ амыдтой, мæ бон куыд уыд, афтæ мæхиуыл кусынæн. Мæ докторон диссертаци дæр уый тыххæй æрдæгфыстæй баззад.

Æцæг, поэты куырдиат никуы ферох кодтон. Æмæ мæ иу азы размæ ирон æмбисонды куырыхон хъуыды («æрæджиауы хорзæх дæр – хорзæх у») сразæнгард кодта мæ фæткæвæрдадон хæс сæххæст кæнынмæ. Мæ уацы фыццаг хайы фæнысан кодтон мæ мысинæгты хал, ам та зæгъдзынæн мæ хъуыдытæ номарæн æмдзæвгæты фæдыл. Уæдæ цы хуызæнæй ауад Къоста мæ цæстытыл? Фыццаджыдæр, адæмы лæгæй, йæ ныстуан сæм сыгъдæгзæрдæйæ чи хæссы, ахæм удгоймагæй. Номарæн æмдзæвгæйы хъайтар – Хетæджы-фырт, уазнысан уæвгæйæ, у Хуыцауыысконд адæймаг æмæ Сфæлдисæгæй æрвыст лæг. Дзыллæйы амондæн æй сфæлдыста бæрзондыл бадæг æмæ йæ æрæрвыста зæххонтæм, цæмæй сын сæ фæндаг срухс кæна, уый тыххæй. Фæлæ йæ ныхмæ сыстадысты дæлимонтæ æмæ йæм рарвыстой сæ «уодесгутæ...» æцæг сæ къухы ницы бафтыдис: Иры цытджын поэт фестад «æфсæн хонх» æмæ йæхи бæрзондмæ систа, цæргæсау. Ам авторы сагъæс бæлвырд у: стихамайæг бæрнон ныхас кæны йæ хъайтаримæ мидныхасы хуызы. Ехйа-поэт – Ехйа-адæймагæн дзуры, «уодесæг калм, сау калми»-бон кæй нæ бацис поэты басæттын, уый тыххæй.

Къостайы сурæт автор ныв кæны сыгъдæгзæрдæйæ. Йæ алы ныхас дæр, уырзæй æвзаргæйæ, æмбæлы йæ нысаныл. Цытджын поэты музæ – ирон фæндыр – у Хидиры-фырты уæлмонцгæнæг. Цытджын поэты цард æмæ сфæлдыстад ын у фыдыуæзæгмæ уарзты цæвиттон æмæ фæзминаг дæнцæг. Уымæн æмæ йæ лирикон хъайтар æууæнды йæ адæмыл, йæ амондджын фидæныл. Дзыллæйы æнæмæлгæ хæзнатæ

сфæлдисæг уый у. Къоста фыста æмæ дзырдта адæмы хъæлæс – Ирон фæндырæй. Йе 'нусон чиныгæн дæр уый ном хуымæтæджы нæ радта. Æмæ уымæн ис йæхи æмбарынад: цытджын поэт йæ уацмысты æргом кодта йæ дуджы царды риссаг фарстатæ. Уыимæ сæ канд æргом нæ кодта, фæлæ сын лæвæрдта дзуаппытæ дæр. Йæ фыццаг номарæн æмдзæвгæ «Къоста»-йы автор раст амоны, æцæг поэзи адæмæн кæй хъуамæ лæггад кæна, уый. Æмæ йæ хъайтар, сфæлдисæг уæвгæйæ, йæ курдиат æгасæйдæр саккаг кодта, æцæг аивад кæй тыххæй цæры зæххыл, уыдонæн. Хетæджы-фырт иу уысм дæр дызæрдыг нæ кодта, йæ царды нысан раст кæй равзæрста, ууыл. Æмæ дзыллæйы хъуыдæджы дæр æнустæм, уый тыххæй баззад:

*Адæнау ду дæр – æнæмæлгæ,*
*Адæни æхсари устур хонх,*
*Кæндзæнæй дæ лирæ азæлгæ,*
*Кæдмæ уонцæ адæн æма тонх.*

Хидирты Ехйайы дыккаг номарæн æмдзæвгæ «Нæхе Къоста»-йы æвдыст цæуы йæ ахаст цытджын поэтмæ, йæ уазнысан æмæ йæ намысджын хъуыддæгтæм. Автор чиныгкæсæгæн æмбарын кæны, поэт цавæр хъуамæ уа, йæ ахадындзинад æхсæнадон царды æмæ цавæр хæстæ æвæрæм йæ размæ, уый. Йæ хуыздæр поэтикон уацмысы курдиатджын поэт ранывæста Къостайы поэтикон программæ, æмæ йæм равдыста йæ ахаст. Йæ этикон хъайтары æвдисы, йæ иузæрдион адæмы сæрвæлтау йæ цард нывондæн чи хæссы, ахæм сахъгуырдæй:

*Тогцъух сирдтæн уогæй сæ дæлбарæ,*
*Не 'фхуæрд адæн кодтонцæ до-дой...*
*Фал уарзгæй цæргæсау сæребарæ,*
*Сæ дæндагæй хуардтонцæ се 'фсой.*

*Разамонæг гъудæй сæ зин тохи,*
*Размæ син ка къæрт кодтайдæ над?!*
*И дукъахуг берæгътæн сæ хорхи*
*Ке нифсæй сагътайуонцæ сæ кард?!*

Æмæ, æцæгæйдæр, зæрдæйыл адæмы ристæ куы ахизой, уæд свæййы поэт æцæг адæмон. Къостайы Ирыстоны автор æвдисы уæззау нывтæй «Дыууæсæрон цæргæс» йæ ныхтæ ныссагъта æфхæрд адæмы «бæрзæйты» æмæ сæ сулæфын нæ уадзы, Хетæджы-фырты хуызæн лæгтæ куы нæ уыдаид, уæд бынтон сæфт кодтой. Уыцы лæгау лæгтæ сын, «стъалытау, лæвæрдтой рухс» – æхсæвыгон дæр сын, мæйау, сæ фæндæгтæ рухсгонд цыдысты. Уыдоны фæрцы фæллойгæнæг адæм «сæ развæндаг уидтонцæ хуæздæр».

Фæлæ сæ уæддæр фезмæлынмæ хъуыдис «хори сæр»:

*Уæхæн хорау 'сцæфстæй хуæнхти тари,*
*Нæхе Къоста, уогæй дзилли фурт,*
*Бауадзгæй нæртон хъаурæ æ зари,*
*Ирон фæндур фестадæй æ дзурд!*

*Сурх æхседтæй ирд 'стъалути дзоги*
*Куд никкæнуй зинг хор æ йауон,*
*Гъе уоййау, поэтти æ доги*
*Зæрдтаг зартæй нимбарзта 'хсидзгон.*

Ехйайы эпикон хъайтар йæ буары алы тугдадзинæй дæр æнкъары адæмы рис, æмæ йын уый фадат дæтты йæ тохы зарæг арвы онг сисынмæ. «Йæ сидзæргæсы хъарæгмæ дзыллæйы зæрдæ кæны къæс-къæс». Автор йæ хъайтары бары Прометей-Амыранимæ æмæ йын йæ размæ æвæры ног æмæ ног хæстæ, цæмæй «Мивдисæгæй адæмы зæрдæтæ судза», уый тыххæй. Цытджын поэты сæрибаруарзаг монад йæ былтæй акалд:

*Нарти нифсау 'стур уогæй е 'хсарæ,*
*И тогцъиртæн нилваста сæ хорх.*
*Рæмодзгæй си дзиллæн сæребарæ,*
*Фæнзуйнаг æй æносмæ æ тох.*

*Фæттарстæнцæ сирдтау си – лæгмартæ,*
*Нæ ергæй ин сæттунмæ амал,*
*Сæ зингæй ин сугътонцæ æ зартæ,*
*Берæгъбалау хæсгæй ин адзал.*

Эпикон хъайтары цæстыты раз сыстад тасуадзæг ныв: фыдызæххы тыгъдад байдзаг ис адæмы æбардзиад, хъыг æмæ мастæй. Фæллойгæнæг адæймаг æвæрд ис цагъары уавæрты, хурыскастæй – хурныгуылдмæ кусы, фæлæ йын амонд нæ хæссы йæ удуæлдай фыдæбон. Уыцы хъуыды кæрæй-кæронмæ нывæст цæуы æмдзæвгæйы мидисамады. Мардæнгæс цæсгæмтты куы фены, уæд йæ зæрдæ бынтондæр бауазал вæййы. Поэт-эпикон хъайтарæн уыцы æфхæрд адæм сты йæ хотæ æмæ йе 'фсымæртæ. Автор йе 'нкъарæнтæ не 'мбæхсы, фæлæ сæ 'ргом кæны сæ цуры. Йæ уарзт æмæ адæмы рис куы баиу вæййынц, уæд дзы райгуыры æрдхæрæны зарæг:

*Ци зин не 'взурста, ци, уони лазæй?!*
*Ци федар разиндтæй, ци, æ уод,*
*Мæгур адæни 'ной æй мин анзи*
*Нæ гъæугæй хуæздæр цард ма амонд.*

*Карз сæ хæццæ 'стохгæй æнæравги,*
*Дзилли сæрбæл равардта æ цард,*
*Ниууадзгæй агъазгъон фæд мах царди,*
*Игъусунцæ æ койтæ идард.*

Цы рæнхъытæ æрхастон, уыдон дзаг сты адæмы утæхсæнæй, фæлæ цух не сты Ирыстон æмæ йæ адæмы бæллынадæй. Фæллойгæнæджы æнæкæрон быхсынад æмæ цагъарады уагæвæрд эпикон хъайтары зæрдæ байдзаг кæнынц масты монцтæй. Фæлæ йæ уæддæр уырны, æфхæрд удтæ зындзинæдты, бæллæхты сæрты кæй ахиздзысты, уый. Ирыстоны фидæн уый уыны амондджын фидæны, цæттæ у уый тыххæй йæ уд радтынмæ. Æмæ уыцы æнæкæрон уарзт æмæ сæрнывондады азæлд мах уынæм йæ алы рæнхъы дæр. Йæ цард æмæ сфæлдыстад та сты фыдызæххæн æмæ уарзон адæмæн лæггад кæныны уазнысаны дæнцæг:

*'Ма иссæй адæнау æнæмæлгæ,*
*Уоди хуастæн ратгæй син æ уод,*
*Ку кæнунцæ æ зартæ азæлгæ,*
*Нæ кæнгæй, дзилли цардау, зæронд.*

Хидирты Ехйа Ирыстоны цытджын поэты ном цы æмдзæвгæтæй ссардта («Къоста», «Нæхе Къоста»), уыдон æрцахстой зынгæ бынат нæ дзырдаивады азфыст æмæ йæ номарæн поэзийы къæбицы. Автор ацы поэтикон уацмыстæй йæ ном ныффыста ирон поэзийы историйы сыфтыл. Лескенаг стихамайæджы сфæлдыстад иумæйагæй æмæ æххæстæй сæмбæлы нæ кæсджыты зæрдæйыл. Райгуырæн æмæ адæмы темæ йæ поэзийы æнæскъуынгæ тæгтæй баст у æнустæм. Ехйа, æнæмæнгæй у, йæ размæ дыгуронау чи фыста, уыдоны æцæг фæдон. Æмæ йын уыцы фæрнджын хъуыддаджы Къоста уыдис аргæ æмæ æн' аргæ дæнцæг. Поэты æрмдзæфы мах æнæрлæугæ æнкъарæм æрмæстдæр йæхи сисы бынæй иртæст зæлтæ. Уый уымæн афтæ у, æмæ Ехйа йæ алыварс цардæй иста рæстдзинады доны тылд мыртæ æмæ сæ æхсыстæй æрвыста йæ уацмысты рæнхъытæм. Къостайы сурæт нывæндгæйæ, Ехйайы нысан уыд ирон адæмы национ сæрыстырдзинад æмæ цытджынад равдисын æмæ уый æнтыстджынæй йæ къухы бафтыд.

Хидиры-фыртимæ афтæ бирæ зонгæ нæ уыдтæн, фæлæ мæ миддунейы арф фæд ныууагъта. Цæмæй, зæгъгæ, мæ исчи куы бафæрсид, уæд ын радтин ахæм дзуапп: «Фыццаджыдæр, йæ уæздандзинадæй; дыккаджыдæр, йæ фæлмæн зæрдæйыуагæй; æртыккаджыдæр, мадæлон æвзагыл йæ иузæрдиондзинадæй». Ахæм миниуджытæй хайджын чи вæййы, уæлдайдæр та – сфæлдыстадон удгоймæгтæй, уыдон фыдызæххæн лæггадгæнджытæй басгуыхынц. Зæххон удæн та уымæй стырдæр бузныгад нæй, цы арвы бынмæ цæрæм, уыцы дунейы. Ехйа ахæм уды хицау кæй уыдис, уый абон сусæг никæмæн уал у, уымæн æй уарзынц, уымæн ын аргъ кæнынц йе сфæлдыстадæн йæ иубæстон адæм. Æмæ æндæрхуызон дæр куыд хъуамæ уа, ныхас ахæм лæгыл куы фæцæуы, уæд. Мæн фидарæй уырны, лескенаг зæрингуырды фарны хъуыддæгтæ æнусон кæй суыдзысты, уый.

# ПУБЛИЦИСТИКÆ

МАЛИТИ Фузæ

## СУРХДИГОЙРАГ БÆГÆНИ

Тугъд бæргæ фæцæй 1945 анзи. Еци цæхæрæй ма ци еугæйттæ раервазтæй, уонæн сæ фулдæр сахъатгин, фал уæддæр уодæгасæй æздахтæнцæ сæ райгурæн уæзæгтæмæ. Сæ берæ зинтæ феронх уогæй, адæн цийнæ кодтонцæ сæ устур Уæлахезбæл. Фал сæ æхсицгон идзулддзийнадæ берæ нæ рахаста. 1946–1947 æнзти будурти ци нæмуг байтудтонцæ, е фæззæг тиллæг нæ равардта. Æма бабæй адæн нæуæгæй уæхерий буни фæцæнцæ. Еци рæстæги фæсте нæ синхи уоститæ баунаффæ кодтонцæ кувд искæнун – «Елиай кувд». Гъома, арв æма зæнхæ сæ кæрæдзей куд бауарзонцæ: цумгæ – хуæргæ, хор дæр сæбæл куд кæса, зæнхæ уарундонæй дæр донхуаруггонд куд цæуа, цæмæй тиллæг хуарз æрзайа, уой туххæн, Хуцауæн баковæн, кæд нин нæ кувд райсидæ, зæгъгæ.

Елиати кувд ба, фæткæмæ гæсгæ кæниуонцæ авдисæри. Синхи силгоймæгтæ æрæмбурд кодтонцæ зад. Алли хæдзарæ дæр равардта зади къос æма си исфунхтонцæ бæгæни.

Куд гъудæй, уотæ æй нифФæлсугътонцæ, æ цъæлæ ба ин, фæлсодзгæ ’й ци тæскъи кодтонцæ, уой хурфи ниууагътонцæ. Бæгæни фунхтонцæ синхæгтæй кедæр хæдзари. Падвали æй

нивгæдтонцæ сæрмагонд къустели, æнтауæнæй æй бантуд-тонцæ.

Мæнæн си мæхе мадæ æфсийнæ адтæй. Сæумæраги ба дин нæ мади фæдесгъæр ку райгъусидæ: «Кизгæ, раистæ, æдосæ нин нæ бæгæни кадæр радавта æма мин дон æрдавæ, цъæлæбæл æй равгæндзæнæн, къустели дæр ма ес цидæр бунтæ – циуритæ æма рангъездзæнæй…

Елиати сайун не 'мбæлуй, гъæуама ин аци бон исковæн, кæд нæмæ æ дзæбæх цæстæй ракæсидæ, зæгъгæ. Уæдмæ иннæ æфсинттæ дæр фæззиндтæнцæ æма къеретæ кæнун райдæдтонцæ. Фус дæр косартгонд æрцудæй. Алцæмæй дæр исрæвдзæ æнцæ, æрмæстдæр сæ еу гъудтаг ба устур мæти æфтудта, дессаг сæмæ кастæй: – Кувддагмæ давунмæ ка банифс кодта, æ сæрмæ ка æрхаста уæхæн æбуалгъ миуæ бакæнун.

Гъудтаг уотæ адтæй, æма, кувд кæмæ кодтонцæ, уонæмæ адтæй еу сæ хæстæг лæг уæзласæн машинæбæл. Еци иуазæг медæхсæвæ сосæггити фестадæй, æ машини гуфи ниввардта боцикъа æма си нивгæдта, Елиай номбæл конд ци бæгæни исфунхтонцæ, уой. Е адтæй уорсдойнаг лæхъуæн, – сурх-дигойраг сиахс, косгæ ба кодта Мизури. Бæгæни Мизурмæ бахъæртун кодта æма 'й туканмæ уæйæ кæнунмæ равардта. Еци ниуæзтæй кадæриддæр фегъæстæ 'й, етæ дуккаг хатт дæр тукангæсмæ бамедæг æнцæ нæуæгæй, сæ зæрдæмæ уотæ хъæбæр фæццудæй. Дуккаг бон дæр ма агурдтонцæ æзиниккон бæгæний хузæн ниуæзтæ, фал ма син кæцæй æр-хастайдæ тукангæс, – нæбал адтæй.

Тукангæси æгæр тухсун кæнун ку райдæдтонцæ æлхæнгу-тæ, уæдта сæбæл исхъур-хъур кодта: «Еци бæгæни конд æр-цудæй Сурх-Дигори, цотæ, уордигæй мин си исласетæ, æма уин æй ами ба уæйæ кæндзæнæн».

Уæлдæр куд зæгътон, уотемæй бæгæнидавæг адтæй сурх-дигойраг сиахс, гъæуи кондгиндæр æма хуæздæр кизги æхе бакодта, фал фæстагмæ ба сæ царди уагæ ниггæлеритæ æй, кæрæдзей нæбал лæдæрдтæнцæ æма рахецæн æнцæ. Еууæхæни ба лæг Мизурæй Уорсдонмæ фæццæйцудæй æ машинæбæл, фæндагбæл авари искодта æма дзухъмард фæ-цæй. Гъе уотæ фæууй, сурх-дигойрæгтæ хуæрзадæ бæгæний бæсти къумæл фæнниуазтонцæ Елиай кувди. Елиа ралгъиста

бæгæни давæги æма нæ фæффæндараст æй. Кувди æфсинттæй ба еу уосæ кувд кæнун дæр нæбал бакумдта, – Елиа еци бæгæни давæги цæмæннæ æрцæвуй æнæтæрегъæдæй, – зæгъгæ.

Еци кувди бони сурх-дигойрæгтæ зæрдæй фæккувтонцæ Хуцаумæ, Елиамæ, цæмæй син фæззæги хуарз тиллæг радтонцæ, уой туххæн.

Рæстæг ниддæлæ-уæлæ кодта, æма 1947 анзи ба уæхæн берæ тиллæг æрзадæй, æма адæн сæ уæлдайæгтæ ци фæккодтайуонцæ, уой зонгæ дæр нæбал кодтонцæ. 11 адæймагемæн – сурх-дигойрæгтæн сæ хъазауатон фæллойни туххæн лæвæрд æрцудæй Ленини ордентæ. Еци кувди фæсте сæбæл уæхæн æстонг анз некæдбал никкодта.

КЪОМЕХТИ Руслан

## ДИГОРОН АДÆМОН СФÆЛДИСТАДÆ КÆСГÆЙ. КУВД

### ХУЦАУ

1. Сæумæраги арви къабæзтæй сурх сæуæхседтæ ка æрбадаруй, уой фæсте ба дуйнемæ хор-зарийнæ ходгæ-ходгæй ка рарветуй.

Раги изæр арвбæл талингитæ ка æрбауадзуй æма арвæн æ алли къабазæй мæйтæ, æстъалутæ ка ходун кæнуй.

Æмбес бони содзгæ хор сау мегъи буни ка ракæнуй, ирд бон æваст ка ранкъард кæнуй, сах хор бурдæн уарунæй ка раййевуй.

Тæвдæ сæрдæ сатæг фæззæгæй, уазал, гъизт зумæг рæсугъд æма гъар уалдзæгæй ка æййевуй.

*Еци æнхæст æма æнаййепп хъаурæ 'ма тухæ дæ Ду — сугъдæг Еунæг Хуцау, дæ хъаурæ макæд 'сфедуйæд, табутæ æгас дæр дæхе барæ, дæ хуарздзийнæдтæй ба адæн, æрдзæ 'ма зæнхи цæрæгойтæ хайгин уæнтæ!*

2. Æдзæрæг бæститæ адæнæй ка идзаг кæнуй, устур аултæ, муггæгтæ, адæнихæттитæ ка берæ кæнуй.

Æзнæгти кæрæдземæ ка хæстæг кæнуй, æма дзиллитæ федауци надбæл ка аразуй.

Æгас дуйней цард рæсугъд, цитгин, кадгин, радгин ка кæнуй.

Дуйней æнæ гъæуагæй, æнæ аййеппæй, æнæ 'фсармæй, æнæ тухстæй æмхузон дарун ка зонуй.

*Еци æнхæст æма æнаййепп хъаурæ ’ма тухæ дæ Ду — сугъдæг Еунæг Хуцау, дæ хъаурæ макæд исфедуйæд, табутæ æгас дæр дæхе барæ, дæ хуарздзийнæдтæй ба адæн, æрдзæ ’ма зæнхи цæрæгойтæ хайгин уæнтæ!*

3. Адæймаги, æнæ уогæй, æ мади губуни как равзурун кæнуй, цард ин ка радтуй, æма æй æндæр цардмæ ка раййевуй.

Адæймаги цард ка гъæуай кæнуй, æма ин ай рæстæрдæмæ ка аразуй.

Аци æгас дуйнетæ æнæ нецæмæй ка сфæлдиста, уонæбæл æмдарæни кади ходæн адæймаги ка æривардта, дуйней сæр, алцæмæй æма æнккæтеæй хестæр, зундгиндæр, игъосагæдæр, равзарунмæ дæснидæр, банхус кæнунмæ тухгиндæр, разæгъунмæ æма бакæнунмæ растдæр æма æнхæстдæр ка æй.

*Еци æнхæст æма æнаййепп хъаурæ ’ма тухæ дæ Ду — сугъдæг Еунæг Хуцау, дæ хъаурæ макæд исфедуйæд, табутæ æгас дæр дæхе барæ, дæ хуарздзийнæдтæй ба адæн, æрдзæ ’ма зæнхи цæрæгойтæ хайгин уæнтæ!*

4. Адæймагæн раст æма хæран ка зонун кæнуй, хуарз æма лæгъуз ка лæдæрун кæнуй.

Адæймаги бауæр Сами-Мисони сикъитæй ка искодта, уод си ка бауагъта, зæнхæбæл æй хецауæн ка æривардта, зунд, лæдæрундзийнадæ æма ин барфæндæнттæ ка равардта, æма ин ка загъта: «Дæ къохти фæллойнæй дæхе дарæ, тæрегъæдæй тæрсæ, æнæфсæрмæй мæ размæ лæуунгъон уо, æма де ’нхузон адæни гъæуай кæнун фæразæ».

*Еци æнхæст æма æнаййепп хъаурæ ’ма тухæ дæ Ду — сугъдæг Еунæг Хуцау, дæ хъаурæ макæд исфедуйæд, табутæ æгас дæр дæхе барæ, дæ хуарздзийнæдтæй ба адæн, æрдзæ ’ма зæнхи цæрæгойтæ хайгин уæнтæ!*

5. Арв, хортæ, æстъалутæ, мæйтæ ка ’сфæлуста, зæнхæ ба кæрдæг æма аллихузи дидинæгæй, рæзæй ка ’стахуй.

Денгизтæ, дæнттæ донифонсæй ка байдзаг кодта, алли гъæздугдзийнæдтæ, алли рæсугъддзийнæдтæ ке къохæй цæуй.

Æгас дуйне, æнæуогæй, æ зунд, æ фæндæ æма æ дзур-

дæй ка сфæлдиста, дуйней рохси къабæзтæ — тухтæ: арв, дунгæ, зæнхæ, дон æма зинг ка искодта.

Дуйней сæр, зæронд уорсалистæ, æнзтæй, догтæй, фæлтæртæ 'ма рæстæгутæй рагондæр æма хестæр ка æй, дуйнейæн æ райдайæн, æ сæр æма æ кæрон ка æй.

*Еци æнхæст æма æнаййепп хъаурæ 'ма тухæ дæ Ду — сугъдæг Еунæг Хуцау, дæ хъаурæ макæд исфедуйæд, табутæ æгас дæр дæхе барæ, дæ хуарздзийнæдтæй ба адæн, æрдзæ 'ма зæнхи цæрæгойтæ хайгин уæнтæ!*

6. Хуцауи кадгин ка кæнуй, æгас дуйней кæбæл æнцайуй, 'ма ке кувдтæй ервæзуй, етæ æнцæ Хуцауи уарзонтæ: Уаскерги, Æфсатий, Фонси Фæлвæра, Хуарелдар, Курдалæгон, Гъæдæрæхснæг, Донбеттир, Елиа, Никкола, Уæларвон Басил, Уас-Тотур æма Барастур, - сæ хуарздзийнæдтæй хайгин уæн.

7. Æхсæвæй-бонæй Хуцауи размæ ка бадуй, уомæй адæнмæ хуарз хабæрттæ ка хæссуй, адæни дзæбæхдзийнадæбæл, федауцæбæл ка аразуй, еци сугъдæг уодтæ æнцæ изæдтæ: Изæд, Сæризæд, Гъæуизæд 'ма Будури Изæд. Сæумæраги æма изæрталингити арвбæл, адæни гъауайгæнгæй, æртæ зелæни кæнгæй, адæни дзæбæхдзийнадæбæл еумæйаг амменитæ куд кæнонцæ, уæхæн хуарздзийнадæй хайгин уæн.

8. Хуцауæн æ тæрхон ка æнхæст кæнуй æнæ фæстæмæ исдзоргæй, æ размæ ка лæууй, еци косгутæй сæ еу æй Уодесæг, иннетæ ба - Алаурди æма Руни Барæ.

Адæн сæ лæгъуз гъуддæгтæбæл ку фæффæсмон кæнунцæ, нивондтæ ку исуадзунцæ, уæд Руни Барæ æма Алаурди Хуцауæй куд ракоронцæ, æма Хуцауи загъдæй Уодесæг æхе сæйгитæй 'ма тæрегъæдæрхæсгутæй куд райдард кæна, уæхæн амондæй хайгин уæн.

9. Хуцауи æма адæни æзнæгтæ æнцæ фидбилиз æма дæлуймонтæ, етæ æнамонддзийнадæбæл уодунцæ адæнæн. Æма уони барæ куд нæ фæууæн, уæхæн хуарздзийнадæй хайгин уæн.

# АХУЫРАДОН ÆРМÆГ СКЪОЛАДЗАУТÆН

Дзтиати Ларисæ

# АЛФАМБУЛАЙ ДУЙНЕ*

1 кълас

*Идарддæр. Цæуй 2022 анзи 1-аг номерæй фæстæмæ.

# КОМПЬЮТЕР

Компьютери туххæй ци зонис, уой радзорæ.
Кæми фæуунидтай компьютертæ?
Компьютери хæццæ косун зонис?

► Хузтæмæ гæсгæ багъуди кæнæ компьютери хæйттæ.




1. Системон блок.
2. Монитор.
3. Клавиатурæ.
4. Мышкæ.
5. Мур тухæдæттæг колонкитæ.
6. Принтер.
7. Сканер.
8. Лазерон дисктæ.
9. Флешкæ.

Компьютерæн йæ сæйраг хай æй системон блок *(процессор)*. Е компьютерæн æй æ «сæри хъанз» *(мозг)*. Клавиатурæй пайда кæнунцæ программитæ аразунмæ, гъæугæ æрмæг финсунмæ æма иссерунмæ, информаци компьютермæ æрветунмæ.

Принтер ба мухур кæнуй цæттæ æрмæг.

Куд пайда кæнунцæ компьютерæй?

Нури царди компьютер ахæссуй ахсгиаг бунат. Компьютерæн æ бон æй берæ аллихузон куститæ кæнун. Е æнхус æй ахури гъуддаги. Ес си аллихузи гъæзтитæ кæнæн. Ес байгъосæн музыкæмæ, фæууинæн видеофрагменттæ. Компьютерæй аразунцæ бонигъæди бæрæггæнæнтæ. Е разамунд дæттуй хуæдтæхгути, ракетити æма роботти кустæн. Компьютери æнхусæй дзæбæх кæнунцæ сæйгити дæр.

Компьютери фæрци цубур рæстæгмæ ес иссерæн аллихузон информаци. Фал компьютер æхуæдæг нæ косуй. Цæмæй компьютер коса, уой туххæй ин раттун гъæуй командæ. Еци командитæ ба æнцæ компьютерон программити. Ес син сæрмагонд æвзаг, дæнцæн, Бесик æма Лого.





Компьютери фæрци ес пайда кæнæн интернетæй. **Интернет æй еугур дуйней информаци (æрмæг) æрветуни æма есуни фæрæзнæ.** Уой туххæй компьютер гъæуама еугонд уа Еугурдуйнеон компьютерон хизæмæ *(Всемирная компьютерная сеть)*.

Компьютери рази бадун берæ рæстæг не 'нгъезуй; æнæнездзийнадæн пайда нæй.

- Ранимайæ компьютери хæйттæ.
- Радзорæ компьютери ахедундзийнади туххæй.

# КОСМОНАВТИКИ БОН

Уалдзӕги, 12-аг апрели, Уӕрӕсей фӕббӕрӕг кӕнунцӕ Космонавтики бон. Еци бон 1961 анзи космосон науӕ «Восток»-бӕл космосмӕ фиццаг хатт фӕттахтӕй адӕймаг. Е адтӕй Юрий Алексейи фурт Гагарин. Е космоси фӕцӕй хъӕбӕр цубур рӕстӕг. Фал байгон кодта адӕймагӕн фӕндаг космосмӕ.





Гагарини фӕсте космосмӕ фӕттахтӕнцӕ берӕ ӕндӕр космонавттӕ.



Фиццаг силгоймаг космонавт Валентинӕ Терешкова



Роман Романенко, космонавт

Нури рæстæги космонавттæ дæргъвæтийнæ рæстæг цæрунцæ æма косунцæ космосон станцити. Космонавттæбæл фæууй сæрмагонд уæледарæс – скафандр. Космонавттæ космоси кæнунцæ наукон æртасæн куститæ. Æнхус кæнунцæ ахургæндтæн космоси сосæгдзийнæдтæ бæрæг кæнунмæ.



Космос



Скафандр





Космосон наукон станцитæ



Космос сгаруни гъуддаги ахсгиаг куст кодта нæ æмзæнхон Къомайти Руслан дæр.

Космонавттæй ке нæмттæ зонис?

## ЗОН ÆМÆ ХЪАХЪХЪÆН ÆРДЗ!

► Куыд аудын хъæуы æрдзыл?
► Цæуылнæ ис æрдзон бынæтты арт кæнæн, бырон калæн æмæ æрдзы сабырдзинад халæн?

Адæм хъуамæ аудой æрдзыл, хъахъхъæной йæ, ауæрдой йыл йæ хъæздыгдзинæдтыл.

Æрдзыл кæм нæ аудынц, уым скуынæг вæййынц хæзнаты æвæрæнтæ. Зæххытæ тыллæг нал фæдæттынц æмæ хæмпæлгæрдæджы бын фæвæййынц. Цæугæдæттæ чъизи æмæ лакъон къанæуттæ свæййынц, нал дзы фæцæрынц кæсæгтæ æмæ æндæр цæрæгойтæ.

Хъæдтæ куы ныццæгъдынц, уæд нал фæхъуысы сыфтæрты сыбар-сыбур, нал вæййы цæрæнбынат мæргътæ æмæ сырдтæн. Адæм хистæрæй, кæстæрæй хъуамæ зоной, æрдзыл куыд аудын хъæуы, уый. Ууыл ахуыр кæны наукæ **экологи**.

**22 апрелы æппæт бæстæты дæр бæрæг кæнынц Зæххы бон** *(День Земли)*.

► Нывтæм гæсгæ радзур, куыд хъахъхъæнын хъæуы æрдз.



► Хузæмæ гæсгæ балæдæрун кæнæ, зайæгойтæ æма цæрæгойтæй берети муггæгтæ цæмæн кæнунцæ, уой.



АЛАНИЙ СУРХ КИУНУГÆ *(КРАСНАЯ КНИГА ОСЕТИИ)*

(!) Дæ зæрдæбæл æрлæуун кæнæ аци цæрæгойтæ æма зæйæгойти нæмттæ.




► Радзорæ, куд гъæуай кæнун гъæуй æрдзæ.
► Балæдæрун кæнæ, ци амонунцæ аци нисантæ.



(?) Ду ба цæхæн нисантæ бафтауисæ æрдзæ уарзгути уагæвæрдтæмæ?

# ТАГЪД РАЛÆУДЗÆНÆЙ СÆРДÆ

Циуавæр æййивддзийнæдтæ æрцудæй æрдзи медæгæ сæрди райдайæни?
Цæбæл цийнæ кæнунцæ сувæллæнттæ?
Куд æрветис ду ба дæ каникултæ?

Сæрдæ æй анзи афæнттæн сæ тæвдæдæр. Фалæнбулай æрдзæ æй хъæбæр рæсугъд. Игуæрдæнтæ идзаг æнцæ аллихузи деденгутæй. Гъæдти исцæттæ æнцæ гагарæзæ, будурти ба – хуартæ.

Мæргътæ æма сирдтæн сæрди ес берæ хуаллаг.

**Сæрдæ**

Хори тæфæй лигъз будурти
Фонси хезнæ фæббор æй.
Фонси къуæрттæ бон-изæрмæ
Не схезунцæ нæ донæй.

*Бæгъæрати Созур*

**сæрдæ** – лето



Сæрдæ ма æй канукулти рæстæг дæр. Скъоладзаутæ гъæуама сæ фæллад исуадзонцæ, хуæздæр базононцæ сæ алфамбулай дуйне.









Сæрди каникулти дæ фæллад уадзунмæ куд гъавис, уой радзорæ.
Дæ бийнонти хæццæ цæхæн фæлладуадзæн бунæттæмæ цæунмæ гъаветæ?

Май – уалдзæги кæрон.
Июнь – сæрди райдайæн.

Сæрди мæйтæ:
**Хорхæтæни мæйæ** – июнь.
**Сосæни мæйæ** – июль.
**Сухи мæйæ** – август.

– æрдзон бунæтти нæййес бугъæ калæн;
– æртайгæй, тезгъо кæнгæй, гъæуй хе гъæуай кæнун.

*Уодзæнæй ма*

Зембатти Ларисæ, Хъиргъути Фатимæ

# МАТЕМАТИКÆ*

1 къласc

2 хай
(Ахури анзи фиццаг æмбес)

* Идарддæр. Цæуй 2022 анзи 1-аг номерæй фæстæмæ.




1. 


2. 


3. Фиунасæ æй 4 кг уæзæн, харбуз ба – 3 кг фулдæр. Цал килограмми æй харбузи уæзæ?

4. Фиунасæ æй 4 кг уæзæн, харбуз ба — 7 кг. Цал килограмми уæззаудæр æй харбуз?

5. Бахинцæ нимайуйнæгтæ.

| | | |
|---|---|---|
| 2 + 6 − 3 | 2 + 7 − 3 | 10 − 3 + 1 |
| 4 + 5 − 3 | 6 − 4 + 5 | 10 − 4 + 2 |
| 3 + 7 − 4 | 8 − 3 + 4 | 10 − 6 + 3 |

6. 

| | |
|---|---|
| 4 + 3 = □ | □ + □ = □ |
| 7 − 3 = □ | □ − □ = □ |
| 7 − □ = □ | □ − □ = □ |

●

Казик, Кермен æма Олегмæ адтæй рагъбæл даргæ 2 дзæкъоли æма еу партфел. Ци адтæй биццеутæй алкæмæ дæр, кæд æма Казикмæ нæ адтæй рагъбæл даргæ дзæкъолæ?

## Минкъийдæркæнуйнаг. Гæлдзуйнаг. Игъауги
### Уменьшаемое. Вычитаемое. Разность

**1.** Дзерасси гъæуй ниттуй кæнун 7 хæдони. Е туй нивварддта 2 хæдонебæл. Цал хæдони ма ниттуй кæнун гъæуй Дзерасси?



7 – 2 = 5

| 7 | 2 | 5 |
|---|---|---|
| уменьшаемое | вычитаемое | значение разности |
| минкъийдæр-кæнуйнаг | гæлдзуйнаг | игъаугий нисанеуæг |

Кæци æй аци нимæдзитæй тæккæ устурдæр? Цæмæн хонунцæ нимæдзæ 2 – гæлдзуйнаг?
Финст 7 – 2 = 5 æй атæ кæсгæ: 7 æма 2 игъауги æй 5; 7 рагæлдзæ 2 – уодзæнæй 5 (разность чисел 7 и 2 равна 5: из 7 вычесть 2 – получится 5).




**2.** Байамонæ минкъийдæркæнуйнаг, гæлдзуйнаг æма иссерæ игъаугий нисанеуæг.

8 – 3 = □     9 – 2 = □     9 – 3 = □

**3.** ≤ ≥ =

6 – 1 * 5     7 + 2 * 7     5 + 3 * 8
9 – 4 * 5     7 – 2 * 7     5 – 3 * 2

Цæхæн фигуритæй арæзт æй хæдзарæ?



Циуавæр нисан æма нимæдзæ æнцæ цохгонд?






**6 – □**

**7 – □**



6 = 5 + 1
6 – 5 = □
7 = 5 + □
7 – 5 = □
7 = 6 + □
7 – 6 = □

Циуавæр нимæдзæ æй цохгонд?







1. Бакæсæ нимайуйнæгтæ, дзурдтæ минкъий-дæркæнуйнаг, гæлдзуйнаг-æй пайдагæнгæй æма иссерæ игъаугий нисанеуæг:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8 – 4 | 4 – 1 | 7 – 4 | 6 – 4 |
| 6 – 2 | 9 – 3 | 7 – 3 | 6 – 3 |

2. Бæхдони адтæй 7 бæхи, 5 бæхи си рацудæй. Цал бæхи ма байзадæй бæхдони?

3.



Ӕдеугурæй хъæдори нæмгутæ æнцæ 8. Цал хъæдори нæмуги ес агъоди?



Ӕдеугурæй къанфеттæ цал æнцæ?

4.




5. Исбарæ лухдзæгтæ æма сæ кæрæдзей хæццæ рабарæ.



1.   

| | | |
|---|---|---|
| 4 + 2 = 6 | 3 + 3 = 6 | 4 + 3 = □ |
| 6 − 4 = □ | 6 − □ = □ | □ − □ = □ |
| 6 − 2 = □ | □ − □ = □ | □ − □ = □ |

Циуавæр нимæдзæ æй цохгонд?







2. Еу къалеубæл бадуй ... цъеуи, иннебæл ба – 4, минкъийдæр. Цал цъеуи ...? Цал цъеуи ес æдеугурæй дууæ къалеуебæл?



3. Еу боцикъай ес 7 къибилай дон, иннеми дæр уойбæрцæ, фал æнæ 4-æй. Цал къибилай ес дон дуккаг боцикъай? Цал къибилай ес дон дууæ боцикъаеми?


7 къибилай


7 къибилай æнæ 4

4. Бахинцæ нимайуйнæгтæ тетради.

| | | |
|---|---|---|
| 7 − 4 + 5 | 4 + 2 − 3 | 4 + 3 − 6 |
| 7 − 3 + 6 | 5 + 1 − 4 | 5 + 2 − 4 |

5. Рабарæ.

| | |
|---|---|
| 4 + 5 * 5 + 4 | 7 − 4 * 7 − 3 |
| 6 − 3 * 6 − 4 | 7 + 2 * 7 + 3 |

6. Нимæдзæ 9 цал фулдæр æй 3; 5; 6-æй?
Нимæдзæ 3 цал минкъийдæр æй 7; 6; 8-æй?

**8 – □**

**9 – □**

**1.**



| | | | |
|---|---|---|---|
| 7 + 1 = 8 | 6 + 2 = 8 | 5 + 3 = 8 | 4 + 4 = 8 |
| 8 – 7 = □ | 8 – 6 = □ | 8 – 5 = □ | 8 – 4 = □ |



| | | | |
|---|---|---|---|
| 8 + 1 = 9 | 7 + 2 = 9 | 6 + 3 = 9 | 5 + 4 = 9 |
| 9 – 8 = □ | 9 – 7 = □ | 9 – 6 = □ | 9 – 5 = □ |

**2.** 5 цал минъийдæр æй 7; 9; 6; 8-æй?
7 цал фулдæр æй 2; 3; 4; 5; 6-æй?

Рабарæ





**3.** 1) Сæрккаг тæрхæгбæл ес 8 киунуги, бункkагбæл ба – 6 минкъийдæр. Цал ...?
2) Сæрккаг тæрхæгбæл ес 8 киунуги, бункkагбæл ба – 2. Цал киунуги ес дууæ тæрхæгебæл?

**4.** Болати гъæуй æртæкъумæг исханхæг кæнун. Е исханхæг кодта, хузи ци фигурæ ес, уæхæн.

Куд хуннуй аци фигурæ? Цал уæхæн фигури ма исханхæг кæнун гъæуй Болати, цæмæй имæ рауайа æртæкъумæг?

**5.** Циуавæр архайди нисан кенæ нимæдзæ æнцæ цохгонд?

9 – □ = 3     8 * □ = 10     □ * 4 = 9

**6.** (<, >, =)   6 – 3 * 6 – 5     4 + 6 * 6 – 4
7 – 4 * 7 – 1     6 + 3 * 6 + 2

**7.** 7 + 2     5 – 4     6 – 5 + 2
6 – 3     7 – 6     7 – 7 + 5

Циуавæр фигуритæй арæзт æй алли хузæ дæр?





**1.** 1) Алинæ скодта 7 фарсбæрæггæнæни. Нинæ ба скодта 4 минкъийдæр. Цал фарсбæрæггæнæни скодта Нинæ?
2) Алинæ скодта 8 фарсбæрæггæнæни, Нинæ ба – 3. Æдеугурæй цал фарсбæрæггæнæни скодтонцæ Алинæ æма Нинæ?

**2.** Ирини гъудæй 9 деденæгебæл дон никкæнун. Е ба никкодта дон 6-бæл. Цал...?



**3.** Æвдистæгтæ аллихузти бакæсæ:

6 – 3 8 – 6
7 + 2 6 + 4

**4.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Æфтауйнаг | 5 | 6 | 7 | 8 |
| Æфтауйнаг | 2 | 2 | 2 | 2 |
| Сумми нисанеуæг | | | | |

Ревæд кирæгтæ байдзаг кæнæ. Ци бафеппайдтай?

**5.** Хузæмæ гæсгæ æргъуди кæнæ хинцуйнæгтæ æма сæ искæнæ.





●

Цал æртæкъумæги ес хузи? Куд никкæнун гъæуй ханхæ, цæмæй æртæкъумæгтæ 4 фулдæр фæуuонцæ, уой туххæй?



# 10 – □

Кæци фигурæ ислух кодтонцæ?



9 + 1 = 10
10 – 9 = □

8 + 2 = 10
10 – 8 = □

7 + 3 = 10
10 – 7 = □

6 + 4 = 10
10 – 6 = □

5 + 5 = 10
10 – 5 = □

**1.** Хузтæмæ гæсгæ æргъуди кæнæ хинцуйнæгтæ æма сæ искæнæ.

1)  ?, 1 киунугæ минкъийдæр

2) 

**2.** Автобуси бадтæй 10 адæймаги. Æрлæууæни си 6 рахизтæй. Цал адæймаги ма байзадæй автобуси?




**3.** 8 – 3 9 – 8 6 – 5 9 – 6
9 – 7 7 – 6 8 – 7 8 – 6

**4.** Цъæх лухдзæги дæргъцæ фæккæнæ 5 см минкъийдæр, кæрдæгхузи дæргъцæ ба – 3 см минкъийдæр. Цæй дæргъцæнтæ рауадæнцæ лухдзæгтæ. Рабарæ сæ.

●

Анзи размæ Сæрмæтбæл цудæй 7 анзи. Цал анзи ибæл цæудзæнæй 2 анзей фæсте?

1. Æркæсæ хузæмæ æма æргъуди кæнæ хинцуйнæгтæ.



□ + □ = □  □ − □ = □

2. Рафинсæ æфтауйнади нимайуйнæгтæ еу цæгиндзи, гæлдзуйнади нимайуйнæгтæ ба – иннæ цæгиндзи. Ци бафеппайдтай?

10 − 7  7 + 3  8 − 7  5 + 5
8 + 2  9 − 7  6 + 4

Циуавæр нимайуйнаг ма ес ниффинсæн цуппæрæймаг цæгиндзи?



3. Еу букети ес 7 деденæги, дуккаги ба – 2 фулдæр. Цал . . . ес дуккаг букети?

4.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Минкъийдæркæнуйнаг | 8 | 8 | 8 | 8 |
| Гæлдзуйнаг | 2 | 3 | 4 | 5 |
| Игъаугий нисанеуæг | | | | |

●

Цал лухдзæги ес хузи?



Куд исханхæг кæнун гъæуй дууæ лухдзæги, цæмæй нæмæ рауайа еу цуппаркъумæг æма дууæ æртæкъумæги? Равдесæ аллихузи мадзæлттæ.

Рабарæ





# Килограмм

## Килограмм

1.



Ци зæгъæн ес аци дууæ къоппей туххæй? Æмхузæн æнцæ?




2. Нур ба ци зæгъæн ес къоппитæй?



Фæззæгъунцæ атæ: ес син фæйнæхузи **массæ**.
Кæци къоппи массæ æй фулдæр? Минкъийдæр ба? Куд æй базудтай?




3. Аци предметти туххæй ци зæгъун æнгъезуй? Еумæйагæй сæмæ ци ес?







Нур ба дæ бон æй зæгъун, ци сæмæ ес еумæйагæй, уой? Фæззæгъунцæ атæ: ес син æмхузæн массæ. Массæ базонуни туххæй пайда кæнунцæ аллихузи барæн бæрцитæй. Уонæй еу æй килограмм. Массæ барунмæ пайда кæнунцæ гиритæй.



**4.** Æркæсæ хузтæмæ:



Массæ фулдæр кæми æй? Минкъийдæр ба? Массæ кæми æй æмхузæн?

**5.** Æркæсæ хузтæмæ:




Цæйбæрцæ æй фæткъути массæ? Сæкæри массæ ба?

**6.** Рабарæ суммитæ:

8 + 2          8 + 1          8 + 0

Ци сæмæ ес æмхузæнæй? Цæмæй хецæн кæнунцæ?

**7.** Рабарæ игъаугитæ. Циуавæр æвдистæгтæ ма ес ниффинсæн минкъийдæркæнуйнаг 9-и хæццæ?

9 – 8          9 – 7          9 – 6

**8.** Махар Дзандарæй кæстæр æй, Сæрмæтæй ба – хестæр. Дзандар æй кæстæр Рамазанæй, Æхсарæ ба æй Сæрмæтæй кæстæр. Сувæллæнттæй ка æй еугуремæй хестæр? Æгасей кæстæр ба? Испайда кæнæ лухдзæгæй.






Циуавæр фигуритæй арæзт æнцæ хæдзæрттæ?





Ци сæмæ ес æмхузæнæй æма цæмæй хецæн кæнунцæ?

# Фæлтæрæнтæ рацуд æрмæг федар кæнунмæ

1. Харбузи массæ æй 10 кг, фиунаси массæ ба – 2 кг минкъийдæр. Цæйбæрцæ ласуй фиунасæ?

2. Бавзарæ лæвæрд гирити фæрци исбарун 7 кг, 8 кг фæткъутæ.
Куд ес исбарæн 4 кг?




3. Светæмæ ес 2 къуæцæли, 9 см æма 4 см дæргъцæнтæ. Кæци къуæцæл æй даргъдæр æма цæйбæрцæ даргъдæр? Куд æй Свети бон еци къуæцæлти фæрци исбарун 5 см? 1 см?

4. 4 кг + 4 кг – 6 кг          8 л + 2 л – 4 л
6 кг + 4 кг – 5 кг          7 л + 1 л – 5 л

5. Циуавæр нимæдзитæ æнцæ цохгонд?

| | | |
|---|---|---|
| 1 | | 4 |
| | 7 | |
| 3 | | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| 4 | | 3 |
| | 9 | |
| 1 | | 5 |

6. Майрæни каркбæл ес 6 къахи, хæлаурбæл ба – 2 къахи фулдæр. Цал къахи ес хæлаурбæл?



7. Гъуæрддун хæпсæ æй пайдахæссæг цæрæгой, уомæн æма хуæруй зианхæссæг урунгонти. Æркæсæ хузæмæ æма зæгъæ, цал гъонцъири æма синтъий æй æ бон бахуæрун гъуæрддун хæпсæн?



Рабарæ





*Уодзæнæй ма*

**Журнал «Ираф», 4, 2024 г.**

*Учредитель и издатель:*
*Комитет по делам печати и массовых коммуникаций*
*РСО-Алания.*
*362040, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ,*
*ул. Димитрова, д. 2. Офис 202.*

Главный редактор – Э. Б. Скодтаев

*Адрес редакции: 362015, Республика Северная Осетия-Алания,*
*г. Владикавказ, пр-кт Коста, д. 11, литера «А», кабинет 23, 24.*
*Телефон: 55-01-48; E-mail: iraf.journal@kpmk.alania.gov.ru*

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы*
*по надзору в сфере связи, информационных технологий и*
*массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00147*
*от 30 мая 2017 г.*
*Индекс издания – 73941*

Сдано в набор 03.09.2024 г., подписано в печать 30.10.2024 г.
Дата выхода в свет 29.11.2024 г. Знак. инф. продукции 6+
Формат 60х84 $^1/_{16}$. Печать офсетная. Усл. печ. л. 19.
Заказ № 501. Тираж 500 экз. Цена свободная.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис».
362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11
Тел.: 25-96-18. E-mail: osetia-poligrafservis@mail.ru

**© Ираф, 4, 2024 г.**

Журнал «Ираф»-и ӕрмӕгӕй ӕндӕр мухурон оргӕн ку пайда кӕна, уӕд гъӕуама бӕрӕггонд ӕрцӕуа, ист кӕцӕй ӕй, е.

Журналмӕ ци къохфинститӕ бацӕуй, уони редакци рецензи нӕ кӕнуй, уӕдта сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕттуй.

Журнал «Ирӕф»-и мухургонд ӕрмӕгутӕбӕл
дзуапп кӕнунцӕ автортӕ сӕхуӕдтӕ.